

## **Piwulang Pengaji**

### **Bagian 1**

#### **Gusti Allah Wis Ngendika**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara **Piwulang Pengaji**

Acara anyar sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sedulur, acara kiye diarani Acara Piwulang Pengaji, merga nang acara kiye awake dewek pada arep sinau Pengendikane Gusti Allah lumantar para nabi sing nuduh kepriwe menungsa bisa pada urip sing bener nang arsane Gusti Allah. Rika siki agi mlaku nang dalan sing ngendi? Dalan sing bener apa dalam sing keliru? Lah rika gelem apa ora dikandani ngenani dalan sing bener, sing duwulangaken Gusti Allah piyambak. Gusti Allah wis nganti ngendika "Slamet wong sing pada kencot karo ngelak aring kasampurnan, sebab wong-wong kuwe pada arep diwehi, diparingi dening Gusti Allah. Menawa ana menungsa sing ngomong "Oh, aku wis ngerti dalan sing bener, nggo ngapa aku sinau Pengendikane para nabi? Nek rika menggalih kaya kuwe emut apa sing dingendikena dening nabi Soleman? Nabi Soleman tahu ngendika: "ana dalan sing ketone lempeng , tapi dalan kuwe njujug maring pati!" Nabi Solaiman kuwe wong sing bicaksana banget, Panjenegane pirsa nek pikiran manungsa kuwe beda karo penggalihe Gusti Allah, manungsa kuwe sing digoleti dalan sing nyenengaken atine dewek thok lan ora nggolet dalan sing nyenengaken penggalihe Gusti Allah.

Nabi Dawud tau nulis nang kitab Jabur ngenani kebutuhane menungsa. Kebutuhane menungsa yakuwe supaya menungsa bisa ngerti apa sebenere dalam kesempurnan sing disiapaken Gurti Allah nggo menungsa. Nabi Dawud nganti dedonga kaya kiye, "Duh Gusti, tidahaken duma teng kawula dalan ingkang leres, tedahaken dumateng kawula dalan kasampurnan, Tuntuna kawula njujug dumateng kasampurna Paduka. Kuwe dongane nabi Dawud. Nek Gusti Allah ora nidokena manungsa dalan sing sempurna, dalan sing bener, dalan sing lenceng, menungsa wis ora bakal ngerti bebener kuwe kaya ngapa. Kitab Suci nate ngendika;" Gusti Allah ora ngresaken ana menungsa sing ilang utawa sing mati nang dosane. Gusti Allah ngresakaken supaya kabeh menungsa kuwe diselametaken. Carane kepriwe? Carane menungsa kowe pada bisa nemokaken. Bisa ngreti dalan sing lenceng, dalan sing sempurna kuwe kaya ngapa?

Nang acara Piwulang Pengaji kiye, dewek arep sinau ayat ayat kitab suci babagan Gusti Allah. Gusti Allah sing miwiti kabeh sing ana nang dunya kiye. Sedurunge ana apa-apa Gusti Allah wis ana. Sedurungge Gusti Allah nitahanken dunia kiye, Gusti Allah piyambak wis ana nang kana. Gusti Allah piyambak sing maringaken pengerten maring para nabi, lan para nabi kuwe banjur pada nyerat nang kitab suci. Akeh ceritra nang kitab-kitab suci sing diserat nang para nabi kuwe. Nanging ana sing paling penting, yakuwe ngenani kabar sing apik. ngenani keslametan, ngenani carane kepriwe manungsa bisa urip bener nang ngarsane Gusti Allah.

Mulane ayuh pada bareng-bareng, sinau sekang program Piwulang Pengaji kiye, supaya awake dewek pada bisa nampa janjine Gusti Allah. Gusti Allah nate gawe janji kaya kiye, "Kanggo sapa sing temen-temen kepengin ngreti bebener sekang Gusti Allah, Gusti Allah bakal ndadekaken wong kuwe pada ngerti bebener Panjenegane. Nek rika pada gelem sinau carane nampa bebener sekang Gusti Allah, Gusti Allah piyambak sing mesti bakal maringi pepadang, kanggo rika kabeh, supaya rika kabeh pada bisa nampa bebener pangerten ngenani bebener kuwe.

Rika apa wis pada ngerti Gusti Allah kuwe kaya ngapa? Apa rika pada ngerti Setan kuwe kaya ngapa? Apa rika wis pada ngerti kenagapa Gusti Allah nitahaken manungsa? Apa tujuane? Nek rika kepingin ngerti sekang pangandikane Gusti Allah piyambak ya pada ngrungokena acara kiye? Sejatine sabdane Gusti Allah kuwe jero, apik, urip lan kebek karo kuasa. Sejatine gusti Allah kuwe Gusti sing kebek welas asih. Gusti sing maha Agung sing nresnani menungsa, kersane gusti Allah kabeh manungsa bisa diselamataken. Bisa nemu dalan bebener dalan sing lenceng kuwe. Gusti Allah kepengin ngendika karo awake dewek ngenani babagan-babagan sing penting. Jajal, pendane rika nampa layang sekang presiden Amerika. Rika mesti langsung penasaran. Apa sih isine layang kiye? Apa sih pentinge nggo aku? Lah kiye, kitab suci kiye layang sekang Gusti Allah piyambak. Gusti Allah sing maha Agung, sing duweni bumi karo langit, karo kabeh seisine. Masa, rika ora pada penasaran, apa isine layang kuwe. Rika ora pada penasaran apa sebenere kersane Gusti Allah nganti gawe surat karo awake dewek.

Jaman gemiyen Gusti Allah gendika lumantar para leluhure awake dewek, yakuwe para nabi nganggo cara sing beda beda. Gusti Allah sing milih piyambak sapa bae wong sing arep dienggo, arep di agem, arep di dadekena lantaran supaya sabdane bisa dimangerteni dening manungsa klebu awake dewek. Gusti Allah nganti ngendika: orang ana nubuat nang njerone kitab suci sing teka sekang pengertiane menungsa dewek, tapi menungsa kuwe, wong-wong kuwe, para nabi kuwe, diparingi pengerten dening Gusti Allah dituntun srana Rohe Gusti Allah.

Gusti Allah piyambak sing milih wong-wong sing arep didadekena lantara nulis sabdane lan wong-wong kuwe, yakuwe para nabi ditugasi mung dadi juru tulis thok. Merga apa? Merga Gusti Allah sing ngendika, kersane Gusti Allah sing ditulisaken dening pada nabi. Dadi para nabi ora nulis sekang karepe dewek, tapi mung nulis dadi juru tulis. Nulisaken apa sing dikersakaken, dingendikaken Gusti Allah kanggo menungsa. Tapi carane, apa Gusti Allah ndikte para nabi kuwe. Ora kaya kuwe. Gusti Allah maringaken pengerten maring para nabi, supaya para nabi kuwe pada nulisaken apa sing dikersakaken Gusti Allah. Mulane para nabi kuwe gole nulisaken nggango gayane dewek-dewek, nganggo pengertenen dewek-dewek. Tapi sing ditulisaken isine, yakuwe intine , kuwe kersane Gusti Allah, Bahasane, ya bahasane menungsa, bahasa para nabi kuwe udu bahasa swagra, tapi bahasa sing dingertenin ning para nabi kue dewek. Dadi para nabi kuwe nulisaken kersane Gusti Allah nganggo bahasa manungsa supaya menungsa-menungsa sing urip sawise para nabi kuwe kelebu dewek sing urip jaman siki esih pada ngerti apa sebenere sing dikersakaken Gusti Allah. Pendane sing ditulisaken kuwe nganggo bahasa Swarga dewek kudu kurus disit bahasa Swarga. Tapi nabi ngganggo bahasa menungsa sing bisa dimangertenin ning wong liya supaya awake dewek sing urip nang jaman modern siki uga bisa nyinauni sabdane Gusti Allah lumantar tulisan para nabi kuwe. Tapi ya jenenge manungsa senajan sing ditulisanken kitab suci kuwe kersane Gusti Allah, pengandikane Gusti Allah, atine manungsa kuwe pancen ati sing jahat mulane akeh manungsa sing orang seneng maring kitab Suci.

Kitab suci kuwe wis ditulisaken jaman kuna, tapi isine isih tetap pas kanggo uripe dewek sing urip nang jaman modern kiye. Kebutuhan-kebutuhan awake dewek ngenani nemokaken jalan sing bener, urip sing bener, urip sing migunani, kuwe kabeh ana nang kitab suci. Pada bae wong jaman gemiyen, maca kitab suci nampa piwulang. Dewek sing urip nang jaman modern kiye maca kitab suci juga nampa piwulang. Piwulang ngenani urip sing bener, kayadene sing dikersakaken nang Gusti Allah. Pancen akeh manungsa sing jaman kiye urip ora pada meningaken ngenani babagan-babagan rohani. Gusti Allah nate ngendika, "Menungsa kuwe ora urip mung sekang roti thok, tapi sekang Sabdane Gusti Allah." Sabdane Gusti Allah kuwe sajane tetedhan nggo awake dewek, panganan nggo rohanine dewek. Nek dewek gelem nyinauni Sabdane Gusti Allah, urip rohanine dewek bisa sehat. Urip rohanine dewek bisa tetap kuat, ngadepi masalah-masalah sing kudu kita adepi saben dinane. Nek dewek krasa luwe, krasa kencot, krasa kepengin banget nyinauni Sabdane gusti Allah, pepadhang maring awake dewek.

Dadi nang Acara Piwulang Pangaji kiye awake dewek arep pada nyinauni kepriwe kersane Gusti Allah, kepriwe Sabdane Gusti Allah. Sebab awake dewek ora bisa ngandelaken pikirane dewek. Awake dewek ora bisa ngandelaken karepe dewek, kon bisa urip bener. Sebab karepe awake

dewek nek diturut-turut jane anane mung kejahatan thok, iri, dengki srehi, srakah, methakil. Kaya kiye embok uripe awake dewek? Merga kuwe nek awake dewek kepengin urip bener, carane yakuwe awake dewek sinau sekang sabdane Gusti Allah piyambak.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Piwulang Pengaji**

### **Bagian 2**

#### **Kaya Apa Gusti Allah Kue**

Sedulur.... Kepriwe kabare..., ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji.

Salam nang Asamane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah kepingin kabeh wong kue ngerti dalan sing lempeng, dalan mlebu nang Surga sing wis disiapna nang Gusti Allah. Nang dalan kue, Gusti Allah kepengin kabeh wong, urip diberkati. Ukur liwat dalan kue mau kabeh wong tekan nang ngarepe Gusti Allah, men bisa ngrasakena urip ayem lan tentrem.

Nang acara kiye, awake dewek arep sinau isine kitab-kitab sing di tulis nang nabi nabine Gusti Allah. Sing njelasena, nek ana dalan sing bener sing wis disiapna, men awake dewek kabeh, bisa slamet lan urip nang ngarsane Gusti Allah.

Nang acara Piwulang Pengaji kepisan kiye, nyong arep cerita ngenani nabi-nabine Gusti Allah siji siji men jelas. Awake dewek arep nyinaoni isine kitab-kitab sing di tulis nang nabi nabine Gusti Allah. Sing njelasena dalan sing bener, sing wis disiapna men samben wong dianggep wong bener nang ngarepe Gusti Allah.

Awake dewek wis sinau nek pancen akeh nabi sing nulis kitab-kitab, tapi ukur siji sing aweh pengertian karo sing nulis kitab-kitab kuwe, yakue Gusti Allah dewek.

Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang wis tau ngendika lumantar nabi-nabine , Gusti Allah kepengin awake dewek kue ngrungokna apa sing wis dingendikakena.

Gusti Allah kue ora tau mblenjani, kaya kue uga Sabdane . Samben ganti keturunan Gusti Allah tetep njaga Sabdane. Emuten apa sing dingendikakena kitab suci: “Ngendikane Gusti Allah nang kitab suci kue ora bisa di batalena” Mesti .. langit karo bumi arep ilang nanging ngendikane Gusti Allah tetep ana selawase.”

Siki nyong karo koe kabeh arep sinau bab sing kepisan kang kitab suci. Bab kepisan kiye dijenengi kitab suci Taurat.

Kurang lewih telung ewu limangaatus taun gemiyen Gusti Allah aweh pengertian aring Musa, kon nulis kitab kiye. Kitab Taurat kiye ana limang bagian. Bagian sing kepisan dijenengi kitab Purwaning Dumadi.

Kitab kie dijenengi kitab Purwaning Dumadi sebab nang kitab kiye ditulis kedadean kedadean sing ana, wektu bumi kiye di gawe. Kitab Purwaning Dumadi kiye isine seket (50) bab.

Siki enyong karo koe arep sinau kitab Purwaning Dumadi , ben ngerti, bab Gusti Allah yakue sifat sifate Gusti Allah, bab Malaekat Malaekat karo Setan, langit karo bumi, manungsa karo kewan.

Awake dewek uga arep ngrungokena kepriwe dunya sing sempurna kie gemiyen di gawe nang Gusti Allah, terus dadi rusak karo dikebeki penyakit, kesengsaran karo kepaten. Mesti kaya kue nyong karo koe kabeh juga arep nliti dalan sing lempeng karo langsung sing di gawe nang Gusti Allah dewek, men awake dewek kabeh bisa bali nang ngarepe Gusti Allah.

Sedulure, wis semestine awake dewek kiye ngerti isiine kitab Taurat sing kepisan, sebab kiye dasare sing wis disediakena nang Gusti Allah kanggo kabeh sabdane,

Uga nggo babagan liyane kang kitab Taurat karo tulisane para nabi sing teka sewise Musa. Nang bab sing kepisan kie nyong karo koe arep ngrungokena cerita bab wong wong sing ana paling disit dewek, bab manungsa sing ora manut Gusti Allah, kawitane manungsa mateni manungsa liyane. Uga,ngrungokena bab agama palsu sing ana. Nabi nabi sing disit dewek, karo bangsa bangsa sing ana nang ndunya kie. Nyong karo koe arep ngaca kang ceritane Adam karo Hawa, Kain karo Habel, Nuh karo banjir gede. Utusane Gusti Allah yakue Nabi Ibrahim, karo kenang apa nabi Ibrahim kue dijenengi batire Gusti Allah. Uga ceritane Ismail karo Ishak, Esau karo Yakub, Yusuf karo sedulur sedulure sing galak. Kiye mau gambaran isine kitab Taurat sing kepisan, karo esih akeh cerita liyane.

Sedulur, nang bagian kepisan kitab Taurat 1:1 (pasal siji ayat siji): “Ing jaman kawitan, Gusti Allah nitahake langit lan bumi”. Sebab kang kene Gusti Allah dewek miwiti kitab sucine; yakue “kawitane Gusti Allah nggawe langit karo bumi.”

Apa sing wis ana wektu Gusti Allah nggawe langit karo bumi ? Apa sing wis ana sedurunge dunya kiye ana? Kitab suci aweh pengertian nek ora nana apa apa seliyane Gusti Allah. Mulane di tulis: “Kawitane....Gusti Allah.” Kabeh sing bisa di deleng karo di cekel ana Kawitane. Kue artine , gemiyen, gemiyenn....banget, ana wektu ora nana langit, ora nana bumi, ora nana segara karo wit witan. kawitane ora nana wong sijia, utawa Malekat. Dadi kabeh sing ana siki gemiyen kue ora nana, seliyane Gusti Allah.

Nang bagian kepisan kitab suci ngendika: "Kawitane Gusti Allah nggawe langit karo bumi." Ayat kue ora ngomong : Kawitane , Gusti Allah karo malaekat malaekat, utawa "Kawitane Gusti Allah karo manungsa." Ora...babar blas, ora...kaya kue. Ayat kitab suci ngajari nek kawitane , sedurunge ana apa apa, sedurunge ana malaekat, utawa manungsa...ukur ana siji kauripan yakue Gusti Allah sing Maha Esa.

Bab liyane sing disinauni kang ayat kepisan kitab Taurat, yakue: Gusti Allah kue ora nana awite. Gusti Allah ora di gawe sebabé Gusti Allah kue Maha langgeng, Kabeh sing ana nang nduwur ndunya ana kawitane, Gusti Allah ora nana asal usule, ora nana sing nglairena utawa nggawe Gusti Allah. Gusti Allah kue ora nggawe Awake Dewek. Kepriwe Gusti Allah siki, wingi ya kaya kue . Kepriwe Gusti Allah wingi, kaya kue uga selawase.

Sekang ayat "Kawitane Gusti Allah" awake dewek juga arep sinau menawa Gusti Allah kue Maha Agung. Gusti Allah sing nggawe kabehane , mesthi lewih Mulya, lewih Agung, ketimbang manungsa karo liyane. Gusti Allah lewih mulya ketimbang segara, angin, srengenge lan lintang lintang! Gusti Allah lewih Agung karo Mulya sekang roh roheh kabeh wong. Gusti Allah kue Maha Pencipta. Kue sebabé awake dewek ngakoni karo ngamini.

Awake dewek kiye akeh banget kebutuhane: saben dina kudu madang, nginum, turu, angin go napas, srengenge, udan, panganan, banyu, klambi uga panggonan, uga butuh wong liya,ana ramane karo biyunge, bojo, batir uga duit go kebutuhan.. Tur Gusti Allah sing nggawe kabehane , ora mbutuhena apa apa. Gusti Allah ora tau ngrasakena kencot, ngelak, keselen. Gusti Allah ora nana wujude sing bisa di deleng karo dicekel kaya manungsa. Ora nana batese, wiwitane lan kerine kanggo Gusti Allah. Gusti Allah kue Sing Maha Kuasa.

Siki ana pitakonan sing penting. anger Gusti Allah ora kaya manungsa , ora duwe awak kaya awake dewek, kepriwe Gusti Allah kue bisa dibayangena?

Kitab Suci njawab pitakonan kue "Gusti Allah kue roh, dadi wong sing nyembah Gusti Allah kue kudu nyembah nang njerone roh karo kasempurnan. "nek ana pitakonan kaya apa Gusti Allah kue? Jawabane ya Gusti Allah kue roh anane. Nek manungsa kue ana bagian awak, jiwa karo roh. Nek Gusti Allah kue ukur kang Roh thok. Roh Gusti Allah ana nang ngendi ngendi, ngebeki karo ngungkuli sekabehane kelebu (termasuk) manungsa. Roh Allah sing sebenere ya Gusti Allah dewek.

Gusti Allah kue bisa weruh kabehane, ora nana sing bisa ditutupi kang pendelengane. Awan apa mbengi pada bae kanggo Gusti Allah.

Gusti Allah gerti pikirane awake dewek, ngerti kekarepane wong sing esih nang njero ati, sing diumpetena. Gusti Allah kue luar biasa.

Dadi kaya ngapa Gusti Allah bisa dibayangena? Sekang sing wis disinauni , bisa nyimpulena kaya kiye: Gusti Allah kue ora bisa dipadakena karo sapa bae.

Nah nang siaran lanjutane arep sinau sifat sifate Gusti Allah lewih akeh maning. Misale Maha Agung, Maha Kuasa, Sang Pencipta. Sing aweh kauripan, Sang Terang. Lan liyane

Nang pasal liyane kitab Taurat, Musa, memuji Allah karo tembang sing apik. "Agung Ian apik pakaryane Gusti Allah, Gusti Allah sing Maha Kuasa. Adil Ian bener dalan dalane Gusti Allah, raja saben jaman. Sapa sing ora nyembah Gusti Allah karo mulyakena Asmane Gusti Allah, ya Gusti? Mung Gusti Allah sing Suci.

Gusti Allah kue luar biasa. Mulane nang ayat sing kepisan kitab suci ngajari nyong karo koe : "Kawitane Gusti Allah."

Dadi kaya kue dulur ...., ayuh disimpen nang pikiran, apa sing wis disinauni dina kiye, yakue: Kawitane ukur ana Gusti Allah. Mulane ukur Gusti Allah thok sing bisa aweh ngerti karo awake dewek, apa sing sebenere kedadean nang kawitane. ukur Gusti Allah thok sing bisa mbuktikena, kedadean apa sing arep dadi nang dina kiamat, Uga bab kasempurnan Gusti Allah .Lan kasempurnan kue wis ditidokena, liwat tulisan para nabi. uga nidokena aring masalah carane bisa duwe hubungan sing perek karo apik kambi Gusti Allah. Awake dewek kiye kudu gelem mbukak kuping, pikiran, karo ati kanggo ngendikane Gusti Allah.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Piwukang Pengaji**

### **Bagian 3**

#### **Malaekat malaekat lan Setan**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Nang siaran sing sedurunge, awake dewek wis ngerti kawitane Gusti Allah nggawe langit karo bumi. Kawitane ora nana apa apa ukur ana Gusti Allah, sing langgeng. Kitab suci nyritakena ukur Gusti Allah sing langgeng lan urip nang cahya sing ora bisa di pereki, ora nana wong sing weruh Gusti Allah. Kanggo Gusti Allah kamulyan lan kuasa selawase. Ora butuh apa apa, ora dibatesi. Gusti Allah kue Roh ana nang endi endi nang wektu sing pada. Weruh kabehane, ngebeki kabehane, nang nduwure sekabehane lan kabeh wong.

Nang acara kiye awake dewek arep sinau yakuwe babagan malaekat-malaekat karo setan. Apa rika ngerti kang ngendi asale malaekat-malaekat? Utawa setan tekane sekang ngendi? Awake dewek ora bakal ngerti babagan kaya kue nek Gusti Allah ora nyritakena. Lumantar kitab suci awake dewek bisa ngerti babagan Malaekat karo Setan.

Sedulur, sedurunge Gusti Allah nggawe manungsa karo dunya kie, ana sing lewih disit digawe nang Gusti Allah yakue malaekat malaekat. Akeh banget bagean kitab suci sing nyritakena bab malaekat-malaekat. Kitab suci nyritakena nek malaekat kue wujude Roh kaya Gusti Allah.

Malaekat di gawe sekang angin karo geni. Ora nana sing bisa ndeleng angin, lan ora nana sing bisa nyekel geni, kaya kue malaekat. Nek manungsa kue kesusunan sekang awak karo roh, nanging malaekat ukur sekang roh thok, mulane manungsa ora bisa weruh malaekat. Nanging sewaktu-waktu malaekat bisa keton wujude kaya manungsa. Kitab suci nyritakena angger malaekat kue duwe kekuatan utawa kuasa sing gede. Senajan kaya kue kabeh sing digawe nang Gusti Allah ana batesane. Malaekat ora Maha Kuasa, ora bisa ana nang endi bae nang wektu sing pada, ora serba ngerti. Gaweane Gusti Allah sing biasa bae.

Angger rika kepengin ngerti sepira akehe Gusti Allah nggawe malaekat, kiye critene kang kitab suci: Nang ngarsane Gusti Allah" Akeh banget malaekat. Berlaksa laksa, lewih kang puluhan ewu diping puluhan ewu. Ora bisa diwilang. Gusti Allah kang Maha Agung nyiptakena Malaekat jutaan nganti milyaran sing apik lan wicaksana.

Babagan liayane sing kudu dingerten yakue: wektune malaekat malaekat kue di ciptakena nang Gusti Allah, kabeh malaekat kue ciptaane suci, merga sing nyiptakena kue Gusti Allah

sing suci, sempurna lan apik. Wektu diciptakena ora nana malaekat sing ala, ora nana Iblis. Ora nana roh roh sing ala.

Apa rika kepengin ngerti kenangapa Gusti Allah nyiptakena malaekat? Kitab suci nyritakena nek malaekat diciptakena kanggo ngasihi, muji muji lan ngalayani Gusti Allah nang Swarga. Kabeh malaekat kue duweke Gusti Allah sebab kue ciptaane. Ngerti ora nek ana siji panggonan sing apik, suci akeh cahya nggone Gusti Allah manggon? Panggonan kue adoh...lewi kang wulan, srengenge lan lintang lintang. Panggonan kue nang nabi nabi dijenengi Swarga. Nang kana Gusti Allah karo Malaekat malaekat kue manggon.

Malaekat-malaekat kue sejen sejen siji karo sijine. Ana malaekat malaekat sing lewi apik karo duwe kuasa lewi gede ketimbang malaekat liyane. Ana malaekat sing ana terus nang sanding panggonane Gusti Allah. Sing liyane diwei tugas njaga karo nulungi manungsa.

Malaekat malaekat kaya Jibril lan Mikail, siyap nang ngarsane takhtane Gusti Allah lan diwei tugas dadi kongkonane Gusti Allah kon ngrampungena pegawean sing penting nang bumi.

Ana malaekat sing dadi pimpinan malaekat liyane. Apa tau krungu jenenge Lucifer? Kitab Suci nyritakena nek Lucifer kue tau dadi pimpinan malaekat-malaekat. Nek tau krungu critane Lucifer rika mesti ngerti sekang endi tekane setan kue.

Wektu Gusti Allah nyiptakena Malaekat, Lucifer kue malaekat sing paling apik, paling kuasa lan paling wicaksana. Jeneng Lucifer artine bercahya. Gusti Allah mewehi Lucifer kaendahan karo kepinteran sing lewi. Lucifer diciptakena kanggo nyembah, ngasihi lan nurut selawase karo Gusti Allah, Gusti Allah menehi berkah sing akeh kanggo Lucifer. Nanging atine Lucifer kebek karo keangkuhan. Nang jero atine Lucifer ngomong: enyong arep munggah nang suarga, arep gawe takhta nang nduwure lintang lintange Gusti Allah; enyong arep dadi sing kuasa, Enyong arep dadi pada karo Gusti Allah Sing paling duwur.

Lucifer kue pakaryane Gusti Allah sing ulih apa bae kang Gusti Allah, ningen nyolong kamulyanane Gusti Allah. Deweke kepengin pada karo Gusti Allah. Wektu nglawan Gusti Allah Lucifer ora dewekan ...ana sapratelon malaekat liyane sing melu karo Lucifer lan ninggalena Gusti Allah. Kiye sing jenenge dosa Musyrik yakue ndadekena wong utawa apa bae pada derajate karo Gusti Allah.

Nanging sedulur...Gusti Allah tetep Gusti Allah, ngerti sing direncanakena nang Lucifer karo malaekat malaekat sing melu. Kaya sing wis di critakena yakue ora nana sing bisa disimpel

kelakuane sekang Gusti Allah, Gusti Allah ngerti nek Lucifer arep nglawan karo malaekat malaekat sing pada melu.

Sedulur, Gusti Allah kue Suci ora bisa ndeleng sing ala, Gusti Allah ora gelem nyampur karo dosa. ora gelem mewehena kemulyane karo liyane. Ora bisa diganti karo sapa bae. Kaya sing di tulis nang nabi nabine yakue: Gusti Allah mbuang Lucifer lan sapratelone malaekat sing melu Lucifer sekang ngarepe Gusti Allah. Lucifer karo batir batire ora bisa urip maning nang swarga, merga dosa kepengin dadi kaya Gusti Allah. Gusti Allah sing Suci kudu ngukum samben wong sing nglawan.

Sewise Lucifer gawe dosa jenenge di ganti dadi Setan. Artine: Pengasut. Lucifer siki dadi mungsuhe Gusti Allah. Tekan siki Lucifer karo sing pada melu, nolak kabeh sing apik. Nolak sabdane Gusti Allah ora ngakoni. Setan terus terusan nglawan Gusti Allah, nyoba ngrusak rencanane Gusti Allah. Nanging Gusti Allah kue hakim sing Agung sing ora bisa dilawan.

Setan karo sing pada melu kue di buang sekang swarga. Gusti Allah nggawe neraka sing genine ora tau sirep kanggo manggon Setan karo sing pada melu. Ana wektune Gusti Allah arep mbuang Setan karo malaekat malaekat sing nglawan uga manungsa sing pada melu dibuang nang neraka. Kaya sing diomongena kitab suci: Kabehane sing nglawan arep disiksa awan mbengi selawase.

Kitab suci njelasnena nek Setan kue durung dibuang nang neraka, esih ana nang ndunya, agi usaha nglawan Gusti Allah karo umate. Setan kue tukang ngrusak, kepengin ngrusak karo ngancurena apa bae sing di gawe nang Gusti Allah. Setan kepengin manungsa sing diciptakena nang Gusti Allah kue sengsara karo mlebu neraka bareng bareng. Sabdane Gusti Allah: akeh wong sing uripe dikendaleni Setan, tapi ora ngrasakena, sebabe setan kue penyesat. Kitab suci nyatakena: "Setan nuduhena dewek kaya Malaekat terang ,lan : " Setan kue tukang ngapus." Setan kue terus nyoba ngapus ben manungsa kue ora nurut karo omongane Gusti Allah.

Nang Kitab Injil diomongena "Padha diwaras ing budi sarta diprayitna. Iblis mungsuhamu klinteran kaya singa nggero-nggero golèk memangsan" Iblis utasa setan gembor gembor kaya macan kencot nggolet wong sing bisa dipangan.

Gusti Allah wis aweh sabdane kanggo awake dewek ben bisa metu sekang kuasa setan. Isa Almasih aweh janji kanggo muride, jarene: " Kowe arep ngerti kasampurnan, lan kasampurnan kue arep mbebasena koe." Aja tau nglalekena kiye: Setan lewih wicaksana ketimbang

manungsa. Nanging Gusti Allah lewih wicaksana ketimbang Setan. Setan lewih kuat sekang manungsa, tapi Gusti Allah lewih kuat ketimbang setan. Akeh wong sing ora seneng ngrungoké sabdane Gusti Allah sebabé wis ketipu nang setan. Sabdane Gusti Allah kadang ora enak dirungoké kaya jamu sing pait kaya dom suntik kanggo wong mriang. Ora enak. Nek koe ngerti sabdane Gusti Allah karo mercayai koe bisa terbebas kang kuasa Setan.

Kitab Suci negndika “Aja padha ngandel karo angger wong sing ngaku kadunungan Rohé Allah, nanging padha titènana dhisik apa roh sing ana ing wong kuwi asalé saka Allah apa ora”. Kepriwe rika bisa niteni apa sing diomongena nang roh roh? Karo mbandingena apa sing diomongena roh karo apa sing diomongena nang Gusti Allah. Gusti Allah kue bener ora blenjani uga omongane. Dadi ben bisa slamet kang tipuane Setan koe kudu percaya karo sing dinyatakena nang Gusti Allah.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Piwulang Pengaji**

### **Bagian 4. Kepriwe Gusti Allah gawe Jagad**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dina kiye mlebu pengajaran sing ke papat tulisane para nabi.

Nang buku sing ke sepisan Taurat sing dijenengi Purwaning Dumadi pasal siji, rong ayat sing ke sepisan ..isine kitab suci: “Ing jaman kawitan, Gusti Allah nitahake langit lan bumi. Anadene bumi mau campur bawur lan suwung, segara karo pepeteng nutupi sekabehane.” Wektu Gusti Allah gawe dunya ora nana sing urip nang dunya kiye. Urung ana wujud ukur peteng thok.

Nanging Gusti Allah kawit wiwitan ngrencanakena gawe manungsa. Manungsa sing duwe kemampuan kanggo nresnani lan manut marang Gusti Allah. Sedurunge Gusti Allah gawe manungsa, Gusti Allah lewih disit gawe dunya sing apik, sing dadi panggonane manungsa.

Siki awake dewek arep sinau babagan Gusti Allah nitahake jagad, kanggo panggonane manungsa sing arep di gawe.

Babagan gawe dunya kie, kitab suci njelasna: “Enem dina Gusti Allah gawe langit karo bumi, segara karo apa bae sing ana nang njerone.”

Siki arep ndeleng isine pasal sing ke sepisan Taurat men weruh apa sing di gawe Gusti Allah sesuene enim dina kue.

Dina sing ke sepisan, kitab suci ngendika kayakiye: “Bumi campur bawur lan suwung peteng ndedet nutupi segara, lan Rohe Gusti Allah nglayang nang nduwure banyu. Gusti Allah ngendika: “Dadia padang.” Banjur dadi padang. Gusti Allah ndeleng nek padang kue apik, terus dipisahena padang sekang peteng. Gusti Allah njenengi padang kue awan lan peteng kue wengi. Dadia sore lan esuk. Kue dina kang kesepisan.

Dadi nang dina kesepisan Gusti Allah kongkon, “ben ana padang nang langit.” Gusti Allah kongkon bumi sing kaya bal gede ngambang nang langit, muter muter, muter sepisan nang 24 (patlikur) jam. Kue sebabé awake dewek duweni wektu padang 12 (rolas) jam lan peteng uga

12 jam sedina. Mantep banget pakaryane Gusti Allah nang dina kesepisan; Gusti Allah misahena peteng sekang padang!

Dina kaping pindo, kitab suci nyatet: "Gusti Allah ngendika: " Dadia langit nang antarane banyu, go misahena banyu karo banyu." Gusti Allah ndadekena langit kanggo misahena banyu sing nang ngingsor langit karo banyu sing nang nduwure. Banjur kelakon.

Nang dina kaping pindo Gusti Allah gawe langit ngebeki bumi sing dijenengi udara/ atmosfir. Udara kue langit sing nutupi bumi lan muat hawa sing di enggo ambegan. Udara kue go njaga manungsa karo sekabehane sekang panase srengenge karo sekang sawernane bahaya. Nek ora nana langit sing digawe nang Gusti Allah nang dina kaping pindo kие, ora bakalan manungsa manggon nang bumi .

Dina kaping telu. Gusti Allah gawe segara, lemah karo janganan.

Rungokena apa sing digendikakena kitab suci:' Gusti Allah ngendika: "banyu sing ana nang ngingsore langit ngumpu dadi saenggon, men keton sing garing." Dadia kaya kue., Gusti Allah njenengi sing garing kue bumi. Lan kumpulan banyu dijenengi segara. Gusti Allah ndeleng nek kabean kue apik. Gusti Allah ngendika: Bumi thukulena janganan, wit witan sing ana wijine , , kabeh wit woh wohan sing ngetokena woh sing isi wiji , ben ana wit witan nang bumi. Dadia kaya kue. Gusti Allah ndeleng kabeh kue apik. Dadia sore lan esuk , kue dina kaping telu.

Dadi nang dina kaping telu Sang Perancang Agung, nggawe segara karo kali kali, uga ewonan wit karo tanduran sing pada woh. Enak enak banget panganan sing di gawe nang Gusti Allah: pelem, gedang, semangka, tomat,kobis,wortel,beras, kacang, karo lia liane.Gusti Allah ngendika nek kabeh sing di gawe kue apik.

Menawa ana sing takon, nek Gusti Allah kue apik, nang apa nang ndunya kie esih ana kejahanan karo kesengsaran nang endi endi? Nang apa sawahku ora kasil, nang apa anaku mriang, lan mati? Kue pitakonan pitakonan sing penting.

Awake dewek kudu ngerti kebenaran sing penting yakue: Gusti Allah kue apik, lan kabeh sing di gawe ya apik.

Ayah mikirena katreasnane Gusti Allah, awake dewek nembe ngrungokena kepriwe Gusti Allah gawe wit witan nang dina sing kaping telu. Apa rika ngerti kenang apa Gusti Allah gawe wit karo wohe? Apa Gusti Allah merlokena? Apa Gusti Allah kepengin mangan woh wohan? Kitab suci aweh pengerten Gusti Allah gawe kabean kue mau kanggo kebutuhane manungsa.

Apa rika ngerten kebecikane Gusti Allah? Apa rika ngrasakena nikmate mangan durian, utawa turon nang ngingsore wit wektu srengengene panas, karo mangan semangka, kabeh kue kemurahane Gusti Allah.

Utawa nginum teh utawa kopi, karo muji syukur nek kue mau diwenehi sekang Gusti Allah. Gusti Allah kepengin kabeh wong ngrasakena kebecikane. Kaya sing ditulis nang nabi Dawud nang kitab Zabur: "Rasakena karo delengen kaya apa apike Gusti Allah kue."

Sedulr, nang dina kaping papat, Gusti Allah ngendika:" nang langit dadia pepadhang kanggo misahena awan karo mbengi. dadia tenger kanggo titikane mangsa sing tetep kanggo dina lan taun.

Gusti Allah mrentah srengenge,wulan lan lintang lintang kon ana nang langit Gusti Allah aweh prentah, bumi mulai ngiteri srengenge, uga wulan ngiteri bumi.

Apa sing di enggo nang Gusti Allah go gawe sekabehane sing ana nang bumi? Kiye ngendikane kitab suci Injil: "Jagad raya di gawe sekang prentahe Gusti Allah, uga apa sing ana siki, asale sekang suwung. Gusti Allah nganggo ngendikane kanggo gawe sekabehane. Awake dewek ora bisa misahena Gusti Allah karo ngendikane amarga dadi siji.

Kitab suci uga njelasena: kawitane kue sabda; sabda kue dadi siji karo Gusti Allah, lan sabda kue gusti Allah. Wiwitane dadi siji karo Gusti Allah. Sekabehane di gawe sekang Sabda, ora nana barang sijia sing ana sing ora di dadekena.

Awake dewek wis maca nang dina sing kesepisan Gusti Allah ngendika: "dadia padang" ya dadi padang. Nang dina kaping pindo Gusti Allah ngendika:" dadia langit" langit uga dadi. Dina kaping telu Gusti Allah ngendika maning, lan apa sing omongena ya ana.

Sedulur... wektu Gusti Allah gawe bumi karo isine ora nganggo alat apa bae, ora di rewangi sapa bae, kabeh di gawe nganggo ngendikane. Gusti Allah ukur ngendika lan sing dingendikakena dadi ana. Gusti Allah ndadekena sekabehane liwat ngendikane. Liwat Sabdane.

Nganggo pengendikane Gusti Allah, wulan lan lintang lintang ana nang panggonane dewek dewek. Lumantar prentahe srengenge metu lan mlebu saben dina nang nggon sing pada, nang wektu sing pada. Gusti Allah kue setya, bisa diandelena, ora blenjani pengendikane!

Nang Dina kaping lima, Gusti Allah gawe ewonan jenis iwak lan manuk.

Pengendikane kitab suci: "Gusti Allah ngendika: " nang banyu dadia mahluk urip kang pating kruwel unyel unyelan, lan manuk manuk mabur nang nduwure bumi ngliwati langit." Gusti Allah gawe kewan kewan segara sing gede gede lan werna-werna mahluk urip sing pating krugel ana nang banyu, lan sewernane manuk sing ana swiwine. Gusti Allah ndeleng kabeh kue apik. Gusti Allah mberkahi kabehane.

Sabdane: Pada manak lan tambah akeh, kebekana banyu segara, lan manuk manuk tambah akeh nang bumi." Dadia sore lan esuk, kue dina kaping lima.

Bab dina kaping nem. Kitab suci njelasena, Gusti Allah gawe kewan karo manungsa. Pakaryan penciptaan kue penting banget, wektu kiye ora sedeng go aweh pengertenan sing jero bab karepane Gusti Allah, pakaryane nang penciptaan nang dina kaping nem kiye apa maning perkara manungsa. Nang acara selanjute awake dewek arep sinau nganti jelas apa bae sing di gawe nang Gusti Allah nang dina kaping nem.. Kepriwe gusti Allah nyiptakena manungsa sing wiwitinan, lan go ngapa Gusti Allah nyiptakena manungsa.

Pengendikane kitab suci:" manungsa ora urip ukur mangan sega thok, nanging sekang pengendikane Gusti Allah."

Nang pengajaran seteruse awake dewek arep sinau, angger manungsa kue ora ukur sekang awak thok nanging duweni nyawa sing sifate langgeng. Nyawa manungsa kiye sing kudu diwei mangan sabdane Gusti Allah supaya bisa urip. Sabdane Gusti Allah kue apik banget, nanging awake dewek kudu ngrasakena kencot aring sabdane Gusti Allah. Apa rika kencot aring sabdane Gusti Allah? Nek koe ngrasa kencot maring sabdanbe Gusti Allah koe arep nemokena ketentreman.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Piwulang Pengaji**

### **Bagian 5**

#### **Kanggo Ngapa Gusti Allah Gawe Manungsa**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara **Piwulang Pengaji**

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah kuwe kepengin manungsa pada ngerti dalan sing lempeng, yakuwe dalan sing maring surga, dalan sing di siapaken nang Gusti Allah kiyambak. Merga amung dalan kuwe thok sing dadi dalan sing dikersakaken gusti Allah supaya manungsa bisa ngrasakaken urip sing diberkahi dening Gusti Allah. Kur liwat dalan kuwe thok dalan sing lempeng menungsa bisa urip bener nang ngarsane Gusti Allah, bisa grasakaken urip kepriwe sing ayem, kepriwe sing tentrem.

Nang acara sing disit awake dewek wis ngrungokena bab Gusti Allah nggawe langit, bumi, segara lan kabeh sing ana nang njerone. Gusti Allah gawe kabehane ukur nganggo ngendikane.

Uga wis ngrungokena sebabé Gusti Allah gawe ndunya kie, ben manungsa duwe panggonan lan ngrasakena urip sing kepenak.

Siki awake dewek arep sinau sekang kitab suci bab, kepriwe lan kenang apa Gusti Allah gawe manungsa. Nang buku sing kesepisan kitab Taurat, kitab Purwaning Dumadi 1:26, Gusti Allah ngendika: "Ayo Awake dewek pada gawe manungsa niru gambare lan mirip Awake dewek. Ben nguwasan iwak iwak, manuk manuk lan kabeh kewan ingon ingon lan kewan alasan, gede utawa cilik.

Kaya kue Gusti Allah gawe manungsa, di gawe memper karo Gusti Allah dewek. Digawe lanang karo wadon.

Sedulur kiye bebener sing kudu dingertené karo dieling: Gusti Allah gawe manungsa sing wiwitlan lanang karo wadon, mirip Gusti Allah, .mbuktekena nek manungsa kue gaweane Gusti Allah sing paling istimewa sekang kabeh sing digawe.

Siki, apa artine wektu kitab suci ngendika: Gusti Allah gawe manungsa mirip lan ben kaya Deweke?

Nang pasal 2:7, sabdane: Gusti Allah banjur mundhut lemah saka bumi kawangun manungsa; nuli bolongané irungé kasebul nganggo napasing urip, mula manungsa banjur urip. Gatekena panjelasan ayat sing kesepisan: wektu manungsa di gawe, Gusti Allah gawe karo rong bagean: awak karo nyawa. Maksude manungsa kue ora ukur sekang awak thok nanging uga nyawa.

Sing kepindo: ayat kue njelasna nek Gusti Allah gawe manungsa kue kanggo rong cara:

Cara sing sepisan: Gusti Allah njiot lemah terus digawe manungsa. Cara kepindo: "ndamukena napas urip meng irunge, banjur manungsa urip."

Sekang ayat kiye awake dewek ngerti nek manungsa di gawe sekang lemah. Sedulur, lemah kue sekang 20 unsur kimia. Miturut ahli, kabeh unsur lemah kue ana nang awake manungsa. Nabi Dawud nulis nang kitab Zabur: "Gusti Allah ngerti kaya ngapa gemiyen dewek kue digawe. Deweke eling manungsa kue tekang lemah."

Awake manungsa kue asale sekang lemah, nanging ora artine manungsa kue ora nana regane. Nang awake manungsa ana lewih 70 trilliun bagean sing dijenengi sel. Sel kue bagean sing paling cilik, tapi kabean di tata lan digawe nganti sampurna. Awak manungsa kue keajaiban. Nang awak manungsa, Gusti Allah marangi: utek, jantung, ati, paru paru, weteng, usus usus, balung balung, kulit, mripat, irung, cangkem, lan esih akeh maning bagean awak manungsa sing akeh gunane. Ukur siji sing bisa gawe keajaiban yakue Gusti Allah.

Nabi Dawud muji Gusti Allah nang tulisane: "Gusti, enyong memujiMu, aku digawe kanti ajaib. Ajaib pakaryanMu, lan enyong mangertení."

Awak manungsa kue keajaiban sing ora bisa diomongena. Awak manungsa ora pada karo awake Gusti Allah, Gusti Allah kue Roh. Dadi wektu kitab suci njelasna nek Gusti Allah gawe manungsa kue mirip karo Panjenengane, maksude nyawa sing ana nang njerone manungsa kue. Wektu manungsa di gawe sekang lemah kue pada karo mayid. Kenang apa Gusti Allah waktu gawe manungsa ora langsung diwenehi nyawa kaya gawean sing liyane? Yakuwe ben manungsa ngerti nek nyawa kue wewehane Gusti Allah. Manungsa ora bisa aweh nyawa meng awake dewek. Gusti Allah sing duweni nyawa, merga ukur Gusti Allah sing duweni nyawa sekang wiwitane. Ukur nang njerone Gusti Allah ana kauripan. Kitab suci negndika: Gusti Allah banjur mundhut lemah saka bumi kawangun manungsa; nuli bolongané irungé kasebul

nganggo napasing urip, mula manungsa banjur urip. Dadi manungsa urip merga Gusti Allah aweh nyawa, Kitab suci njelasna: "mirip Gusti Allah" udu awake nanging nyawane.

Sedulur, ana telung perkara sing pada, sing ana nang Gusti Allah uga ana nang manungsa. Telung perkara kue : pikiran, rasane lan kekarepan.

Apa artine telung perkara kue:

**Kaping siji**, Gusti Allah aweh pikiran aring manungsa sing merekena manungsa bisa sinau bab Gusti Allah, ngenali lan mikir kaya Gusti Allah mikir. Utawa nang apa rika ngerti siaran kiyé, nanging kewan ora? Senajan kewan duwe utek? Kenang apa manungsa bisa "citra" karo manusa liyane? Merga manungsa ora ukur duwe utek, nanging duwe pikiran utawa pangerten sing pada. Pangerten kue sing ndadekena manungsa sejen karo kewan.

Gusti Allah aweh pikiran kanggo manungsa ben manungsa ngerti omongane Gusti Allah. Ben manungsa duwe ubungan sing perek karo Gusti Allah. Kaya kanca. Udu maksude manungsa karo Gusti Allah pada pangertenane lan kewicaksanaane. Pangerten lan kewicaksanane Gusti Allah nglewihi manungsa endi bae. Nanging sing kudu dingerten yakue Gusti Allah aweh nyawa kanggo manungsa ben manungsa bisa duwe ubungan karo Gusti Allah. Kaya nabi Ibrahim. Nabi kue dijenengi kancane Gusti Allah merga duwe ubungan sing perek karo Gusti Allah. Janjane udu ukur nabi Ibrahim sing bisa duwe ubungan sing perek karo Gusti Allah. Kabeh wong bisa dadi kancane Gusti Allah. Gusti Allah kepingin awake dewek bisa dadi kancane Gusti Allah.

Gusti Allah ora gelem manungsa kue kaya kewan sing ora bisa ngerti bab Gusti Allah. Kewan duwe cangkem tapi ora bisa ngomong matur nuwun aring Gusti Allah. Kewan duwe kuping, mripat nanging ora bisa ngrungokena lan maca sabdane Gusti Allah.

Sedulur, manungsa sing digawe nang Gusti Allah mirip karo Piyambake. Bisa ngerten, mikirena, ngrungokena sabdane, lan matur karo Gusti Allah. Rika bisa dadi kancane Gusti Allah, nek rika ngandel lan nrima dalan sing bener sing ditetepena Gusti Allah. Sing penting kudu dingerten siki: Gusti Allah ngewehi pikiran ben bisa ngenal karo ngerten.

**Sing kaping pindo**, Gusti Allah ora ukur gawe manusia mirip karo Piyambake nanging aweh ati ben manungsa kue nresnani Gusti Allah. Ati sing duwe rasa nang njero nyawane. ben bisa ngrasakena apa sing dirasakena Gusti Allah. Gusti Allah bisa nresnani, sengit, seneng, sedih, uga bisa ngrasa melas. Kue mulane Gusti Allah ngewehi perasaan nang manungsa, ben

manungsa nyenengi apa sing disenengi, sengit apa sing disengit Gusti Allah. Gusti Allah kepengin manungsa nresnani aring Gusti Allah. Kue sebabe Gusti Allah gawe manungsa mirip karo Piyambake.

**Sing kaping telu**, Padanan Gusti Allah karo manungsa yakue: bebas kanggo milih utawa kekarepan. Gusti Allah meheni manungsa nentukena dalane dewek. Kaya Gusti Allah bebas milih nglakokena apa bae. Karo anane kebebasan kue, manungsa diwei hak karo tanggung jawab go milih arep manut apa ora aring Gusti Allah. Gusti Allah bisa bae ora aweh pilihan, didadekena kaya boneka utawa mesin, ora bisa obah utawa nyambut gawe seliane sing wis ditetepena. Utawa kaya srengenge sing metu kang wetan lan mangslup nang kulon samben dina. Ora bisa milih metu kang lor. Gusti Allah ora gawe manungsa kaya kue.

Manungsa digawe kanggo dadi duweke Gusti Allah, uga duwe pengerten. Awake dewek ana nang ndunya kie dudu kanggo awake dewek, utawa bandha, utawa sapa bae. Awake dewek ana nang ndunya kie kanggo Gusti Allah. Kanggo nyenengena lan mulyakena Gusti Allah.

Sedulur...siki rika wis ngerti, menawa Gusti Allah gawe awake dewek kiye nganggo kemampuan ngerten, ngasihi, lan manut karo Gusti Allah selawase. Merga nyawa sing diwenehi meng awake dewek kue nyawa sing langgeng, kaya Gusti Allah langgeng. Wis dadi karepane Gusti Allah nek awake dewek kudu duwe ubungan sing perek karo apik, siki, ngesuk lan selawase.

Kue sebabe Gusti Allah gawe manungsa mirip karo panjenegane.

Sedulure, Ngendikane Gusti Almasih nang kitab suci Injil: Gusti Allah kue Gusti Allahe enyong karo rika Gusti Allah kue siji. Tresnani gusti Allahmu karo sekabehe atimu, lan sekabehe nyawamu lan sekabehe kekuwatanmu.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 6**

### **Nabi Adam Lan Siti Hawa Nang Taman Firdaus.**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara **Piwulang Pengaji**

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dina kiye arep nerusena piwulang bab kedadean-kedadean kawitane ndunya kiye ana. Siki arep ngrungokena piwulang babagan nabi Adam karo Hawa wiwitane ana nang ndunya kie.

Awake dewek wis diwei ngerti nang kitab suci: “enem dina wektune Gusti Allah gawe langit lan bumi.” Manungsa sing kapisan digawe nang Gusti Allah pas dina kaping enim, Pakaryane Gusti Allah sing paling mulya. Sanajan di gawe sekang lemah nanging manungsa kue diwei nyawa sing ora bisa mati. Pada karo Gusti Allah sing duwe pikiran, rasa, karo kekarepan. Kie digawe Gusti Allah kanggo manungsa thok.

Gusti Allah gawe telung perkara kie ben manungsa bisa ngerten Gusti Allah. Gusti Allah sewise gawe manungsa sing wiwitan, ana maning sing di gawe Gusti Allah kanggo manungsa sedurunge Gusti Allah mandeg kang pakaryane. Apa sing digawe Gusti Allah kue?

Ayo ndeleng isine kitab suci Taurat nang kitab Purwaning Dumadi pasal sing ke loro ayat pitu. Unine: Gusti Allah njiot lemah saipet, digawe dadi manungsa, terus disebul nganggo napasing urip meng irunge, dadia urip manungsa kue. Sewise kue Gusti Allah gawe taman nang Eden, nang sebelah wetan, manungsa kue mau kon manggon nang kana.“ Bagian kiye nidokena kepriwe Gusti Allah gawe nggon sing apik kanggo manungsa. Taman kue dijenengi “Eden” artine “seneng”. Jeneng liyane taman Firdaus.

Miturut kita suci taman Firdaus kue ana nang bumi nang wilayah Eden. Eden kue ana nang negara Irak. Malah tulisane nabi nabi ora tau nyampuren taman Firdaus sing ana nang bumi karo Firdaus Surgawi Panggonane Gusti Allah. Nang ayat-ayat seteruse kitab suci njelasna: Gusti Allah nukulena pirang pirang wit witan sing apik, sing ngasilena woh wohan sing enak dipangan. Nang tengah tengah taman thukul wit sing aweh kauripan. Lan wit sing aweh pengertian bab sing apik karo ala. Ana kali mili kang Eden, mbanyoni taman kue. Gusti Allah manggona manungsa kue nang taman Eden, kon nggarap karo njaga taman kue. Gusti Allah

nyiapena apa bae sing dibutuhena nang Adam kanggo urip nang taman Firdaus, ben bisa urip enak. Nek sore Gusti Allah sering teka meng taman kue.

Gusti Allah teka meng taman kanggo ketemu karo Adam, bayangna nek Presiden teka meng umahmu, teka ukur kepengin crita crita karo rika ...seneng mbok. Gusti Allah ya kaya kue, dolan meng taman ukur kepengin ketemu Adam. Merga Gusti Allah gawe manungsa diwenehi pikiran, rasa karo kekarepan ben bisa dadi kanca rasan rasan, ngobrol, seneng seneng bareng, nglewati wektu bareng bareng seati, sepemikiran. Gusti Allah kepingin ana ubungan karo manungsa kue kaya kanca, akrab selawas lawase.

Sedulurku, Kitab suci njelasena nek nang tengah tengah taman kue ana wit loro sing penting. Sing siji di jenengi wit panguripan sing sijine wit pangerti bab sing apik karo ala. "Koe ora ulih mangan wohe, angger koe mangan dina kue uga koe mati." Apa rika bingung kenang apa Adam ora ulih mangan woh wit pangerten sing apik karo ala kue. Kenang apa thukul wit nang kono nek ora ulih di pangan?

Sedulur... kue mau rencanane Gusti Allah sing apik kanggo manungsa. Gusti Allah mbuktekena rahmate kanggo Adam karo menehi apa bae sing dibutuhena nang Adam, ben nduweni urip sing seneng. Karo nukulna wit panguripan, Gusti Allah kepengin Adam ngerti Nek Gusti Allah kue terus aweh sing apik apik kanggo Adam, malah urip langgeng wis disiapena nang Gusti Allah kanggo manungsa sing digawe.

Terus kanggo ngapa wit pangerten apik karo ala kue mau?

Sedulur...kaya Gusti Allah wis mbuktikena tresnane kanggo Adam, Gusti Allah kepingin aweh wektu karo Adam mbuktekena tresnane aring Gusti Allah kanggo manut karo prentahe. Yakue prentah aja mangan woh wit pangerten sing apik karo ala. Mergane di tulius nang kitab suci: sapa sing tersna aring Gusti Allah manut karo prentah prentahe. Gusti Allah ora gawe manungsa kue kaya robot. Gusti Allah nggawe manungsa sing nduweni ati, pikiran, lan kekarepan bebas ben manungsa bisa milih dewek, apa tresna lan ngormati Gusti Allah kue amargo manut.

Nang sabdane Gusti Allah bab woh wohan nang taman kue , Gusti Allah aweh pengerten apa asile nek larangan kue di langgar. Yakue enggal mati. Dadi Gusti Allah sing tresna banget karo Adam ngomong teges karo Adam: "Adam, nek koe ora manut karo prentahKu, koe enggal mati!"

Nang tulisane para nabi dijelasna: "nyawa sing berdosa mesthi mati." **Apa kue dosa?** Kitab suci njelasna : dosa kue ngglanggar prentah Gusti Allah. Mlaku nang dalane dewek dudu dalane Gusti Allah. Lewiih sekang kesalahan, dosa kue kabeh prekara sing nglawan prentah lan karepe Gusti Allah.

Manungsa sing nglawan prentah Gusti Allah bakalan mati, Mati kue ukuman merga dosa.

**Apa kue mati?** Apa mati artine ora nana maning nang ndunya kie? Kabehane wis rampung lan ora ngerti apa apa maning? Tulisane para nabi njelasna mati kue artine kepisah, ora nana ubungan maning. Mati fisik artine kepisah kang keuripan fisik. Asile dosa kue kematian rohani yakue pedote ubungan karo Gusti Allah sing nduweni kauripan.

Kue sing diomongna nang Gusti Allah:" Adam, nek koe mangan woh kue, koe arep kepisah karo Enyong. Nek koe ora manut karo Enyong, koe nglarani atine Nyong lan nggawe gela. Enyong kue suci ora bisa nampa utawa ngejorna wong sing nglarani atine Nyong kue tetep urip. Enyong ngusir Lusifer karo Malaekat malaekat sing pada nglawan karo Enyong. Nek koe dosa karo Enyong , Enyong arep ngusir koe uga. " Aja dianggеп sepele pembrontakan sing merekena mati rohani. Kepisah sekang Gusti Allah pada bae karo kebuwang.

Sedulur...kaya awake dewek wong sing dosa bae bisa kesinggung, apa maning Gusti Allah sing Maha Suci, bayangna kaya ngapa kesinggunge merga sikap mbrontak awake dewek. Ubungan manungsa karo Gusti Allah langsung pedot gara gara manungsa nglawan karo Gusti Allah. Gusti Allah kue Suci, ora ngejorna wong sing nglawan Gusti Allah tetep urip. Dadi awake dewek bisa ngertené nek nglawan aring Gusti Allah kue masalah serius. Ukur angger awake dewek dadi wong sing manut banget, sampurna nembe bisa perek karo Gusti Allah.

Nang wektu kie, arep sinau bagean sing keri sekang pasal loro kitab Purwaning Dumadi . Ayat ayat suci kie nyritakena , kepriwe Gusti Allah gawe wong wadon sing wiwitan.

Kaya kie kedadeane: Gusti Allah ngertené nek ora apik Adam kue dewekan, mbutuhena wong liya nggo nulungi. Gusti Allah mrentah kabeh kewan sing di gawe teka meng Adam, Adam aweh jeneng go kabeh kewan kue. Nanging sekang kabeh kewan kue ora nana sijia sing pas kanggo penolonge Adam. Gusti Allah nggawe Adam turu, njiot siji igane lan di gawe wong wadon sing wiwitan sekang igane Adam. Sewise Adam tangi, Gusti Allah nggawa wong wadon kue meng Adam. Adam weruh terus seneng banget. Adam ngomong: "wah...kie sing tek butuhena. Dijenengi Hawa, merga digawe sekang wong lanang." Dadi Gusti Allah nggawe wong lanang karo wong wadon, lan ngrencanakena nikahan sing wiwitan.

Sedulurku... kawinan kue rancangane Gusti Allah. Gusti Allah nyiptakena wong lanang karo wong wadon kon bisa adu karesnan , mbagi kauripan bareng bareng lan nduwe keluarga sing seneng lan mulyakena Gusti Allah. Gusti Allah nresnani Adam lan ngarepena Adam kue uripe seneng karo aweh hadiah sing luar biasa yakue bojo. Gusti Allah kepengin Adam urip seneng karo bojone, nyukupi kebutuhane, ngsih bojone kaya Adam ngasihi awake dewek. Gusti Allah ngarepena wong lanang karo wong wadon kue nikmati ubungan sing jero karo Gusti Allah, ngenal Gusti Allah lan manut selawase. Kaya kue Gusti Allah ngrampungena pakaryan penciptaan. Kitab suci ngendika: "Gusti Allah ndeleng kabeh sing digawe, kabehane apik banget. Dadia sore lan esuk, kue dina kaping enim. Kaya kue dirampungena langit karo bumi lan kabeh isine. Nang dina sing kaping pitu, Gusti Allah mandeg sekang kabeh pakaryane sing wis di gawe. Gusti Allah mberkahi lan nyucekena, merga dina kue Gusti Allah ngaso sekang kabeh pakaryane. Kabeh wis dirampungna lan sampurna. Mulane ana pitung dina nang seminggu.

Matur nuwun wis ngrungokena acara Piwulang Pengaji kiye.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 7.**

### **Kepriwe Bumi kiye dadi Bejad**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengrek babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah kuwe kepengin manungsa pada ngerti dalam sing lempeng, yakuwe dalam sing maring surga, dalam sing di siapaken nang Gusti Allah kiyambak. Merga amung dalam kuwe thok sing dadi dalam sing dikersakaken gusti Allah supaya manungsa bisa ngrasakaken urip sing diberkahi dening Gusti Allah. Kur liwat dalam kuwe thok dalam sing lempeng menungsa bisa urip bener nang ngarsane Gusti Allah, bisa grasakaken urip kepriwe sing ayem, kepriwe sing tentrem.

Nang rong pelajaran sing keri , awake dewek wis sinau bab Gusti Allah nggawe 2 manungsa sing wiwitan. Kitab suci njelasna: "Gusti Allah gawe manungsa niru gegambarane, mirip karo Gusti Allah digawea manungsa lanang karo wadon." Kuwe artine nang nyawa wong lanang karo wadon kue Gusti Allah ngewehi pikiran, ati sing bisa ngasihi, uga kekarepan go nentukena pilihan. Gusti Allah kepengin manungsa kue ngerti , nresnani, lan nyembah marang Gusti Allah selawase. Awake dewek uga wis di wei ngerti nang taman Firdaus panggonane manungsa kue Gusti Allah nukulena wit pangerten bab sing apik karo ala, lan aweh prentah aring manungsa kue:" kabeh wit nang njero taman kue ulih koe pangan, nanging wit pangerten sing apik karo ala aja di pangan, mergo koe arep mati nek koe mangan." Maksude larangan kue mbuktikena gedene katresnane Gusti Allah kanggo manungsa.

Siki tekan pasal 3 kitab Purwaning Dumadi. Pasal kiye nyritakena kepriwe bumi sing dipanggoni kie dadi bejad. Nang pasal kie arep sianu kenang ngapa manungsa terus terusan kepengin nglawan Gusti Allah, lan kenang ngapa dunya kie akeh kesedhihan lan kesengsaran.

Kawitane dunya kie, Adam karo Hawa manggon nang taman Eden. Nang kana kabeh sing dadi kebutuhane lan keperluane disediakena nang Gusti Allah,. Nanging sing lewih gawe seneng sekang kabehane yakue: Gusti Allah samben dina teka meng Taman Eden kanggo mlaku mlaku lan ngobrol karo Adam lan Hawa. Gusti Allah nemoni Adam karo Hawa merga kepengin duwe ubungan sing cedek lan apik. Urip sing sampurna.

Dina kie awake dewek arep ngerten i nek udueweke thok sing ana nang Taman kue. Apa rika ngerti sapa bae? Yakue Setan si panyengkuyung. Wektu Gusti Allah nggawe dunya, si Setan melu ndelengena. Ngrungokena wektu Gusti Allah aweh prentah kanggo Adam, prentah aja mangan woh sekang wit pangerten sing apik karo ala. Setan kue mungsuh Allah, setan sengit karo kabeh sing di gawe nang Gusti Allah.

Setan kepengin ngrusak kauripane manungsa sing di gawe mirip Gusti Allah. Nanging Gusti Allah ngerti apa sing direncanakena Setan. Lan ujian ben ora mangan woh wit pangerten bab sing apik karo ala sejatine di gawe Gusti Allah merga ngerti nek Setan kue arep nggoda Adam karo Hawa.

Nang sewijining dina, wektu Adam karo Hawa ngadeg nang cedeke wit sing dilarang kue, Setan teka karo nyamar dadi ula, lang ngomong karo manungsa. Kitab suci njelasna : ula kue kewan sing paling pinter kang kewan kewan liyane, Ula kue ngomong karo Hawa lan takon: Apa bener Gusti Allah ngomong karo kowe, nek kowe ora ulih mangan kabeh woh wohan sing ana nang taman kie?

Kenang ngapa Setan nyamar dadi ula? Jere kitab suci, ula kue sing paling pinter sekang kewan liyane. Deweke ora teka aring Adam nang wujud raksasa abang sing gede lan medeni, karo ngomong: Salam sejahtera nggo kowe Adam karo Hawa. Enyong Iblis mungsuhe Gusti Allah! Enyong teka meng ngeneh kanggo nggoda koe ben koe nglawan Gusti Allah. Ben kauripanmu mbesuk rusak selawase.” Ora kaya kue carane Setan nyambut gawe. Setan milih ngeton kanggo ngomong karo manungsa nang wujud ula.

“Setan terus bae nggawe tawarane keton apik. Jare kitab suci: Setan kadang kadang brubah dadi Malaekat terang.” Setan kue tukang ngapus. Mergane teka meng Adam karo Hawa dadi ula sing wicaksana. Deweke milih ngomong karo Hawa dudu karo Adam, ben lewih gampang nggoda Hawa ketimbang Adam.

Setan ngerti Gusti Allah wis aweh prentah ngenani wit kue, sedurunge nggawe Hawa. Hawa ya ngerti ngenani prentah Gusti Allah kue. Nanging Iblis pinter banget, ngerti banget apa sing arep diulihena. Setan yakin nek bisa ngeyakina wong wadon kue kon mangan woh wit sing dilarang, arep lewih gampang pengaruhi Adam kon melu sing dilakokena nang Hawa nglawan prentah Gusti Allah.

Setan ngomong karo Hawa: “apa bener nek Gusti Allah nglarang koe mangan woh sekang wit witan nang taman kie?. Setan agi nyoba gawe gamang pikirane Hawa ngenani kebenerane

omongane gusti Allah. Kue mulane Setan ngomong: “ apa bener Gusti Allah...? Kie carane Setan nyesatena lan ngapusi manungsa . Setan terus usaha nglawan sabdane Gusti Allah, merga deweke ngerti, Sabda Allah nduwени kuasa lan ngudani deweke lan kabeh tipu muslihate.

Sabdane Kitab suci “ Banjur jere wong wadon kue meng ula:” Enyong ulih mangan woh wohan kang samben wit sing ana nang taman kie, kajaba wit sing ana nang tengah tengah taman. Gusti Allah nglarang mangan woh kang wit kue uga nyentuh , nek enyong nglakokena , enyong arep mati.” Ula kue njawab: “ kue ora bener , koe ora arep mati. Gusti Allah ngomong kaya kue merga deweke ngerti nek koe mangan woh kue pikiranmu arep kebuka, dadi kaya Gusti Allah, ngerti sing apik karo ala.

Wektu Gusti Allah ngomong nek Adam karo Hawa arep mati sebabé mangan woh sing dilarang, Setan malah ngomong koe ora arep mati.

Dadi Setan ora ukur usaha nggamangena sabdane Gusti Allah, nanging nglakokena lewih adoh karo nyangkali.

Kitab Suci njelasna Gusti Allah kue Maha Benar sing ora ngapusi. Menawa Setan kaya sing diomongena Nabi Isa karo pengikut pengikute : ora bisa dipercaya.Ora nana sing bener nang Setan, tukang ngapusi lan bapa sekabehe tukang nglemboni.

Cara liyane Setan nyesatena manungsa: njiot apa sing bener lan nyampurena karo sing ora bener. Keton sekang omongane aring Adam karo Hawa:” wektu koe mangan who sekang wit kie mripatmu arep mbukak , koe arep dadi kaya Gusti Allah.ngerti bab sing apik karo ala.” Wektu Setan ngomong:” koe arep dadi kaya Allah” deweke ngapusi, merga wong sing dosa ora mungkin arep dadi kaya Gusti Allah sewalike dadi kaya Setan.

Nanging wektu Setan ngomong: “koe arep ngerten sing apik karo ala.” deweke agi ngomong sing bener, merga sewise Adam karo Hawa berdosa deweke nyadari angkara kue beda banget karo kebijakan.

Setan kue tukang ngapusi,mutarbalikena sing bener kanggo ngrusak pakaryane Gusti Allah sing apik lan sampurna.

Wektune Adam karo Hawa kanggo milih antarane omongane Gusti Allah lan omongane Setan, endi sing arep di gugu. Sapa sing arep dipeloni Tuhan sekang pepadang utawa tuhan sekang

pepeteng? Apa karesnaneweke kanggo Gusti Allah gede banget merekenaeweke gelem manut karo kakarepane Gusti Allah?

Pilihan Adam karo Hawa wis dadi sejarah. Kitab suci njelasna: wektu wong wadon kue ndeleng nek woh wit kue apik nggo dipangan lan enak banget , uga wit kue nyenengi ati lan bisa akeh pangerten. Deweke met woh sekang wit kue lan dipangan, terus diwekena aring bojone sing bareng bareng deweke, bojone banjur mangan.

Gusti Allah nggawe manungsa mirip Deweke kanthi tujuan ben manungsa ngerti Dheweke, ngasihi lan manut selawase. Nanging apa sing digawe manungsa? Apa karesnane aring Gusti Allah gede banget kanggo manut karo prentahe? Ora...Adam milih nglawan Gusti Allah lan melu karo Setan mungsuh Gusti Allah.

Sedulur...kiye sing wis ngrusak lan ngancurena dunya. Wektu wiwitan Gusti Allah gawe dunya kie sempurna. Kaya kue karepe Gusti Allah. Nanging Adam ora bisa nglewati coban, nglawan aring Gusti Allah lan akibat pangerten bab sing apik karo ala dadi bagean sekang kauripane. Kaya penyakit menular sing matekena. Kramane Adam siki nyebarnang sekabehe jagad lan nulari awake dewek kabeh.

Puji syukur esih nduweni pengarepan, awit sabdane Gusti Allah: merga pelanggaran wong siji, kabeh wong ulih pengukuman, kaya kue uga, merga wong siji sing taat ana pemberian sing nekakena kauripan kanggo sekabehe wong. Ketaatan sing mbukak dalan meng Surga.

Matur nuwun wis ngrungokena acara Piwulang Pengaji kiye.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 8**

### **Apa Dampake Dosa Adam**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sedulur, awake dewek wis sinau menawa Gusti Allah nggawe manungsa sing kepisan pada karo Panjenengane. Uga ngenani kenang ngapa Gusti Allah nggawe manungsa, ben manungsa nresnani Gusti Allah nganggo sekabehe pikiran, sekabehe Ati, kekuatan, ben manungsa bisa ngrasakna ubungan sing apik karo Gusti Allah selawase.

Nang patemon sedurunge wis sinau babagan Adam karo Hawa milih ngandel karo Iblis lan ora nurut karo Gusti Allah, mangan woh sekang wit sing dilarang nang Gusti Allah yakue wit pangerten sing apik karo ala. Senajan Gusti Allah wis ngelingena Adam ana ukuman kanggo pembangkangan yakue kepaten. Artine pedot ubungan antarane Adam karo Gusti Allah.

Siki arep nerusena babagan nang kitab suci Taurat pasal kaping telu(3) kitab Purwaning Dumadi, ben ngerten apa dampake sewise Adam karo Hawa nglawan titahe Gusti Allah. Nang ayat kaping pitu kitab suci gendika: “ banjur mriplate kebukak , lan dheweke ngerti nek dheweke wuda. Mulane dheweke met godong ara lan nutupi awake.” Apa sing kawitan dilakokena Adam karo Hawa bar dheweke ngelawan Gusti Allah? Dheweke ngumpet ngrasa isin karo ngrasa salah.

Sedurunge Adam karo Hawa mangan woh wit pangerten sing apik karo ala, kitab suci ngendika: dheweke wuda lan ora ngrasa isin. Nanging siki pikiran dheweke ngenani awake dheweke wis sejen. Siki ngrasa isin lan salah nang ngarepe Sing Maha Suci sing ngadili dheweke. Kanggo nutupi rasa isin, dheweke nggawe klambi sekang wit ara kanggo nutupi awake sing wuda. Kepriwe bae klambi sekang wit ara ora bisa nutupi rasa salah nang jero atine.

Ngendikane Kitab suci: “Banjur manungsa kue karo bojone krungu suwarane Gusti Allah, wektu teka, mlaku mlaku nang taman esuk esuk, dheweke ngumpet sekang Gusti Allah, nang antarane wit witan nang taman kue. Dheweke wedi. Kue sing lakokena Adam sing nglakukena kesalahan, ngumpet.

Kaya setan, Adam shadar, dheweke wis ngelawan aring Gusti Allah. Gusti Allah sedurunge wis ngendika, nek kowe ora nurut larangan Enyong koe arep mati.

Setan ngguyoni Adam, merga wis mbuktikena nek dheweke wis ora ngormati Gusti Allah, artine dheweke wis kebuang. Setan uga ngguyoni Gusti Allah, merga Gusti Allah kudu matekena ciptaane sing sampurna lan mulya kue. Setan ngerti menawa Gusti Allah kue suci, bener lan adil. Gusti Allah ora setuju karo kejahatan. Gusti Allah kudu ngukum Adam karo Hawa..

Sedulur...kasucene Gusti Allah ndadekena Panjenengane ngadili lan ngukum kabeh kesalahan maring prentah prentahe. Mulane Gusti Allah ngadili Adam karo Hawa merga dosane.

Nang ayat seteruse :"nanging Gusti Allah nyeluk manungsa kue:" nang endi kowe? Kaya apa tresnane Gusti Allah aring manungsa sing di gawe. Apa sing dilakokena Gusti Allah sewise manungsa gawe dosa.? Dheweke nggoleti lan nyeluki Adam. Adam ngumpet.

Gusti Allah lewih ngerti, mesti Adam wis nglanggar prentahe lan ngrasa lara ati, gela karo kelakuane Adam, Gusti Allah tetep nyeluk lan nggoleti Adam. Panjenengane ngerti nang endi Adam ngumpet. Nanging Gusti Allah nyeluk Adam merga kepengin Adam njelasena lan ngakoni dosa sing wis dilakokena. Gusti Allah kepengin Adam dhewek sing teka meng Gusti Allah. Gusti Allah nyeluk Adam merga ngasihi Adam.

Sedulur....wektu Adam krungu Gusti Allah nyeluk dheweke, Adam mangsuli, wangsulane Adam aring Gusti Allah:" Enyong krungu Paduka nang taman, enyong wedi, dadi enyong umpetan mergane enyong wuda. Gusti Allah nuli ngandika : sapa sing aweh ngerti nek kowe wuda? Apa kowe mangan woh sing tek larang dipangan? Wangsulane Adam : wong wadon sing Paduka paringi teng kula, kue sing aweh woh kue meng kula, dadi tek pangan."

Gusti Allah takon aring wong wadon kue: kenang apa koe nglakukena kaya kue? Wangsulane: Enyong dilemboni nang ula, dadine enyong mangan woh kue.

Manungsa kue, pada nyalahena. Adam nuduh Gusti Allah lan Hawa bareng bareng, jerene: kue udu salahe enyong, wong wadon sing Kowe wekena aring enyong, kue sing salah. Jerene Hawa: dheweke nyalahena ula karo ngomong: aja salahna enyong, ula kue sing ngapusi enyong. Nanging Gusti Allah ngertenipun atine dheweke, nek dheweke kelorone pada pada salah. Awake dhewek ora bisa ngumeti kebenaran sekang Gusti Allah.

Gusti Allah ora sengaja ngejorena Adam karo Hawa men mangan woh wit sing dilarang dipangan, lan Setan uga ora meksa dheweke kon mangan woh kue. Setan ukur bisa mbujuk lan

ngapusi, nanging ora bisa meksa manungsa kon nglawan Gusti Allah. Setan pancer ngapusi Hawa nanging kelakuane Hawa kue pilihane dhewek, kue sing gawe Gusti Allah kesinggung. Kaya kue uga Adam, kitab suci njelasna nek dheweke ora dilemboni nang ula, dheweke sing karep mangan woh kue. Adam ngerti banget larangane Gusti Allah ngenani woh sing dilarang kue. Kesalahane adam ora ukur masalah ora nurut nanging nggremehena Gusti Allah karo nyalahena wong liya.

Tekan siki manungsa esih sering nyalahena wong liya kanggo kelakuane.

Apa paukuman sing diwekena Gusti Allah kanggo Adam, Hawa lan ula.

Jare Kitab suci: sewise kue Gusti Allah ngendika karo ula:kowe arep di ukum merga kelakuanmu. Sekang kabehe kewan, ukur kowe sing naggung laknat kiye: wiwit siki karo wetenge kowe mrambat, lan mangan lemah selawase uripmu. Kowe karo wong wadon kie pada mungsuhan, turunane kowe karo turunane arep pada mungsuhan terus..Turunane arep ngremukena ndase kowe, lan keturunanmu arep nyokot tungkakke.

Aring wong wadon kue Gusti Allah ngomong: Enyong arep nambah kelaranmu wektu kowe meteng lan wektu kowe nglairena. Nanging kowe tetep ngarepena bojomu, lan dheweke arep nguwasani kowe.

Gusti Allah ngomong karo Adam: Kowe ngrungokena sing diomongena bojomu, mangan woh sing wis tek larang di pangan. Merga kelakuanmu kue: kelaknatlah lemah. Kowe kudu nyambut gawe sing rekasa seumur uripmu ben lemah kiye ngasilena panganan kanggo kowe sing cukup,.rerungkudan lan eri arep thukul kanggo pangananmu. Kowe arep nyambut gawe nganti keselen lan kringeten ben lemah kiye ngasilena. Nganti kowe balik meng lemah, merga sekang lemah kowe digawe.

Apa kowe ngerti asil pembrontakane dheweke? Kelakuane dheweke ngasilena kesengsaran lan kelaran, eri karo rerungkudan, keselen lan keringetan , prenyakit lan kepaten.

Enyong ngelingena sing wis di sinauni, mati secara rohani kue pedot ubungan karo Gusti Allah utawa kepisah. Wektu Adam karo Hawa ora nurut aring Gusti Allah, dheweke wis misahena awake dhewek sekang Gusti Allah sang sumber kauripan. Wektu dheweke milih ngandel karo apusane Setan, mlaku bareng Setan, dheweke ngorbanena kekancan karo Gusti Allah, kelangan hak bersekutu karo Gusti Allah. Dheweke wis dadi mungsuhe Gusti Allah, merga milih melu Setan.

Pengajaran penting sing kudu di eling: kabeh sing ana nang ndunya wis owah merga pilihane Adam lan Hawa. Kabeh manungsa lanang karo wadon sengsara merga apa sing dilakokena. Nang endi endi pada sengsara lan lara ati. Ana rajapati, perang, keweden, mungsuhan, pembrontakan karo korupsi. Pelanggaran aring prentahe Gusti Allah kedadean sekang kuta gede tekan desa desa, malah nang umahe dhewek, diibaratena:"prenyakit sing nular ora bisa mandeg nang wong sing kepisan ketularan." Persis sing diomongan nang sabdane Gusti Allah: "dosa mlebu nang ndunya lewat kelakuane wong siji, lan kepaten teka lewat dosa, lan nganggo dalan kie kepaten teka meng kabeh manungsa, merga kabeh wong wis gawe dosa."

Dosane Adam wis nulari dhewek kabeh, merga kabeh wong wis milih nglanggar prentah prentahe Gusti Allah. Pengadilan lan ukuman kanggo Adam, siki wis dadi pengadilan lan ukuman sing kudu di pikul awake dhewek. Pembrontakan awake dhewek wis misahena sekang Gusti Allah.

Puji Gusti, Gusti Allah wis nyiapena dalam metu sekang pengadilan lan nylametena sekang pangukuman merga pembrontakan sing dilakokena awake dhewek.

Sedulur... matur nauwun wis ngrungokena acara Piwulang Pengaji dina kie, nang wektu ngarep awake dhewek arep sianu bab Gusti Allah aweh dalan kanggo Adam lan Hawa sebuah janji agung yakue: Anane Juruslamet sing arep teka lan mbebasena kabeh wong sekang pengandikane Gusti Allah, lan ngeculena dheweke sekang kuwasane Setan.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 9**

### **Janji Sing Apik**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara **Piwulang Pengaji**

Acara sing ngrembul babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Awake Dhewek wis sinar bab Adam karo Hawa nyimpang sekang dalane Gusti Allah merga mangan woh sekang wit sing dilarang. Manungsa milih melu Setan,mungsuhe Gusti Allah.

Sedurunge Adam karo Hawa mbrontak, dheweke seneng nek Gusti Allah teka meng taman kanggo crita crita karo dheweke. Nanging siki wektu dheweke krungu suara Gusti Allah dheweke wedi lan isin, malah ngumpet. Senajan manungsa kelakuane kaya kue, nanging Gusti Allah tetep nyedekhi lan ngomong karo dheweke, aweh ngerti apa sing bakal kedadean nang ndunya merga dosane dheweke yakue: kangelan lan kasengsaran, eri lan rerungkutan, prenyakit lan kepaten sing arep dialami.

Akibat sing liyane: mulai sekkang dina kue tekan siki bayangan pati ana nang sekabehe wong.

Kabeh wong wis mbrontak karo Gusti Allah, awake dhewek ulih ora seneng, nanging kenyataane kabeh wong ngewarisi pengadilan lan pengukuman Adam. Bener banget kaya prenyakit sing nular kue ora mandeg nang wong sing kepisan sing kena, kaya kue uga ora manute Adam sing wis misahena awake dhewek sekang Gusti Allah. Kue mulane Gusti Allah keton adoh banget. Nabi Yesaya nulis: Kejahatanmu wis misahena koe sekang Gustimu; dosamu wis gawe Dheweke ngumpetena raine sekang koe. Pancen kabar kie ora enak di rungokena, Pedhes banget nang kuping. Nanging kaya kue sing sebenere.

Dadi akibat dosane Adam yakue: ngrusak dunya sempurna sing wis di gawe nang Gusti Allah. Pas dina Adam nglaggar prentahe Gusti Allah Adam ninggalena Kerajaan terang lan mlebu nang jero kerajaan pepetheng. Adam karo Hawa ora dadi bagean sekang kerjaannya Gusti Allah. Merga pilihan dheweke kanggo melu Setan, dheweke bareng bareng karo Setan. Sing ndadekena dheweke tawanan, yakue genine neraka pas dheweke mati. Siki dheweke ora due pengarep arep babar blas, bener bener ancur lan keancuran dheweke kue suwe.

Puji syukur kitab suci ora rampung nang crita bab pembrontakan Adam, Gusti Allah kang Maha Kasih wis mbukak kanggo manungsa dalan keslametan! Esih ana kesempatan kanggo Adam lan keturunane kanggo ngeculena dheweke sekang kebinasaan lan kuwasa Setan. Sabdane Gusti Allah: nang endi dosa nambah akeh nang kono uga akeh banget belas kasihane Gusti Allah.

Sedulur, kaya sing wis di sinauni Allah kue suci, bener, adil. Sabdane ora bisa dibatalena mergane samben pelanggaran kudu di ukum. Gusti Allah kudu ngukum kabeh wong sing wis mbrontak.

Paukuman mergera nglawan prentahe Gusti Allah yakue kepaten, kepisah karo Gusti Allah selawase. Gusti Allah Maha Suci wis gawe rencana kanggo mbebasena wong lanang karo wadon sekang paukuman mergera pembrontakane Adam. Gusti Allah kue ora ukur Maha Suci lan Maha Asih. Gusti Allah sang hakim kue kepengin dadi Juruslamet kanggo manungsa.

Wiwit Adam karo Hawa gawe dosa, Gusti Allah wis aweh ngerti rencanane sing ajaib kanggo nylametena manungsa, sekang tanggung jawab mikul ukuman sekang pelanggaran sing dilakukena.

Siki arep nglanjutena pengajaran sekang kitab suci Taurat, Kitab Purwaning Dumadi ben bisa ngerti kanti jelas kabar apik kiye. Nang pasal 3 (telu) : Omongane Gusti Allah kanggo Setan sing wujud ula: "Enyong arep nganakena permusuhan antarane awakmu karo wong wadon kie, antarane keturunanmu karo keturunane, Dheweke arep ngremukena ndasmu, lank kowe arep nyokot tungkakke."

Gusti Allah ngabarena rencanane kanggo ngirim meng dunya Sang Pembebas sing arep mbebasena manungsa sekang penjajahan Setan. Kepisan, ayat kiye nidokena menawa arep ana rong klompok manungsa nang dunya : manungsa sing melu karo Setan lan manungsa sing melu karo Gusti Allah. Wong sing melu Setan yakue wong sing nglawan sabdane Gusti Allah. Nanging wong sing melu Gusti Allah kue wong sing miturut aring sabdane Gusti Allah lan nglakokena prentahe Gusti Allah.

Kiye ayat sing nunjukkena nek arep teka wong sing istimewa sekang keturunane Hawa , yakue Sang Pembebas, sing ngalahena Setan. Kiye dudu kabar sing apik kanggo Setan, nanging sewalike kanggo wong wong sing kepengin dimerdekakena sekang kuwasa lan kelicikane Setan. Kiye janji sing apik. .Bab liya sing penting nang ayat kiye yakue Setan arep diremukena nanging Setan uga arep ngrusak Sang Pembebas. Sang pembebas arep ketaton nang perang

kue, nanging kemenangan ana nang nggon Sang Pembebas. Gusti Allah ngumumena rencana sing ajaib kanggo mulihena ciptaane sing paling duwur lan mulya, yakue manungsa.

Nang siaran seteruse, awake dewek arep sinau kepriwe nabi nabine Gusti Allah aweh ngerti tekane Sang Pembebas sing arep mbebasena manungsa sekang kuwasa Setan. Siki durung bisa dingerten, suwe suwe disinauni dadi jelas. Apa kowe kepengin ngerti bener bener kebenarane Gusti Allah? Nabi Solaeman tau ngendika: nek kowe nggoleti kebenaran pada karo nggoleti perak lan ngepengini kaya banda kependem , kowe arep ulih kewicaksanaane Gusti Allah.

Sedulur, nang pasal telu (3) Kitab Purwaning Dumadi, Kitab sing kesepisan nang kitab Taurat, sabdane Gusti Allah: "Gusti Allah gawe klambi sekang kulit kewan lan ngenggokena aring Adam karo hawa." Apa koe kelingan apa sing dilakokena nang Adam sewise mangan woh sekang wit pangerten sing apik karo ala? Dheweke gawe klambi sekang godong ara kanggo nutupi awake lan nutupi kewudanan dheweke sekang Gusti Allah. Dheweke ngrasa isin lan nutupi bagean bagean awak sing paling penting.

Apa Gusti Allah ngejorena dheweke ngango klambi sekang godong godong kue? Ora. merga rasa isin dheweke udu sekang awake sing keton wudha, nanging dheweke wis nglanggar prentahe Gusti Allah. Masalahe dudu ora nganggo apa apa nanging ngrasa salah, isin nang jiwane.

Dadi kanggo nutupi rasa isin lan salah nang jiwane merga pelanggarane, Gusti Allah gawe tutup awak kanggo dheweke. Yakue klambi sekang kulit kewan. Kanggo gawe klambi kue, Gusti Allah kudu mateni pirang pirang kewan , njiot kulite lan di gawe klambi. Sing penting nang kene awake dhewek ngerti wektu Gusti Allah mateni kewan , Gusti Allah gawe korban kewan sing kepisan kanggo nutupi kewudanan Adam karo Hawa. Kaya ngapa nlangsane Adam karo Hawa wektu ndeleng getih ngocor sekang kewan sing di pateni nang Gusti Allah.

Kewan kue babar blas ora nana ubungane karo kesalahan sing di lakukena dheweke, nanging kudu mati ben dheweke duwe klambi kanggo nutupi awake. Gusti Allah kepengin dheweke kelingan menawa paukuman sekang ngelanggar ukum Allah kue kepaten, kanggo ngajar Adam lan Hawa bab sing penting nang tulisan tulisane para nabi yakue:"nek ora nana kocoran getih ora nana ampunan."

Sing penting kanggo dingerten yakue: carane Adam karo Hawa nutupi awake karo godong godong ara , ora cukup kanggo Gusti Allah. Gusti Allah ora gelem nrima.

Kaya usahane Adam karo godong godong ara , manungsa terus bae kepengin nutupi pelanggarane karo nglakokena temindak apik lan amal lewih akeh.

Kepriwe bae pelanggaran aring prentahe Gusti Allah cukup diganti karo tindakan sing apik utawa amal. Kue ora cukup..Gusti Allah Maha Besar, Maha Suci; Maha adil. Gusti Allah mbuktekena karo Adam lan Hawa sijining cara ben bisa diterima yakue karo ngocore getih kurban.

Sewise mateni kewan lan nggawekena Adam karo Hawa klambi sekang kulit, Gusti Allah banjur ngusir dheweke metu sekang taman Firdaus di Eden. Gusti Allah menehi malaekat sing nyekel pedang sing murub kanggo njaga dalan meng Wit pangerten sing apik karo ala. Gatekena mesthi kewan wis dikurbanena kanggo nutupi kesalahane Adam karo Hawa, dheweke esih kudu mikul akibat pelanggarane. Dheweke wis milih dalan kepaten, wektu dheweke milih mangan woh sekang wit sing dilarang Gusti Allah. Akibate dheweke ora bisa ngrasakena berkah berkah sing kasediya nang taman Firdaus sing apik.

Gusti Allah ngusir Lucifer yakue Setan sekang ngarepe Gusti Allah awit pembrontakane Setan. Kaya sing Gusti Allah lakokena aring Lucifer, uga Adam dan Hawa diusir sekang taman Firdaus akibat pembrontakane.

Sedulur... Gatekena rong bab kiye , **kesepisan**: Gusti Allah kue Maha Besar, Gusti Allah ora ngejorena dosa. Adam karo Hawa diukum merga dosa lan diusir sekang taman Firdaus. Sing **kaping loro** Gusti Allah kue kebak welas asih. Sebenere Adam karo Hawa ora pantes nrima welas asih sekang Gusti Allah. Ukur pantes di ukum, nanging Gusti Allah ora gelem manungsa mati merga kesalahane. Kue mergane Gusti Allah njanjekena Pembebas Agung kanggo nylametena umat manungsa sekang pepeteng kerajaan Setan lan mindahena nang terang kemulyan kerajaan Swarga.

Sedulur matur nauwun wis ngrungokena acara Piwulang Pengaji, nang wektu ngarep arep sianu bab anak anake Adam karo Hawa yaiku Kabil lan Habil.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 10**

### **Kabil Lan Habil**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang pengajaran sing disit, sawise Adam karo Hawa mbrontak , Gusti Allah ngrencanakena ngutus sang Pembebas meng dunya kanggo nglepasena manungsa sekang kuwasa Setan lan geni neraka. Uga kepriwe Gusti Allah nolak usahane manungsa kanggo nutupi awake sing wudha karo godong godongan sing di gawe klambi. Gusti Allah kepengin ngajari Adam karo Hawa menawa manungsa kue ora bisa nutupi rasa isin nang ngarsane Gusti Allah, Hakim sing Maha Suci karo usahane dhewek. Ukur Gusti Allah sing bisa nylametena dheweke sekang paukuman.

Cara sing ditidokena aring Adam karo Hawa yakue karo mateni kewan kanggo di jiot kulite lan didadekena klambi kanggo dheweke. Nanging sing lewi penting Gusti Allah mateni kewan kue wis nglakukena kurban getih sing kepisan. Kurban getih kiye sing bisa nutupi rasa salah lan isin Adam karo Hawa. Awake dhewek ya krungu awit sekang kue ana rong garis keturunan manungsa nang bumi yakue: golongan wong wong sing percaya karo sabdane Gusti Allah lan golongan sing nolak sabdane Gusti Allah.

Siki arep sinau pasal papat Kitab Purwaning Dumadi, bab keloro anake Adam karo Hawa yakue: kabil sing nolak percaya aring Gusti Allah Ian Habil sing percaya aring Gusti Allah.

Nang pasal kepapat dituis: "Anadene Adam sapeturon karo bojone maning , Ian wong wadon kue meteng."Dheweke nglairena bocah lanang ujare:" karo pitulungane Gusti Allah enyong wis ulih anak lanang." Bocah kue dijenengi Kabil. Terus Hawa nglairena bocah lanang maning dijenengi Habil. Habil dadi pangon wedus, nanging Kabil dadi wong tani.

Adam karo Hawa ora ulih manggon nang taman Firdaus merga pembrontakane, anak anake Adam karo Hawa uga dadi pembrontak kaya wong tuane. Pilihane Adam mbrontak karo Gusti Allah nular kaya prenyakit meng keloro anake. Kaya paribasan: kaya rama kaya kue uga anake. Kabil Ian Habil melu dalane Adam, ora bisa mbalik meng taman merga kaya ramane Adam. Jarene Kitab suci: "Adam nduweni anak anak sing persis dheweke."

Anak anake Adam pada gede lan pinter. Kabil contone, sinau dadi wong tani lan sregep kerja karo telaten. Habil dadi pangon wedus. Loro lorone ngerti bab Gusti Allah. Dheweke ngerti nek Gusti Allah kue ana. Suci lan ora gelem nrima pelanggaran aring ukume. Dheweke ya ngerti kepriwe mereka Gusti Allah, yakue karo dalan aweh kurban getih, kaya sing ditidokena nang Gusti Allah aring Adam karo Hawa.

Nang sijining wektu , Kabil karo Habil nyembah aring Gusti Allah lan nggawa persembahan kurban. Jare kitab suci ngenani bab kue: Sewise pirang pirang wektu , Kabil njiot sebagean panenane terus digawa kanggo dicaosaken marang Gusti Allah. Nanging Habil njiot anak wedus sing kepisan sekang kabeh kewane, disembeleh terus dicaosaken maring Gusti Allah. Gusti Allah seneng karo Habil lan persembahane. Nanging nolak Kabil karo persembahane. Kabil dadi kesuh banget lan gregeten”

Apa sing kedadean, ana wong loro kepengin nyembah Gusti Allah. Lorone ngwenehi kurban, nanging ukur siji sing ditrima nang Gusti Allah, yakuwe persembahane Habil.

Apa rika ngerti apa sebabé? Kenang ngapa Gusti Allah nolak persembahan Kabil? Apa Gusti Allah ora seneng woh wohan lan karo janganan? Ora. Dudu kue alesane. Habil nggawa meng Gusti Allah kurban sing dikarepena kanggo pangapura kesalahan kesalahane Habil. Nanging Kabil nggawa kurban sing liyane. Merga sing dikarepena Gusti Allah kanggo syarat wong sing njaluk dosane dingapurani, yakue ngucure getih kanggo gantine utawa tumbal uripe sekang kewan sing ora duwe salah. Ukur getih sing bisa ngganteni pelanggaran sing dilakukana, pelanggaran apa bae.

Habil nggawa kurban getih persis kaya sing dikarepena nang Gusti Allah. Kue sing diomongena kitab suci: “ karo iman Habil ngwenehi pisungsung kanggo Gusti Allah kurban sing lewih apik sekang kurbane Kabil.” Amarga iman Habil dibuktikena lewat kurbane, dheweke di trima dadi wong bener nang ngarepe Gusti Allah. Sekang sing di alami wong tuane Habil ngerti nek kurban getih kue penting banget ben ulih pangapura sekang Gusti Allah. Omongane kitab suci: “nek dudu kurban getih ora nana pangpura.” Habil ngerti karepe Gusti Allah lan ngeyakini

Terus apa artine ngeyakini Gusti Allah? Ngeyakini Gusti Allah artine ngandel utawa yakin karo Gusti Allah, dadi bisa nurut kekarepane Gusti Allah. Ngeyakini Gusti Allah yakue nrima karo ati kebuka , nek sabdane Gusti Allah kue bener. Nek rika ngomong: “enyong yakin karo Gusti Allah” nanging ora yakin karo sabdane , keyakinane disangsikena.

Nek rika yakin karo Gusti Allah, rika arep nglakukena prentah lan kekarepane. Nanging nek ora yakin rika ora ukur nolak prentahe, nanging ngelawan Gusti Allah.

Kurban Habil ditrima Gusti Allah, awit dheweke yakin karo sabdane Gusti Allah, kurban Kabil di tolak mergane Kabil ukur ethok ethok yakin.

Sedulur, tulisane para nabi, Gusti Allah nidokena nek wong nglanggar prentahe Gusti Allah artine wong kue wis nyenggol atine Gusti Allah. Lan wong wong sing nytinggung atine Gusti Allah ora bisa perek karo Gusti Allah. Wong wong kue kebuwang sekang ngarepe Gusti Allah, dadi mungsuhe Gusti Allah. Lan ben bisa damai karo Gusti Allah kudu ana getih sing diwutahena merga asile dosa kue kepaten.

Sedulur, pangapura kanggo planggaran sing dilakokena nang ngarepe Gusti Allah sing Maha Suci ora bisa kedaden kanggo carane manungsa, nanging carane Gusti Allah. Planggaran ndadekena kepaten, nanging Gusti Allah sekang katesane ngijini kewan sing ora salah mati nggantikena kemapaten wong sing nglakukena planggaran. Awake dhewek sing kudune mati wektu nglanggar prentahe Gusti Allah, nanging Gusti Allah ngasihi awake dhewek, dadi ngejorena kewan mati nggo ngganti awake dhewek.

Gusti Allah nggawe dalan kanggo nrima pangapura, ora kudu mati kanggo kesalahan sing digawe.

Nang babagan sing seteruse, aring nabi Musa Gusti Allah akeh aturan sing ora bisa di owah owah bab pisungsung kurban sing kudu digawe kanggo pirang pirang kesalahan lan planggaran aring ukume Gusti Allah. Akeh persembahan kurban didasarena : “ yakue getih kewan bisa dadi gantine getih manungsa sing salah. Merga kurban getih kue, Gusti Allah bisa sabar karo Adam lan keturunane. Lan getih kue nutupi planggarane dheweke. Paling ora go sementara. Arep kepriwe maning, getih kewan ora bisa babar blas ngilangena tanggungan sekang wong sing salah. Kewan ora pada regane karo manungsa. Mulane kurban kudu digawe saben dina terus terusan taun meng taun. Senajan kurban getih kue dudu karepe Gusti Allah sing sempurna negenani dalan kebenaran.

Gusti Allah duweni rencana sing lewih apik kanggo masa depane manungsa. Kiye sing penting sekang pengajaran pisungsung kurban Kabil lan Habil. Kabil ora nganggap penting praturane Gusti Allah bab pengapura kesalahan. Kabil nganggo karepe dhewek, nggawe agama dhewek. Sejatine kabil wong sing kepisan gawe agama palsu. Dheweke teka nang ngarepe Gusti Allah

karo asil pegaweane dhewek asil panen sekang apa sing ditandur, nanging ora nana getih sing diwutahena. Gusti Allah nolak persembahane Kabil.

Habil nggawa persembahan anak wedus sing dipateni lan getieh di wutahena. Habil duweni ati nurani sing murni nang ngarepe Gusti Allah. Dheweke ngerti nek pantes mati, nanging wedus kurban kuwe sing go ngganteni. Dadi Habil mbuktekena imane kanggo apa sing Gusti Allah karepena kanggo dalan ben kesalahane wong kue diapus. Pisungsung kurban sing dilakukena pas karo rencanane Gusti Allah.

Sedulur, ora nana wong sija sing bisa teka meng Gusti Allah nek ora nglewati dalan sing bener sing wis ditentukena nang Gusti Allah. Dalane Gusti Allah kue sempurna lan pas. Kaya wong ngitung. Nek koe ditakoni  $2+2$  pira? Jawabe kudu papat (4). Ora nana jawaban liyane. Ukur ana siji jawaban sing bener, kaya kue uga ukur ana siji Gusti Allah, lan siji dalan sing bener kanggo bisa damai karo Gusti Allah Sing Maha Suci.

Nang pelajaran seteruse, awake dhewek arep ngertenipun dalane Gusti Allah sing sempurna. Renacanane Gusti Allah kue nyiapena kurban getih sing bisa kanggo nutupi kesalahan manungsa kanggo selawase.

Sedulur... matur nauwun wis ngrungokna acara Piwulang Pengaji, nang wektu ngarep arep sianu kelanjutane pengajaran sekang Kabil lan Habil.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewan bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 11**

### **Kabil Ora Gelem Mertobat**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring swarga, yakuwe dala keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang sing ndisit, awake dewek wis sinau bab pentinge kurban getih kanggo dalan pangapura, nalika sawijining wong nglanggar prentahe Gusti Allah. Kurban getih kiye angger anggere Gusti Allah sing ora teyeng dinyang. Merga kuwe, nalika anak anake Adam, yakue Kabil lan Habil aweh kurban nang ngarsane Gusti Allah. Kitab suci nyatakna: Gusti Allah nrima kurban Habil nanging kurban Kabil ditampik. Awake dewek wis sinau nek Kabil mempersembahena woh - wohan asil sekang panene dhewek, merga dheweke wong tani, nanging Habil mempersembahena cempe mbarep, merga dheweke wong pangon.

Nang dina siki awake dewek arep ngrampungna piwulang bab Kabil karo Habil. Nang Kitab Purwaning Dumadi pasal 4 kitab suci gendika: "Kabil dadi kesuh banget lan ndresula. Gusti Allah banjur ngendika aring Kabil:"Kenangapa kowe kesuh? Kenangapa raimu surem? Nek kowe nglakokena sing becik mesti raimu sumringah, nanging nek kowe gawe jahat dosa wis ngintip mlebu nang jerone atimu, nguwasani kowe, nanging kowe kudu teyeng ngalahna."

Gusti Allah ngelingna Kabil nganggo cara nampik kurbane. Gusti Allah kepengin Kabil mertobat sekang kesalahane. Gusti Allah kepengin Kabil eling nek who-wohan asil sekang nyambut gawe sing rekasa lan usahane manungsa, babar blas ora ana regane nang ngarsane Gusti Allah. Gusti Allah ngarepna Kabil nglakokena kaya sing dilakukena Habil yakuwe menehi kurban getih. Merga karo menehi kurban getih dadi tenger nek Habil ngakoni nek dheweke wis gawe keluputan maring prentahe Gusti Allah. Kurban Habil mbuktekena nek dheweke yakin karo ketentuané Gusti Allah bab pangapuran sekang planggaran angger anggere Gusti Allah. Kuwe sing dikarepna Panjenengane Gusti Allah. ben Kabil nglakokena apa sing wis ditentokena Gusti Allah. Menawa Kabil ora gelem nrima lan nglakokena kurban nganggo carane Gusti Allah, dheweke arep musnah sekang pembangkangane. Gusti Allah ora gelem Kabil ngalami kedaden kaya kuwe.

Gusti Allah ngelingena Kabil nek ana bebaya sing ngancam nek dheweke nampik ngowah sikap nesune merga dielingna Gusti Allah. Bebaya kuwe dosa.

Sedulure, dosa kuwe nampik kanggo percaya lan nuruti Sabdane Gusti Allah. Dosa uga kabeh perkara sing ora setuju karo angger anggere Gusti Allah. Gusti Allah weruh tekan njerone ngati, ngerti banget apa kowe pada setuju apa ora karo kekarepane Gusti Allah. Kanggo Gusti Allah wektu kowe padha ora seneng karo ketentuan, kuwe pelanggaran.

Sedulur...dosa kue perkara penting, Nang ngarsane Gusti Allah dosa kuwe keton jelas. Sabdane Kitab Suci: bab wong wong sing ora gelem ninggalna dosane yakuwe: arep diukum karo keancuran selawase, lan kebuwang sekang ngarsane Gusti Allah lan sekang kemulyan kuwasane.

Nanging Gusti Allah ora gelem Kabil musnah merga dosane. Dheweke ngarepna Kabil mertobat. Ninggalna dalan sing sesat lan ngetutna tuntunane Gusti Allah nang dalan sing lempeng. Dalan bebener sing wis di gawe. Dalan sing bisa gawe wong sing nglanggar ketentuan Gusti Allah, slamet sekang murka lan paukumane Gusti Allah.

Kabil karo kurbane ukur ethok-ethok percaya karo rencana Gusti Allah. Kabil ukur ngormati Gusti Allah nang cangkem thok, nanging ati Kabil adoh sekang Gusti Allah. Ora kaya Habil, karo kurbane. Habil mbuktekena nek dheweke wong dosa sing salah, pantes diukum, nanging dheweke ngerti getih sekang wedus gembel sing ora salah wis dadi ganti dheweke. Penyembahane aring Gusti Allah ditampa, nanging penyembahan Kabil babar blas ora nana regane.

Gusti Allah terus terusan aweh aring manungsa kesempatan kanggo ninggalena cara urip sing keliru lan nuruti carane Gusti Allah.

Siki arep nerusena piwulang sekang Kitab Suci bab sikap Kabil sewise dielingna nang Gusti Allah. "Jare Kabil nenag Habil, ayuh lunga meng ara ara. Sewise dheweke tekan nang kana, Kabil banjur nyerang lan mateni Habil adine. Kabil sing nampik kanggo ngurbana getihe kewan kanggo kurban ben dosane diapurani, siki malah mutahna getihe adine. Dheweke ora mertobat. Sapa sing wis ngwenehi pikiran kanggo mateni nang atine Kabil? Sapa sing dirungokna dheweke? Wangsulane, mesthi Setan. Sabdane Kitab Suci: Kabil mateni adine merga dheweke dikuwasani si jahat. Gusti Allah wis aweh ngerti sedurunge, nek arep ana rong klompok keturunane manungsa nang bumi kiye yakuwe: keturunane Adam lan keturunan Setan. Kabil kuwe keturunane Setan, menawa Habil duweke Gusti Allah.

Sewise mateni, Gusti Allah takon karo Kabil "nang endi Habil adimu? " Kabil mangsuli inyong ora ngerti, apa inyong tukang momong? Gusti Allah banjur takon: Kenangapa kowe nglakokena

sing medeni kaya kuwe? Getihe adimu ngorong ngorong aring Gusti Allah sekang lemah kaya suara sing njerit njaluk balesan. Kowe siki kuwalat dadi ora teyeng nggarap lemah kuwe. lemah kuwe wis nyerep getihe adine kowe, kaya dibukak cangkeme kanggo nrima getihe adimu wektu kowe mateni. Nek kowe nandur tanduran, lemah kuwe ora ngasilna apa apa. Kowe arep dadi penggembara sing ora nduwensi nggon nang nduwur jagad kiyeh.”

Gusti Allah ngukum Kabil dudu kanggo ngrusak uripe, nanging kanggo nuntun dheweke ben mertobat sekang dosane. Percaya maring bebenere Gusti Allah lan dislametakna.

Kabil ora gelem mertobat, dheweke nutup atine, malah lunga adoh sekang Gusti Allah. Merga kitab suci wis ngendika: “terus Kabil lunga sekang ngarsane Gusti Allah lan manggon nang **tlatah/tanah** Nod.” Dudu Gusti Allah sing ngedohi Kabil nanging Kabil sing lunga ngedohi Gusti Allah.

Sedulur, jaman siki akeh wong sing kelakuane kaya Kabil. Ora perduli karo dalan bener sing ditentokena Gusti Allah, malah nutup atine lan mlaku nang dalang sing keliru. Nang cangkem padha ngomong : Gusti Allah Agung, nanging nang ati , dheweke nganggep nek Gusti Allah kuwe adoh banget, mustahil wong bisa ngertenih Dheweke. Nanging kitab suci ngendika:”Gusti Allah babar blas ora adoh sekang dhewek, merga Dheweke sing aweh napas urip lan kabeh liyane. Gusti Allah lewih perek sekang jantunge dhewek. Dheweke perek banget lan ngerti banget awake dhewek, lan Gusti Allah kepengin awake dhewek ngenal Dheweke lewih perek .

Ukur sethithik wong sing ngertenih Gusti Allah, kaya sing diomongna Kitab Suci: “Kiye buktine: Padhang wis teka nang jagad, nanging manungsa lewih seneng pepeteng ketimbang padhang, merga kelakuan dheweke jahat.” Kabeh wong sing nglakokena kejahanan ora seneng karo padhang, lan ora gelem teka meng padhang ben kelakuane ora keton.

Nang kitab Zabur Nabi Dawud nyathet :” Sabdane Gusti Allah kuwe obor kanggo sikil lan pepadhang kanggo dalane Inyong.” Nek kowe mbalik sekang Sabdane Gusti Allah, kowe arep terus manggon nang pepetheng dosa, lan ora bakal ngertenih Gusti Allah. Gusti Allah kanggo kowe keton adoh. Gusti Allah kepengi nduwe ubungan sing kenthal karo kowe. Yakue kowe kudu percaya karo Sabdane Gusti Allah lan ninggalna cara urip sing jahat lan keliru lan balik aring dalane Gusti Allah.

Wong sing bener bener mertobat digambarna kaya kiye: wektu agi mlaku meng kulon wong kuwe muter awake lan mlaku meng wetan. Dadi kosokbaline. Dadi nang pertobatan kuwe ana rong tindakan sing kudu dilakoni, yakue *kepisan* ninggalna dalan sing keliru lan sing *kaping*

*pindo* teka marang Gusti Allah lan sabdane, Sing arep aweh ngerti kowe padha, dalan ben ditrima nang Gusti Allah. Nanging Kabil ora mertobat. Dheweke milih terus ana nang dalane dhewek lan nampik teka meng Gusti Allah, ora nurut nang dalan sing disiapna nang Gusti Allah.

Nang kitab suci matine Kabil diomongna: Kabil mati nang dalan sing sesat, sing gawe Gusti Allah kudu nyerahna dheweke aring pepetheng sing peteng banget selawase.

Sedulur... aja nganti kaya Kabil. Aja nglalekena : kowe ora teyeng dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah merga wis nglakokena tumindak sing beck. Kaya Kabil, akeh wong ngira teyeng lolos sekang pengukumane Gusti Allah merga nuruti angger anggere Gusti Allah.

Nurut aring angger-angger lan prentah agama dudu artine wong kuwe wis bener nang ngarsane Gusti Allah. Merga cathetane nabi nabi: Dhewek kabeh kaya wong lepra sing najis, lan kabeh kebecikan kaya gombal reged nang ngarsane Gusti Allah. Sing merekena awake dhewek bener nang Ngarsane Gusti Allah yakue percaya Sabdane lan nuruti dalan sing bener sing wis diatur nang Gusti Allah.

Sedulur, tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sing arep teka. Awake dhewek arep sinau piwulang keturunan Adam sing liya yakue: nabi Idris.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 12**

### **Nabi Idris**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara **Piwulang Pengaji**

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang rong siaran sedurunge awake dhewek wis sinau bab Kabil karo Habil anak anake Adam lan Hawa. Aweh pangerten mesti dheweke ngerteni bab Gusti Allah, ukur Habil sing percaya lan nuruti Gusti Allah. Kebukten pas dheweke menehi kurban getih marang Gusti Allah. Persembahan lan kurban Habil ditrima nang Gusti Allah, nanging kurban Kabil ditampik.

Kurban Kabil kuwe gambarane sekang usaha manungsa mereki Gusti Allah nganggo carane dhewek, babar blas ora disenengi Gusti Allah. Pada karo manungsa ngusahakna ulih pangapurane Gusti Allah karo amal lan kebajikan, kuwe ora bakal kedaden. Pangapura kuwe kedaden nek ana kurban getih. Kaya kuwe ketentuan Gusti Allah. Kabil ora gelem nurut karo Gusti Allah kon balik meng dalam sing bener sing nuju meng urip langgeng. Dheweke malah mateni Habil adine.

Sedulur, dina kiye arep sinau pasal papat (4) lan lima ((5) kitab Purwaning Dumadi. Nang kitab suci dinegndikakena nek Adam karo Hawa nduweni anak anak lanang karo wadon. Ora ngerti pira akehe. Sekang keturunane Adam, Gusti Allah nuduhna ana rong keturunan yakuwe: keturunane Kabil lan keturunan Seth, adine sing lair dadi gantine Habil sing dipateni Kabil.

Sing kepisan arep ndeleng keturunan sekang Kabil. Anak karo putu Kabil ora ngormati Sabdane Gusti Allah. Pikiran, omongane lan kelakuane ora nurut karo dalam sing bener katentuan Gusti Allah. Dheweke wong pinter, nanging ora urip perek,, ora ngenal Gusti Allah. Dheweke ngedegna kutha kutha , nggawe prabotan sekang wesi lan tembaga, pinter gawe lan ngunekena suling lan kecapi. Ningen, dheweke ukur ngurmati barang barang kadonyan. Kepinteran kaya kuwe ora gawe dheweke duweni ati sing pasrah marang Gusti Allah. Malah keturunane sing kaping pitu sing jenenge Lamekh tukang mateni wong. Deweke bungah bisa lewih jahat sekang eyange Kabil merga dheweke mateni wong loro. Lamekh kuwe wong sing egois utawa mung mikir awake dewek, mata duiten, seneng karo kesenenagan ndunya. Lamekh nyonto dalane Kabil sing sesat lan dadi abdine Setan.

Keturunane Adam sing asale sekang Seth. Ngendikane kitab suci: Gusti Allah ngewehi Adam lan Hawa anak lanang dadi gantine Habil. Gusti Allah wis tau janji arep aweh salah sawijining Pembebas Agung sing arep ngremukna ndas Setan lan mbebasna keturunan Adam sekang perbudakan hawa nafsu Setan. Pemberas Agung kiye keturunane Habil sing percaya marang Gusti Allah. Setan kasil mbujuk Kabil kanggo mateni Habil. Lumantar rajapati kuwe, Setan ngusahakna ngalang ngalangi Gusti Allah ngirimna Pembebas Agung meng jagad kiye. Wis mesti Gusti Allah lewih pinter sekang Setan, Dheweke aweh Seth aring Adam lan Hawa, dadi penggantine Habil, Dadi rencanane Gusti Allah perkara seorang pembebas tetep kelaksanan.

Sanajan , Seth dilairna nang jagad sing rusak lan mbrontak marang Gusti Allah, Seth kuwe wong sing bener bener percaya marang Gusti Allah. Kaya Habil kakangane, dheweke milih dalan sing bener. Dheweke uga nurut karo katentuan Gusti Allah. Nglakokena kurban getih marang Gusti Allah kanggo njaluk pangapurane dosa. Dheweke nggedekena anak anake karo diwulang Sabdane lan ngibadah marang Gusti Allah. Ngendikane kitab suci: Seth nduweni anak lanang lan wektu kuwe wong mulai nyeluk asmane Gusti Allah. Rong keturunan yakuwe keturunan Kabil lan Seth kuwe gambaran sekang rong klompok manungsa sing ana nang jagad kawitane jaman Adam tekan dina kiye.

Nang ngarsane Gusti Allah sing ana ukur ana rong klompok manungsa. Gusti Allah ora ndeleng bedane warna kulit, ireng utawa putih, beda suku, utawa lanang karo wadon. Kanggo Gusti Allah sing ana yakuwe wong wong sing percaya marang SabdaNe lan wong wong sing ora percaya marang SabdaNe. Wong sing percaya yakuwe wong sing ngerti marang Gusti Allah kanti perek, lan mlaku nang dalan sing padhang ulih pangapura sekang Gusti Allah.

Dene wong sing ora percaya kuwe kelompoke wong sing ora ngerti Gusti Allah, mlaku nang dalan sing peteng lan ora ulih pangapura sekang Gusti Allah. Samben wong sing percaya marang Gusti Allah lan milih dalan sing bener sing wis ditentokna Gusti Allah kuwe slamet lan mlebu sewarga kaya Seth lan keturunane .

Nang kitab Purwaning Dumadi pasal lima (5) critane keturunan Seth sing jenenge Idris. Idris kuwe keturunan kaping pitu sekang Adam. Ben dilairna sekang jagad sing wis rusak lan mbrontak marang Gusti Allah, nanging Idris mertobat sekang dosa dosane, mbalik marang Gusti Allah lan percaya marang janjine yakuwe anane Pembebas Agung sing arep teka. Merga iman lan percayane kuwe , Gusti Allah nganggep nabi Idris dadi wong sing bener di apurani dosane lan disucekna atine. Wektu Idris mertobat umure sewidaklima (65) taun, lan kitab suci ngendika: Idris mlaku bareng Gusti Allah sesuwene telungatus (300) taun.

Bab mlaku bareng Gusti Allah wektu semana dudu perkara gampang, merga kaya jaman siki, wong wong nang jamane nabi Idris lewih milih kesenengan kadonyan lan urip sing bejad. Wong kaya nabi Idris sing demen karo kealiman lan sengit karo kesesatan kue disengit lan dienyek nang tangga tanggane sing ora pada ngerti bab Gusti Allah. Prekara kuwe ora ndadekna nabi Idris ngubah keputusane kanggo terus mlaku nang dalane Gusti Allah. Kanggo dheweke urip dame karo Gusti Allah leweih penting sekang sekabehe. Gusti Allah milih Nabi Idris dadi hamba lan nabiNe nang jaman sing jahat kuwe.

Nabi Idris nidhokna aring manungsa sejamane bab janjine Gusti Allah prekara tekane Sang Pembebas Agung nang jagad kiye. Nabi Idris uga ngandani menawa Sang Pembebas Agung kue arep balik nang sewijining dina mengko, kanggo ngukum wong wong sing nampik mertobat lan percaya marang Gusti Allah.

Omongane nabi Idris:" Delengen Gusti Allah badhe rawuh karo pirang pirang ewu malekate sing suci kanggo ngakimi kabeh wong. Gusti Allah arep ngukum wong wong sing jahat, merga kelakuane bejad. Dheweke arep ngukum wong sing dosa lan duraka merga kabeh omongan ngenyek sing di omongena marang Gusti Allah.

Sesuwene telungatus sewidak lima (365) taun, nabi Idris urip nang jagad, dheweke milih dalan sing bener sing ditentokna Gusti Allah. Kitab suci ngendika: " Idris mlaku bareng utawa nurut marang Gusti Allah sesuwene telungatus taun (300 taun), terus ora nana maning, merga diangkat nang Gusti Allah."

Gusti Allah sing Maha Kuasa ngangkat nabi Idris langsung meng Sewerga. Kitab Suci: :Merga iman Idris wis diangkat sekang uripe, dheweke ora ngalami mati. Omongane kitab suci: Nabi Idris mlaku bareng Gusti Allah sesuwene telungatus(300) taun, terus ngilang, merga diangkat. nang Gusti Allah.

Sesuwene telungatus (300) taun Nabi Idris nyenengna manahe Gusti Allah, dheweke percaya , nresnani lan nurut marang Gusti Allah. Nang jamane akeh wong ora pada nggatekna prentahé lan ketentuané Gusti Allah. Bab penting sing arep ditidokna nang Gusti Allah: Nek kowe ora duwe iman kaya Nabi Idris, kowe ora bakal disenengi utawa nyenengna manahe Gusti Allah. Nanging nek kowe duwe iman kaya nabi Idris kowe arep dipetungna dadi wong bener. Kowe ora usah wedi umpamane mati. Kowe ngerti nek Gusti Allah wis ngalahna kematian kanggo kowe. Nek kowe ngrungokna sabdane Gusti Allah lan ngeyakini, wektu uripmu nang nduya kiye

wis rampung, kowe arep urip nang ngarsane Gusti Allah selawase. Kuwe artine ora nana cara liya kanggo kowe seliyane ngertenan lan mercayai Sabdane Gusti Allah.

Intisarine piwulang dina kiye mbandingna uripe wong loro yakuwe : Lamekh lan Idris.

Lamekh kuwe keturunane Kabil, menawa Idris keturunan Seth. Sanajan loro lorone pada pada keturunan kaping pitu sekang nabi Adam, urip nang jaman sing pada. Cara uripe dheweke beda banget.

Lamekh ora mercayai Gusti Allah lan Sabdane, nanging Idris mercayai Gusti Allah. Lamekh mlaku bareng Setan nang dalan sing bejad, Idris mlaku bareng Gusti Allah nang kekudusan. Lameh ora peduli karo dalan keslametan sing wis ditentokna Gusti Allah.nanging sewalike Idris ngormati ketentuan kuwe lan mempersebahna kurban getih marang Gusti Allah ben dosane ketutup. Lamek mburu duwit, wadonan, panganan enak, klambi apik, lan kabeh kesenengan liyane. Nanging Idris ngepengini urip sing perek karo Gusti Allah Sang Pencipta sing aweh napas urip. Lamekh mati nang dosane mlebu neraka, nanging Idris diangkat Gusti Allah urip urip kanggo manggon bareng Dheweke nang Firdaus Surgawi.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sing arep teka. Awake dhewek arep sinau piwulang bab nabi Nuh.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 13**

### **Nabi Nuh - Kesabaraan lan ukumane Gusti Allah**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara **Piwulang Pengaji**

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Awake dhewek wis sinau nalika Gusti Allah nggawe ndunya kiye, digawe kanti sempurna, nanging wektu Adam karo Hawa ora manut marang prentahe Gusti Allah, kejahatan mlebu nang ndunya kiye lan dosa nular meng kabeh manungsa.

Siki awake dhewek arep sinau bab Nabi Nuh, cicite Nabi Idris. Jaman gemiyen umur manungsa nganti atusan taun. Wong sing paling dawa umure jenenge Metusalah, sangang atus sewidak sanga (969) taun. Metusalah kuwe ramane Lamek, Lamek kuwe ramane Nuh. Nuh kuwe keturunan kaping sepuluh sekang Adam. Anake Nuh ana telu, wektu dheweke umur limang ngatus (500) taun. Jenenge anak anake yakuwe: Sem, Ham, Yafet.

Sedulur, sinau bab uripe nabi Nuh penting banget,merga kahanan urip nang jaman nabi Nuh ora beda adoh karo kahanan urip jaman siki. Jamane Nuh jagad kiye kebek karo dosa. Kitab Suci ngendika:" Kebejatan manungsa nang jagad tambah akeh lan sing dipikirna ukur kejahatan thok." Keturunan Adam atine di isi karo pikiran sing jahat. Manungsa ora sadar agi ngrusak jagad sing sempurna. Akeh wong ngakoni duwe agama, nanging sebenere ibadahe ukur kanggo pamer thok, sing digoleti kesenengan kandunyan.

Kitab Purwaning Dumadi pasal enam (6):" Gusti Allah ngendika:" Rohe Inyong ora arep tek jorna manggon nang manungsa selawase, kawit siki umure ora lewih sekang satus rongpuluhan (120.000) taun. Gusti Allah mirsani kaya ngapa jahate manungsa nang jagad kiye. Kabeh pikirane jahat, Dheweke getun wis ndadekna manungsa lan manggon nang jagad. Gusti Allah ngajog lan ngendika:" arep tek sirnakna manungsa sing wis tek gawe, uga kabeh manuk lan kewan liyane, Inyong getun wis ngawe kabehane."

Merga kejahatane manungsa wis gawe lara ngatine Gusti Allah, Gusti Allah mutusna ngremukna keturunane Adam yakue diilangna sekang jagad kiye. Senajan Gusti Allah wis mutusna kanggo nyirnakna manungsa ,Gusti Allah sing Maha Kasih esih sabar nganti satus rongpuluhan taun (120) taun. Sesuwene satus rongpuluhan (120) taun kuwe Gusti Allah aweh wektu

kanggo manungsa nang jamane Nuh kanggo mertobat. Nek wates kesabarane Gusti Allah enthek, Gusti Allah kudu ngukum kabeh wong sing ora mertobat.

Apa sing disinauni sekang sipate Gusti Allah nang wektu satus rongpuluh (120) taun sing diwehna Gusti Allah kanggo manungsa nang jamane Nuh, yakuwe: Gusti Allah kuwe sabar banget karo manungsa, nanging kesabaran Panjenengane ana watese. Gusti Allah arep ngendika lan ngusahakena ben manungsa mertobat, nanging ana watese Gusti Allah kuwe sabar. Gusti Allah ngendika:"Rohe Inyong ora arep tek jorna manggon nang kowe padha selawase. Umure kowe pada ora lewih sekang satus rongpuluh (120) taun." Awake dhewek ngertení nek Gusti Allah ngrencanakena sabar karo wong wong sing dosa tekan wates wektu sing ditentokna. Sawise kabeh wong sing ora mertobat diakimi.. Ana loro sipate Gusti Allah yakuwe: kesabarane Gusti Allah lan ukumane. Gusti Allah kuwe apik lan sabar banget , nanging uga adil lan teyeng kesuh banget.

Gusti Allah kuwe apik lan bener. Gusti Allah teyeng sabar lan teyeng kesuh. Kebecikane lan katresnane merekna Gusti Allah sabar karo manungsa sing nglanggar patokan angger anggere. Nanging kebenaran lan kesuciane ndadekna Gusti Allah ngukum wong wong sing nglanggar. Gusti Allah kue Penyalamet lan Hakim. Nabi nabi iwis nyatet bolak balik ngenani kesabarane lan ukumane Gusti Allah.

Di chatet nang kitab suci: " Gusti Allah ora ngundur ngundur ngenani paukumane, Dheweke agi bersabar karo wong sing nglawan, merga Gusti Allah ora kepengin wong wong kuwe mati lan mlebu neraka, sewalike men wong wong kuwe mertobat lan dislametana." Senajan kaya kuwe wektu penghakiman sing medeni arep tekan lan tekane ujug ujug. Nang kitab suci Zabur dichatet: " Gusti Allah kuwe Hakim sing bener, Gusti Allah ngukum kabeh wong dosa sing ora mertobat." Nang kitab suci Injil di cathet: Paukumane Gusi Allah wis nyata sekang sewerga kanggo kabeh kedursilan lan kekufturan manungsa sing nyepelkna bab bab sing bener karo kebijadian." Gusti Allah arep ngakimi kowe padha, lan pengakimane kuwe bener. Apa kowe ngira bisa lolos sekang pengakimane Gusti Allah? Apa ora perduli amargo Gusti Allah kue gede kemurahane, pengertene, lan kesabarane? Kowe ora nyadari nek Gusti Allah agi nuntun kowe aring pertobatan? Nanging kowe wangkal lan angkuh, kowe agi numpuk ukumane Gusti Allah, wektu pengakimana sing adil dinyatakna. Gusti Allah aweh upah kanggo kabeh wong pas karo sing dilakokna.

Manungsa nang jamane Nuh, ana siji wong sing tetep nresnani Gusti Allah sepenuh atine, lan percaya karo Sabdane Gusti Allah. Yakuwe Nuh. Kitab suci ngomongna bab dheweke:" Nuh

ulih pengasihan sekang Gusti Allah. Nuh ora gawe salah, lan siji sijine wong sing ora dosa nang antarane wong wong sejamane lan dheweke setia marang Gusti Allah."

Sedulur, kenangapa Gusti Allah nuduhna welas asihe marang Nuh? Apa dene Nuh akeh nglakokna kebajikan? Ora...Welas asihe Gusti Allah ora bisa di tuku utawa dibayar karo apa baen. Welas asihe Gusti Allah duwe pengerten pitulungan sing ora mungkin teyeng dibales. Menawa Gusti Allah nuduhna welas asih sing gede kanggo Nuh kuwe merga Nuh percaya marang Gusti Allah, Nuh percaya karo Sabdane Gusti Allah, kuwe sing penting, Nuh percaya aring janjine Gusti Allah yakuwe ngirimna Pembebas Agung sing arep teka nang ndunya go mbebasna wong wong sing dosa. Kaya kabeh keturunane Adam liyane, Nuh uga tau nglakokena pelanggaran lan gawe Gusti Allah lara ngati...nanging Nuh percaya lan mempersembahna kurban getih marang Gusti Allah kanggo njaluk pangapuran dosane kaya sing diprentahna Gusti Allah. Allah nganggep Nuh dadi wong sing bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang sewijing dina Gusti Allah ngendika karo Nuh." Ingsun wis netepna kanggo ngukum kabeh manungsa merga ndunya wis kebek karo kebejadian,lan kedurjanaan." Ingsun arep ngukum kabeh sing ana nang jagad. Gawanen kapal sekang kayu kanggo kowe. Gawanen senthong senthong nang njerone lan dilapisi karo aspal sekang njero lan sekang njaba." Gusti Allah aweh ngerti karo Nuh rencanane kanggo nekakena banjir gedhe nang jagad sing bakal matekna kabeh wong sing ora gelem mertobat lan percaya marang bab bab sing bener." Gusti Allah prentah Nuh gawe kapal sing gedhe banget ben teyeng slamet sekang najir gedhe sing arep teka. Dawane kapal kuwe kudu satus skeet (150) meter, kaya setengah lapangan bal balan. Ambane rolikur (22) meter, lan dhuwure telulas (13) meter. Kapal kiye dadi panggonane Nuh sekeluwargane ngayom pas ukuman sekang Gusti Allah teka. Uga dadi tempat ngayom kanggo kewan kewan lan sapa bae sing gelem percaya aring sabdane Gusti Allah bab pengukuman sing arep matekna kabeh wong. Gusti Allah prentah gawe senthong sing akeh nang njero kapal, nanging ukur ana siji lawang go mlebu. Dadi pesene Gusti Allah kanggo manungsa nang jamane Nuh, sapa bae sing kepengin slamet sekang ukumane Gusti Allah sekang banjir gedhe kudu ngliwati lawang siji sijine kuwe. Sewalike sapa bae sing ora mlebu mesthi mati.

Dadi Nuh miwiti gawe kapal gedhe kuwe. Kiye pegawean sing gedhe lan abot karo direwangi nang anak anake karo bojone gawe ngerjakna kapal kuwe. Suwene satus rongpuluh (120) taun guli gawe kapal kuwe. Nanging sesuwene satus rongpuluh (120) taun kuwe, Nuh ora ukur

ngerjakna kapal thok. Nuh uga ngabarna pesene gusti Allah kanggo wong wong liya sing urip nang jamane. Omongane kaya kiye:" Rungokna ! Gusti Allah prentah aring Inyong kanggo ngelingna kowe kabeh bab paukumane !. Nesune Gusti Allah nganti umeb merga dosa dosane kowe. Dheweke wis mutusna arep nekakena banjir gedhe meng jagad kiye kanggo ngukum kabeh wong sing ora gelem mertobat. Nangin inyong arep aweh ngerti aring kowe kabar sing apik. Gusti Allah awit tresnane prentah inyong kon gawe kapal gedhe kanggo enggon ngayom kanggo kabeh wong sing gelem tobat sekang dosane lan nurut karo sabdane Gusti Allah. Sapa bae sing mlebu nang njero kapal mesthi slamet.

Bolak balik Nuh ngelingna lan aweh prentah ben balik sekang dalan sing jahat. Sesuwene status rongpuluhan (120) taun dheweke gawe kapal, sesuwene kuwe uga dheweke nyoba ngelingna wong wong ben mertobat.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sing arep teka. Awake dhewek arep sinau piwulang bab Kepriwe tanggepan wong wong sing krungu sarane Nuh?

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 14.**

### **Nabi Nuh - Nabi Nuh lan banjir Gedhe**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang sing ndisit wis sinau bab nabi Nuh, lan kaya ngapa bejad lan rusake urip manungsa sing urip nang jamane. Nabi Nuh milih urip sing disenengi nang Gusti Allah. Nuh sing urip saleh ngrasakna sedhihe manahe Gusti Allah merga kejahatan manungsa kuwe. Kitab suci ngendika:" Gusti Allah mriksani kabeh manungsa pikirane padha jahat. Kayangapa jahate manungsa nang jagad kiye. Samben pikirane ukur kejahatan thok." Merga kejahatane mulane Gusti Allah ngrencanakna kanggo ngukum manungsa sing ora gelem mertobat.

Nanging Gusti Allah aweh pengasihane kanggo Nuh, mulane sewijing dina Gusti Allah ngendika marang Nuh:" Ingsun arep ngukum manungsa, merga jagade wis kebek karo kejahatane. Ingsun arep nekakna banjir gedhe nang jagad kiye, kanggo ngukum kabeh sing ana nyawane. Ningen kowe gawenen kapal sing gedhe kanggo ngayom kowe lan keluwargane."

Kapal sing kon digawe gedhe banget, gawene suwe banget nembe rampung. Suwene status (100) taun. Nuh lan keluwargane ngerjakna gawe kapal kuwe. Karo nyambut gawe Nuh uga ngabar ngabari tanga tangane ben pada mertobat sekang dosa lan kejahatane. Nek ora mertobat bakalan kena banjir gedhe wujud ukumane Gusti Allah.

Nanging kaya ngapa wong wong kue ngrungokna kabar sekang Nuh, apa pada percaya? Mertobat? Ben bisa ucul sekang paukumane Gusti Allah? Kenyataane kaya sing diomongna nang Kitab Suci: "Ukur sethithik wong sing teyeng mlebu nang njero kapal . Ukur wong wolu (8) wong sing duweni iman. Yakuwe: Nuh karo bojone, telu anake lanang yakuwe Sem, Ham lan Yafet karo bojonee dhewek dhewek. Wong wong liyanne ora percaya karo Sabdane Gusti Allah. Ana sing ora ngreken karo pesene Gusti Allah sing dikabarna sekang Nuh, akeh banget sing ngguyoni .

Pasal 6 kitab Purwaning Dumadi dicahetet: "Nuh nggawe sekabehane pas karo sing diprentahna nang Gusti Allah." Kapale wis dadi. Ukur siji sing kudu dilakokna Nuh karo keluwargane: Dheweke kudu pada mlebu nang njero kapal. Nuh esih ngusahakena ngeyakina wong wong bab ukumane Gusti Allah sing mesthi kedaden: " Rungokna sabdane Gusti Allah! Pada

mertobata lan percaya aring sabdane Gusti Allah. Banjir wis arep teka! Mlebu meng njero kapal mumpung esih ana wektu. Lawange esih di bukak. Sapa bae sing mlebu meng njero kapal bakal slamet.

Pasal ke pitu kitab Purwaning Dumadi nyritakna: Wis tekan wektune Gusti Allah mrentahna Nuh karo kabeh keluwargane kon mlebu nang njero kapal. Apa kapal sing gedhe kuwe isine ukur wong wolū (8) ? Ora..., Gusti Allah prentah Nuh gawe kapal gedhe ben akeh kewan sing urip ciptaane Gusti Allah bisa pada slamet sekang banjir gedhe bareng karo Nuh lan keluwargane. Pirang pirang kewan ana sing sikile papat lan manuk manuk.

Sekang jagad pada teka pirang pirang jenis kewan meng kapale Nuh, mlebu nang njero kapal kuwe : pitung pasang kang samben jenis kewan sing halal; rong pasang sekang kabeh kewan sing haram, lan pitung pasang sekang kabeh jenise manuk. Terus Gusti Allah ngendika marang Nuh: udan bakal medun pitung dina sewise kue. Sewise Nuh lan keluwargane lan kewan kewan mlebu nag njero kapal, urung ana tengere arep udan. Langite padhang, hawane panas kuwe sing dirasakna wektu pada mlebu nang njero kapal. Sewise kabeh kewan lan manuk mlebu nang njero kapal, Nuh karo keluwargane uga pada mlebu. Kaya kuwe Nuh karo keluwargane mlebu njero kapal, Gusti Allah banjur nutup lawange kapal sekang njaba.

Nuh kuwe wong sing percaya banget karo Gusti Allah. Sekabehe atine dheweke percaya nek Gusti Allah ora tau mbolenjani. Esih seminggu maning nembe udan, nanging Nuh karo keluwargane wis diprentahna nang Gusti Allah kon mlebu njero kapal. Sesuwene seminggu kuwe kabehane ana nang njero kapal, ora bisa metu utawa mlebu, mergane Gusti Allah wis nutup lawange kapal sekang njaba.

Dheweke percaya karo sing dingendikakna Gusti Allah, kuwe sing merekna pada mlebu meng njero kapal mesthi urung weruh mendung ireng , urung ana mambune udan. Bisa uga wong wong sing nang njaba ana sing duwe pikiran: "Inyong uga percaya karo Gusti Allah, nanging bebeh mlebu njero kapal , aku ora percaya karo omongane Nuh." Sing teyeng diomongna wong wong kuwe ora bener bener percaya marang Gusti Allah, ora percaya karo omongane Nabine Gusti Allah. Dheweke ora gelem mertobat sekang dosane lan ora gelem nampani dalam sing disediakna Gusti Allah ben bisa slamet sekang banjir gedhe, yakuwe melbu nang njero kapal sing di gawe nang Nuh.

Sawise kue Gusti Allah nglakokena apa sing dikarepna. Nang kitab suci di cathet kepriwe kabeh sumbere banyu nang ngingsore jagad lan kabeh dalam banyu nang langit , ngewutahna

isi banyune. Langite ireng, angine banter banget. Mendung ireng bareng karo bledhek, gludhug lan lindu. Mesthi bae anak anak keturunane Adam pada ndledeg keweden. Wektu kahanan aman gampang banget ngenyek marang Gusti Allah, dudu ukur omongane nanging kelakuane dhewekee ngenyek marang Gusti Allah. . Pas ukuman sekang Gusti Allah teka babar blas ora nana tempat kanggo ngumpet.

Udan deres wis mudhun, sumber sumber banyu nyemburna banyune, segara lan kali kali mbluber, kabeh ndadekna banjir gedhe. Luberan banyu mbanjiri kabeh kutha lan desa sekabehe jagad. Wong wong pada nyalmetna awake dhewek dhewek meng nggon sing dhuwur. Wong wong sing ngenyek aring Nuh lan nolak Sabdane Gusti Allah nembe ngerti nek sing ngendikakna Gusti Allah liwat nabi nabine kuwe bener. Nanging kesadharan kue wis ora nana gunane mergane kesempatanane kanggo mertobat wis entek. Gusti Allah wis nutup lawange kapal. Dina penylametan wis liwat, dina pengukuman wis teka. Ndonga, nangis, gedor gedor lawang, malah nyadari kebenaran sabdane Gusti Allah wis ora teyeng ngubah pikirane Gusti Allah. Nalika Gusti Allah nutup lawang ora nana sing teyeng mbukak.

Kitab suci nyritakna, selawase patang puluh (40)dina patang puluh (40) mbengi udan terus ndadekna banjir gedhe, tekan pucuk pucuk gunung, sing paling dhuwur wis ketutup banyu. Kapal kuwe ngambang nang nduwure banyu, banyune terus dhuwur tekan pitung puluh (70) meter nang nduwure pucuk pucuk gunung. Gusti Allah nyirnakna kabeh sing urip nang jagad: manungsa, manuk lan kewan sing cilik uga sing gedhe. Sing ora disirnakna ukur Nuh karo kabeh sing nang njero kapal. Banjir kuwe nguwasani jagad suwene (150) dina. Gusti Allah ora mbatalna ngendikane.

Sedulur, tekan kene disit piwulang bab Nabi Nuh dina kiye, nang siaran seteruse awakhe dhewek arep nerusna piwulang bab Nabi Nuh karo keluwargane.

Rungokna omongane nabi nabine Gusti Allah ngenani dina kiamat: "Sewise kuwe inyong ndeleng ananing tahta putih sing gedhe, lan Dheweke sing lenggah nang nduwure. Langit lan jagad ilang sekang ngarsane Gusti Allah, ora keton maning. Inyong ndeleng wong mati, gedhe cilik, ngadheg nang ngarepe tahta kuwe. Buku bukune dibukak, buku sing liyane uga dibukak yakuwe buku Wong Urip. Seteruse ukuman diwehna go wong mati, pas karo kelakuane wong kuwe kaya sing dicathet nang njerone buku buku kuwe. Wong wong sing ora kecathet jenenge nang njero buku Wong Urip dibuwang meng njero segara geni."

Gusti Allah gendika:" siki wektune welas asih kuwe, dina kiye dina penylametan." Kaya ngapa sabare Gusti Allah ngenteni wong wong nang jamane Nuh mertobat, percaya lan dislametna. Gusti Allah akhire nutup lawang keslametan. Sapa bae sing ora gelem mlebu nglawiati lawang kapal kudu ngadhepi kesuhe pengukumane Gusti Allah.

Sedulur, Kitab suci dijelasna bab dina kiamat: " Dina kiamat arep teka kaya maling mbengi mbengi. Wektu wong wong ngomong tentrem lan makmur...kanggo kowe , aman sentosalah kowe...banjur kerusakan ujug ujug teka. Kaya wong wadon kelaran nglairna. Teyeng ora teyeng kudu dirasakna. Kaya kuwe uga wong wong kuwe, babar blas ora nana dalam metu."

Gusti Allah ukur nyiapna siji lawang keslametan kanggo anak anake Adam. Rungokna pangandikane Pembebas Agung sing wis dikirimna Gusti Allah meng ndunya kiye:" Inyong kuwe lawang, sapa bae sing mlebu liwat Inyong arep dislametna. Inyong ngomongna bab bab sing bener, sapa bae singngrungokna swaraku lan percaya aring Dheweke sing ngongkon Inyong, wong kuwe nduweni urip sing langgeng lan ora diukum."

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan deweck bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 15.**

### **Nabi Nuh - Nabi Nuh lan Kasetyan Gusti Allah**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dina kiye esih nglanjutna kisah Nabi Nuh. Nang pasal kaping enim kitab Purwaning Dumadi wis dijelasna bab asal muasale Nuh, Nuh keturunane Nabi Adam, sing percaya lan nurut marang sabda lan ketentuan Gusti Allah. Jamane nabi Nuh urip, ndonya kiye kebek karo kejahatan, uripe manungsa bejad banget, nganti Gusti Allah nentukna kanggo ngukum manungsa sing nang nduwur jagad karo ngirim banjir gedhe.

Gusti Allah wis sabar banget ngadepi wong wong sing ngenyek kesuciane. Satus (100) taun diwei kesempatan kanggo mertobat. Nanging siki kesabarane wis entek. Gusti Allah mrentah Nuh karo keluwargane kon mlebu nang njrone kapal. Gusti Allah sing mbukak lawang keslametan kanggo keturunane Adam,siki wis di tutup lawang kesempatan kuwe. Wektu welas asihe Gusti Allah wis entek, siki wektune ngadepi kesuhe Gusti Allah sing medeni.

Langit sing bening ganti ireng, gludug lan lindu kedaden. Udane deres ora tau mandeg, sekang awan tekan mbengi tekan awan maning...suwene patang puluh (40) dina patang puluh (40) wengi. Sing ndadekna banjir gedhe banget. Kabeh wong pada nylametna awake dhewek dhewek, mlayu meng nggon nggon sing dhuwur, tekan pucuk pucuke gunung, nanging suwe suwe banyune banjir kuwe ngetutna. Sesuwene patang puluh(40) dina patang puluh (40) wengi udan terus sekang langit, sumber sumber banyu kebukak lan ngetokna banyu nganti nutupi gunung gunung.

Nanging kapal gaweane Nuh tetep ngambang nang nduwure banyu. Nang Kitab Suci dicathet: "Gusti Allah ngukum kabeh mahluk sing urip nang jagad kiye: manungsa, manuk manuk lan kewan darat, gede lan cilik. Sing slamet ukur Nuh lan kabeh sing ana nang njero kapal.

Sekang critane Kitab Suci awake dhewek ngerti: Gusti Allah temen temen nglakukna Sabdane yakuwe ngukum jagad nganggo banjir gedhe. Kabeh sing nang njaba kapal mati ketilem.

Sedulur elinga, Gusti Allah kuwe netepi apa sing dingendikakna.

Sewise udane mandheg, kepriwe karo sing nang njero kapal? Gusti Allah ora nglalekna Nuh. Nang kitab suci dijelasna: "Gusti Allah ora nglalekna Nuh lan kabeh kewan sing bareng bareng Nuh nang njero kapal, Gusti Allah gawe angin meniup, ndadekna banyune surut, tanggal pitulas (17) wulan pitu(7), kapal kuwe kandas nang pucuk gunung Ararat."

Sedulur...setahun seminggu Nuh karo keluwargane bareng bareng karo kewan kewane kuwe ngambang nang kapal, sewise banyune surut lan sat kapal kuwe kandas nang pucuke gunung Ararat. Gusti Allah ngendika karo Nuh:" metua sekang kapal, kowe lan bojomu, uga anak anakmu karo bojo bojone." Nuh metu sekang njero kapal karo keluwargane lan kabeh kewan sing bareng bareng nang njero kapal.

Sewise ana nang lemah sing garing, Nuh gawe nggon go mempersembahna kurban, nyembeleh kewan kewan sing halal lan manuk manuk. Mempersembahna kewan kewan kuwe nang ngarsane Gusti Allah kanggo kurban sing diobong.

Wektu Nuh metu sekang kapal, sing kawitan dilakokna yakuwe mempersembahna kurban getih. Kewan sing disembeleh kuwe terus diobong. Gusti Allah ora tau mbatalna ukumane, yakuwe: nek ora nana getih sing disuntek, ora nana pangapura sekang dosa. Senajan banjir gedhe wis nglelepana kabeh wong sing dosa sekang nduwure jagad , ora artine oyote dosa kuwe uga mati kelelep. Oyote dosa nang njero ati keturunane Adam esih ana. Mulane Nuh karo keluwargane esih aweh persembahan kurban ben ulih pangapura dosa sekang Gusti Allah.

Kurban kewan kuwe kudu dilakokna bolak balik, nanging Pembebas Agung kuwe nglakokna ukur sepisan thok. Pengorbanane sepisan kanggo selawase, kanggo kabeh manungsa. Kurban sing dilakokna Nuh kuwe kanggo nuduhna meng anak putune nek ukumane Gusti Allah kuwe ajeg, yakuwe: " ukuman kanggo wong sing dosa yakuwe mati." Lan " nek ora nana kurban getih ora nana pangapura sekang dosa."

Nang kitab suci diomongna:"Gusti Allah seneng kurbane Nuh, Gusti Allah mberkahi Nuh karo anak anake, karo ngendika aring dheweke." nduweni anak putulah lan tambah akeh, ben keturunanmu ngebeki jagad. Siki Inyong gawe perjanjen antarane Inyong karo kowe lan keturunanmu ...ora nana banjir maning kanggo ngukum kabeh mahluk sing urip, ora nana maning banjir kanggo ngukum jagad kiye. Kiye tenger perjanjen antarane Inyong karo kowe lan kabeh mahluk sing urip, Inyong ndelehna pelangi nang langit kanggo tenger perjanjen langgeng Gusti Allah karo ndunya. Samben Inyong nutupi langit karo lamuk , terus pelangi kuwe keton,

Inyong bakal kelingan perjanjen langenge Inyong karo kowe lan kabeh mahluk sing urip, yakuwe ora nana banjir maning kanggo ngukum kabeh sing urip.

Nang kitab suci ana omongan sing di baleni terus yakuwe perjanjen. Perjanjen kuwe artine janji sing istimewa antarane Gusti Allah karo manungsa. Gusti Allah terus njaga perjanjene.

Sedulur... Gusti Allah kuwe setya, nuduhna kesetyaane marang keturunane Adam. Mulane Dheweke ngawe perjanjen antarane Dheweke karo Nuh lan keturunane karo ngendika: Ora nana maning banjir kanggo ngukum kabeh mahluk urip. Janjine ditengeri karo aweh pelangi nang langit.

Apa kowe ngerti nek pelangi sing sering keton sewise udan kuwe bukti kesetyane Gusi Allah? Samben weruh pelangi elingana nek wektu kuwe Gusti Allah agi ngelingna meng awake dhewek kasetyane sing dituduhna sekang angkatan meng angkatan. Pelangi kuwe negasna nek Gusti Allah Dhewek wis janji ora arep ngancurna jagad lan ngukum kabeh mahluk karo banjir.

Ngenani crita uripe Nuh ana nang kitab Purwaning Dumadi pasal sanga(9) diwei ngerti nek Nuh esih urip telung ngatus seket (350) taun maning sewise banjir gede pisan. Wis sepuh banget, dheweke mlebu nang Firdaus manggon nang kana karo Gusti Allah.

Apa sing gawe Nuh beda karo wong wong liyane nang jamane? Nganti Nuh ulih welas asihe Gusti Allah? Wangsulane ukur siji: Nuh tunduk karo Sabdane Gusti Allah. Merga sekang kiye Nuh ora mati bareng bareng wong wong sing sejamane. Gusti Allah wis ngendika perkara Nuh: " Nek ora nduweni iman ora mungkin manungsa teyeng nyenengna manahe Gusti Allah." Merga iman, mangkane Nuh wektu di elingna perkara perkara sing urung keton, Nuh taat gawe kapal kanggo nylametna keluwargane. Nuh dianggep bener nang ngarsane Gusti Allah merga imane.

Ana rong perkara sing penting kanggo di eling, sing merekna Nuh nggawe senenge manahe Gusti Allah.

Sepisan: imane. Nuh percaya marang Gusti Allah lan tunduk karo sabdane. Nuh yakin banget karo Sabdane Gusti Allah, senajan wong wong sejamane urip ora nurut karo prentahe Gusti Allah. Merga imane Nuh, Gusti Allah ngeculna Nuh sekang ukuman sing kudu di tampa nang wong wong sing urip nang jamane. Karepe Gusti Allah kabeh wong percaya karo Sabdane kaya Nuh.

Kepindo: Kesetyaan Gusti Allah. Kenang ngapa kesetyaan Guisti Allah lewi penting ketimbang iman Nuh? Menawa Gusti Allah ora setya njaga perjanjen langgenge lan janji njanji liyane sing di gawe nang Dheweke, imane Nuh marang Gusti Allah ora bakalan ngasilna apa apa.

Awake dhewek ngerti apa artine mercayai wong sing ora bisa dicekel janjine. Ukur kuciwa thok. Gusti Allah ora kaya kuwe. Kitab suci ngandani: " Ben awake dhewek ora setya , Gusti Allah tetep setya." Ayat liyane ngomongna: "Manungsa kuwe kaya sukut, lan kemuyaane kaya kembang nang ara ara, sukut dadi garing lan kembang kembange tiba, nanging Sabdane Gusti Allah tetep teguh selawase."

Sedulur...Gusti Allah nglakokna apa sing wis dijanjikna. Janjine kitab suci: Sapa bae sing percaya marang Gusti Allah ora bakal ngajog."

Gusti Allah nglakokna kabeh sing wis di janjikna. Awake dhewek nduweni janji Allah. Dhewek uga wis weruh wektu Nuh mempersembahna kurban getih sekang kewan. Gusti Allah seneng kurban kuwe lan ngapurani dosane. Merga Nuh nglakukna sing diprentahna Gusti Allah. Awake dhewek uga wis sinau Gusti Allah menehna pelangi nang langit, ben Nuh karo kabeh wong ora kelalen karo kesetyane Gusti Allah.

Sing perlu di eling: Gusti Allah kuwe setya. Ora teyeng narik janjine nglakokna apa sing wis di janjikna, senajan ketone alon alon guli nglakokna. Merga kuwe awake dhewek kudu mercayai lan nrima Sabdane karo andap ashor. Sinau urip kaya Nabi Nuh mercayai sabdane Gusti Allah senajan wong wong liyane ora gelem percaya. Sing akibate ngalami ukuman.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Nang patemon sing arep teka arep sinau bab keturunane Nabi Nuh.

Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 16.**

### **Menara Babil**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbulan babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang siaran sedurunge awake dhewek wis ngrampungna piwulang bab Nabi Nuh. Gusti Allah ngukum manungsa sing ora manut karo kekarepane. Lumantar ukuman banjir gedhe sewise suwene satus taun manungsa diwei wektu kon pada mertobat, selawase Nabi Nuh ngawe kapal sing kanggo ngiyom ben ora kelelep sekang banjir gedhe. Nanging ora nana sijia wong sing percaya karo sabdane Gusti Allah seliyane Nuh karo keluwargane. Nabi Nuh sekeluwarga slamet merga mlebu nang njero kapal.

Nabi Nuh duwe anak lanang telu yakuwe : Sem, Ham karo Yafet. Kitab suci nuduhna sekang wong telu kuwe asale kabeh menungsa sing ana nang jagad. Sem kuwe leluhure wong Yahudi karo Arab. Wong Afrika karo Cina keturnane Ham. Wong Eropa kuwe keturnane Yafet.

Sedulure, kabeh wong nang jagad kiye asale sekang wong telu anake Nuh. Umpamane inyong wong Negro, wong Cina, kabeh suku nang Indonesia, kabeh kuwe asale sekang leluhur sing pada yakuwe: Nuh.

Awake dhewek teyeng ngomong nek dina siki dhewek ana mergane Nuh percaya karo sabdane Gusti Allah lan gawe kapal kanggo nyalametna keluwargane. Wektu Nuh nyalametna keluwargane sekang banjir, artine Nuh uga nyalametna awake dhewek, mergane dhewek kiye ya keturnane Nuh.

Gusti Allah mberkahi Nuh karo anak anake, sabdane kanggo Nuh:"Nduwenana anak lan putu sing tambah akeh ngebeki jagad." Sekang pitulungan lan berkahe Gusti Allah Nuh karo anak anake nggawe umah lan miwiti urip sing anyar, merga dheweke manut marang Gusti Allah. Cepet banget keturnane dadi tambah akeh. Jaman semana umure manungsa dawa dawa karo nduweni akeh anak putu. Lewih akeh sekang jaman siki. Dadi sewise atusan taun wis ana ewuan wong maning.

Sing kudu di eling: manungsa kuwe wis dirusak nang dosa, wis kelalen karo banjir gedhe ukuman sekang Gusti Allah. Manungsa mulai ora perduli karo Gusti Allah maning, ora manut karo aturan aturane. Mbalik maning meng wateke sing dosa. Mbareng wis pirang pirang taun manungsa pada kelalen matursuwun aring Gusti Allah sing wis aweh ambegan karo aweh urip, aweh srengenge, udan uga panganan. Malah pelangi sing disogna nang langit dadi tenger janji lan kasih setiyane Gusti Allah wis pada ora kelingan artine.

Rungokna sabdane Gusti Allah: "Senajan manungsa ngerti Gusti Allah, nanging manungsa ora ngormati utawa matursuwun aring Gusti Allah. Manungsa nganggep dheweke kuwe wicaksana ora idepa bodho. Sing disembah dudu Gusti Allah sing bener Sang pencipta sing dipuji lan dimulyakna malahan ciptaane.

Kaya Kabil karo keturunane, akeh keturunane Nuh sing milih ora nurut karo karepe Gusti Allah.

Dheweke nduwensi agama nanging agama palsu ora pas karo dalam kebenaran sing di tidokna Gusti Allah. Dheweke ora gelem ngrungokna bab bab sing bener sekang Gusti Allah. Sing dirungokna malah Setan karo tipuane.

Kurang lewih limang atus (500) taun sewise banjir, ana sijine wong mbebedag/ pemburu sing kondang , dheweke uga mbangun kutha kutha. Wong kiye keturunan Ham anake Nuh, jenenge Nimrod. Nimrod duweni arti: pembrontak. Wonge pinter banget, nanging ora ngenal Gusti Allah. Dheweke lewih seneng ngetutna dalane Setan ketimbang dalane Gusti Allah. Nimrod mbangun pirang pirang kutha, dheweke ngrancang mbangun siji kutha sing gedhe banget; nang kutha kuwe kabeh wong urip bareng dadi sebangsa.

Sedulur...Nang kitab Purwaning Dumadi pasal sewelas (11). rencanane Nimrod karo kanca kancane mbangun kutha sing gede kuwe: " Wiwitane bangsa bangsa nang ndunya ukur duwe siji bahasa, dheweke nganggo bahasa sing pada. Wektu ngumbara meng sebelah wetan, dheweke tekan nang panggonan sing rata yakuwe tanah Sinear (irak siki) dheweke manggon nang kana. Dheweke pada ngomong siji karo sijine: ayuh pada gawe bata lan diobong nganti mateng. Wong wong kuwe pada nggawe bata kanggo mbangun, karo aspal kanggo nglengketna. Dheweke pada ngomong: ayuh ngedhegna kutha nganggo menara sing pucuke sundul langit, ben awake dhewek **kondang** lan ora mencar mencar nang jagad kiye.

Kaya kuwe Nimrod karo kanca kancane ngrencanakna mbangun kutha sing gedhe karo menara sing gutul langit. Kenang ngapa gawe menara sing gutl langit?: Ben ulih jeneng nang nduwur jagad kiye. Wong wong kuwe ngrencanakna ngumpulna kebeh manungsa nang siji

panggonan ben dadi siji kekuatan ora mencar mencar nang jagad. Gusti Allah ora setuju karo rencana kuwe , merga ora pas karo rencanane Gusti Allah, Gusti Allah bersabda karo Nuh lan keturunane kon ngebeki jagad. Gusti Allah sing nyiptakna manungsa ngerti sing paling apik kanggo manungsa kuwe. Nanging wong wong kuwe ora preduli karo sing dipikirna nang Gusti Allah. Sangkane dheweke lewih pinter sekang Gusti Allah. Kaya Setan atine dikebeki kesombongan lan mbrontak marang Gusti Allah.. Kitab suci ngendika:" Ian sapa bae sing ngluhurna awake dhewek, dheweke bakal diasorna, lan wong sing ngasorna awake dhewek bakal diluhurna."

Ngluhurna awake dhewek utawa nggolet jeneng ben kondang kanggo awake dhewek, nang ngarsane Gusti Allah kuwe dosa. Ukur siji jeneng sing pantes dipuji lan dimulyakna yakuwe Gusti Allah sing ndadekna langit karo jagad. Jare kitab suci: nek ana wong sing arep nyenengi apa bae, kudune nyenengi apa bae sing wis digawe nang Gusti Allah. Merga wong sing pinuji kuwe wong sing dipuji Gusti Allah, dudu wong sing muji awake dhewek.

Kaya kuwe uga nang jamane Nimrod , meh kabehan keturunane Adam ora ngormati Gusti Allah. Dheweke ora mbutuhna Gusti Allah utawa sabdane. Ora gelem ngrungokna sapa bae. Dheweke kue wong wong sing nduweni roh nglawan lan kekarepan bebas.

Tekan siki sikap lan roh sing pada esih tetep ana nang ngati anak keturunane Adam. Malah bocah cilik bae sikape kaya kuwe. Nyatane akeh bocah bocah cilik nek diprentah nang wong tuwane jawabe : emoh. Apa maning wong diwasa. Apa sing merekna padu nang keluarga utawane bangsa? Kabeh kuwe sekang sikap nglawan lan kekarepan bebas manungsa sing mikir: ah..inyong teyeng ngurusi awake dhewek. Adate leluhure inyong sing paling apik. Agamane inyong wis cukup nggo inyong. Wong wong sesukune inyong paling hebat, paling pinter, paling apik.

Kabeh wong ukur mikirma kesenengane dhewek, merga sikap kaya kuwe mulane ndunya kiye kebek karo wong sing seneng padu karo gelut uga perang. Gusti Allah ora seneng karo roh utawa semangat sing kaya kuwe. Sabdane nang kitab suci:" Iyong kuwe Gusti Allah, kuwe jenenge,.Inyong ora arep mbagi kemulyaane Inyong karo liyane. Ukur Asmane Gusti Allah thok sing pantes dimulyakna."

Nimrod karo batir batire ngawiti mbangun menara sing pucuke sundul langit kaya nantang kemulyaan Asamane Gusti Allah. Jaman kuwe wong pada nduweni agama, nanging ora preduli karo prentah lan katentuané Gusti Allah. Nimrod karo batir batire nyangka dheweke bisa tekan

meng langit nganggo carane dhewek. Jejel renungna, ukur limang atus (500) taun sewise banjur gedhe manungsa balik maning meng klakuane wong wong sing diukum karo banjur gedhe, milih dalane dhewek, nolak katentuan Gusti Allah.

Jare kitab suci: "Gusti Allah mudhun kanggo ndeleng kutha lan menara sing digawe nang manungsa kuwe. Ngendikane: Wong wong kiye sebangsa karo sebahasa, kiye nembe wiwitan sekang rencanane. Ora suwe maning dheweke teyeng nglakukna apa bae sing dikarepena. Lewih apik Dhewek mudhun ngisruhna bahasane ben siji lan sijine aja nganti ngerti bahasane. Kaya kuwe Gusti Allah mbubarna wong wong mau sekang kono, pegawean kuwe dadine mandeg. Mulane kutha kuwe dijenengi Babil, merga sekang kono gusti Allah ngisruhna bahasa kabeh bangsa.

Gusti Allah kesuh karo rencanane Nimrod lan batir batire sing wis miwiti mbangun kutha sing gedhe ben jenenge kesohor. Gusti Allah mrentahna Nuh karo anak anake kon "ngebeki jagad". Ben kesebar meng kabeheng jagad. Nanging Nimrod karo pengikute pengin nglawan Gusti Allah karo nglakokena sewalike.

Sedulure Inyong,..ora nana wong sija sing teyeng nglawan Gusti Allah lan menang. Kaya kutha sing arep dibangun nang Nimrod yakuwe Babil? Babil artine: kebingungan. Nek urip kepisah sekang Gusti Allah ndadekna wong kuwe bingung. Kiye critane kutha Babil lan wong wong sing mikir nek dheweke kue hebat lan nganggep prentah lan katentuan Gusti Allah ora nana gunane. Pujian sekang manungsa bakal ilang nanging pujian sekang Gusti Allah bakal ana selawase.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sebanjure. Nek ana pitakon bab siaran kiye bisa ngubungi nomer hp apa WA 081 333 777 386 Matur nuwun Gusti mberkahi.

## **Bagian 17.**

### **Renungan Bab Kitab Purwaning Dumadi**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembug babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sedulur, nang Acara dina kiye, awake dhewek arep ngrembug lan ngringkes kabeh sing wis disinauni nganti bagian sing keri dhewek sekang kitab suci Taurat sing dichatet nang Nabi Musa yakuwe kitab Purwaning Dumadi.

Kitab Taurat kesusun sekang limang bagean utawa limang buku. Buku sing kesepisan yakuwe Kitab Purwaning Dumadi kesusun sekang seket (50) pasal. Nganti runtut awake dhewek nyinauni kitab kiye gutul pasal sewelas (11).

Pasal kesepisan kitab suci unine:" Kawitane Gusti Allah nggawe langit karo jagad." Gusti Allah kuwe Gusti Allah sing langgeng. Sedurunge jagad kiye digawe, apa maning manungsa urung ana, dadi wektu kuwe urung ana apa apa, Gusti Allah wis ana. Gusti Allah kuwe Roh sing langgeng sing ora nduweni kawitan. Mergane nang ayat kesepisan kitab suci diomongna:"kawitane Gusti Allah."

Sedurunge nggawe dunya kiye, Gusti Allah lewih disit nggawe puluan ewon mahluk roh sing gede kekuatane. Mahluk mahluk roh kuwe dijenengi Malaekat. Nang antarane malaekat ana siji sing lewih apik lan wicaksana sekang liyane, jenenge Lucifer. Lucifer didadekna pimpinan malaekat-malaekat. Getune, Lucifer dadi ora manut marang Gusti Allah dadi tukang iri. Lucifer dadi pongah, sompong kepengin ngrebut panggonane Gusti Allah. Akeh malaekat liyane sing milih dadi pada melu karo Lucifer melu melu gawe dosa kaya pimpinan. Merga kesombongane, Gusti Allah ngurak Lucifer karo liyane sing pada melu Lucifer meng jagad. Jenenge Lucifer diganti dadi Setan. Setan artine: penghasut lan tukang nglawan.

Gusti Allah nggawe geni kanggo Setan lan pengikut pengikute (pendhereke) sing ora tau sirep nang neraka. Kitab suci aweh ngerti, nalika dina kiamat Gusti Allah sing ora bisa ndeleng dosa arep mbuwang Lucifer nang njero geni kuwe karo pengikute: Malaekat utawa manungsa sing nglawan marang Piyambake.

Sedulur...sewize prekara Lucifer awake dhewek uga wis sinau bab Gusti Allah nggawe langit karo jagad lan kabeh sing ana nang njerone, sesuwene nem (6) dina. Gusti Allah gawe sekabehane ukur karo Sabdane. Sekang kabeh sing digawe, manungsa ciptaan sing paling penting, merga digawe persis gambarane Gusti Allah. Manungsa diwenehi pikiran kanggo ngertenik kekarepane Gusti Allah. Diwei rasa ben teyeng nresnani Piyambake, uga diwenehi kekarepan bebas, bebas kanggo milih. Milih manut marang Gusti Allah utawa nglawan.

Gusti Allah aweh pikiran, rasa, kekarepan bebas, Gusti Allah kepengin ben antarane Gusti Allah karo manungsa nduweni ubungan sing perek lan apik.

Nang pasal kaping loro kitab Taurat, Gusti Allah nggawe taman sing jenenge taman Firdaus utawa taman Eden, manungsa manggon nang taman kuwe. Gusti Allah aweh apa bae sing dibutuhna nang Adam nang njero taman kuwe ben uripe ayem tentrem.

Sabdane Gusti Allah kanggo Adam pas gawe: "Adam, kowe ulih mangan woh apa bae sing ana nang njero taman kiye, selyane woh sekang wit pangerten bab sing apik karo ala. Nek nganti kowe mangan woh kuwe, kowe langsung mati." tujuane dudu ben Adam nglakukena keluputan, nanging ben Adam mbuktikna tresnane Marang Gusti Allah.

Sewise Gusti Allah nggawe Adam, Gusti Allah aweh rahmat yakuwe bojo. Wong Wadon sing jenenge Hawa digawe nang Gusti Allah sekang balung igane Adam. Dadi selawase nem (6) dina Gusti Allah ngrampungna kabeh pakaryane.

Seteruse nang pasal telu(3) kepriwe dosa mlebu nang ndunya kiye. Wektu Adam karo Hawa cedhek wit woh sing dilarang, Setan nggoda nganggo wujud ula, ndandekna Adam karo Hawa mangu-mangu karo prentahé Gusti Allah. Mbujuk dheweke kon percaya marang tipuane. Jare Setan: Gusti Allah kuwe ukur kepengin menang dhewek, Setan uga ngomong nek dheweke ora bakalan mati nek mangan woh sing dilarang kuwe, malah sewalike dadi pada karo Gusti Allah.

Sedulur...Setan kuwe ngwolak walik Sabdane Gusti Allah. Sabdane Gusti Allah: "kowe bakalan mati, nek mangan woh kuwe." Omongane Setan: "kowe ora bakalan mati nek mangan woh kuwe." Omongane sapa sing dipercaya nang Adam karo Hawa? Kitab suci nyathet Adam karo Hawa lewih milih mercayai omongane Setan ketimbang Piyambake. Setan nglomboni Hawa mulane Hawa milih mercayai omongane setan.

Dadine Gusti Allah ngurak Adam karo Hawa sekang taman Firdaus. Sedurunge Gusti Allah ngurak dheweke, Gusti Allah njanji arep ngutus Juruselamat meng ndunyan kiye kanggo

mbebasna lan nebus anak keturunane Adam sekang kuwasa Setan, kuwasa dosa lan kematian.

Kanggo mesthekna janjine kuwe, Gusti Allah nyembeleh kewan kewan lan sekang kulite kewan kewan kuwe Gusti Allah nggawekna klambi kanggo Adam karo Hawa. Ngurbana kewan dilakokna Gusti Allah kanggo keperluane Adam karo Hawa, Dudu kanggo nutupi kewudane thok, nanging nuduhna lan wulangan kanggo Adam karo Hawa.” Asile dosa kuwe pati.” Uga : “kanggo pangapura dosa kuwe kudu ana wutahe getih.”

Pasal kaping papat, crita bab keloro anake Adam yakuwe : Kabil karo Habil lan kurban persembahane marang Gusti Allah. Habil nggawa persembahan cempe wedus gembel sing ora cacat, paling apik, disembeleh kanggo kurban pangapura dosane, persis kaya sing dikarepena Gusti Allah. Nanging Kabil medheki Gusti Allah karo carane dhewek,yakuwe nggawa persembahan aisle panene, usahane nggarap lemah sing wis dikutuk nang Gusti Allah. Ngendikane kitab suci:” Gusti Allah seneng karo Habil lan kurban persembahane, nanging persembahane Kabil ora ditampa.” Sewise kuwe Gusti Allah nyeluk Kabil kon aweh pertanggungan jawab sekang kelakuane, ben dheweke ngerti kesalahane, gelem mertobat lan nampani dalan sing bener sekang Gusti Allah. Nanging Kabil kesuh lan mateni Habil adine. Kabil wis milih dalan sing sesat.

Sewise kedadean kuwe, Gusti Allah aweh anak maning karo Adam lan Hawa jenenge Set. Set kiye kaya Habil: dheweke percaya marang Gusti Allah lan medheki Gusti Allah karo nglakukna kurban getih kanggo persembahane.

Keturunane adam kebagi dadi rong garis keturunan: keturunan sekang Kabil lan keturunan sekang Set. Keturunan Kabil ora percaya marang Gusti Allah. Nanging keturunan Set akeh sing mempercayai Gusti Allah.

Salah sijine keturunan Set sing percaya marang Gusti Allah jenenge Idris (Henok). Idris percaya marang Gusti Allah sanajan urip nang jaman sing jahat. Idris pedhekanget Karo Gusti Allah nganti dheweke ora ngalami mati nanging diangkat meng swarga bareng Gusti Allah. Idris nduweni cicit sing jenenge Nuh. Nang jamane Nuh, Gusti Allah mutusna ngukum kabeh manungsa sing ana nang nduwur jagad karo banjir gedhe. Gusti Allah nglakokna kaya kuwe mergane wis ora tahan karo kejahatane manungsa . Ukur Nuh lan keluwargane sing percaya marang Gusti Allah. Mulane Gusti Allah prentah Nuh kon gawe kapal sing gedhe banget ,

kanggo nggon ngayom, uga kewan kewan lan kabeh wong liyane sing gelem percaya sabdane Gusti Allah liwat Nuh.

Suwene satus (100) taun, Gusti Allah sabar nunggoni mbok ana wong wong sing gelem mertobat seliyane Nuh karo keluargane, nanging ora nana sijia sing gelem mertobat utawa ngrungokna Sabdane Gusti Allah. Merga sekang kuwe wong wong kuwe nrima paukumane Gusti Allah liwat banjir gedhe.

Nuh nduwe anak lanang telu yakuwe: Sem, Ham karo Yafet. Sekang keturunane wong telu kiye kabeh wong sing ana nang nduwur jagad. Nanging keturunan Sem, Ham lan Yafet cepet banget kelalen karo ngerine ukumane Gusti Allah sing dialami leluhure. Kelalen aring Gusti Allah lan sabdane.

Nang piwulang sing keri dhewek wis sinau bab Nimrod lan pendhereke sing ngrancang mbangun kutha sing pucuke gutul meng langit, Rancangan sing metu sekang kesombongan lan kekarepan nglawan Gusti Allah. Nanging Gusti Allah mbatalna rancangane, dikisruhna bahasane lan wong wonge dipencar pencar sekabehe jagad. Kutha sing agi dibangun kuwe jenenge Babil sing artine: semrawut..

Sedulure, kuwe mau ringkesane piwulang sing wis disinaoni wiwit kitab Purwaning Dumadi pasal siji(1) gutul pasal sewelas (11). Kesimpulan sekang piwulang kiye :

kesepisan: ora nana sijia wong sing bener, kaya sing di chatet nang kitab suci:" kabeh wong ana nang kuwasane dosa : ora nana sing bener, ora sijia."

Kepindo,Gusti Allah kuwe bener. Jare kitab suci:" Gusti Allah kuwe padhang, lan nang sejrone Kiyambake ora nana peteng babar pisan." Seliyane kuwe dhewek ndeleng bab sing bener sekang Gusti Allah liwat paukumane : "Nek ora ana getih sing wuthah, ora ana pangapura dosa." Mulane awake dhewek kudu percaya marang kebecikane Gusti Allah sing aweh dalan ben manungsa slamet lan getul meng Panjenengane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 18.**

### **Ibrahim Ditimbali Gusti Allah**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengrek babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang piwulang sing wingi, awake dhewek wis sinau bab Adam karo Hawa. Uga keturunane yakuwe: Kabil, Habil, Idris, Nuh lan manungsa liyane sing urip nang jamane dheweke kaya Nimrod lan pengikut pengikute sing mbangun menara Babil. Liwat crita uripe wong kuwe padha, awake dhewek teyeng ngerten menawa Gusti Allah kuwe Paling Bener lan Paling Setya, nyiapna dalan sing bener ben tekan swarga kanggo wong wong sing ngandel dan percaya karo Panjenengane.

Nanging sekang wiwitan ukur sethitik wong sing gelem percaya maring Gusti Allah. Manungsa sing digawe nang Gusti Allah lewi akeh sing melu dalane Setan, yakuwe dalan sing nyasar.

Dina kiye awake dhewek tekan critane wong sing kondang banget nang kitab suci, sing nduweni panggonan khusus nang rancangane Gusti Allah kanggo mbebasna atawa nguculna keturunane Adam sekang ukuman merga dosa dosane. Nang kitab suci wong kiye diarani “Batir kenthele Gusti Allah.”

Lan “Rama sekang kabehe wong percaya.” Wong kuwe jenenge Ibrahim.

Siki arep sinau bab: “Ibrahim ditimbali Gusti Allah.” Nang kitab nabi nabi jenenge diomongna nganti ping telung atus (300). Gemiyen jenenge dudu Ibrahim nanging Abram. Gusti Allah singngrubah jenenge.

Nang acara Piwulang pengaji diwei ngerti Abram kuwe keturunane Sem bin Nuh. Sekang Nuh gutul Abram ana sepuluh (10) angkatan. Wong tuwane Abram jenenge Terah. Abram duwe dulur lanang loro jenenge Nahor karo Haran. Haran disitan mati, dheweke duwe anak lanang jenenge Lot. Lot digedekna lan manggon bareng karo Abram. Abram nduweni bojo jenenge Sarai. Sarai kuwe adi kuwalone Abram. Pada Ramane nanging sejen biyung. Jaman semana prekara kaya kuwe wis lumrah. Tekan umur pitung puluh lima (75) taun dheweke urung nduweni anak.

Abram karo Sarai manggon nang kutha sing jenenge Ur, siki di jenengi Irak. Kutha Ur kiye ora adoh sekang kutha Babil, nggone menara sing gedhe kuwe digawe. Wong wong nang kana pada nyembah brahala klebu Abram karo wong tuwane. Sebenere wong wong kuwe ora pada ngertenih bab bab sing benar ngenani Gusti Allah. Nang sawijine dina Gusti Allah nemoni Abram lan ngendika karo dheweke. Jaman semana Gusti Allah wis biasa ngomong langsung maring manungsa mergane durung ana cathetan chatetan nabi nabi. Jaman siki Gusti Allah ngendika karo manungsa liwat kitab sucine, Carane yakuwe diwaca karo ngrenungna ayat ayat nang kitab suci.

Gusti Allah ngendika karo Abram, nang kitab suci Purwaning Dumadi pasal rolas ayat siji. (12:1). " Banjur Gusti Allah ngendika maring Abram," Tinggalna negaramu, keluwargamu, metua sekang umahe Ramamu, lungaa meng panggonan sing arep tek tidhokna meng kowe." Gusti Allah ngongkon Abram kon metu sekang umahe Ramane , pamitana karo tunggal tunggalmu tinggalna tanah kelairanmu, pindah meng nggon sing anyar sing arep tek tidhokna meng kowe." Umpamane sabdane tekha meng rika , apa rika langsung tata tata banjur lunga? Mesthi bae ora, ora gampang kuwe nrima kongkongane Gusti Allah. Angel ninggalna sing wis dadi duweke. Gusti Allah duwe rancangan sing gede kanggo Abram.

Rancangan Gusti Allah kanggo Abram sing dikongkon metu sekang desane, ben sekang Abram kuwe lair bangsa sing anyar, sekang bangsa kiye arep lair nabi nabi, uga Juruwilujeng sing dijanjekna Gusti Allah. Kuwe maksude Gusti Allah ngomong karo Abram:"Inyong arep ndadekna kowe bangsa sing gede...lan kowe arep dadi berkah ... merga sekang kowe, kabeh bangsa, kabeh wong nang nduwur jagat ulih berkah."

Apa sing dingendikakena nang Gusti Allah kuwe bebener sing gedhe. Wektu Gusti Allah ngendika ngenani bangsa sing gedhe, nyatane Gusti Allah wis milih Abram kon dadi Rama sekang leluhure Sang Pembebas sing arep teka nang ndunya. Sang Pembebas kiye ditentokna dadi Juruwilujeng nggo kabeh wong nang ndunya. Kabeh wong sing percaya meng

Panjenegane slamet sekang ukuman sing kudu di rengga nang Setan karo pengikute nang geni neraka.

Sedulur, siki wis bisa ngerti nek Gusti Allah nimbali Abram, nandakna nek Gusti Allah kuwe agi nyedekhi netepi janjine, ngirim sewijine wong dadi Juruwilujeng kanggo manungsa sing dosa nang ndunya kiye. Juruwilujeng sing dijanjekna dudu Abram nanging wong liya...keturunane Abram...janji kiye nduweni syarat , Abram kudu ninggalna sekabehane: keluwargane, suku, lemah , umah, pokoke kabeh ditinggalna. Ora go lemponan, nek wis lunga ora mikirna balik maning. Artine uga ninggalna keyakinane , utawa agamane sing disit, sing percaya aring roh roh , gunung, watu, wit witan lan liyane. Abot banget sarate. Abram gelem nrima sarat kiye. Ngendikane kitab suci: “ Abram terus lunga, kaya sing dikongkon nang Gusti Allah nggo dheweke.”

Abram percaya sabdane Gusti Allah, Abram percaya Gusti Allah netepi janjine yakuwe: “Metu! Inyong arep mberkahi kowe!” Bener banget, Gusti Allah sing setya , mimpin mlakune Abram tekan dheweke gutul nang sewijine nggon sing jenenge Kanaan, sing siki jenenge Israel.

Kitab suci ngendika: “Abram mlaku ngliwati desa desa, wektu kuwe wong Kanaan esih manggon nang kana. Gusti Allah ngetona Piyambake meng Abram lan ngendika: “ Inyong arep ngewehna kabeh **tlatah/tanah** sing dideleng nang kowe kiye, nggo kowe karo keturunene. Inyong arep ndadekna keturunane kowe kaya bledug lemah. Nek ana sing bisa ngitung bledug lemah, artine keturunane kowe teyeng di itung.”

Sedulur, Gusti Allah apik banget karo Abram, Gusti Allah ora ukur gawe Abram dadi leluhure bangsa sing gedhe, nanging uga wilayah, Gusti Allah njanjekna Negara kanggo Abram.

Nanging ana sing dadi ganjelan, sing ngganggu pikiran, Gusti Allah njanjekna rong prekara sing gedhe kanggo Abram yakuwe : dadi leluhure sewijine bangsa lan ulih sewijine Wilayah nanging Abram dhewek ora duwe anak. Kepriwe dadine janji janji kuwe bisa kelakon nek prekara sing penting sekang janji kuwe ora nana?

Wektu kuwe umure Abram pitungpuluhan lima taun (75) lan bojone sewidak lima (65) taun. Dheweke wis tua, apa iya wong wis tua, wis mambu lemah kaya dheweke teyeng nduweni keturunan maning. Apa maning ngebeki **tlatah/ tanah** Kanaan kuwe. Mestine akeh anak sing dilairna.

Kepriwe Gusti Allah bisa netepi janjine karo Abram? Nang piwulang sing arep teka arep disinaoni.

Sedulur, Wis arep entek wektune arep pisahan, nanging sedurunge, awake dhewek arep ndeleng maning sing disinaoni dina kiye:

Kesepisan yakuwe: kenang apa Gusti Allah nimbali Abram kon metu sekang umahe wong tuwane lan pindah meng enggon sing anyar? Mergane, Gusti Allah nduweni karepan nggawe Abram dadi sewijine bangsa dudu keluarga sing gedhe thok. Bangsa sing anyar, sing asale sekang siji leluhur.

Kaping pindho: awake dhewek wis sinau prekara kenangapa Gusti Allah kepengin ndadekna keturunene Abram dadi bangsa sing gedhe. Gusti Allah kepengin sekang bangsa sing anyar kiye lair nabi nabine Gusti Allah, ana kitab suci, lan Sang Pembebas lair sekang keturunane Abram.

Teyeng diomongna kaya kiye: Nalika Gusti Allah nimbali Abram, Gusti Allah mulai nggarap rancangane kanggo ngutus meng ndunya kiye Juruwilujeng nggo wong wong sing dosa. Janji sing dingendikakna Gusti Allah Dhewek maring Adam karo Hawa wektu diurak sekang taman Firdaus. Banjur rong ewu taun mengko nang jamane Abram, awake dhewek arep ndeleng siji prekara maning yakuwe : Gusti Allah ora kelalen karo janjine.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 19**

### **Ibrahim Batir Kenthele Gusti Allah**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengrek babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Sedulur, pirang pirang dina kiye awake dhewek nyinaoni salah sijine tokoh manungsa sing nduweni sebutan: Batir kentehle Gusti Allah. Senajan nang uripe wong kiye uga akeh kekurangane, wong kuwe jenenge Nabi Ibrahim. Crita dina kiye yakuwe critane bab: Ibrahim batir kentele Gusti Allah. Piwulang sing arep disinaoni sekang crita uripe nabi Ibrahim yakuwe : kepriwe aweh kesempatan kanggo wong liya kon milih disitan.

Prekara kiye dudu prekara sing gampang, kabeh wong kepengin ulih pilihan sing paling apik, lan sing paling apik biasane nek awake dhewek ulih kesempatan milih lewihsing disit ketimbang wong liya. Nanging nyatane kanggo wong sing nduweni keyakinan kaya Ibrahim, ora kudu kaya kuwe.

Kaya sing dichatet nang kita suci: Ibrahim lunga sekang kampunge merga Gusti Allah wis ngendika karo dheweke menawa sekang keturunane arep dadi bangsa sing anyar. Uga sekang keturunane arep lair Sang Pembebas Agung sing nylametna manungsa. Abram mercayai Gusti Allah lan sabdane. Ibrahim lunga sekang kampunge mlaku nuju sewijine negara sing jenenge Kanaan. Wektu Ibrahim mangkat, dheweke nggawa bojone Sarai. Sing melu karo dheweke yakuwe Lut , anak kangmase Ibrahim sing wis mati. Sesuwene mlaku suwe suwe Ibrahim dadi tambah sugih , lan Lut uga dadi tambah sugih. Nanging banda dunya ora mesthi ndadekna katentreman. Kaya sing dialami Ibrahim.

Kaya kiye critane sekang kitab suci bab Ibrahim karo keponakane: Sewijine dina Ibrahim karo Lut agi ana nang Bethel. Pangone wedus utawa wong sing pada nyambut gawe pada gelut prekara papan pangonan. Mergane wis ora cukup sukete nggo kewan kewane wong loro kuwe nek bareng bareng terus. Mesthi pada gelut terus. Kepriwe kanggo ngatasi perkara kuwe?

Ibrahim karo Lut kudu pisah...

Coba bayangna: ana wong lunga ngumbara (merantau) , keponakane sing piatu melu digawa. Nang perantauan dheweke ana rejekine , dadi bakul sing kasil...kaya kuwe uga keponakane, sing nyambut gawe karo dheweke wis bisa ngumpulna rejeki dhewek ..nanging siki keponakane dadi saingane nang pasar sing pada. Dheweke mulai gelut rebutan langganan. Gemiyen seumah nanging wis ora bisa maning, kudu ana sing metu sekang pasar kuwe. Jal angger nurut rika, mesthine sapa sing kudu metu sekang pasar kuwe? Rika utawa keponakane? Mesthi wangslane keponakane sing kudu lunga sekang pasar kuwe...kuwe nek awake dhewek.

Nanging Ibrahim ora kaya kuwe. Ibrahim kongkon Lut keponakane kon milih... Nek Lut milih meng kiwe, Ibrahim meng nengen , nek Lut milih meng nengen, Ibrahim meng kiwe. Ibrahim aweh Lut kesempatan kanggo milih lewih disit. Kuwe pada karo rika aweh kesempatan karo keponakane rika, nek rika arep usaha nang pasar kiye, inyong sing metu, nek rika milih metu , inyong sing tetep nang kene.

Lut ndeleng meng sekitare, milih panggonan sing paling apik sekang daerah kuwe. Ngare (Lembah) sing akeh sukete, sing lemahe subur. Kuwe daerah sing dipilih nang Lut, ketone daerah kuwe kaya sewerga. Daerah kuwe cedek karo kutha Sodom, nang daerah kuwe mau Lut manggon, pisah karo Ibrahim pamane.

Terus kepriwe karo Ibrahim sewise Lut kapisah? Sewise aweh kesempatan kanggo Lut kon milih panggonan sing paling apik, apa Ibrahim kelangan sekabehane? Nyatane ora...mergane Gusti Allah ngongkon Ibrahim metu sekang tanah kelairane yakuwe Ur, Gusti Allah ora ngendika nek Ibrahim kudu netep, manggon nang sijine panggonan. Sing dijaluk nang Gusti Allah yakuwe, Ibrahim kudu ngiteri negeri Kanaan, kudu pindah pindah sekang panggonan siji meng panggonan liyane, kuwe karepe Gusti Allah. Dadi sing dipilih nang Lut kuwe kekarepane dheweke.

Lut wis milih sing dipikir paling apik. Pikire pilihane kuwe ndadekna dheweke lewih kasil, nanging akhire Lut malah sengsara karo pilihane, Lut lewih mburu bandha dunya ketimbang

bandha Sewerga. Nek awake dhewek kepriwe? Lewih mburu bandha dunya utawa bandha sewerga? Wong sing wicaksana lewih milih nglakokna kekarepane Gusti Allah. Kaya sing dicathet nang kitab suci: kanggo ngapa manungsa nduweni kabeh bandha dunya kiye, nanging kelangan nyawane? Ayat sing liyane uga mulang aja mburu prekara prekara ndunya kiye, merga ndunya karo sing ana nang njerone arep ilang, nanging wong sing nglakokna kekarepane Gusti Allah bakal urip langgeng.

Ibrahim karo keyakinane milih manut karo sabdane gusti Allah, lan masrahna sekabehane nang astane Gusti Allah yakuwe: kasuksesane, kahuripane lan sekabehane dipasrahna maring Gusti Allah. Gusti Allah ngendika maring Ibrahim: "Ibrahim...jejel delengna sekitare kowe , mengalor,mengidul, mengwetan, lan mengkulon. Seadohe mrripatmu ndeleng kabeh tanah kuwe bakal tek wekna meng kowe lan keturunanmu. Keturunanmu akeh kaya bledug lemah, ora teyeng diitung. Mlakua , dlajahi kabeh negeri kuwe kabeh arep dadi duwekmu." Dadi kaya kuwe uripe Ibrahim...manggon nang njero tenda lan pindah sekang panngongan siji meng pangongan liyane.

Ana masalah sing gedhe yakuwe: Ibrahim karo Sarai tekan umure tuwa urung nduweni anak. Wis ora mungkin maning Sarai bojone Ibrahim nglairna anak kanggo Ibrahim. Nanging anehe Gusti Allah njanjekna terus menawa Ibrahim bakal nduweni keturunan, ora ukur siji..nanging akeh banget nganti ora bisa di itung nang manungsa. Nek kuwe kedadean nang awake dhewek , mesthi ora percaya karo janji njanjine Gusti Allah. Kepriwe karo Ibrahim dhewek?

Apa Ibrahim tetep mercayai Gusti Allah bakal netepi janjine? Pangandikane kitab suci: Ibrahim percaya marang Gusti Allah, lan kepercayane di anggep dadi kayekten lan dijenengi batir kenthele Gusti Allah. Gusti Allah njanjekna sing miturut manungsa ora bakal kedadean...nanging kepriwe tanggepane Ibrahim? Dheweke percaya ...lan akibate ? Gusti Allah metungna Ibrahim dadi wong sing bener.

Pancen luar biasa , Ibrahim dipetungna dai wong sing bener, dudu merga kelakuane.. merga kaya wong liyane , Ibrahim uga nglakokna kesalahan, dheweke uga gawe dosa, Ibrahim dipetungna dadi wong sing bener merga imane dheweke, Ibrahim percaya karo sabdanne Gusti Allah. Kayekten sing gawe Ibrahim dianggep dadi wong sing bener nang ngarsane Gusti Allah merga dheweke ngaminna (mengaminkan), nyetujui pangandikane Gusti Allah. Wektu Gusti Allah janji, Ibrahim kandha: ya , kuwe bener, inyong percaya sabdane Piyambake...kuwe artine " amin" sing diomongna.

Dhewek kudu percaya maring Gusti Allah pada karo Ibrahim percaya maring Gusti Allah. Dhewek kudu percaya Gusti Allah sanggup gawe mujizat. Apa sing ora mungkin kanggo manungsa, mungkin kanggo Gusti Allah. Menawa kepengin dikenan nang ngarsane Gusti Allah kaya Ibrahim awake dhewek kudu mercayai sabdaNe. Angger mercayai sabdane, Gusti Allah mbungkus awake dhewek karo kebenarane sing sempurna. Pangandikane kitab suci: ora nana wong sing bisa nyenengna manahe Gusti Allah menawa ora nduweni iman. Sajane awake dhewek dislametna merga sekang iman maring Gusti Allah, dudu kelakuane dhewek sing bener.

Pitakonane yakuwe: apa awake dhewek termasuk umat sing percaya maring Gusti Allah? Dudu percaya kaya Gusti Allah kuwe ana, Gusti Allah kuwe siji... dudu, umpamane ukur percaya sing kaya kuwe , kitab suci miwulangi Setan setan uga percaya, lan gemeter. Percaya sing ditakokna nang kene yakuwe apa dhewek percaya karo sabdane Gusti Allah lan nurut? Dhewek kudu nurut karo sabdane Gusti Allah kuwe sing dikarepena. Kaya Ibrahim, kepercayaane dhewek maring sabdane bakal di uji, apa wani milih kanggo nglakokna kekarepane Gusti Allah, sing kadang kadang kerasa abot. Kaya Ibrahim sing kudu ninggalna negrine lan kaum keluwargane....Pilihane Ibrahim kuwe sing ndadekna dheweke dimulyakna nang Gusti Allah lan diarani batir kenthele Gusti Allah.

Nek dhewek milih nglakokna kekarepane Gusti Allah merga percaya maring sabdane , kaya Ibrahim, dhewek uga bakal dibungkus karo kebenarane Gusti Allah sing sampurna.

Sedurunge pisah pikirna disit ayat kitab suci sing ngendika: Ibrahim mercayai Gusti Allah, lan kuwe dianggep dadi kebenaran kanggo dheweke. Nang kasempatan sebanjure dhewek bakal sinau bab Ibrahim manungsa biasa, sing akeh kekurangane nanging merga imane ndadekna dheweke diarani batir kenthele Gusti Allah.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 20.**

### **Ibrahim Lan ismail**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengrek babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalam sing lempeng, dalam meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalam kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Wis pirang pirang piwulangan nyinaoni bab Ibrahim, dina siki uga esih tetep sinau piwulang bab Ibrahim yakuwe: kenang ngapa Gusti Allah ngrubah jenenge dadi Ibrahim. Bagean kesepisan sekang critane yakuwe crita sing nlangsani, merga Ibrahim nglakokna prekara sing ora disenengi Gusti Allah. Keluputan sing ndadekna nlangsa yakuwe kekurang sabarane.

Awit molai sinau bab nabi Ibrahim, dhewek ngerti nak Gusti Allah ngendika karo dheweke, lan njanjekna prekara sing luar biasa sing bakal kelakon maring Ibrahim lan keturunane. Kabeh janjine Gusti Allah kuwe ana kaitane karo anake Ibrahim...nanging nyatane...tekan Ibrahim karo Sara nganti tuwa, dheweke ora nduweni anak.

Nah, dina kiye awake dhewek bakal sinau bab carane Ibrahim ben janjine Gusti Allah kuwe kedadean.

Sedulur, dhewek kudu ngerti nek Ibrahim kuwe manungsa biasa kaya awake dhewek, dadi nabine Gusti Allah ora artine dadi wong sampurna ora nglakokna kesalahan. Kitab suci ngendika: ora nana manungsa sing sampurna lan ora gawe dosa. Nanging kasampurnaan kiye sing ndadekna dhewek urip gutul siki. Gusti Allah Maha Murah teyeng mbebasna.

Balik maning meng critane Ibrahim...sewise ngenteni lan ngenteni..nanging anak sing dadi kuncine kanggo janji janjine Gusti Allah ora teka teka, mulane ndadekna Ibrahim ora sabar.

Ibrahim dadi ora sabar...dudu ora percaya. Merga ora sabare kiye ndadekna akeh masalah sing teka sebanjure.

Apa sing dilakokna nang Ibrahim? Ibrahim karo bojone ngupayakena "nulungi" Gusti Allah kanggo netepi njanjine maring Ibrahim. Nang Taurat dicritakna kaya kiye: Sara wis tuwa, wis ora bakal nduweni anak, sanajan Ibrahim esih teyeng nduweni anak. Mulane Sara ngomong karo Ibrahim ngongkon turu bareng karo **bature wadon** yakuwe Hagar wong Mesir. Ben mengkone nek Hagar nduweni anak , anak kuwe dijiot dadi anake Sara..dadi Ibrahim karo Sara bakal nduweni keturunan. Ibrahim nyetujoni karo usule Sara kuwe. Kedadeanlah Ibrahim turu bareng karo bature wadon Sara kuwe,, banjur Hagar meteng.

Nek di pikir pikir...apa ana wong wadon sing kaya Sara kuwe? apa ana wong wadon sing ngongkon bojone turu bareng karo wong wadon liya? Kiye bae wis salah...banjur..mangsa ana rewang sing ora kegedhen endas ngerten bendarane ora teyeng nduweni anak, sewetara dheweke bisa meteng anak sekang Rama Ibrahim. Kedadean sing sebanjure Hagar mulai bertingkah kaya bojone Ibrahim, ngandel bae ndadekna Sara kesuh banget. Prekarane tambah runyam banget...mergane sara nyalahna Ibrahim kanggo kabeh sing kedadean..padahal kuwe mau usulane sara dhewek...dadi runyam.

Ibrahim ora ngerti kudu nglakokna apa, dadi dheweke masrahna meng Sara sekarepe Sara nglakokna apa bae maring Hagar. Mergane Sara kesuh banget, Sara banjur nindhes banget maring Hagar ndadekna Hagar minggat sekang umahe Sara.

Sedulur, gathekna...kawit Ibrahim lan Sara temindak dhewek kanggo netepi janjine Gusti Allah...uripe dadi sering pada kesuh, cemburunan, larangati, pada sengit sengitan, lan nlangsani. Dheweke padha ngalami kaya kuwe, merga dudu kaya kuwe rencanane Gusti Allah kanggo netepi janjine maring Ibrahim. Gusti Allah ora mbutuhna pitulungan sekang sapa bae kanggo netepi rancangane , ora Ibrahim utawa awake awake dhewek.

Gusti Allah kuwe setya sedulur...dhewek ora perlu ngurusi janjine Gusti Allah ben kedaden nang uripe dhewek, sing kudu dilakokna, dhewek kudu sabar lan pasrah meng Gusti Allah, ben Gusti Allah makarya nang dalane Piyambake, dalan sing sampurna lan bener.

Wektu Hagar minggat, dheweke nggawa Ismail. Nang tengah tengahe padang pasir , malaekate Gusti Allah ngeton maring dheweke. Dheweke ngomong karo Hagar, ngrungokna unek uneke Hagar prekara Sara. Malaekat kuwe banjur ngongkon Hagar balik meng Sara lan nurut karo Sara. Banjur Malaekat kuwe uga aweh janji karo Hagar, yakuwe: keturunan sekang

anak lanange sing agi dikandut bakal dadi bangsa sing gedhe, jumlahe ora bisa di itung. Bocah kuwe di jenengi Ismail sing artine: "Gusti Allah krungu." Merga wektu Hagar nangis , Gusti Allah ngrungokna tangisane. Gusti Allah aweh ngerti maring Hagar, nek Ismail kuwe bakal nduweni kelakuan alasan (liar), seneng gelut karo kabeh wong, utamane dulur dulure.

Hagar banjur balik meng ndarane sara, lan ngalirna Ismail. Ibrahim wis wolung puluh enem (86) umure wektu Ismail lair. Sanajan kaya kuwe Ismail dudu anak sing bakal didadekna Gusti Allah alat kanggo netepi rencangane. Gusti Allah ora tau kesusu , sewise Ismail lair, suwene telulas taun(13) Gusti Allah ora ngendika karo Ibrahim maning.

Wektu Ibrahim umur sangangpuluhan sanga (99) taun, Gusti Allah nuduhna Awakhe Dhewek maring Ibrahim. Wektu kuwe Gusti Allah negesna maning perjanjiane karo Ibrahim yakuwe nggo ndadekna Ibrahim bapa leluhur sekang bangsa sing gedhe.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sebanjure.

Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 21.**

### **Ajure Kutha Sodom lan laire Ishak**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng swarga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Wis pirang pirang dina dhewek sinau crita bab Ibrahim. Kawit dheweke ditimbali Gusti Allah kon lunga sekang desane, merga Gusti Allah nduweni rencana sing gedhe kanggo dheweke.

Sekang crita prekara Lut, dhewek sinau sing ketone paling apik miturut pemikirane awake dhewek urung mesti pas karo rencanane Gusti Allah.

Lut nuruti kekarepane dhewek dudu kekarepane Gusti Allah. Sewise crita prekara Lut, dhewek uga sinau, dudu urusane dhewek nulungi Gusti Allah kanggo netepi janjine, kaya sing dilakokna Ibrahim lan Sarai. Usahane ben ulih keturunan banjur nekakna kelara lara sing suwe lan gawe persoalan anyar. Ismail dudu anak sing dijanjekna, nanging dheweke lan keturunane bakal diberkahi Gusti Allah.

Dina siki dhewek arep ngrungokna maning critane nabi Ibrahim...crita sing gawe gumun utawa takjub.

Ana wong telu teka merdayoh nang nggone Ibrahim kemah, awan awan pas panas banget. Dayoh dayohe kuwe dudu dayoh biasa merga wong loro nang antarane kuwe malaekat Allah, lan sing sijine kuwe Gusti Allah Dhewek.

Wektu kuwe Ibrahim agi njagong nang ngarep tenda, pas dheweke ndeleng wong telu kuwe dheweke langsung ngerti sapa sing teka. Ibrahim mlayu medheki wong wong kuwe lan nyembah banjur aseng mampir nang panggonane. Jarene : “ Menawa Padhuka gelem,

mampira, nginum lan madang disit.” Wong telu kuwe nyetujoni, Ibrahim aseng meng kemahe nggo ngaso lan nyuguhna suguhan kanggo dayoh dayohe sing mulya kuwe.

Wektu Dheweke pada madang , Dheweke ngomong karo Ibrahim, taun ngarep Inyong bakal teka maning nemoni kowe. Lan wektu kuwe Sarai bakal nduweni anak lanang. Pas Dheweke ngomong kaya kuwe Sarai krungu sekang njero tenda banjur ngguyu. Sara ngerti nek dheweke ora bakalan bisa nglairna anak, mergane wis tuwa. Wis sangang puluh (90) taun lan Ibrahim dhewek wis sangang puluh sanga (99) taun. Sara ora percaya karo sing diomongna dayoh dayohe kuwe. Gusti Allah ngerti apa sing dipikirna Sarai, mulane takon karo Ibrahim:” Kenang ngapa Sara ngguyu lan ngomong: “ apa bener inyong bakal duwe anak wis tuwa kaya kiye?” Sara wedi, lan ora ngaku nek miki dheweke ngguyu, nanging Gusti Allah aruh aruh dheweke lan ngomong: “ iya kowe panceñ ngguyu.”

Sewise kuwe Gusti Allah ngendika karo Ibrahim, alesan liyane Dheweke teka nemoni Ibrahim. Yakuwe anane kabar ngenani wong-wong warga kutha Sodom lan Gomorah sing bener bener dadi jahat. Inyong arep meng nganah niliki dhewek. Umpamane ana sing apik nang kana Inyong arep tilik ben ngerti dhewek.

Malaekat loro kuwe banjur mangkat meng kutha Sodom lan Gomorah...nanging Gusti Allah lan Ibrahim esih mlaku bareng bareng karo kandha kandhaan.

Ibrahim ngerti banget menawa Gusti Allah ngukum kutha Sodom lan Gomorah jalaran kejahatan lan dosa dosa masarakate. Nanging dheweke uga ngerti nek ana wong wong sing bener sing manggon nang kutha kutha kuwe...esih kelilingan karo keponakane Ibrahim sing jenenge Lut kuwe uga manggon nang Sodom.

Karo mlaku bareng, Ibrahim takon maring Gusti Allah:” Apa Gusti Allah bakal ngajurna wong bener bareng bareng wong jahat? Kepriwe nek ana seket (50) wong bener nang kana, mesthine Panjengan ora ngajurna wong sing bener bareng bareng karo wong sing jahat, Hakim kebeheng jagat mesthi arep nglakokna sing adil.”

Gusti Allah mangsuli Ibrahim: “Umapamane ana nang kana seket (50) wong sing bener, Inyong bakal mbebasna kutha kuwe. nanging Ibrahim ora ngerti sebenere ana pira wong sing bener nang kana, dadi dheweke takon maning....kepriwe nek ukur ana patangpuluhan lima (45), Gusti Allah ngendika nek ana patangpuluhan lima (45) wong sing bener, kutha kuwe ora diajurna. Banjur Ibrahim takon maning , kepriwe nek ana telungpuluhan (30) wong? Gusti Allah ngendika kanggo sing telungpuluhan (30) kuwe, kutha kuwe bakal lolos sekang ukuman. Nanging Ibrahim

esih terus njaluk ...kepriwe nek rongpuluh (20)? Wektu gusti Allah ngendika nek ana rongpuluh (20) wong , Dheweke ora bakal ngajurna kota kuwe, Ibrahim esih memelas maning...

Sedulure, ... Ibrahim wani banget , merga dheweke kuwatir banget karo nasib keponakane Lut. Dheweke ngomong: kepriwe nek ana sepuluh (10) thok? Gusti Allah ngendika merga sing sepuluh (10) kuwe, kutha kuwe bakal slamet. Sewise kuwe dheweke pada pisah, Gusti Allah tindak meng Sodom, Ibrahim balik meng panggonane.

Sewise sore Malaekat loro mau gutul nang kutha Sodom, wektu kuwe Lut agi jangongan nang gapurane kutha Sodom, mbareng weruh wong loro kuwe, Lut banjur medheki lan sungkem. Dheweke njaluk ben wong wong kuwe mampir nang umahe. Lut yakin wong wong kuwe Malaketa Tuhan. Mulane Malaekat malaekat kuwe ora gelem mampir nang umahe Lut. Malaekat kuwe ngendika: Inyong bakal nginep nang lapangan bae.” Nanging Lut meksa wong wong kuwe kon nginep nang umahe.

Nanging wengi kuwe, bar Lut nyuguhi dayoh dayohe, kabeh wong lanang nang kutha kuwe teka tuwa, nom meng umahe Lut karo mbengok mbengok: nang endi wong wong sing teka meng umahe kowe mbengi kiye, gawaen metu ben bisa “di enggo” . Bener bener medeni banget dosa dosane wong wong nang kutha Sodom, mulane Gusti Allah kepengin ngajurna kutha Sodom. Wong wong kuwe blak blakan nglakokna homoseksual.

Lut metu sekang umahe lan njaluk tulung : “ tulung sedulur sedulurku, aja nglakokna kejahanan maring dayoh dayohe inyong, wong wong kuwe tanggung jawabe inyong.” Saking wedine Lut ngomong karo wong wong sing teka kuwe kon njiot anake wadon bae ketimbang nglakokna kejahanan maring dayoh dayohe kuwe.

Nanging wong wong Sodom tambah kesuh, arep ngamuk maring Lut. Wektu kahanan tambah gawat Malaekat loro kuwe banjur nggered Lut mlebu meng umah, lan micekna matane wong wong sing pada nang njaba, dadine wong wong kuwe ora bisa weruh lawange umah kuwe.

Banjur keloro Malaekat sing merdayoh nang umahe Lut , ngongkon Lut ngumpulna kabeh wong sing dikasihi ben cepet metu sekang kutha kuwe wengi kuwe uga, mergane wektu srengengene metu kutha Sodom bakal diukum nang Gusti Allah. Lut banjur mbujuk ke loro bakal mantune kon melu lunga bareng bareng karo keluwargane, nanging dheweke nyangka nek Lut kuwe guyon.

Wektu srengengene meh mlethek, Malaekat meksa Lut gagean lunga bareng bareng bojone karo anak anake , nek ora dheweke padha bakal mati bareng wong wong sing nang njero kutha kuwe. Wektu Lut alon alon, Malaekat malaekat kuwe nggered tangane lan nggawa dheweke gutul meng pinggire kutha, sekang kana Lut karo keluwargane dikon mlayua sing banter aja mandheg mandheg, tinggalna kutha kuwe, aja nylingak meng mburi.

Sewise Lut mlayu mandan adoh, Gusti Allah banjur ngedunna udan geni lan welirang sekang langit. Geni kuwe mbakar kutha Sodom. Ora nana sing esih urip, kabehan mati, kobong nang geni sekang langit. Nanging wektu dheweke padha mlayu, bojone Lut nylingak meng mburi, banjur brubah dadi tugu uyah. Lut karo anak anake wadon slamet.

Esuk esuk, Ibrahim balik maning meng panggonan sing wingi, Ibrahim weruh sekang kadohan keton kukus kandhel munggah meng langit...sekang kutha Sodom lan Gomorah. Lut slamet merga dongane Ibrahim

Apa sing bisa disinaoni sekang kedadean Sodom karo Gomorah, yakuwe: nuruti hawa nepsu dosa dudu pilihan sing wicaksana, ukur gawe ajur thok. Gusti Allah ngerti banget manungsa ora mungkin langsung bisa brubah dhewek, ninggalna dosane. Mergane kuwe Gusti Allah nyediakna dalan sing bener ben manungsa bisa dibebasna sekang dosa sing njiret dheweke.

Nang pungkasane patemon kiye, dhewek balik maning ndeleng nang kitab Al- Taurat kepriwe Gusti Allah netepi janjine maring Abraham, mewehi Ibrahim anak. Kaya sing diomongna Malaekat kuwe , Sara meteng lan nglairna bocah lanang sing dijenengi Ishak. Nama Ishak artine ngguyu. Wektu laire nggawe seneng keluwarga kuwe lan tunggal tunggale, batir batire. Wektu Ishak umur wolungdina (8) dheweke disepiti kaya sing dikongkon Gusti Allah.

Sawijine dina wektu Ibrahim gawe slametan , Hagar, babune sara, biyune Ismail ngenyek maring Ishak lan dideleng nang Sara. Ndadekna Sara njaluk Ibrahim kon ngurak Hagar karo Ismail kon minggat. Hagar karo Ismail lunga ninggalna umahe Ibrahim, merga keturunan sekang Ishak kuwe sing bakalan dadi pewaris janjine Gusti Allah maring Ibrahim.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 22.**

### **Pangurbanan Ibrahim**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembul babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalam sing lempeng, dalam meng swarga sing wis disiapena. Ukur lewat dalam kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab-kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalam mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang piwulang ngenani Taurat, dhewek arep sinau bab Nabi Ibrahim, piwulang sing penting sekang uripe Ibrahim yakuwe: crita pangurbanan Ibrahim , kedadean sing dirayakna saben taun nang perayaan Idul adha.

Nang piwulang sing sedurunge, dhewek wis sinau kepriwe Gusti Allah mewehi Ibrahim lan Sarai anak lanang nang umur sing wis tuwa. Anak kuwe dijenengi Ishak. Gusti Allah janji maring Ibrahim, liwat Ishak, bakal ana sawijine bangsa sing anyar, liwat bangsa kuwe kabeh bangsa nang ndunya arep ulih berkah. Nang crita sing disit uga wis dicritakna bab Hagar karo Ismail sing di urak kon lunga ninggalna umaeh Ibrahim lan manggon nang Mesir.

Dadi ukur Ishak sing manggon bareng karo Ibrahim, bocah sing lair sekang janjine Gusti Allah. Sewijine dina Gusti Allah njaluk Ibrahim nglakokna prekara sing angel lan gawe lara ngati .

Crita kuwe ana nang kitab kesepisan Taurat yakuwe:

Gusti Allah nguji Ibrahim, Dheweke ngendika: "Ibrahim!" Kawula Gusti, wangslane Ibrahim. Banjur Gusti Allah ngendika:" Jukuten anakmu, anak siji sijine , Ishak sing ditresnani, lungaa meng gunung Moria. Dadekna kurban nang kana kurban bakaran!

Nang dina ngesuke uput uput jeput Ibrahim tangi banjur nyiapkena kuldine. Dheweke nggawa loro pelayane, Ishak anake. Sewise akeh suluh sing dikumpulna, deheweke padha mangkat meng panggonan sing wis dituduhna nang Gusti Allah.

Sedulure, Ibrahim manut karo Gusti Allah, sesuwene telung dina dheweke padha mlaku , dheweke wis arep gutul meng panggonan sing diparani, panggonan kanggo nyembeleh anake lan diobong kanggo kurban.

Atine Ibrahim mesthi kelara lara, panjaluke Gusti Allah kiye, medeni banget lan gawe lara ati. Awake dhewek sing ngrungokna crita kiye , ngerti nek wektu kuwe Gusti Allah agi nguji imane Ibrahim. Nanging Ibrahim dhewek ora ngerti apa apa.

Dhewek bisa mbayangna kaya ngapa kahanane nek ngetutna critane nang kitab suci. Kaya kiye critane: “ nang dina kaping telu, Ibrahim ndengangak, lan ndeleng gunung Moria sekang kadohan. Banjur Ibrahim ngomong karo keloro pelayane, mandega nang kene karo kului kiye, sewetara inyong lunga bareng Ishak munggah meng gunung. Inyong padha, arep nyembah Gusti Allah, sewise kuwe inyong padha, balik maning.

Ibrahim njiot suluh banjur disogna nang pundake ishak, sewetara Ibrahim nggawa lading karo geni. Wektu dheweke padha mlaku , Ishak takon aring Ramane: “ Rama.” “ ana apa, anakku.”

Suluh karo geni wis ana nang kene, nanging nang ngendi wedhus gembel sing arep dikurbanna? Ibrahim mangsuli: “ Gusti Allah sing bakal nyediani wedhus gembel kanggo kurban bakaran, anakku.” Wong loro kuwe banjur terus mlaku.

Wektu dheweke gutul nang panggonan sing dituduhna nang Gusti Allah, Ibrahim gawe mesbah lan nyusun suluh nang nduwure. Dheweke banjur njiret Ishak lan ngesogna nang nduwur mesbah pangurbanan kuwe. Banjur dheweke njiot lading lan arep nyembeleh Ishak. Nanging wektu kuwe malaekat Tuhan nyeluki dheweke: “Ibrahim, Ibrahim”.... “Kawula Gusti” wangslane.

“Aja dikapak kapakna anakmu, siki Inyong wis ngerti nek kowe ngormati Inyong... kowe ora kabotan ngurbanna anakmu, anak siji sijine kanggo Inyong.” Ibrahim banjur nyelingak, lan weruh nang rerungkutan ana wedus gembel sing buntute nyangkut nang rerungkutan kuwe. Ibrahim banjur njukut wedus gembel kuwe , disembeleh didadekna kurban bakaran kanggo gantine anake. Ibrahim njenengi panggonan kuwe : Gusti Allah nyediani sekabehane. Tekan dina siki panggonan kuwe dijenengi: nang nduwur gunung, Gusti Allah bakal nyediani.”

Crita bab kurban persembahan Ibrahim kiye nduweni telung bagean: bagean sejarah, bagean simbul lan nubuat. Kanggo ngertenipangurbanan Ibrahim, dhewek kudu ngerti telung perkara

kiye: 1. Apa sing sebenere kedadean. 2. Apa tegese pengurbanan kuwe. 3 apa sing nubuatna Ibrahim ngenani kedadean mbesuk.

Gandengane karo sejarah, sing disinaoni dina kiye: ujian sekang Gusti Allah maring imane Ibrahim lan ngenani slamete Ishak ora sida dadi kurban, diganti wedhus gembel.

Kedadean kuwe kurang lewih patangewu (4000) taun sing disit, siki dijenengi Yerusalem. Diringati nang wong wong Muslim, Kristen lan Yahudi.

Gandengan karo gambaran utawa simbul: Sabdane Gusti Allah ngandani awake dhewek, nek dhewek kabeh kiye kaya anake Ibrahim. Ian Hakim sing Agung kuwe mutusna nek Ishak kudu mati. Nanging Hakim sing Agung kuwe Gusti Allah sing Ar-Rahman, Ar-Rahim, Panjenengane nylametna anak Ibrahim sekang kepaten. Sekang critane Ibrahim kiye, dhewek ngerten menawa dalan keslametan kuwe liwat kurban sing sampurna.

Gusti Allah wis netepna dalan penebusan wektu Adam karo Hawa gawe dosa yakuwe getih sing wutah...getih sekang kewan sing ora ana cacate. Kewan kuwe kudu disembeleh, banjur diobong kanggo kurban bakaran maring Gusti Allah. Awake dhewek dielingna wektu Gusti Allah nyediakna kurban wedhus gembel kanggo gantine Ishak.

Kurban Ibrahim kuwe gambarane Sang Penebus sing dijanjekna Gusti Allah, di kongkon meng ndunya kanggo mbebasna wong dosa sekang penghakimane.

Gandengan karo nubuatane, wektu Ibrahim lan Ishak munggah meng gunung , Ibrahim mangsuli pitakonan anake : "Gusti Allah sing bakal nyediani kewan kurban." Malah sewise rampung nyembeleh wedhus gembel gantine Ishak lan diobong , dheweke njenengi panggonan kuwe :" Gusti Allah bakal nyediani."

Nabi Musa sing nyathet kitab Taurat negesna: " tekan dina siki , panggonan kuwe dijenengi: " Nang nduwur gunung, Gusti Allah bakal nyediani."

Kenangapa Ibrahim ngomong Gusti Allah bakal nyediani? Mesthine sewise mempersembahna kurban kewan gantine Ishak , Ibrahim ngomong: " puji syukur maring Gusti Allah, sing wis nyediani kewan kurban?" kiye pitakonan sing penting banget, merga wangulan kanggo pitakonan kiye **momot** kabar sing apik sekang Sabda Allah sing kudu dingerten ian dipercayai.

Kenangapa Ibrahim ngarani panggonan kuwe Gusti Allah bakal nyediani? Wektu kuwe Ibrahim agi ngumumna kedadean sing bakal kedaden. Persis nang panggonan sing padha, ana sijine

wedhus gembel nggantikna anake. Artine wektu kuwe Ibrahim negesna: "Inyong memuji Gusti Allah, merga Dheweke nyediakna wedhus gembel kanggo nggantikna anakku nang ndhuwur mesbah. Nanging dina kiye Inyong ngomong karo kowe , ana wektune mengko, nang ndhuwur gunung kiye, Gusti Allah bakal nyediakna kurban liyane. Kiye kabar sing apik sekang Gusti Allah lan diomongna Ibrahim kanggo kabeh wong, merga sing diomongna Ibrahim kuwe netepi janjine Gusti Allah ngenani Penebus Agung sing bakal mbebasna kabeh wong sekang ukuman dosane.

Sedulure Inyong...kurang lewihe rongewu (2000) taun, sewise Ibrahim ngomong nubuatan Penebus Agung kuwe, Gusti Allah bener bener netepi janjine. Wong sing ngerti Injil mesthi ngerti critane Isa Almasih. Isa Almasih lair sekang perawan sing asale sekang keturunane Ibrahim, persis kaya sing dijanjekna Gusti Allah. Isa Almasih ora berdosa, suci, mulane pantes mati kaya wedhus gembel sing ora nana cacate, lan dadi kurban sing sampurna, kanggo gantine utawa pembayar kesalahan kabeh keturunane Adam.

Nang piwulang kiye uga awake dhewek arep sinau kepriwe sawijine Bani sing jenenge Yahya, dikongkon Gusti Allah kanggo nyiapna dalan sedurunge Isa Almasih teka.

Sewijine dina Yahya weruh Isa Almasih mlaku medheki dheweke, nabi yahya ngomong: "Deleng kiye Cempene Gusti Allah sing nanggung dosa ndunya."

Kenang ngapa Yahya ngarani Isa kuwe Cempene Gusti Allah? Kuwe merga Isa lair kanggo **ngwutahna** getihe kanggo kurban mbirat dosa menungsa (ngapus dosa manungsa). Kaya wedhus gembel sing mati nggantikna anake Ibrahim, Isa Almasih teka nggo mati kanggo kabeh keturunane Adam.. Isa kuwe kurban sampurna lan sing keri kaya sing diomongna Ibrahim wektu dheweke ngomong: "Gusti Allah dhewek sing bakal nyediakna kurban kanggo persembahan."

Sedulure Inyong...apa kowe ngerti nang ngendi Isa Almasih mati kanggo kurban? Persis nang nggon Ibrahim mempersesembahna wedhus gembel sing diwenehi Gusti Allah kanggo nggantikna Ishak. Enggone pangurbanan kuwe nang Yerusalem.

Sedulur...Gusti Allah aweh wektu kanggo kowe kabeh kon ninggalna dalan sing jahat lan sia sia, lan pangarep arep nang dalan sing bener , dalan keslametan sing wis disediakna nang Gusti Allah. Kaya ngapa senenge Ibrahim karo Ishak ngertené nek Gusti Allah nyedikna wedhus gembel kanggo dikurbanna. Kurban pengganti ben Ishak tetep urip.

Apa kowe padha, gelem nampani kurban pengganti sing wis disediakna Gusti Allah?

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye...nang acara Piwulang Pengaji. Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 23.**

### **Critane Sedulur Loro Esap karo Yakub**

#### **Sing sewetara lan sing langgeng**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembul babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah kuwe kepengin manungsa pada ngerti dalan sing lempeng, yakuwe dalan sing maring surga, dalan sing di siapaken nang Gusti Allah kiyambak. Merga amung dalan kuwe thok sing dadi dalan sing dikersakaken gusti Allah supaya manungsa bisa ngrasakaken urip sing diberkahi dening Gusti Allah. Kur liwat dalan kuwe thok dalan sing lempeng menungsa bisa urip bener nang ngarsane Gusti Allah, bisa grasakaken urip kepriwe sing ayem, kepriwe sing tentrem.

Nang acara Piwulang Pengaji wingi, dhewek wis sinau bab Kurban Ibrahim. Nang kitab Injil ana ringkesane bab kedadean sing penting, diomongna: “Merga iman, Ibrahim wektu Gusti Allah nguji dheweke, mempersembahna anake kanggo kurban.

Ibrahim sing nampani janji wis meh ngurbanna anak siji sijine, mesthi Gusti Allah wis ngendika karo dheweke: “Sekang Ishak kuwe keturunanmu ora bisa di itung.” Ibrahim percaya Gusti Allah teyeng nguripna wong mati, ibarate Ibrahim ulih Ishak maning. Kedadean kuwe gambarane iman sing bener maring Gusti Allah.

Nang limang (5) bahasan sing keri, dhewek wis sinau bab uripe Nabi Ibrahim. Sewijine dina Gusti Allah negndika maring Ibrahim perkara sing bakal dialami nang keturunane.

Pangandikane Gusti Allah: “Ngertia, sawijine dina mengko, keturunane Kowe bakal dadi wong asing nang negrine wong, didakdekna batur lan ngalami perlakuan saweneng wenang suwene patangatus (400) taun. Nanging Inyong bakal ngukum bangsa sing wis ndadekna dheweke batur, dheweke banjur digawa metu sekang negri kuwe karo nggawa akeh banda.”

Pangertene Gusti Allah karo “Negri Sabrang” yakuwe bangsa Mesir, nang negri kuwe keturunane Ibrahim bakal didadekna batur suwene patangatus (400 ) taun. Persis kaya sing dingendikakna Gusti Allah.

Ibrahim ngewehna kabeh bandane kanggo Ishak, Ibrahim urip selawase satus pitungpuluhan lima (175) taun banjur mati tuwa. Di kuburna nang Ismail karo Ishak nang Gua Mahphela nang lemah sing dituku sekang wong Het, dikuburna bareng karo bojone Sarah.

Apa ringkesan sekang crita Ibrahim kiye? Wangsulane liwat rong pitakonan kiye.

Pitakonan kesepisan: Kenangngapa Gusti Allah ngongkon Ibrahim lunga sekang desane? Wangsulanne: Merga Gusti Allah wis nduwени rencana kanggo ndadekna Ibrahim leluhur sekang bangsa sing gedhe, sekang bangsa kuwe arep taka Sang Penebus.

Pitakonan kaping pindho: Kenangngapa Gusti Allah sing dadi Hakim nuduhna nek Ibrahim kuwe wong sing bener? Wangsulane: Mergane Ibrahim percaya maring pangandikane Gusti Allah, senajan ora gampang. Ibrahim bisa bebas sekang ukumane Gusti Allah merga percaya janji janjine Gusti Allah, dudu sekang kelakuane utawa usahane dhewek. Kiye sing dimaksud ayat kitab suci sing ngomongna: "Ibrahim percaya maring Gusti Allah, lan dianggep nang Gusti Allah dadi kebenaran, dheweke uga dijenengi batir kenthele Gusti Allah."

Nang pasal selawe (25) kitab Purwaning Dumadi, dicritakna crita anak keturunane Ibrahim. Siki dhewek arep sinau sekang program Piwulang Pengaji , crita bab Ishak lan keloro anak kembare.

Wektu Ishak umur patangpuluhan (40) taun, dheweke mbojo karo adi ipene Ribka. Dheweke ndedonga ben diwei keturunan, Gusti Allah nyembadani dongane. Ribka sing agi meteng ndedonga maring Gusti Allah lan takon kenangngapa bayi sing tek bobot rosa banget polaeh?. Gusti Allah ngendika maring Ribka nek bayi sing nang kandungane kuwe anak kembar. Sing ana nang njero kandungane kuwe rong bangsa, rong kaum sing arep kepisah siji lan sijine. Sing siji lewih kuwat sekang sijine, sing tuwa arep ngabdi maring sing enom.

Sewise tekan wektune lairan, anake sing mbarep lair awake warnane abang lan kebek wulu, dijenengi "Esap" sing artine "abang". Wektu Esap lair, bayi sing kepindo uga melu lair, bayi kuwe njekeli tungkake Esap, lan dijenengi Yakub sing artine "wong sing mburu tungkak wong liya."

Esap karo Yakub pacentan anak kembar, nanging keloro bocah kuwe beda banget. Mbareng gede Esap dadi pambedhag, nanging Yakub seneng manggon nang umah karo Rama Biyunge. Esap kuwe wong sing seneng prekara prekara ndunya sing sifate sewetara, dheweke ora preduli karo rencanane Gusti Allah ngenani keluwargane. Sewalike Yakub seneng manggon

nang tenda, akeh sinau prekara prekara Gusti Allah lan janji janjine Gusti Allah kanggo keluwargane. Yakub seneng karo prekara prekara sing asale sekang Gusti Allah, bab bab sing langgeng.

Sedulure inyong...Esap kuwe anak sing paling tuwa, dheweke nduweni hak warisan wewenang pembarep. Ngenani prekara wewenang pembarep kuwe muat sekabehe janjine Gusti Allah maring Ibrahim lan keturunane. Gusti Allah wis ngendika maring Ribka menawa anak sing tuwa bakalan ngabdi maring adine. Artine Gusti Allah wis ngerti sing bakalan ngewarisi janjine Gusti Allah maring Ibrahim lan sing bakalan dadi leluhure bangsa sing anyar kuwe Yakub, dudu Esap.

Kepriwe carane Yakub ulih hak wewenang pembarep sing kudune duweke Esap? Kaya kiye critane:

Sawijine dina Esap nembe bali golet kewan buronan, dheweke kencoten. Wektu kuwe Yakub agi ngolaih sega karo kacang abang, mambune sedep banget. Dheweke ngomong karo Yakub: Oh Yakub inyong meh mati kencoten, ambune masakanmu sedep banget. Cepetan wei inyong semangkok!. “Yakub kuwe wong sing licik, akeh siasate, Yakub ngomong:” ulih, nanging kowe kudu mbayar, wehna maring inyong hak wewenang pembarep kuwe. Jioten nganah..sing penting inyong diwei pangananmu kuwe, inyong kencoten.

Yakub ngomong maning: “ kowe sumpah” ya, hak wewenang pembarep kuwe duwekmu, cepetan wei inyong pangananmu.” Banjur Yakub akeh maring Esap panganan lan roti saipet. Dheweke mangan lan perjanjian kuwe disetujoni.

Sedulur...apa kowe ngerti arti kelakuane Esap kuwe? Dheweke wisadol hak wewenang pembarep kanggo sepiring panganan. Dheweke ora nggregani hak pewarisane dadi anak mbarep. Hak wewenang pembarep kuwe ora ukur bakal ulih rong bagean sekang bandha keluwarga, nanging janji janjine Gusti Allah ana nang njerone. Janji menawa keluwargane bakal dadi sewijine bangsa sing gedhe, lan prekara prekara liyane sing bakalan dadi hake selawase. Esapadol hak wewenang pembarep ukur kanggo sepiring panganan sebenere wis ngenyek lan ngrendahna, ora ukur nini lan ramane nanging uga Gusti Allahe. Goblok banget Esap kiye...ukur kanggo sepiring panganan dheweke ngeculna sing paling pengaji sing diduweni dadi anak mbarep.

Nanging aja girig girig ngakimi Esap, nek ndeleng awake dhewek apa ora kaya Esap? Bisa uga awake dhewek kaya Esap sing mentingna prekara ndunya, banda, omongane manungsa ketimbang prekara ilahi, lewih sekang Sabdane Gusti Allah.

Nang wektu uripe, Isa Almasih tau takon kambi murid muride, apa gunane wong nduweni kabehe dunya nanging kelangan nyawane? Apa ana nang urip kiye sing bisa dadi pembanding sing pada kambi urip bareng Gusti Allah nang taman irdaus selawase?

Ana nabi liyane ngelingna: “ aja sepisan pisan nyeperekna anugerahe Gusti Allah utawa dadi kaya Esap, adol hak warise wewenang pembarep. Esap kelangan kurnia sekang Gusti Allah, merga dheweke ora ngergani prekara prekara ilahi sekang Gusti Allah.

Esap getun banget karo apa sing dilakokna, dheweke berusaha ben hak wewenang pembarep bisa balik maning meng dheweke, nanging ora bisa. Gusti Allah ngormati apa sing dadi kekarepan lan pilihane awake dhewek. Manungsa diwenehi tanggung jawab kanggo pilihane. Esau nganggep entheng prekara prekara ilahi, dheweke kudu nanggung akibat sekang pilhane.

Sedulure, awake dhewek aja kesusu gawe keputusan sing sifate kekal, sanajan Gusti Allah ngormati pilihan awake dhewek, kudu bisa milih sing wicaksana.

Gusti Allah tresna maring kowe, kepengin nglimpahna berkah nang uripmu, nanging Gusti Allah kudu didadekna sing utama nang uripmu. Kowe kudu ngormati Sabdane Gusti Allah lewih sekang panganan utawa dhuwit.

Gusti Allah kepengin ngilangna dosane awake dhewek, ngubah atine sing jahat, nyucekna lan ngisi uripe dhewek karo katresnane, kabunganan, katentreman, lan kepasten. Berkah berkah kiye ukur ana nang njerone bagean warisan sing Gusti Allah kepengin wehna maring kabeh keturunane Ibrahim.

Kowe kabeh kudu nggoleti prekara prekara sing sifate langgeng kanthi temenan, nek ora ya ora bakalan ulih bagean hak warisan sekang Gusti Allah.

Pangandikane Gusti Allah dichatet nang kitab Zabur bagean kesepisan unine: Diberkahi wong kang ora mlaku miturut nasehat wong duraka,sing ora ngambah dalane wong dosa, utawa njagong nang antarane wong memoyok. Nanging sing seneng maring angger anggere Gusti Allah, dipikirna awan lan wengi. Wong kuwe kaya wit sing ditandur nang pinggire kali, sing ngetokna woh samben mangsane lan ora alum godhonge.

Nanging wong duraka ora kaya kuwe. Dheweke kaya ampas gergaji sing dikaburna angin. Mulane wong duraka ora kuwat nang penghakiman, kaya wong dosa ora kuwat manggon nang antarane wong bener. Merga Gusti Allah weruh dalane wong bener, nanging dalane wong duraka nuju maring kerusakan.

Nang dalan sing endi kowe padha? Nang dalane wong wong sing nganggep janji Allah kuwe bandha sing berharga? Utawa nang dalane Esap sing adol janjine Gusti Allah kanggo prekara prekara sing sewetara?

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye...nang acara Piwulang Pengaji. Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 24.**

### **Yakub dadi Israel**

#### **Tukang Ngapusi dadi Pangeran**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang sing disit dhewek wis ngrungokna crita anak kembare Ishak yakuwe: Esap karo Yakub. Esap kuwe wong sing ngijolna hak wewenang pembarep/ hak kesulungan karo sepiring panganan, nganggep entheng janjine Gusti Allah.

Arti liyane jeneng Yakub yakuwe : tukang ngapusi. Dina kiye arep nerusna babagan Taurat lan sinau kepriwe Gusti Allah ngrubah Yakub si tukang ngapusi dadi Israel – abdine Gusti Allah.

Yakub bener bener tukang ngapusi sing pinter. Kitab suci ora nutup nutupi ambruke para nabi, dichatet ben dhewek ngerti, kepriwe Yakub ngapusi Esap kakange ben ulih hak wewenang pembarepe Esap. Merga diapusi Esap kesuh banget maring Yakub banjur ana niatan mateni adine. Nanging Ribka biyune krungu rencanane Esap, Ribka ngongkon Yakub lunga meng umahe pamane Laban, nang Haran manggon bareng nang kana nganti kesuhe Esap ilang.

Jare Kitab Suci: Yakub mangkat sekang Bersyeba lan lunga meng Haran. Wektu Yakub tekan sewijine panggonan, dheweke nginep nang kono, merga srengenge wis surup. Dheweke banjur njiot watu sing ana nang cedheke, di enggo bantalan turu.

Weftu mbengi dheweke ngimpi, weruh ana andha ngadeg sekang bumi sing pucuke sundhul meng langit, lan keton para Malaekate Gusti Allah, munggah mudhun andha kuwe.

Nang pucuke andha kuwe , ngadeg Gusti Allah lan Kiyambake ngendika:" Inyong kiye Tuhan, Gusti Allahe Ibrahim lan Gusti Allahe Ishak. Inyong arep aweh maring kowe lan keturunanmu, lemah sing nang dhuwure dituroni nang kowe siki. Keturunane kowe bakal kaya bledug lemah akehe, lan bakal nyebareng kulon lan meng wetan,meng ngalor lan meng kidul. Kabeh manungsa nang jagad kiye bakal diberkahi liwat kowe lan keturunanmu. Inyong arep bareng bareng kowe, bakal ngayomi meng endi bae kowe lunga, kowe bakal tek gawa bali meng negri kiye maning.

Wektu Yakub tangi turu, dheweke banjur ngomong: “ Setemene Gusti Allah ana nang panggonan kiye, nanging inyong ora ngreti.” Yakub wedi lan ngomong: Kayangapa angkere panggonan kiye, kiye mesthi padalemane Gusti Allah, lan kiye gapurane sewerga.” Esuk uput uput Yakub njiot watu sing di enggo bantal turu lan diedegna dadi tugu, nang nduwure di sogi lenga. Panggonan kuwe di arani : Betel artine Padalemane Gusti Allah.

Kaya kuwe sing diomongna nang kitab suci, dadi hak wewenang pembarep sing di colong Yakub sekang Esap , diwehna Gusti Allah dhewek meng Yakub. Sebenere yakub ora pantes nampa janji kuwe , nanging Gusti Allah sing Maha Pengasih lan Penyayang mewehi anugrahe meng wong wong sing ora pantes kanggo nampani.

Sing di deleng Yakub nang impene kuwe sewijine andha, dudu andha biasa , nanging andha sing dhuwur banget sing nyambungna antarane langit karo bumi, gutul meng Ngarsane Gusti Allah utawa Firdaus. Gusti Allah nuduhuna andha maring Yakub, Kiyambeke aweh ngerti menawa Kiyambeke kepengin duwe hubungan sing kenthal karo Yakub. Uga gambarane Sang Penebus kaya andha kuwe, ngubungna manungsa karo Gusti Allahe.

Tekan dina siki, akeh wong sing mikir nek dheweke teyeng menek andha banjur mlebu meng Firdaus karo usahane dhewek, liwat amal ngibadahe. Kitab suci aweh ngerti nek ukur ana siji andha sing bisa ngubungna manungsa maring Gusti Allah, andha kuwe mudhun sekang langit , dudu sekang bumi meng langit.

Kabeh anak putune Adam ora bisa karo usahane dhewek menek meng ndhuwur mlebu meng Ngarsane Gusti Allah. Merga awake dhewek kiye manungsa sing dosa, ora sanggup nyenengna manahe Gusti Allah sing Maha Suci. Nanging Gusti Allah sing kebek welas asih , tresnane sing gedhe banget karo manungsa, Kiiyambeke mbukak dalam keslametan kanggo anak putune Adam.

Dalan keslametan kuwe sing diomongna nang kitab suci: “ Ukur ana siji Gusti Allah lan siji pengantara antarane Gusti Allah karo manungsa....ben sapa bae sing percaya ora mati, nanging ulih urip sing langgeng. Teges lan jelas banget sing diomongna nang kitab suci: “ Ora nana sijia wong sing teka meng Gusti Allah, kejaba liwat pengantara suci sing dikongkon nang Gusti Allah sekang Sewerga.

Nang kitab Purwaning Dumadi pasal sangalikur (29) dicathet: Sewise Yakub manggon sewulan nang umahe Laban , Laban ngomong karo dheweke: “Aja dumeh kowe esih sedulure Inyong, anggonmu nyambut gawe nang kene ora ulih upah. Ngomonga, kowe njaluk diupahi apa.”

Paman Laban kuwe duwe anak wadon loro sing esih prawan, sing tuwa jenenge Lea, sing enom jenenge Rahel. Lea mriplate julung, nanging Rahel kuwe ayu rupane.

Yakub kasmaran maring Rahel, dheweke ngomong maring Laban: "Inyong gelem nyambut gawe pitung taun suwene, kanggo gantine, panjenengan ngewehna Rahel kanggo inyong. Laban banjur ngomong: " Lewih apik tek wehna maring kowe ketimbang go wong liya. Manggona bareng inyong nang kene.

Yakub nyambut gawe kanggo pamane Laban suwene pitung taun, wektu sing suwe nanging rasane kaya ukur pirang dina thok, merga senenge karo Rahel. Sewise kaya kuwe Yakub teka meng Laban lan ngomong: "Wehna bojone inyong" pitung taun wis dilakoni, inyong kepengin bareng dheweke. Laban banjur ngumpulna wong wong lan nganakna pesta. Nanging mbareng wengi, laban njukut Lea, diwehna maring Yakub, Yakub banjur turu bareng dheweke. Mbareng wis esuk esuk jebule sing didadekna bojone kuwe Lea, yakub banjur marani Laban lan ngomong: " apa sing penjenengan gawe meng inyong? Inyong wis nyambut gawe kanggo panjenengan ben ulih Rahel, kenang ngapa panjenengan ngapusi inyong?"

Laban mangsuli: " Manut adate nang kene , ora lumrah adine nikah disitan sedurunge mbakyune. Rampungna seminggu kiye guli kawinan karo Lea, sewise kuwe Rahel bakal tek wehna meng kowe, kowe nyambut gawe pitung taun maning kanggo gantine. Yakub nglakokna apa sing diomongna laban maring dheweke, sewise seminggu bareng Lea, Rahel diwehna meng Yakub dadi bojone. Yakub nresnani Rahel lewih sekang Lea.

Laban ngapusi keponakane, apa sing dilakokna Laban dudu prihal sing apik, nanging kabeh kuwe kudu dilakoni Yakub, Tangane Gusti Allah ana nang dhuwure, Gusti Allah bisa nganggo apa bae mesthi njengkelna bisa digawe kanggo kebecikane Yakub. Nyatane Yakub dadi Rama kanggo rolas (12) anak lanange. Yakub manggon nang umahe pamane Laban suwena rongpuluhan (20) taun, akeh kedadean sing nlangsani kedaden nang uripe Yakub. Liwat kedadean kuwe , Gusti Allah ndhidhik Yakub lan murnikna imane.

Nang sewijine dina ...Gusti Allah ngetona Kiyambeke maring Yakub lan ngendika: "balia meng tanah eyangmu, nggon kowe dilairna. Inyong arep bareng karo kowe, Yakub banjur menyat lan siap siap lunga bareng keluwargane. Yakub lan keluwargane nuju tanah Kanaan, tanah sing dijanekna Gusti Allah dadi duweke Ibrahim , Ishak lan Yakub karo anak putune.

Wektu yakub lan keluwargane nerusna lakune meng Kanaan, Gusti Allah ngetona Piyambeke maring Yakub nganggo cara sing istimewa, lan ngrubah jenenge Yakub.

Kiye sing diomongna kitab suci: " Yakub agi dhewekan, banjur wong lanang nekani lan nggelut Yakub nganti subuh, wektu wong kuwe ngrumangsani ora bisa ngalahna yakub, Dheweke ngantem cethike Yakub nganti copot sekang sendine. Jare wong kuwe: Culna Inyong merga wis arep esuk, " nanging yakub mangsuli: Inyong ora bakal ngeculna Panjenengan, nganti Panjenengan mberkahi inyong." Wong Kuwe banjur takon meng Yakub: " Sapa jenengmu? Yakub, Wong kuwe banjur ngendika, jenengmu dudu Yakub maning, nanging Israel, merga kowe wis gelut karo Gusti Allah lan wong akeh lan kowe menang".

Yakub ngomong: " Sapa jenengMu. Jare Wong kuwe, " Kenang ngapa kowe takon jenengKu? Dheweke mberkahi Yakub. Yakub ngarani panggonan kuwe Pniel sing artine: Pasuryan saka Gusti Allah. Merga inyong weruh Gusti Allah adhep adhepan nanging inyong slamet.

Wektu Gusti Allah gelut karo Yakub, Gusti Allah kepengin Yakub ngrumangsani kekurangane nang Ngarsane Gusti Allah. Gusti Allah kepengin Yakub ngerti menawa hikmat lan kekuwatan kuwe ukur teka sekang Gusti Allah.

Gusti Allah nduweni rencana sing gedhe kanggo Yakub, nanging berkah paling apik sekang Gusti Allah kuwe duweke wong sing ngerti bener bener nek dheweke ora bisa nyenengna manahe Gusti Allah karo kekuwatane dhewek. Yakub molai ngerti nek dheweke akeh kekurangane nang ngarsane Gusti Allah. Wengi kuwe , Gusti Allah aweh jeneng anyar kanggo Yakub yakuwe Israel. Yakub sing tegese tukang ngapusi , dirubah dadi Israel artine Sang pangeran.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye...nang acara Piwulang Pengaji. Sedulur, pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 25.**

### **Yusuf Diasorna**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang sing keri wingi dhewek wis sinau bab Gusti Allah ngrubah jenenge Yakub dadi Israel. Ngubah jeneng kuwe tegese ngubah sifat lan atine, Yakub sing tegese tukang ngapusi dadi Israel sing tegese Pangeran Allah. Israel uga jeneng sawijine bangsa, wujud sekang janjine Gusti Allah maring Ibrahim, Ishak lan Yakub. Bangsa Israel lair sekang rolas (12) anake Yakub, sekang kono Gusti Allah ngendika bakal teka Sang Penebus.

Kiye jenenge kerolas anake Yakub: Ruben, Simeon, Levi, Yehuda, Zebulon, Isakhar, Dan, Gad, Asyer, Naftali, Yusuf lan Binyamin. Dina kiye dhewek bakal sinau crita anake Yakub sing kesewelas yakuwe Yusuf.

Kitab Purwaning Dumadi pasal 37;2-14; 17-34

Kiye crita keturunane Yakub. Yusuf nalika umur pitulas (17) taun, dadi esih enom banget...dadi tukang anggon wedus gembel, bareng karo sedulur sedulure, anak anake Bilha lan Zilpa, keloro bojone Ramane. Yusuf ngomong maring Ramane bab kejahatane sedulur sedulure.

Isarel lewih nresnani Yusuf ketimbang anak anak liyane, merga Yusuf anak sing lair wektu Yakub wis tuwa; dheweke kongkon nggawe jubah sing paling apik. Sewise sedulur sedulure weruh, nek Ramane lewih tresna maring Yusuf ketimbang kabeh sedulure , dheweke dadi padha sengit maring Yusuf , ora pada gelem takon sing ramah.

Sewijine dina Yusuf ngimpi , mimpine dikandhakna maring sedulur sedulure ; sekang kono sedulur sedulure lewih sengit maring dheweke. Jarene: “ jejel rungokna mimpine inyong sing tek impekna kiye: Inyong karo kowe agi pada nang tegalan njireti tumpukan tumpukan gandum, banjur tumpukan gandum inyong ngadeg jejeg ; banjur teka tumpukan tumpukan gandum kowe padha ngubengi lan sujud nyembah maring tumpukan gandum inyong.” Sedulur sedulure padha ngomong: “ apa kowe kepengin dadi raja kanggo sedulurmku kabeh? ”. Sedulur sedulure dadi sengit banget merga impene lan omongane Yusuf.

Purwaning Dumadi 17-34:17 Yusuf banjur nusul sedulur sedulure nang Dhotan. Sekang kadohan Yusuf wis didelengna nang sedulur sedulure. Sedurunge Yusuf gutul, sedulur sedulure ngrengcanakna kanggo mateni Yusuf. Dheweke padha ngomong: “ delengen tukang ngimpi wis teka! Ayuh pateni lan cemplungna meng njero salah sijine sumur, banjur kandhakna nek dimangsa kewan galak. Mengko awake dhewek bakal ngerti kepriwe kedadeane impene kuwe! .

Bareng Ruben krungu sing kaya kuwe, dheweke kepengin ngeculna Yusuf sekang tangane sedulur sedulure , dheweke ngomong: “ aja nganti dhewek matenilah!”. Aja nganti ngwutahna getih , cemplungna bae dheweke meng njero sumur sing ana nang tegalan kiye, nanging aja di kapak kapakna. Maksude ben dheweke bisa nulungi Yusuf sekang tangan sedulur sedulure lan nggawa balik meng Ramane. Nembe bae tekan nang ngarepe dulur dulure, dheweke nguculi jubahe Yusuf , jubah sing apik banget sing dienggo kuwe. banjur dilarak lan dicemplungna nang njero sumur. Sumure kuwe esat ora nana banyune. Banjur dheweke padha njagong karo madang.

Mbareng dhewek pada ndengangak keton kang kadohan kapilah bangsa Ismail sing teka sekang Gilead, untane padha momot damar, balsam, lan damar ladan, arep digawa meng tanah Mesir. **Yehuda** ngomong karo sedulur sedulure: “ Untunge apa nek adine dhewek dipateni lan ngumpetena getihe? Ayuh di dol bae meng wong Ismail kiye, aja dikapak kapakna, Yusuf tetep sedulure dhewek, kulit daginge dhewek.” Sedulur sedulure ngrungokna apa sing diomongna. Pas ana saudagar saudagar Midian liwat, Yusuf di entasna sekang njero sumur, banjur di dol maring wong Ismail kuwe, payu rong puluh syikal perak. Yusuf di gawa meng Mesir.

Bareng Ruben balik meng sumur kuwe , Yusuf wis ora nana nang njero sumur. Jubahe banjur disowek sowek lan balik meng sedulur sedulure karo ngomong: “ bocah kuwe wis ora nana, meng endilah paranku?” 37:31 Dheweke njiot jubah Yusuf , lan nyembeleh wedhus, jubahe banjur dicelupna meng getihe. Jubah sing apik banget kuwe dijujugna maring Ramane karo diwelingi: “ Kiye sing ditemokna. Jejel Ramane tliti disit apa jubah kiye duweke anake Ramane apa udu ? “ Bareng Yakub nliti jubah kuwe, dheweke ngomong: “kiye jubahe anakku; anakku wis dipangan kewan galak; mesthi Yusuf wis di mangsa.” Yakub banjur nyuwек jubahe, nganggo kain kabung diubedna nang bangkekane, dheweke nangis pirang pirang dina merga anake kuwe.

Anadene Yusuf wis digawa meng Mesir; Ian Potifar wong Mesir, abdi daleme Raja Firaun, Punggawa pengawal Raja, tuku dheweke sekang tangan wong Ismail sing nggawa dheweke meng nganah. Gusti Allah nunggal karo Yusuf , ndadekna Yusuf wong sing kasil nang samben pegaweane, Yusuf manggon nang umah bendarane wong Mesir kuwe. Bareng Bendarane ngerti nek Gusti Allah nunggal karo Yusuf Ian kabeh sing di garap asile apik, Yusuf disenengi nang bendarane. Didadekna pelayane; dipasrahi kuwasa kanggo umahe Ian kabeh sing diduwensi bendarane. Sewise dheweke aweh kuwasa maring Yusuf kanggo ngatur sekabehane, Gusti Allah mberkahia umahe wong Mesir kuwe amerga Yusuf. Gusti Allah mberkahia kabeh sing dadi duweke, sing ana nang umah uga sing ana nang ladang. Kabeh di pasrahna maring Yusuf, karo bantuan Yusuf dheweke wis ora usah ngurusi apa apa maning seliyane panganane dhewek. Yusuf kuwe kelakuane apik Ian ganteng.

Bareng wis pirang pirang wektu Bendarane wadon sir karo Yusuf, Ian ngomong: “ ayoh..turu karo inyong.”

39:8 Nanging Yusuf ora gelem Ian ngomong karo bendarane wadon kuwe: “ Karo bantuane inyong, bendarane ora perlu ngurusi apa apa maning sing ana nang njero umah kiye, kabeh wis dipasrahna maring kekuwsaane inyong, malah nang umah kiye kuwasane ora lewih gedhe sekang inyong, ora nana sing ora dipasrahna maring inyong seliyane kowe, merga kowe bojone. Ora mungkin inyong nglakoni kejahatan sing gedhe kaya kiye Ian gawe dosa maring Gusti Allah?”. Senajan samben dina Bendarane wadon kuwe ngrayu Yusuf, Yusuf orangrungokna rayuane kon turu bareng sepeturon karo dheweke.

Sewijine dina Yusuf mlebu meng umah arep nyambut gawe , nang njero umah ora nana wong sija, bendarane wadon nyekeli klambine Yusuf karo ngomong: “ ayoh turu karo inyong.” Nanging Yusuf ninggal klambine nang tangane wong wadon kuwe , lan mlayu meng njaba. Bareng bendarane wadon weruh nek klambine Yusuf ana nang tangane Ian yusuf mlayu meng njaba, wong wadon kuwe banjur mbengok mbengok nyeluki kabeh rayate Ian ngomong: “ Delengna ! wong Ibrani sing digawa meng ngeneh meng umahku, ben inyong di enggo dolanan. Wong kuwe medheki inyong, arep awor turu bareng inyong, nanging inyong banjur mbengok mbengok seru banget . bareng krungu inyong mbengok mbengok seru banget , klambine ditinggal nang inyong banjur mlayu metu.” Klambine Yusuf disogna nang sandinge, tekan bendarane bali. Omongan kuwe uga sing dicritakna bendara wadon kuwe meng Potifar, jarene: “ Abdi wong Ibrani sing kowe gawa ngeneh kuwe teka maring inyong, arep nyembranani, bareng inyong mbengok mbengok seru banget, ditinggalna klambine nang inyong, banjur

dheweke mlayu meng njaba. Sewise bendarane krungu apa sing dicritakna bojone kaya kiye kaya kuwe inyong diperlukna nang abdine kuwe, bendarane kesuh banget. Yusuf dicekel dilebokna maring penjara, papan kanggo nahana wong wong kang gawe salah maring Raja. Kaya kuwe Yusuf dipenjara. Nanging Gusti Allah bareng karo Yusuf , dilimpahi kasih lan setya sekang Gusti Allah, Yusuf dadi kesayangane kepala penjara. Kepala penjarane masrahna kabeh tawanan nang njero penjara kuwe maring Yusuf, lan kabeh pegawean sing kudu dilakukna. Gusti Allah bareng karo Yusuf lan kabeh sing dilakokna di gawe sembada karo Gusti Allah.

Yusuf masrahna atine marang Gusti Allah, mulane dheweke ora seneng karo kemurtadan nanging seneng karo sing adil. Kaya dene leluhure Ibrahim, Yusuf uga percaya karo janjine Gusti Allah ngenani Sang Penebus sing bakal mati kanggo ngampuni dosa keturunane Adam.

Gusti Allah negesna nek Yusuf kuwe wong sing bener, Yusuf percaya maring Sabdane Gusti Allah, lan merga imane, Gusti Allah ngebeki atine Yusuf karo kepenginan lan kuwasa kanggo ngalahna dosa lan urip sing bener nang ndunya sing jahat.

Sabdane Kitab Suci: "Padha medheka maring Gusti Allah, lan Kiyambeke bakal medheki kowe, he..wong wong kang kang gawe dosa resiki tanganmu, resiki atimu wong wong sing atine cawang, asorna awakmu nang ngarsane Gusti Allah,Dheweke bakal ngangkat kowe.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian: 26**

**Yusuf Dimulyakna (Purwaning Dumadi 40-42)**

Sedulu, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan meng Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sedulur, siki awake dewek arep nerusna crita bab Yusuf, kepriwe Gusti Allah ngrubah kahanane Yusuf.

Purwaning Dumadi 41:1-16; 41:1 Sewise liwat rong taun suwene , Sang Prabu Pringon ngimpi, dheweke ngadheg nang pinggire kali Nil. Keton sekang kali Nil kuwe padha mentas pitung sapi sing apik perawakane, lan lemu lemu; banjur mangan suket sing ana nang pinggir kali kuwe. Sewise kuwe keton maning pitung sapi liyane , sing mentas sekang njerone kali Nil, elek perawakane lan gering awake, ngadheg nang sandhinge sapi sapi sing dhisit mau. Nang pinggire kali kuwe. Sapi sapi sing elek perawakane lan gering,mangan kepitung sapi sing apik perawakane lan lemu. Sang Prabu Pringon banjur tangi. Dheweke turu maning lan ngimpi kaping pindhone: keton ana siji gagang gandum, thukul pitung gandum sing aos aos lan apik. Nanging ora let suwe thukul pitung gandum sing gering lan alum merga sekang angin wetan. Gandum sing gering kuwe nguntal pitung gandum sing aos aos lan apik kuwe, banjur Sang Prabu Pringon tangi. Nyatane dheweke ukur ngimpi. Mbareng esuk esuk atine glasahan. Diprentah nyeluk kabeh wong ahli lan kabeh wong sing duwe elmu nang Mesir. Sang Prabu Pringon nyritakna ngimpine maring wong wong kuwe, nanging ora nana sing teyeng napsirna. Juru minuman ngomong maring Sang Prabu Pringon : Wektu inyong ana nang tahanan, ana wong nom sekang Ibrani , hamba kepala pengawal istana; inyong padha nyritakna ngimpine maring dheweke , banjur ditapsirna arti ngimpine inyong karo juru roti. Kaya sing ditapsirna aring inyong karo juru roti, kaya kuwe kedadeane. Inyong dibalekna aring pangkate inyong, lan kepala juru roti kuwe digantung.”

Sang Prabu Pringon prentah nyeluk Yusuf . Yusuf ditokna sekang penjara tutupan ; dheweke cukur lan ganti klambi, banjur ngadhep maring Sang Prabu Pringon. Piyameke ngomong maring Yusuf: “Inyong tes ngimpi, nanging ora nana sijia wong sing bisa napsirna, Inyong wis krungu ngenani kowe ; ukur karongrungokna impen kowe teyeng napsirna.” Yusuf mangsuli Sang Prabu Pringon: Dudu inyong, nanging Gusti Allah sing bakal martakake kesejahteraan kanggo Panjenengan.”

Sang Prabu Pringon banjur nyritakna impene maring Yusuf. Sewise crita, dheweke banjur ngomong: "Bulir gandum sing gering kuwe mangan pitung gandum sing apik mau. Prekara kiye wis tek critakna meng kabeh ahli tapsir, nanging ora nana sijia sing teyeng napsirna."

Yusuf kandha maring Sang Prabu Pringon : " Keloro impene Panjenengan kuwe padha, Gusthi Allah wis nuduhuna maring Panjenengan apa sing bakal dilakokna. Pitung sapi sing apik kuwe tegese pitung taun, lan pitung bulir gandum sing apik kuwe tegese pitung taun uga; keloro impen kuwe padha bae. Pitung sapi sing gering lan elek sing mentas keri kuwe tegese pitung taun, kaya mengkana uga pitung bulir gandum sing gabuk lan alum sekang angin wetan kuwe; tegese arep ana pitung taun paceklik . Gusti Allah wis nuduhuna maring Panjenengan apa sing bakal dilakokna, Ngertia Sang Prabu, pitung taun sing bakal dilakoni kuwe bakal ngalami wektu kelimpahan nang sekabehane negri Mesir. Sewise bakal ana wektu pitung taun mangsa paceklik.

Nganti ping pindho ngimpine kuwe dibaleni, tegese: Prekara kuwe wis ditetepna nang Gusti Allah lan Gusti Allah bakal enggal nglakokna. Mulane Sang Prabu kudu cepet golet wong sing pinter lan wicaksana didadekna penguasa nang tanah Mesir. Sang Prabu ngangkat para juru niti kanggo mriska kahanane Mesir. Sedawane pitung taun wektu kelimpahan kuwe, wong wong dikon ngumpulna seperlima sekang asile panen nang tanah Mesir, nyimpen gandum nang kutha kutha. Bahan pangan kuwe kanggo simpenan pas teka mangsa peceklik sing suwene pitung taun, wong wong nang Mesir ora padha mati kencoten. Usul kuwe dianggep apik nang Sang Prabu Pringon lan kabeh pegawene.

Sang Prabu Pringon ngomong karo Yusuf : "Merga Gusti Allah wis nuduhna kabehane maring kowe , ora nana wong sing nduweni akal budhi lan wicaksana kaya kowe, Kowe tek lantik tek dadekna penguasa nang istanaku, meng kabeh prentahmu kabeh rakyatku bakal nurut; ukur tahta kiye kelewhanku sekang kowe." Siki kowe tek angkat dadi penguasa nang kabehane tanah Mesir." Sang Prabu Pringon ngendika maring Yusuf: " Inyong kiye Sang Prabu Pringon , nanging nang tanah Mesir kiye, ora kena ana wong sing nglakokna apa bae, kejaba sekang persetujuanmu." Sang Prabu Pringon aweh jeneng maring Yusuf: Zafnat –Paaneah. Lan diwei Asnat , anake Potifera , imam nang On, dadi bojone. Kaya kuwe Yusuf dadi Penguasa nang tanah Mesir. Yusuf banjur mundhur sekang ngarepe Sang Prabu Pringon, dheweke ngiteri kabeh tanah Mesir. Tanah kuwe ngasilna asil sing akeh nganti mundhung mundhung sesuwene pitung taun. Yusuf ngumpulna bahan pangan nang mangsa kelimpahan kuwe lan di simpen nang kutha kutha ; asil sing ana nang daerah sekitare kota kuwe disimpen nang kutha kuwe.

53-57, 41:54 molai teka pitung taun mangsa paceklik, kaya sing diomongna Yusuf. Nang kebeh negri ana mangsa paceklik, nanging nang tanah Mesir tetep ana roti. Pas kebeh wong nang Mesir ngalami sengsara merga paceklik, lan rakyate njerit njerit njaluk roti maring Sang Prabu Pringon, dheweke ngomong maring kabeh wong wong kuwe: " Lungaa maring Yusuf , lakkona apa sing diomongna maring kowe." Mangsa paceklik kuwe dirasakna wong wong nang kabehe jagat. Yusuf banjur mbukak kabeh gudhang penyimpenan lan adol gandum maring wong Mesir.

Sekang kabehe jagat pada teka wong wong meng Mesir tuku gandum sekang Yusuf, merga sengsaya banget mangsa paceklik nang kabehe jagat.

Bareng Rama Yakub krunga kabar , nek nang tanah Mesir ana gandum, dheweke banjur ngomong maring anak anake: " Kenang ngapa kowe ukur pandeng pandengan thok?" " Inyong wis krungu nek ana gandum nang Mesir; lungaa meng nganah tukua gandum ben ora mati kencoten. Kesepuluh sedulure Yusuf pada lunga tuku gandum nang Mesir, nanging Rama Yakub ora ngejorna Benyamin, adine Yusuf , lunga bareng bareng karo sedulure, pikire: " Mbok menawa ana alangan mengko." Dadi nang antarane wong wong sing padha tuku gandum uga ana para putrane Israel, merga tanah Kanaan uga paceklik.

Yusuf dadi Mangkubumi nang Mesir; dheweke sing adol gandum maring sekabehe rakyat nang negri kuwe. dadi pas sedulur sedulure Yusuf teka, kudu ngadhep marang Yusuf lan sujud nganti raine tekan lemah. Bareng Yusuf weruh, dheweke ora pangling, nanging dheweke ethok ethok ora wawuh, malah disentak karo diomong: " Sekang endi kowe?" wangslane: " Sekang tanah Kanaan, arep tuku bahan pangan." Yusuf ora pangling maring sedulur sedulure, nanging sedulur sedulure padha pangling. Yusuf kelingan aring impene. Yusuf banjur ngomong: " Kowe kuwe mata mata, kowe teka kanggo ndeleng ndeleng negri endi sing ora di jaga."

Sedulur, ana telung peristiwa sekang critane Yusuf

Sepisan: Sedulure sengit lan nolak ngimpine Yusuf lan Yusuf dhewek, ngenyek lan ngedol Yusuf, kaya kuwe uga perlakuan sing ditrima Sang Penebus utusane Gusti Allah. Wong wong nolak Dheweke, di enyek, dipilara sawenang wenang di dol uga dipaku nang kayu salib.

Kepindho: wong ngremehna, ora perduli maring Yusuf, menjarakna, nanging nang wektune Gustis Allah, Yusuf diangkat pengwasa nang Mesir, lan ngomong karo wong wong sing kepengin slamet sekang paceklik lan kematian : " Lunga maring Yusuf ,...Dheweke nyediakna urip ." Kaya kuwe uga Gusti Allah ngendhika: "Lunga maring Penebus sing wis Inyong tentokna!

Dheweke kuwe sumber urip! Menawa kowe pasrah maring Dheweke, kowe bakal dipuasna lan jiwamu urip selawase.

Kaping telu: antarane Yusuf lan Penebus gawe ayem.

Sabdane Gusti Allah: Penebus sing siki dienyek lan ditolak nang wong akeh, Sewijine dina bakal bali meng ndunya ngakimi bumi kanthi bebener. Kabeh wong bakal andhap asor lan sujud maring Piyambeke lan ngerti menawa Piyambeke kuwe sing di tetepna Gusti Allah dadi Juruwilujeng lan hakim ndunya kiye.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 27.**

### **Pungkasan crita uripe Yusuf**

Sedulu, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina kiye arep sinau pungkasan critane uripe Yusuf . Rama Yakub kuwe nduweni anak rolas, Yusuf kuwe anak sing ke sewelas. Dheweke manggon nang tanah Kanaan. Tanah sing dijanjekna Gusti Allah kanggo dheweke dadi tanah milik. Nanging Yusuf kepisah sekang sedulur sedulure merga di dol lan dadi budak nang Mesir. Sedulur sedulure ora seneng karo Yusuf, merga ngimpine sing dicritakna menawa sedulur sedulure bakal sujud nyembah maring Yusuf. Nanging Gusti Allah nulungi Yusuf sekang kebeh kangelane. Karo pitulungane Gusti Allah, Yusuf dadi wong sing nduweni kuwasa nang tanah Mesir.

Dina kiye dhewek arep ngerti kepriwe Yusuf ngakoni maring kakang kakangane nek dheweke kuwe Yusuf.

Kitab Purwaning Dumadi 42:7: “ Bareng Yusuf weruh sedulur sedulure , Yusuf langsung ngerti, nanging ethok ethok ora ngerti. Dheweke takon karo mbentak jarene: “Sekang endi kowe?” wangslane: “Sekang tanah Kanaan arep tuku bahan pangan.” Akeh sing ditakokna Yusuf maring sedulur sedulure, Yusuf nuduh nek dulur dulure kuwe mata mata, banjur dilebokna maring penjara. Yusuf nglakukna kaya kuwe ben ngerti apa atine sedulur sedulure sing seneng nglemboni lan jahat kuwe wis berubah apa urung. Yusuf uga kepengin dheweke pada mikirna uripe lan atine nang ngarsane Gusti Allah. Sewise telung dina, Yusuf ngidini dheweke pada lunga, nanging ana siji sing di tahan, Yusuf ngomong karo dulur dulure sing liyane, nek dheweke pada lunga maning meng Mesir, dheweke kudu nggawa adine, anak sekang Yakub sing ragil, sing jenenge Benyamin.

Sewise pirang pirang wulan. anak anake Yakub kepeksa balik maning meng Mesir arep tuku gandum. Siki dheweke nggawa Benyamin. Wektu dheweke tekan lang ngadhep maring Yusuf , dheweke padha digawa maring umahe Yusuf , Yusuf nganakna pesta kanggo dheweke. Dheweke padha wedi sesuwene pesta kuwe, mergane guli njagong diatur manut urutan lahire, sekang sing paling tuwa tekan sing paling enom. Dheweke diwei panganan sekang mejane

Yusuf, nanging samben panganan kuwe dibagikna, Benyamin ulih lima kali lewih akeh sekang dulur dulure sing liya. Nanging dheweke tetep ora ngerti nek penguasa nang Mesir kuwe Yusuf.

Sewise pesta, Yusuf prentah para pelayane kon ngisi karung karung gandum sedulure, lan ngumpetna tempat nginum perake Yusuf nang njero karunge Benyamin. Bareng sedulur sedulure wis padha lunga, Yusuf prentah kepala pelayane mburu dheweke lan nuduh dheweke nyolong . Wektu ditakoni dheweke ora ngaku nek dheweke nyolong, banjur ngomong, nek barang sing digoleti nganti ketemu, wong sing njukut ulih diukum mati lan sedulur sedulure gelem dadi pelayane. Nanging kepala pelayan kuwe ngomong: ukur sing njiot thok sing ulih dadi pelayane Yusuf, sing liyane ulih lunga. Nyatane tempat nginum perak kuwe ana nang njero karunge Benyamin. Wektu sedulur sedulure ngerti, dheweke banjur nyowek klambine tandane sedhilih banget, balik maning meng kutha nyembah nang ngarepe Yusuf. Dheweke njaluk tulung maring Yusuf , kon aja nahan Benyamin, supaya adine ulih balik meng Kanaan maring Ramane. Sing liyane gelem tetep nang Mesir dadi budake Yusuf.

Dheweke banjur crita kaya ngapa sedhihe Ramane sewise kelangan sedulure dheweke sing liyane , lan sebenere Ramane ora rila nek Benyamin melu lunga meng Mesir. Yehuda kakange sing nomer papat njaluk maring Yusuf ben Benyamin diulihna balik lan dheweke dadi gantine. Wektu Yusuf weruh kaya ngapa sedhilih lan susahe ati dulur dulure merga kesalahan sing tau dilakokna gemiyen, lan rasa tresna sing bener bener maring Ramane lan adine , Yusuf ngerti menawa kakang kakangane kuwe wis tobat, lan wis wektune kanggo ngakoni sapa dheweke nang ngarep dulur dulure.

Kaya kiye jare Kitab suci Purwaning Dumadi 45:1-15

Nang kono Yusuf wis ora bisa nahan atine maning nang ngarepe kabeh wong sing ngadheg nang sanding,banjur dheweke mbengok: " Kabeh wong padha metua sekang kene." Dadine ora nana sija wong sing bareng karo dheweke nang kono mbareng dheweke ngenalna maring dulur dulure. 45:2 Sewise kuwe Yusuf banjur nangis seru banget, nganti keprungu wong Mesir lan seistanane sang Parabu Pringon. 45:3 Lan Yusuf ngomong karo dulur dulure : "Inyong kiye Yusuf! Ramane apa esih urip?" nanging dulur dulure ora wani mangsuli, dheweke padha wedi lan gemeteran ngadhepi Yusuf. 45:4 Yusuf banjur ngomong maring dulur dulure : "Ngeneh perek perek." Dheweke padha merek. Yusuf ngomong maning: : Inyong kiye Yusuf, sedulure kowe, sing kowe dol meng Mesir. 45:5 Nanging siki aja susah atimu lan aja getun, merga kowe ngedol inyong meng ngeneh, kanggo njaga urip, Gusti Allah prentah inyong ndisiti kowe.

45:6 Merga wis rong taun pacheklik nang negri kene, lan suwene limang taun maning wong ora bakal mbajak utawa panen. 45:7 Mulane Gusti Allah ngutus inyong ndisiti kowe kanggo njamin kelanjutan keturunane kowe bisa terus ana nang bumi kiye lan kanggo melihara uripmu ben sebagian gedhe sedulure kowe ketulung. 45:8 Dadi dudu kowe sing prentah inyong mengngeneh, nanging Gusti Allah; Dheweke sing nyelehna inyong dadi ramane sang Prabu Pringon lan tuan sekabehe istanane lan dadi pengwasa sekabehe tanah Mesir. 45:9 Enggal padha balika maring ngarepe Rama lan kandhaa karo dheweke: Kaya kiye jerene Yusuf, anakmu: Gusti Allah wis ndelehna inyong dadi tuan sekabehe tanah Mesir; tekaa mereki inyong aja kesuwen. 45:10 Kowe arep manngon nang tanah Gosyen, perek karo inyong, kowe bareng anak lan putumu, wedhus gembel lan lembu sapimu lan kabeh sing diduwensi nang kowe. 45:11 Nang kana Inyong bakal njaga kowe merga mangsa paceklik esih limang taun maning.ben kowe ora dadi sengsara 45:11 Nang kana inyong bakal njaga kowe, merga mangsa pacekliik kiye esih ana limang taun maning, ben kowe ora dadi kere bareng seumahmu lan kabeh wong sing melu karo kowe.45:12 Lan kowe wis weruh karo mripatmu dhewek , sedulure inyong Benyamin uga, nek cangkemku dhewek sing ngomongna maring kowe. 45:13 Merga sekang kuwe, critakna maring Ramane kabeh kemulyaane inyong neng negri Mesir kiye, lan kabeh sing wis di deleng, banjur gawanen Ramane meng ngeneh.” 45:14 Banjur dirangkul gulune Benyamin adine karo nangis, Benyamin uga nangis nang pundake Yusuf. 45:15 Yusuf banjur ngambungi lan ngrangkuli sedulure karo nangis.

Sewise kuwe Rama Yakub lan kabeh keluwargane pindah maring Mesir. Rama Yakub banjur aweh persembahan maring Gusti Allah, lan Gusti Allah ngendika maring dheweke: Inyong kiye Allah, Allahe Ramamu, aja wedi lunga meng Mesir, merga nang kana kowe bakal tek dadekna bangsa sing gedhe. 46:4 : Inyong Dhewek bakal mbarengi kowe lunga meng Mesir lan bakal nggawa kowe balik ; lan tangane Yusuflah sing bakal ngeremna mripate kowe mengko.

Sewise mlaku sing adoh dheweke tekan nang Mesir, kaya ngapa senenge Rama lan anak bisa ketemu maning sewise suwene rongpuluhan taun lewih kepisah. Sekang wektu kuwe Rama Yakub manggon nang Mesir, lan jenenge di ganti dadi Israel. Dheweke manggon nang tanah Gosyen. Rama Yakub manggon nang Mesir suwene 17 taun, sedurunge dheweke seda. Sesuwene nang Mesir keluwnaga kiye dadi akeh jumlah, lan dadi suku sing gedhe banget. Anak anake ngubur Rama Yakub nang tanah Kanaan.

Sewise Rama Yakub seda, dulur dulure Yusuf dadi was was mbok menawa Yusuf bakal mbales kejehatane sing gemiyen, nanging Yusuf ngedemna atine dheweke lan njamin, nek dheweke ora bakal mbales kejehatane.

Sedulur, kaya kuwe crita sing mungkasi kitab Purwaning Dumadi. Buku kiye sing diwiwiti karo crita kepriwe Gusti Allah nggawe urip, dipungkasi karo crita bab kematian. Merga dosane Adam, kematian wis teka meng kabehane wong. Elinga menawa : upahe dosa kuwe mati.” Malah wong seapik Yusuf sing duwe drajad :”Penyedhiya urip.” Kudu ngalami mati, merga dheweke uga keturunane Adam.

Syukur maring Gusti Allah sing wis ngutus Juruslamet , sing bakal ngalahna kematian, mbebasna keturunane Adam sekang oyode dosa lan upahe dosa, uga nyediakna urip langgeng kanggo wong sing percaya maring asmane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye.

Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 28.**

### **Mirsani Bab Buku Torah Kaping Pisanan**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrenguk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina kiye dhewek arep sinau ngenani Kitab Torah. Torah kuwe buku kaping pisanan sekang rangkean cathetane para nabi. Torah kuwe kasusun sekang limang bagean. Dina kiye dhewek arep molai buku sing kaping loro yakuwe kitab Pangentasan. Kitab kiye isine crita crita sing ajaih lan gawe takjub, kepriwe Gusti Allah nggawa metu bangsa Israel sekang perbudakan nang tanah Mesir.

Nang kitab sing kaping loro, dhewek arep ndeleng maning bab sing wis disinauni nang kitab sing kesepisan yakuwe Purwaning Dumadi. Ayat sing kesepisan kitab Purwaning Dumadi , dikandhakna: " Kawitane Gusti Allah gawe langit karo bumi. Kiye bab penting sing disinauni yakuwe: KAWITANE. Artine: wektu urung ana apa bae. Gusti Allah wis ana. Kiyambeke kuwe sing kawitan lan sing langgeng. Ora nana liyane seliyane Kiyambeke. Sebanjure dhewek arep ndeleng kepriwe Gusti Allah gawe Malaekat. Yutaan Malaekat sing suci digawe nang Gusti Allah kanggo nglayani lan muji Gusti Allah selawase. Nang antarane Malaekat malaekat kuwe ana siji Malaekat sing didadekna pimpinan nang Gusti Allah, jenenge Lucifer. Senajan wis dadi pimpinan para Malaekat , sewijine dina Lucifer rumangsa ora marem ukur dadi Malaekat. Deweke mbrontak maring Gusti Allah, Gusti Allah ora nolerir pembrontakan kuwe. Akibate Lucifer lan Malaekat malaekat sing berkomplot karo dheweke diurak nang Gusti Allah sekang Pirdus. Kanggo dheweke Gusti Allah nyiptakna Neraka.

Sebanjure Gusti Allah ngrenganakna nyiptakna manungsa, ciptaan sing mulya lan berharga banget.

Maring ciptaan kiye Gusi Allah kepengin mbagi perasaane, aweh katresnan lan nampa katresnan. Ciptaan sing kaya Kiyambeke sing teyeng disengi kandha, bisa dadi batir kenthele.

Sewise kuwe dhewek bakal sinau bab ujian ketaatan sing diadhepi manungsa sekang Gusti Allah sing diciptakna berpasangan Adam lan Hawa. Ujian kiye yakuwe kon aja mangan woh sekang wit pengerten bab sing apik lan ala. Nanging dhewek uga sinau menawa Adam lan Hawa milih kanggo nyoba nyoba kebenerane omongane Setan. Dheweke milih lewih manut Setan ketimbang manut karo Gusti Allah. Merga dosane Adam, dudu Adam thok sing kepisah sekang Gusti Allah, nanging kabeh keturunane .

Dhewek uga sinau bab uripe Adam karo Hawa sewise diurak sekang taman Pirdus. Nanging sedurunge metu sekang taman, Gusti Allah ngumumna sewijine rencana sing apik, yakuwe bakal ngutus Juruwilujeng kanggo keturunane Adam sing bakal mbebasna dheweke sekang kuwasane Setan lan ukuman utawa upahe dosa. Juruwilujeng kiye uga bakal ngrebut maning hak kuwasane Adam sing wis ilang direbut Setan wektu Adam tumiba nang godaane Setan.

Gusti Allah ngrenganakna bakal ngutus Juruwilujeng kang sempurna sing ora ngewarisi dosane Adam, sing bakal ngewutahna getihe kanggo nebus dosane anak keturunane Adam. Karo cara kuwe , Gusti Allah ngampuni dosa umate, ora nyalahi keadilane.

Kanggo negesna janjine, Gusti Allah banjur ngorbanna sawetara kewan lan sekang kulite Gusti Allah gawe klambi kanggo Adam lan Hawa. Gusti Allah nglakokna kuwe kanggo ngajari Adam lan Hawa menawa “asile dosa kuwe mati”. Lan “nek ora nana wutahe getih , ora nana pangapura kanggo dosa.”

Sewise kuwe dhewek bakal sinau bab uripe keloro anak Adam: Kabil lan Habil. Uripe Kabil lan Habil kuwe gambaran sekang uripe manungsa. Sing kesepisan kuwe kelompok wong sing kaya Habil, sing ngregani ketentuané Gusti Allah lan mempersebahna kewan sing disembeleh nggo kurban maring Gusti Allah. Menawa Kabil kuwe gambaran sekang manungsa kang nyoba teka marang Gusti Allah karo kekuwatane dhewek, gambaran sekang manungsa sing ora ngregani lan mercayai katentuané Gusti Allah.

Gusti Allah mbujuk Kabil kon nglakokna sing bener, nanging Kabil ora gelem ngrungokna peringatan sekang Gusti Allah, akibate kedadean rajapati sing kesepisan; yakuwe wektu Kabil mateni adine dhewek, Habil.

Akeh sekang keturunane Adam nyonto kelakuane Kabil. Mulane nang jaman Nuh ora ditemokna wong sing bisa ngluluhna ngamuke Gusti Allah. Jare kitab suci: "Ora nana sing apik, nang pikirane , ukur kejahatan thok." Merga kejahatane manungsa kuwe Gusti Allah ngrencanakna kanggo numpes manungsa sekang nduwure ndunya kiye karo banjir gedhe.

Nang jaman kuwe , Gusti Allah nemokna siji wong yakuwe Nuh , sing percaya maring Gusti Allah lan nglakokna ketentuané Gusti Allah. Nuh diprentah nang Gusti Allah kon gawe prau sing gedhe, kanggo enggon ngayom wong wong sing mlebu nang njerone, wektu banjir gedhe teka. Nuh gawe prau kuwe lewih sekang satus (100) taun, nanging ora nana wong sing percaya lan mertobat, kejaba keluwargane dhewek.

Nuh nduweni anak telu: Sem, Ham lan Yafet. Nabi Ibrahim kuwe keturunane Nuh sekang garis keturunan Sem. Nang kisah Ibrahim, Gusti Allah janji bakal ndadekna Ibrahim dadi Bapa leluhur sewijine bangsa sing anyar, sekang kono Juruwilujeng lan kitab suci , uga para nabi bakal teka.

Ibrahim nduweni putra Isak sing lair wektu wis tuwa. Isak banjur dadi Rama kanggo Yakub. Lan Yakub dadi Rama kanggo rolas (12) anak sing dadi sumber kerolas (12) suku bangsane Israel.

Nang telung bagean pengajaran sing keri kiye, arep ndeleng uripe salah sijine anake Yakub, yakuwe Yusuf. Merga gethinge sedulur sedulure, Yusuf kebuwang tekan Mesir. Nanging nang kana karo pitulungane Gusti Allah, Yusuf dadi wong sing kuwasa banget .

Kaya kuwe kahanan pungkasane buku kesepisan kitab Purwaning Dumadi, keturunane Ibrahim wis ora manggon nang Kanaan nanging nang Mesir. Kaya sing diomongna nang Kitab suci: " Ngertia nek keturunane kowe bakal dadi pendatang nang negrine wong, lan dianggеп kaya babu suwene 400taun. Nanging Inyong bakal ngukum bangsa sing wis ndadekna dheweke babu, sewise kuwe bakal tek gawa metu sekang kana karo nggawa akeh jarahan."

Sedulur ayoh maca pasal kesepisan sekang kitab Pangentasan. Kaya kiye unine: Pangentasan 1:6-22.

Yusuf banjur mati, kabeh sedulur sedulure lan kabeh wong sing barengane dheweke. 1:7 Wong wong Israel nduwene anak lan putu ora bisa di etung jumlahé; tambah akeh lan dadi akeh

banget, nganti negri kuwe dikebeki nang dheweke. 1:8 Banjur ana Raja anyar kang mrintah nang tanah Mesir, sing ora ngerti karo Yusuf. 1:9 Raja kuwe ngomong maring rakyate: “ Bangsa Israel kuwe akeh banget lewih gedhe cacahe ngungkuli dhewek. 1:10 Mulane ayoh padha golet rekadaya ben ora tambah akeh maning lan umpamane ana peperangn aja nganti ngrewangi mungsuh lan merangi dhewek , banjur minggat sekang negarane dhewek.” 1:11 Mulane kuwe ngangkat pemimpin pemimpin wong sing kerja rodi kon nindes lan nyambut gawe peksa : Dheweke diprentah ngedhegna kutha kanggo gedhong pangan Sang Prabu Pringon yakuwe kutha Pitom lan Raamses. 1:12 Nanging sengsaya di tindas sengsaya tambah akeh banget , ndadekna wong Mesir wedi maring wong Israel. 1:13 Karo kejem wong Mesir meksa wong Israel nyambut gawe, 1:14 lan uripe digawe pait getir diwei pegawean sing abot, ngerjakna lemah lempung lan gawe bata, lan pirang pirang pegawean nang tegalan, ya kabeh pegawean karo kejem dipkesa wong Mesir kon dilakoni. 1:15 Sang Raja Mesir uga prentah maring bidan bidan sing nulungi wong wadon Ibrani, Sifra lan Pua. Jerene: 1:16 “ Nek kowe nulungi wong wadon Ibrani wektu nglairna , kowe kudu nggatekna wektu bayi kuwe lair; Nek bayi lanang kowe kudu mateni; nanging nek bayi wadon ulih urip.” 1:17 Bidan bidan kuwe ngormati Gusti Allah, ora nglakokna apa sing diprentahna nang Raja Mesir ngejorna bayi bayi kuwe urip. 1:18 Raja Mesir banjur nyeluk bidan bidan kuwe lan nakokna: “ Kenang ngapa kowe nglakokna kaya kuwe ngejorna urip bayi bayi kuwe? 1:19 jawabane bidan bidan kuwe maring Sang Prabu Pringon: “Merga wong wadon Ibrani ora padha karo wong wadon Mesir; dheweke kuwat; sedurunge bidan teka , dheweke wis nglairna.” 1:20 Mulane Gusti Allah nglakokna sing apik maring bidan bidan kuwe ; tambah akeh bangsa kuwe tikel tumikel. 1:21 Merga bidan bidan kuwe ngormati Gusti Allah , Kiyambeke nggawe bidan bidan kuwe umah umah. 1:22 Sang Raja Pringon banjur prentah maring sekabehe rakyate: “ Balangna kabeh bayi bayi lanang Ibrani sing lair meng njero kali Nil; nanging bayi bayi sing wadon jorna urip.

Kaya kuwe pungksane bab kapisan sekang kitab Pangentasan. Nang patemon sing sebanjuré bakal sinau kepriwe Gusti Allah milih pemimpin sing bakal nggawa umat Israel metu sekang Mesir, bebas sekang cengkeraman Sang Prabu Pringon . Yakuwe Musa...Sang Nabi Allah.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 29.**

### **Nabi Musa**

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing ndadekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Ana limang kitab nang njerone kitab Taurat, sing ditulis nang Musa. Nang program sing pungkasan dhewek wis ngrampungna kitab sing kesepisan yakuwe kitab Purwaning Dumadi.

Nang bagean pungkasan kitab Purwaning Dumadi critane rampung wektu keturunane Ibrahim , Isak lan Yakub wis manggon nang Mesir.

Pasal sing kesepisan kitab Pangentasan, dicathet : (Pangentasan 1:1-14) 1:1 Kiye jeneng anak anake Israel sing teka meng Mesir bareng bareng karo Rama Yakub; dheweke teka bareng keluwargane. 1:2 Ruben, Simeon, Lewi, Yehuda; 1:3 Isakhar, Zebulon, Benyamin; 1:4 Dan karo Naftali, Gad lan Asyer. 1:5 kabeh keturunane Yakub cacahe pitung puluh jiwa. Nanging Yusuf wis ana nang Mesir. 1:6 Sebanjure Yusuf ninggal, uga kabeh sedulure wong sing seangkatan karo dheweke. 1:7 Wong wong Israel nduweni anak putu ora ketung cacahe; dheweke tambah akeh banget , negri kuwe kebek nang dheweke.

1:8 Nuli ana raja anyarsing mrentah nang tanah Mesir, sing ora ngerti bab Yusuf. 1:9 Raja kuwe ngomong maring rakyate: “Bangsa Israel kuwe akeh banget lan lewi akeh cacahe ngungkuli dhewek. 1:10 Ayoh dhewek golet rekadaya ben aja nganti tambah akeh maning lan..seumpamane ana peperangan aja nganti ngrewangi mungsuh lan nglawan dhewek, banjur minggat sekang Negara kene.” 1:11 Mulane ditugasna pengawas pengawas wong sing kerja rodi, go nindes dikongkon kerja peksa; dheweke kudu mbangun kutha kanggo Sang Raja Pringon kutha kanggo perbekalan, yakuwe Pitom lan Raamses. 1:12 Nyatane tambah ditindes tambah akeh, ndadekna wong wong wedi maring wong Israel. 1:13 Karo bengis wong Mesir meksa wong Israel nyambut gawe, 1:14 lan maitna uripe karo diwei pegawean sing lewi

abot, yakuwe ngerjakna lemah lempung gawe batu bata, lan liya liya pegawean nang tegalan, lan pegawean liyane sing kudu dikerjakna.

Gusti Allah nduwe rencana mbangun sewijine bangsa sing anyar; kuwe dikawiti karo wong loro sing wis tuwa: Ibrahim lan Sarai bojone. Isak lair wektu Ibrahim umure 100 taun, sekang Isak lair Yakub, sekang Yakub lair 12 anak. Wektu dheweke pindah meng Mesir. Cacahe dheweke 70 wong. Nanging siki sewise kurang lewi 300 taun , cacahe lewi sekang sejuta. Malah wektu Sang Rabu Pringon ndadekna sengsara ,didadekna babu, ben wong Israel entek, Gusti Allah tetep setya karo janjine. Gusti Allah terus nulungi wong Israel, dadine dheweke ora tambah kurang malah tambah akeh.

Sedulure inyong... Gusti Allah bener bener setya. Kiyambeke ora tau nglalekna apa maning nyangkali janjine. Gusti Allah mesthi bakal nggenepi apa sing dijanjekna; senadjan kanggo manungsa ketone kesuwen banget. Kaya contoh kiye: Wektu sing dilakoni sekang janji maring Ibrahim nganti wong Israel dadi sewijine bangsa nang negri Mesir lewi sekang 500 taun, nanging kebukti Gusti Allah netepi janjine.

Sedulur ...Sang Prabu Pringon kesuh merga ora kasil neken cacahe wong Israel mesthi wis didadekna budak , siki nduwensi rencana anyar . Rencana sing jahat banget yakuwe bakal mbuwang kabeh bayi lanang wong Israel nang njerone kali Nil.

Apa kowe ngerti sekang endi asale rencana kuwe? sekang Setan. Setan ngerti menawa wong Israel ora diremukna , mesthi dheweke sing bakal remuk, mergane Setan ngerti Gusti Allah wis tau janji bakal ngutus Juruwilujeng meng ndunya kiye. Juruwilujeng sing bakal mbebasna keturunane Adam sekang kuwasa utawa ukuman dosa lan neraka. Setan uga ngerti Juruwilujeng teka meng ndunya kiye liwat bangsa Israel. Mulane Setan nggunakna Sang Prabu Pringon kanggo ngancurna wong Israel sekang nduwur jagat kiye salah sijine mrentah mbuwang bayi bayi lanang meng kali Nil.

Sedulur...Gusti Allah lewi kuwasa lan kuwat sekang Setan. Rencanane Gusti Allah yakuwe mbangkitna sewijine pahlawan sekang tengah tengah bangsa Israel. Sewijine Pahlawan sing jenenge Musa. Nang pasal sing kepindho kitab Pangentasan , dicathet kisah ngenani uripe Musa wektu esih cilik ( Pangentasan 2:1-10). 2:1 Ana wong lanang turunane Lewi umah umah karo wong wadon iya turunane Lewi; 2:2 banjur dheweke meteng lan nglairna anak lanang. Bareng weruh nek bayine kuwe bagus banjur diumpetna telung wulan suwene. 2:3 nanging dheweke ora teyeng ngumpetna lewi suwe maning , Mulane njiot pethi pandhan, dipopok

nganggo aspal lan ter, bayi kuwe didelehna nang njerone, lan peti kuwe disogna nang tengah tengahe wlingen nag pinggire kali Nil; 2:4 Mbakyune ngadheg nang nggon sing mandhan adoh karo ndelengna ben weruh kepriwe kedadeane. 2:5 Banjur teka putri Sang Prabu Pringon arep adus nang kali Nil, sewetara dayang dayange mlaku mlaku nang pinggire kali Nil. Sang putri weruh peti nang tengah tengahe wlingen kuwe, biyung embane diprentah kon njiotna. 2:6 Bareng dibukak bayi kuwe agi nangis, merga welas asihe maring bayi kuwe dheweke ngomong: "Mesthi kiye bayine wong Ibrani." 2:7 Mbakyune banjur takon maring putri Sang Prabu Pringon : "Apa inyong ulih nggoletna Kanggo panjenengan biyung kanggo nyusoni sekang wong Ibrani kanggo nyusoni bayi kuwe tuan putri? 2:8 Sang putri banjur mangsuli: "ulih." Mbakyune mau banjur lunga nyeluk biyunge bayi kuwe. 2:9 Sang putri banjur ngomong karo biyunge bayi kuwe: " gawanen bayi kiye susoni kanggo inyong , inyong bakal aweh upah maring kowe." Wong wadon kuwe banjur njiot bayi kuwe lan disusoni. 2:10 Bareng bocah kuwe wis gedhe , digawa meng putri Sang Prabu Pringon, sing ngangkat dadi anake, lan dijenengi Musa, merga jarene: " Merga inyong wis ngentasna sekang banyu."

Kuwe kisahe laire Musa, kayangapa jerone hikmate Gusti Allah. Wektu bayi bayi lanang liyane dipateni, Gusti Allah ngatur ben bayi Musa ana nang panggonan sing paling apik lan paling aman, yakuwe istana Sang Prabu Pringon dhewek. Nganggo anak wadone Sang Prabu Pringon dhewek nggo perantarane, Gusti Allah nyiapna Musa dadi pemimpin, sing bakal nggawa bangsa Israel maring pembebasan, kemerdekaane. Diomongna nang kitab suci: "Musa dididik karo kabeh pengetahuan wong Mesir. Lan dheweke berkuwasa banget omongane lan kelakuane." Nanging perjalanan Musa esih dawa sedurunge dheweke dadi pemimpin kanggo bangsa Israel.

Diomongna nang kitab suci (Pangentasan 2:11-15) 2:11 Nang wektu kuwe , sewise Musa diwasa, dheweke metu nemoni sedulur sedulure arep ndeleng kerja peksane; dheweke weruh wong Mesir nggebug wong Ibrani , salah siji sekang sedulure kuwe. 2:12 Dheweke thingak thinguk pas di deleng ora nana wong , dheweke mateni wong Mesir kuwe, mayide diumpetena nang njero wedi.

2:13 Ngesuke dheweke metu maning, dheweke weruh wong Ibrani loro agi gelut. Dheweke takon maring wong sing salah kuwe: "Kenang ngapa kowe nggebug batirmu ?" 2:14 wangslane: " Sapa sing ngangkat kowe dadi pemimpin lan akim apa kowe bakal mateni inyong kaya kowe mateni wong Mesir? Musa dadi wedi , ujare: " Mesthi prekara kiye wis konangan." 2:15 Bareng Sang Prabu Pringon krungu prekara kuwe , digoleti ikhtiar kanggo mateni Musa.

Nanging Musa lolos sekang ngarepe Sang Prabu Pringon lunga tekan tanah Midian, dheweke njagong nang pinggire sumur.

Sering banget dhewek nglakokna prekara prekara karo sembrono kaya Musa Maksude dhewek sering temindak nganggo kekuwatane dhewek. Nang prekara Musa, Gusti Allah panceran milih dheweke dadi pemimpin sing bakal mbebasna bangsane, nanging pemberisan kuwe kedadean dudu karo kekuwatane Musa , nanging kuwasane Gusti Allah. Musa dhewek manungsa biasa sing ora nduweni kuwasa kanggo nglolosna bangsane sekang tangane Sang Prabu Pringon, kejaba Gusti Allah aweh kuwasa.

Asil sekang temindake Musa sing nyoba mbela bangsa Israel karo kekuwatane dhewek yakuwe, dheweke diurak sekang Mesir lan manggon nang ara ara samun (padang pasir) negri Midian selawase 40 taun. Dheweke nikah lan nduweni anak loro. Musa sinar, lan siyap dadi pemimpin umat Israel karo dadi pangon kewane mertuane.

Pangentasan 2:23-25) 2:23 Suwe sewise kuwe raja Mesir mati. Nanging wong Israel esih ngeluh merga perbudakan kuwe, dheweke padha njerit njerit, nganti jeritane njaluk tulung tekan nang ngarsane Gusti Allah. 2:24 Gusti Allah krungku jeritane , banjur kelingan karo janjine maring Ibrahim, Ishak lan Yakub. 2:25 Gusti Allah ndeleng lan nggatekna wong Israel.

Kesengsarane wong Israel pancer abot banget, lan dilakoni suwe banget. Gusti Allah ora nglalekna dheweke. Senajan dheweke ora lewih apik sekang bangsa bangsa liyane , nanging sing digathekna yakuwe sekang Gusti Allah dhewek dudu wong Israel. Gusti Allah kuwe kebak wels asih lan kasetyan maring bangsa Isrel.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sing arep teka.

Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 30.**

### **Musa Ketemu Gusti Allah**

Sedulur, salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing ndadekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dhewek wis ngerti kaya ngapa Sang Prabu Pringon raja Mesir, nekan keturunan Ibrahim, yakuwe wong Israel, didadekna budak, dikongkon kerja peksa. Nanging tambah dipeksa dheweke malah tambah akeh. Prekara kuwe ndadekna Sang Prabu Pringon kesuh. Mulane Sang Prabu Pringon aweh prentah kabeh bayi lanang wong Israel kudu dibuang meng kali Nil.

Gusti Allah ora ngejorna Sang Prabu Pringon nglakokna rencanane ngilangna wong Israel. Gusti Allah mbukak dalan kanggo bayi Musa slamet sekang prentahe Sang Prabu Pringon. Malah dirawat nang Putrine Sang Prabu Pringon lan manggon nang istnane.

Dina kiye arep nerusna kisahe Musa kaya sing di catet nang kitab suci.

Pangentasan 3: "Wektu kuwe Musa angon wedus, weduse mertune Yitro...dheweke agi nggiring wedhus meng sebelah padang gurun, dheweke tekan meng Gunung Sinai, gunung sing suci. Nang kono Malaekat Tuhan ngeton maring Musa liwat urube geni sing metu sekang rerungkudan . Musa weruh nek rerungkudan kuwe murub, nanging ora kobong. " Gawe takjub" "rerungkudan kuwe ora kobong.tek deleng sekang perek." Gusti Allah weruh Musa nyedheki panggonan kuwe, mulane Kiyambeke mbengok sekang tengah tengahe rerungkudan kuwe, Musa ! Musa! "inyong nang kene," wangslane Musa. Gusti Allah ngendika: "Aja perek perek, bukak sendalmu, merga kowe ngadheg nang lemah sing suci. Inyong kiye Allahe leluhurmu, Allah Ibrahim, Ishak lan Yakub." Musa banjur nutupi raine merga wedi ndeleng Gusti Allah.

7. Gusti Allah ngendika," Inyong wis weruh sengsarane umate Inyong nang Mesir, lan wis krungu jeritane njaluk dibebasna sekang wong wong sing nindes dheweke. Sebenere Inyong ngerti kabeh kesengsarane.. 8 Mulane Inyong mudhun kanggo mbebasna sekang tangane

wong Mesir lan nggawa metu sekang negri kuwe meng negri sing amba. Lemahe subur, siki dienggoni nang wong Kanaan. 9 Tangisane bangsa Israel wis tek rungokna. Wis tek deleng kaya ngapa dheweke ditindes nang bangsa Mesir. 10 Siki kowe tek kongkon ngadhep meng Raja Mesir ben kowe bisa mimpin bangsane Inyong metu sekang negri kuwe.”

11 Musa ngendika maring Gusti Allah, “ sapa inyong kiye, bisa ngadhep maring raja lan nggawa metu wong Israel sekang Mesir?” 12 Wangsulane Gusti Allah: Inyong bakal nulungi kowe. Nek kowe wis nggawa bangsa Israel metu sekang Mesir , kowe arep ngibadah maring Inyong nang Gunung kiye. Kuwe tandane nek Inyong ngutus kowe.” 13 Musa mangsuli,”umpamane inyong nemoni wong Israel lan ngomong karo dheweke: “Gusti Allah leluhurmu, ngongkon inyong maring kowe’ Dheweke mesthi takon, “sapa jenenge?” apa jawabane inyong? 14 Gusti Allah ngendika: “Inyong kuwe Inyong Ana.” Kuwe sing kudu diomongna maring bangsa Israel, Dheweke sing dijenengi Inyong Ana ngongkon inyong maring kowe. 15 Wartakna uga maring dheweke Gusti Allah, Allah leluhure Ibrahim, Ishak lan Yakub, ngongkon inyong maring kowe.

Ana patang prekara ngenani sipate Gusti Allah sing bisa disinauni sekang sabdane Gusti Allah maring Musa sekang njero rerungkutan sing murub nang gunung Sinai.

**Kaping siji, Gusti Allah kuwe suci!** Gusti Allah sing suci kiye ngeton meng Musa nganggo wujud geni sing murub. Wektu Musa krungu di celuk nang Gusti Allah, dheweke gemeter merga wedi, dheweke ora wani ngangkat raine, Musa ngerti dheweke agi ana nang ngarsane Gusti Allah. Nang ngarsane Gusti Allah para Malaekat, diomongna nang kitab suci: “ awan mbengi ora tau leren memiji muji: Suci, suci, sucilah Gusti Allah ingakang Maha kuwasa, sing wis ana lan sing bakal teka.” Para Malaekat kiye ngerti, bab kasucene Gusti Allah, kaya kuwe uga Musa. Kaya kuwe sing Gusti Allah karepna sekang awake dhewek ngertenikasucene Gusti Allah.

Elingana kisah sing wis disinauni sedurunge: Gusti Allah ngurak Adam lan Hawa sekang taman Eden merga dosane, Gusti Allah nolak kurbane Kabil merga kasucene. Merga kasucene, Gusti Allah ngukum manungsa nang jamane Nuh karo banjir gedhe. Sewise kuwe Gusti Allah mbuyarna penduduk Babel lan ngacokna bahasane merga dheweke arep nglawan maring Gusti Allah. Nang jamane Ibrahim, Gusti Allah ngukum penduduk kutha Sodom lan Gomorah karo udan geni sekang langit, uga merga kasucene.

Tekan dina siki , akeh wong ora ngormati kasucene Gusti Allah. Dheweke ora ngertenikasucene Gusti Allah kuwe. Kebukti sekang akehe wong sing padha gawe dosa lan seneng

seneng karo dosane. Gagale manungsa ngerteni kasucene Gusti Allah keton sekang sikap manungsa sing ndadekna agama kaya klambi, nanging ora nyelidiki kitab suci ben ngerti pengajaran sing bener sekang sabdane Gusti Allah. Akeh wong nyebut asmane Gusti Allah, nanging atine ora tulus maring Gusti Allah. Kegagalan manungsa ngerteni kasucene Gusti Allah keton sekang sikape kepriwe manungsa kuwe nganggep bener nang ngarsane Gusti Allah karo carane dhewek yakuwe karo puasa nang wektu sing suwe, bolak balik sembahyang, nyucekna awake karo upacara upacara. Kaya sing bisa di deleng nang catetane para nabi, prekara prekara sing keton sekang njaba ora bisa nyenengna atine Gusti Allah sing nuntut ben wong kuwe resik sekang njero atine. Gusti Allah kuwe suci, mulane Gusti Allah ngomong karo Musa: "copot kasutmu, merga lemah enggone kowe ngadheg kuwe lemah sing suci."

### **Kaping pindho, Gusti Allah kuwe Setya.**

Gusti Allah kuwe setya maring janjine, Kiyambeke ngenalna maring Musa: " Inyong kuwe Gusti Allah leluhurmu, Allahe Ibrahim. Ishak lan Yakub." Sabdane Gusti Allah kiye kudune merekna seneng kabeh wong sing kepengin perek maring Gusti Allah lan bersekutu karo Dheweke.

Gusti Allah sing suci uga Gusti Allah sing netepi janjine lan ora ninggalna sahabat sahabate...malah sewise atusan taun. Gusti Allah tetep kelingan karo perjanjen sing di gawe karo Ibrahim, Ishak lan Yakub lan keturunane.

Nuruti aturan aturan agama ora ndadekna wong bener nang ngarsane Gusti Allah. Sing tek takokna yakuwe: Apa kowe duweni hubungan pribadi karo Gusti Allah? Apa kowe precaya karo dalan lempeng sing ditetepna nang Gusti Allah ben nduweni hubungan sing kenthel karo Gusti Allah?.

Ana paribasan kiye: akeh dalan nuju Roma..nanging ngenani dalan sing nggawa meng keslametan , kitab suci teges ngomongna: " Ukur ana siji Gusti Allah lan siji pengantara antarane Gusti Allah karo manungsa." Kenangapa akeh agama nang ndunya kiye? Merga akeh manungsa wis nglalekna dasar kebenaran sing ditetepna Gusti Allah karo Ibrahim, Ishak lan Yakub, dheweke ora ngerti ngenani janjine Gusti Allah bab perantara sing bakal mbebasna manungsa sekang ukuman lan kuwasa dosa.

**Kaping telu Sipat liyane sing Gusti Allah tuduhna wektu Kiyambeke ngeton maring Musa nang rerungkudan sing kobong yakuwe: welas asihe Gusti Allah.** Gusti Allah ora ukur Maha Suci, Maha Setya... nanging uga Maha Pengasih. Gathekna, Gusti Allah dhewek sing nduweni karepan nulungi wong Israel wektu Dheweke kandha karo Musa: " Inyong wis

nggatekna bener bener kasengsaran umat Inyong nang Mesir. Inyong wis krungu jeritane lan melu ngrasakna kasengsarane , mulane Inyong teka kanggo mbebasna dheweke. Gusti Allah nglakokna kiye merga welas asihe lan kesetyane , dudu merga wong Israel kuwe. Bangsa Israel sebenare ora lewih apik utawa leweih bener sekang bangsa liyane. Dheweke ora pantes , merga Gusti Allah wis janji lan Gusti Allah prihatin karo kahanane, mulane Gusti Allah nulungi lan nggatekna dheweke.

**Kaping papat sing perlu disinauni yakuwe Jenenge Gusti Allah.** Sapa jenenge Gusti Allah. Gethekna jawabane Gusti Allah maring Musa: Inyong yakuwe Inyong Ana wis ngongkon inyong (Musa) maring kowe. Gusti Allah uga ngomong karo Musa:"Omongna maring wong Israel, Tuhan, Allah leluhurmu, Allah Ibrahim, Ishak lan Yakub sing wis ngongkon Musa maring kowe. Kiye Jenenge Inyong selawas lawase.

Jenenge : Tuhan, nang bahasa Ibrani di ditulis karo aksara mati: YHWH. Nang bahasa Inggris di jenengi Lord artine: Sang kekal. Nang kitab suci para nabi nggambareke Gusti Allah karo pirang pirang jeneng lan gelar, nanging jeneng sing khusus kiye dienggo lewih kaping 6500. Gusti Allah kuwe Tuhan, "Inyong" yang Maha Kekal, sing wis ana, lan sing bakal ana selawas lawase. Dheweke ora nana kawitane, lan ora nduweni pungkasane, ora nana batese, ora nana tandingane, Dheweke ana merga kuwasane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 31**

### **Sang Prabu Pringon, Sapa Gusti Allah kuwe?**

Sedulur, salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing ndadekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina kiye arep nerusna crita sekang kitab kaping pindho sekang Taurat, critane Musa lan wong Israel nang negri Mesir. Musa dididik nang Istana Sang Prabu Pringon karo didikane wong Mesir. Wektu Musa umur patangpuluhan (40) taun, dheweke nyoba mbebasna bangsane karo carane dhewek, akibate dheweke kabur sekang mesir lan ngumpet nang padang gurun. Suwene patangpuluhan taun Musa manggon nang padang gurun dadi pangon wedus gembele mertuane.

Wektu Musa umur wolungpuluhan (80) taun, Gusti Allah ngeton maring Musa nang Gunung sing jenenge Sinai, ngeton karo wujud geni sekang rerungkutan sing murub. Rerungkutan kuwe mubur mubur karo geni nanging ora kobong. Musa kaget banget , wektu dheweke mereki rerungkutan kuwe, dheweke krungu suwara sing ngomong: “ Inyong kiye Gusti Allah leluhurmu, Allahe Ibrahim, Ishak lan Yakub.” Musa keweden lan ora wani ndeleng. Gusti Allah banjur ngomong: “ Copoten srandalmu, panggonan enggon kowe ngadheg kuwe lemah sing suci.

Wis nggatekna kasengsarane umate Inyong, wis krungu jeritane, dadi Inyong mudhun kango nylametna dheweke. Dadi siki lunggaa, kowe tek kongkon maring Sang Prabu Pringon kanggo nggawa umate Inyong lunga sekang Mesir.

Nang pasal papat (4) kitab Pangentasan diomongna:

1 “ Kepriwe nek wong wong Israel ora ngandel lan ora ngrungokna omongane inyong? Apa sing bakal tek lakokna menawa wong Israel kuwe ngomong nek Gusti Allah kuwe ora ngeton maring inyong.?

2 Gusti Allah banjur takon maring Musa, “Apa kuwe sing nang tanganmu?” Jawabe Musa, “Teken.” 3 Gusti Allah ngendika: “Balangna meng lemah.” Musa mbalangna , banjur teken kuwe malik dadi ula, Musa mlayu ngadahi. 4. Gusti Allah ngendika maring Musa, “Pereki ula kuwe. cekel buntute.” Musa banjur mereki lan nyekel buntute banjur malik maning dadi teken nang tangane Musa.

5 Ngendikane Gusti Allah, Gaween kaya kuwe ben wong wong Israel ngandel , menawa Inyong Gusti Allah, Allah leluhure Ibrahim, Ishak lan Yakub, wis ngeton maring kowe.”

Nanging Musa ngomong, “Ya Gusti Allah, inyong dudu wong sing pinter ngomong, kawit gemiyen, uga siki sewise Gusti Allah ngomong karo inyong.. Inyong abot ilate, ngomonge alon lan ora lancar.” Gusti Allah ngendika karo dheweke:” Sapa sing aweh cangkem maring manungsa? Sapa sing gawe bisu utawa budheg, sapa sing gawe melek utawa picek? Apa udu Inyong, Gusti Allah ? 12 Siki, lungaa, Inyong bakal nulungi kowe ngomong lan ngajari apa sing kudu kowe omongna.” 13 Nanging Musa mangsuli, “Inyong nyuwun, aja ngongkon inyong, ya Gusti Allah, kongkon wong liya bae.”

14 Gusti Allah banjur kesuh maring Musa lan ngendika, “Mbokan kowe nduweni dulur sing jenenge Harun? Inyong ngerti dheweke pinter ngomong. Sebenere dheweke agi nang ndalan teka meng ngeneh. .Dheweke bakal seneng ketemu karo kowe. 15 Ngomonga karo dheweke lan wei ngerti apa sing kudu dheweke omongna . Inyong bakal nulungi kowe wong loro lan ngajari apa sing kudu kowe omongna utawa lakokna. 17 Gawanen teken kuwe , kowe bakal gawe pratanda pratanda karo teken kuwe.

18 Musa banjur balik meng umahe Yitro, Rama mertuane, lan ngomong maring dheweke, “Rilakna inyong balik meng Mesir kanggo niliki sedulur sedulure inyong lan ndeleng apa esih pada urip.” Yitro ngomong maring Musa, “Lungaa nganti slamet.” 19 Wektu Musa esih nang tanah Midian, Gusti Allah ngendika karo dheweke, “Balika meng Mesir. Kabeh wong sing arep mateni kowe wis padha mati.” 20 Musa aseng bojo lan anak anake, ngunggahna dheweke meng ndhuwur keledai banjur mangkat meng Mesir. Merga kongkone Gusti Allah, Musa nggawa tekene. 21 Gusti Allah ngendika maring Musa, “Inyong wis aweh kuwasa maring kowe kanggo gawe pratanda pratanda. Mengko nek kowe wis balik meng Mesir lakokna kabeh pratanda kuwe nang ngarepe Raja Mesir. Nanging Inyong bakal ndadekna dheweke wangkot ora gelem ngeculna bangsa Israel lunga.

27 Sawetara kuwe Gusti Allah ngendika maring Harun, "Lungaa meng padang gurun temoni Musa." Harun banjur lunga lan ketemu karo adine nang Gunung Suci , lan ngambung dheweke.

28 Musa nyritakna maring Harun kabeh sing diomongna nang Gusti Allah maring dheweke wektu dheweke dikongkon balik meng Mesir, uga kabeh prekara sing kudu dilakokna. 29 Musa lan Harun mangkat meng Mesir, ngumpulna kabeh pemimpin Israel. 30 Harun ngomongna meng dheweke kabeh sing diomongna Gusti Allah maring Musa, lan Musa nglakokna kabeh pratanda pratanda nang ngarepe wong wong kuwe. 31 Dheweke padha percaya, bareng dheweke krungu menawa Gusti Allah nggatekna bangsa Israel lan ndeleng kabeh kasengsarane, dheweke sujud nyembah.

Pasal 5:1 Musa lan Harun banjur lunga ngadhep Raja Mesir lan ngomong, "Kaya kiye prentahe Gusti Allah, Allahe Israel, rilakna bangsane Inyong lunga ben bisa ngibadah maring Inyong nang padang gurun." 2 Sapa Gusti Allah kuwe?" takone raja. "Kenang ngapa inyong kudu perduli karo Dheweke lan ngrilakna bangsa Israel lunga? Inyong ora ngerti Gusti Allah kuwe, lan wong Israel ora tek rilakna lunga."

Sang Prabu Pringon lan kabeh wong Mesir nduweni agama, nanging dheweke ora ngerti ngenani Gusti Allah. Sing penting dheweke ngetutna agama leluhure. Sang Prabu Pringon lan wong Mesir percaya maring berhala berhala, jimat jimat, lan pemimpin pemimpin agama dudu karo Gusti Allah lan Sabdane.

Pasal 6:1 "Gusti Allah banjur ngendhika maring Musa, "Siki kowe bakal weruh kepriwe Inyong temindhak maring raja, Dheweke bakal tek peksa mbebasna bangsane Inyong, bakal tek peksa ngurak wong Israel sekang negri kiye." 2 Gusti Allah ngendhika maring Musa: "Inyong kuwe Gusti Allah." 3 Inyong ngeton maring Ibrahim, Ishak lan Yakub dadi Allah sing Maha Kuwasa, nanging Inyong ora ngenalna maring dheweke karo jeneng "Gusti Allah." 4 Inyong uga nganakna perjanjen karo dheweke. Inyong janji bakal aweh negri Kanaan maring dheweke. Negri sing dadi panggonane dheweke gemiyen urip dadi wong asing. 5 Inyong wis krungu sambate wong Israel sing di dadekna budak nang bangsa Mesir. Inyong banjur kelingan karo janjine Inyong. 6 Dadi umumna maring bangsa Israel menawa Inyong ngomong karo dheweke: Inyong kuwe Gusti Allah; kowe bakal tek bebasna sekang perbudakan bangsa Mesir. Inyong bakal aweh weruh kekuatene Inyong sing hebat kanggo mbebasna kowe lan ngukum bangsa Mesir karo ukuman sing abot. 7 Kowe bakal tek dadekna umate Inyong, lan Inyong bakal dadi Gusti Allahmu. Kowe bakal ngerti menawa Inyong kuwe Gusti Allahmu sing mbebasna kowe sekang perbudakan nang Mesir. 8 Kowe bakal tek gawa meng negri sing tek janjekna karo

sumpah maring Ibrahim, Ishak lan Yakub; tanah kuwe tek wehna maring kowe dadi duwekmu dhewek.

Gusti Allah ngomongna prekara kiye maring Musa: 3 “ Nanging Inyong bakal ndadekna Sang Raja wangkot. Dheweke ora perduli maring kowe 4 Mulane Inyong bakal ngukum Mesir karo ukuman sing abot, banjur tek gawa metu kabeh wong Israel sekang negri Mesir. 5 Wong Mesir bakal ngerti menawa Inyong kuwe Gusti Allah , wektu Inyong ngukum dheweke lan nggawa Israel metu sekang negrine dheweke.” 6 Musa lan Harun nglakokna apa sing diprentahna Gusti Allah. 7 Musa umure 80 taun lan Harun 83 taun wektu dheweke ngadhep raja Mesir.”

Wangkote Sang Prabu Pringon dadi kesempatan kanggo Gusti Allah nggo ngakimi Sang Prabu Pringon lan rakyate merga sing wis dilakokna maring bangsa Israel sesuwene 400 taun. Gusti Allah nglakokna pembalesan maring Sang Prabu Pringon, nganggo tangane Musa, Gusti Allah nidhokna kemulyan lan kuwasane lewat mukjizat ajaib sing bakal kedadean. Ben wong Mesir lan sekabehe jagad ngerti nek Gusti Allahe Ibrahim, Ishak lan Yakub kuwe urip lan bener.

Kenang ngapa butuh banget Gusti Allah nuduhuhna mukjizat ajaib? Merga nang Mesir ana atusan brahala sing disembah dadi dewane, Gusti Allah kepengin kabeh wong ngandel, ngerti nek Gusti Allah sing bener kuwe Gusti Allah sing netepna perjanjen karo Ibrahim, Ishak lan Yakub, Gusti Allah sing janji bakal ndadekna sewijine bangsa sekang kono, bakal teka nabi nabi, kitab suci lan Juruslamet.

Wektu Sang Prabu Pringon ngomong: “ Inyong ora ngerti Gusti Allah,” dheweke pance ngomong bener. Dheweke nduweni agama, nanging ora duwe ubungan. Tekan wektu siki akeh wong sing niru Sang Prabu Pringon. Dheweke ngomong bab Gusti Allah, nanging dheweke ora preduli maring Sabdane. Akeh wong nduweni agama nanging ora nduweni ubungan pribadi karo Gusti Allah.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 32**

### **Wabah Paukuman**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang pengajaran kiye dhewek bakal sinar bab Musa lan Harun di kongkon Gusti Allah kanggo mbebasna wong Israel sekang perbudakan nang Mesir. Dheweke ngomong karo Sang Prabu Pringon: " Rilakna umate Inyong lunga kanggo ngibadah maring Inyong nang padang gurun. Nanging Sang Prabu Pringon mangsuli: " Sapa Gusti Allah kuwe sing ngongkon inyong manut lan ngrilakna wong Israel lunga?"

Ndeleng sing di catet nang kitab suci kayangapa Sang Prabu Pringon " gelut" karo Gusti Allah. Kisahe nang kitab Pangentasan pasal 11 : " Dadi kaya sing diprentahna nang Gusti Allah, Musa lan Harun lunga ngadhep maring Sang Prabu Pringon. Nang ngarepe Sang Prabu Pringon lan pegawene, Harun mbalangna teken sing di cekel, teken kuwe banjur malik dadi ula. Sang Prabu Pringon ora gelem kalah , dheweke nyeluk para penasehat lan para penyahir, dheweke mbalangna tekene meng lemah banjur malik dadi ula, nanging tekene Harun nyaplok teken pegawe pegawene Sang Prabu Pringon kuwe."

Keajiban tekene Harun malik dadi ula merga kuwasane Gusti Allah. Sekang endi asale kuwasa sing ngubah teken para penyahir lan pegawene Sang Prabu Pringon? Sekang Setan. Setan pancen nduweni kuwasa nanging ora Maha Kuwasa.

Kitab suci nuduhna, kaya ngapa licike Setan kuwe, seneng banget ngapusi manungsa. Dheweke nduweni kekuatan teyeng nglakukna mukjizat mukjizat. Senajan kaya kuwe dhewek kudu yakin Gusti Allah lewi kuwasa sekang Setan. Setan bisa bae kuat banget, nanging Gusti Allah lewi kuwat . Nang kisah teken dadi ula, kekuwatane Gusti Allah keton wektu tekene Harun nyaplok teken tekene para pegawe Sang Prabu Pringon. Nanging senajan Sang Prabu Pringon weruh kedadean kuwe nang ngarepe, dheweke babar blas ora gelem tobat lan ngrungokna Sabdane Gusti Allah.

Di cathet nang kitab suci , “14 Banjur Gusti Allah ngendika maring Musa , “ Sang Prabu wangkot banget, ora ngrilakna bangsa Israel lunga. 15 Mulane lungaa nemoni dheweke esuk esuk, wektu dheweke mudhun meng kali Nil. Gawanen tekene sing bisa malik dadi ula kuwe, enteni tekane nang pinggire kali Nil. 16 Ngomonga meng Sang Prabu : Gusti Allahe wong Ibrani, ngongkon inyong kon ngomong maring tuanku ben ngrilakna umate Gusti Allah lunga kanggo ngibadah maring Kiyambeke nang padang gurun. Nanging tekan siki tuanku ora gelem ngrungokna. 17 Sabdane Guisti Allah, sekang apa sing tek lakokna mengko , kowe bakal ngerti nek Inyong kuwe Gusti Allah. Karo teken kiye inyong bakal nyabet nduwure banyu , lan banyune bakal malik dadi gethih.... 20 Musa lan Harun nglakokna apa sing diprentahna Gusti Allah. Nang ngerepe Sang Prabu lan pegawene , Harun ngangkat tekene lan nyabet banyu kali Nil , banyune malik dadi gethih. 21 Iwak iwak nang njero kali padha mati, lan mambu bosok banget, wong Mesir ora bisa nginum banyu kuwe. Nang sekabehane tanah Mesir ada gethih. 22 Nanging para penyihir Mesir nglakokna kaya kuwe uga nganggo sihire, merekna Sang Prabu tetep wangkot. Kaya sing wis di ngendikakna Gusti Allah, Sang Prabu ora gelem ngrungokna Musa lan Harun. 23 Malahan dheweke bali meng Istana ora preduli karo kedadean kuwe babar blas. 24 Kabeh wong Mesir ndudhuk blumbang nang sedawane kali Nil golet banyu go nginum, mergane banyu kali kuwe ora bisa di inum.

25 Pitung dina sewise Gusti Allah ngutuki kali Nil. (8:1) Gusti Allah ngomong karo Musa, “ Lungaa ngadhep Sang Prabu ngomonga maring dheweke pesene Inyong kiye: “Rilakna umate Inyong lunga kanggo ngibadah maring Inyong. 2 Nek kowe nolak, negri kiye bakal tek kebeki karo kodhok, kewan kewan kuwe metu sekang banyu lan mlebu meng njero istanamu, meng njero senthongmu lan ambenmu, meng njero umah umah para pejabat lan rakyatmu, malah meng enggon mbakar roti lan panci- pangi.”

Nanging Sang Prabu Pringon ora gelem ngrungokna pringatane Musa. 5 Gusti Allah ngendika maring Musa, “ Prentahna Harun kon ngulurna tekene meng ndhuwur kali kali, saluran saluran lan blumbang blumbang ben kodhok kodhok padha metu lan ngebekhi tanah Mesir.” 6 Harun ngacungna tekene meng ndhuwur kabehane banyu, banjur padha metu kodhok kodhok ngebekhi kabeh negrin kuwe. 7 Nanging para penyihir nganggo ilmu goibe nggawe kodhok kodhok padha metu nang ngeri kuwe. 8 Sang Prabu nyeluk Musa lan Harun, banjur ngomong: “ Ndedongaa maring Gusti Allah, ben Kiyambe ngilangna kodhok kodhok kiye.Inyong bakal ngrilakna bangsamu lunga kanggo mempersembahna kurban maring Gusti Allah.” 12 Musa banjur ndedonga maring Gusti Allah ben ngilangna kodhok kodhok sing di tekakna maring Sang Prabu. 13 lan kodhok kodhok sing ana nang umah umah , nang pekarangan pekarangan,

Ian sawah sawah mati kabeh. 14 wong Mesir ngumpulna bathang kodhok kodhok kuwe nganti mundhung mundhung, kabeh negri kuwe mambu bathang. 15 Mbareng Sang Prabu weruh kodhok kodhok kuwe wis padha mati, dheweke wangkot maning. Kaya sing wis diomongna Gusti Allah, Sang Prabu ora preduli karo omongane Musa lan Harun.

16 Gusti Allah ngendhika maring Musa, “ Kongkonen Harun nggebug lemah karo tekene, banjur nang negri Mesir kabeh bleduge lemah malik dadi lemud.” 17 Harun banjur nggebug lemah karon tekene, lan kabeh bleduge lemah nang tanah Mesir malik dadi lemud ngrubungi manungsa lan kewan. 18 Tukang sihire padha nyoba nganggo ilmi sihire nganakna lemud nanging ora bisa. Nang endi endi akeh lemud, 19 tukang sihir kuwe ngomong karo Sang Prabu , “ Kiye pakaryane Gusti Allah.” Nanging Sang Prabu tetep ndableg , kaya sing diomongna Gusti Allah, Sang Prabu ora preduli karo omongane Musa lan Harun.

Gathekna kedadean apa sing di alami tukang sihire lan tenung Sang Prabu Pringon. Tukang ramal lan tukang sihire Sang Prabu Pringon ora teyeng ngilangna wabah sing teka sekang Gusti Allah. Wektu Harun nggebug lemah karo tekene , bleduge lemah malik dadi lemud, para penyihir kuwe nyoba nglakukna prekara sing padha karo ngelmune dheweke nanging ora bisa. Dheweke ngomong karo Sang Prabu Pringon: “ Kiye tangane Gusti Allah.”

Tukang ramal lan tukang sihir mulai ngerti prekara kiye, nanging Sang Prabu Pringon ora gelem sujud maring Gusti Allah.

Gusti Allah esih nekakna pitung wabah maning maring Sang Prabu Pringon lan rakyate nganggo perantarane Musa lan Harun.

Wabah sing kaping 4, wujud laler cathak sing nutupi lemah lan umah sekabehane negri Mesir. Wabah kaping 5 Prenyakit menular nang kewan, ndadekna kewan kewan akeh sing mati duweke wong Mesir, nanging ora sijia kewane wong Israel sing kenang prenyakit kuwe. Sang Prabu Pringon tetep wangkot. Wabah sing kaping 6 , prenyakit cacar sing nyerang kewan lan manungsa. Omongane kitab suci: “ Tukang tukang sihir kuwe ora bisa ngadheg nang ngarepe Musa , dheweke keserang cacar, kaya wong Mesir liyane.

Wabah kaping 7. Udan badai es. Sewise wabah kiye rampung, negri kuwe dikebeki nang walang. Walang walang kiye ngentekna apa bae sing esih ana sewise udan es. Kuwe wabah sing kaping 8.

Wabah kaping 9. Gusti Allah ngendika maring Musa: “ Ulurna tanganmu meng langit ben peteng nutipi Mesir, nganti wong bisa ngrasakna petenge kuwe. “ Suwene 3 dina, ora nana wong sing bisa ndeleng apa apa. Nanging panggonane wong Israel ada cahya. Ora sijia wabah sing nimpa wong Mesir ngenani wong Israel. Nanging kenyataane ora gawe wong Mesir tobat. “ Sang Prabu Pringon ngomong maring Musa,” Lungaa sekang ngarepku, aja nganti inyong weruh kowe maning, nek kowe weruh riku maning, kowe mesthi mati.”

Inti pengajaran dina kiye: seumpama endhog gelut karo Gusti Allah sing kekuwatan Firmane atos kaya watu. Sang Prabu Pringon nyoba gelut, nglawan Gusti Allah... malah remuk merga keangkuhane. Ora nana sijia wong sing bisa ngalahna Gusti Allah. Apa sing disampekna Gusti Allah liwat piwulang kiye ? Nasehat sekang kitab suci yakuwe: “ Prekara kiye kedadean kanggo contoh, lan di cathet kanggo dadi peringatan. Gusti Allah kepengin ngelingna ben manungsa nggatekna pringatane Gusti Allah.

Manungsa kuwe ibarate sukет, lan kamulyane kaya kembang sukет nang tegalan . Suket kisut , kembange alum, nanging Sabdane Gusti Allah langgeng selawase.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 33.**

### **Wedhus Keslametan**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang sing ndisit, dhewek wis sinau kaya ngapa Sang Prabu Pringon nglawan panggandikane Gusti Allah sing diomongna liwat Musa lan Harun, kanggo mbebasna wong Israel lunga sekang Mesir. Akibate Gusti Allah nekakna wabah wabah paukuman nang Mesir. Nanging sewise 9 wabah pangukuman Sang Prabu Pringon tetep wangkot ora gelem mbebasna bangsa Israel.

Gusti Allah nekakna wabah sing paling keri wabah sing kesepuluh, wabah sing bakal meksa Sang Prabu Pringon mbebasna wong Israel. Sewise wabah kaping 9 Sang Prabu Pringon ngomong maring Musa lan Harun: “ Lungaa.. sekang ngarepku , aja nganti inyong weruh raimu maning, nek ora kowe mesthi mati.”

Pasi 11, kepriwe Gusti Allah njawab Sang Prabu Pringon liwat omongane Musa.

4 Musa ngomong maring Sang Prabu, “Kaya kiye ngendikane Gusti Allah, “ kurang lewih tengah wengi Inyong bakal ngiteri tanah Mesir. 5 Kabeh bocah lanang sing mbarep nang Mesir bakal mati, mulai anake Sang Prabu Mesir tekan anake abdine wedon sing tukang nggiling gandum. Anak mbarep sekang kabeh kewan uga padha mati. 6 Nang sekabehe Mesir ana swara tangisan seru banget, urung tau ana kedadean kaya kuwe lan ora bakal ana maning. 7 Nanging kanggo wong Israel, manungsa lan kewan ora nana sing mati. Gusti Allah gawe pembeda antarane wong Mesir karo wong Israel. 8 Musa banjur ngomong, “ Kabeh pejabat tuanku bakal teka lan sujud maring inyong, njaluk ben inyong lan bangsane inyong lunga sekang negara kiye. Sewise kuwe inyong bakal lunga. :Karo kesuh banget Musa ninggalna Sang Prabu.”

Gusti Allah ngrencanakna siji wabah maning , lewih kejem sekang 9 wabah sing wis liwat. Sing bakal teka yakuwe kamatiyan sing ora bisa ditolak sekang kabeh anak mbarep nang Mesir. Kuwe artine anak anake wong Israel bisa ngalami wabah kiye. Nanging kaya sing diomongna

nang kitab suci: Bakal ana pembeda antarane wong Israel lan wong Mesir. Pembeda kuwe direncanakna nang Gusti Allah.

Dicathet nang kitab suci: “ 12:1 Gusti Allah ngendhika maring Musa lan Harun nang tanah Mesir 3 Sampekna prentah kiye maring kabeh wong Israel : tanggal sepuluh wulan kiye, kabeh wong lanang kudu nyembeleh siji anak wedhus, go dipangan bareng sekeluwarga. 5 Kowe ulih milih wedhus gembel utawa wedhus biasa, kudu lanang umur setaun, sing ora cacat. 6 Kowe kudu nyimpen nganti tanggal patbelas (14) . Pas dina kuwe sore sore kabeh wong Israel kudu nyembeleh anak wedhus kuwe. 7 gethihe sethithik diolesna nang keloro cagake lawang lan ndhuwur lawang umah, enggone wong wong kuwe padha mangan. 8 wengi kuwe uga daginge kudu di panggang lan di pangan bareng sayur pait lan roti sing ora nganggo ragi. 9 Anak wedhus kuwe kudhu di panggang kabehan, lengkap endhase, sikile, lan njero wetenge. Pangana daginge sing wis di panggang kuwe, aja ana sing di pangan mentah utawa di godhog . 10 Kabeh daging wedhuse kudhu di pangan nang njero umah , aja di gawa metu. Balungane aja di tugel.

11 Pas wektu mangan kowe kudu nganggo klambi lengkap kanggo lelungan, sikile srandalan, lan teken nang tangan. Kowe kudu mangan cepet cepet. Kuwe perayaan Paskah kanggo ngormati Inyong, Gusti Allah.12 Wektu mbengi Inyong bakal ngiteri kabeh tanah Mesir , lan mateni samben anak lanang sing mbarep , sekang manungsa utawa kewan. Inyong arep ngukum kabeh ilahe wong Mesir, mergane Inyong kuwe Gusti Allah. 13 Gethih sing ana nang lawang umahmu bakal dadi tanda sekang umah umah panggonanmu. Nek Inyong weruh gethih kuwe, kowe tek lewati lan ora tek pateni wektu Inyong ngukum Mesir.

Apa kekuatan gethih wedhus sing ora cacat sing diolesna nang ngarep lawang ? Kuwe mau cara sing dikarepna Gusti Allah maring Musa lan Harun.

Prentahe Gusti Allah kiye banjur disampekna Musa lan Harun maring kabeh umat Israael. Wektu dheweke krungu bab rencana penylametan kuwe, para pemimpin lan kabeh umat sujud nyembah maring Gusti Allah. Dheweke nglakokna kaya sing diprentahna Gusti Allah.

Miturut kitab suci: “ 29 Tengah wengi kuwe Gusti Allah mateni kabeh anak lanang sing mbarep anake wong Mesir.Kawit sekang anake Sang Prabu, tekan anak anake wong tawanan sing nang njero kunjara. Kabeh kewan sing mbarep uga dipateni. 30 Wengi kuwe Sang Prabu, para pejabat lan kabeh wong Mesir padha tangi. Nang sekabehe negri Mesir ana swara tangisan sing seru merga ora nana sijia umah sing ora kepaten anak lanange.”

Kayang ngapa nek kowe ana nang wengi kuwe. Wengi sing medeheni banget....Wengi sing dikebekhi jerit kematian lan tangisan kesusahan nang negara Mesir, merga ora nana sijia umah sing ora ngalami kepaten. Nanging sewalike, ora nana siji umah sekang wong Israel sing ngalami kepaten. Merga Gussti Allah netepi janjine: "Nek Inyong weruh gethih, Inyong bakal nglewati kowe utawa mbebasna kowe."

31 Wengi kuwe, Sang Prabu nyeluk Musa lan Harun banjur ngomong: " Lungaa sekang kene, kowe kabeh! Tinggalna Negara kiye! Lungaa nyembah maring Gusti Allahmu kaya jalukanmu. 33 Wong Mesir ndesek wong Israel kon cepet cepet lunga sekang Negarane, Dheweke ngomong: " Inyong kabeh bakal mati nek kowe ora lunga!.

Wengi kuwe kabeh wong Israel ninggalna Mesir, dheweke nggawa akeh banda merga wong wong Mesir padha aweh dunyane.

Diomongna nang kitab suci: "35 Dheweke wis nglakokna apa sing diprentahna Musa, yakuwe njaluk perhiasan emas lan perak uga klambi sekang wong Mesir. 36 Gusti Allah gawe wong Mesir murah atine maring wong Israel, dheweke ngewehna kebeh sing dijaluk nang wong Israel. Karo cara kuwe wong Israel nggawa akeh bandane wong Mesir lunga sekang Negara kuwe. 40 Bangsa Israel manggon nang Mesir 430 taun suwene.

Kabeh kedadean kuwe persis kaya sing dingendikakna Gusti Allah maring Ibrahim.

Kisah kiye dikenal karo Paskah sing artine: "Diliwati utawa luput utawa lolos." Nang peristiwa kiye kesimpen akeh bab sing bener ngenani Gusti Allah. Ana siji sing bakal di tinggalna kanggo sedulur kabeh yakuwe " Janjine Gusti Allah." " Nek Inyong weruh gethih, Inyong bakal nglolosna kowe." Gusti Allah wis netepna kabeh anak mbarep bakal slamet menawa ana lambang polesan gethih nang lawang umahe. Kuwe tegese Gusti Allah mbukak dalan kanggo keslametan liwat gethih anak wedhus. Menawa ana anake wong Israel takon maring ramane : " Kenang ngapa wedhus kuwe kudu di pateni?" Ramane kudu njawab kaya kiye: " Anakku, Gusti Allah wis ngutuk kabeh bocah mbarep nang Negara kiye kudu mati. Merga dosa kudu ulih ukuman. Nanging Gusti Allah merga welas asihe ngongkon ngorbanna wedhus sing ora cacat, lan ngolesna gethihe nang samben lawang , ben wabah kuwe ora ngenani awake dhewek. Wedhus kuwe kudu mati, merga upahe dosa kuwe pati. Wedhus kuwe dikorbanna ngganti awake dhewek. Kaya Ibrahim ngorbanna wedhus ngganti anakke.

Nang ngarsane Gusti Allah kabeh keturunan Adam padha kaya anak anak mbarepe wong Mesir lan Israel wengi kuwe. Ukuman sekang Gusti Allah sing suci ndadekna kabeh wong kudu mati

ngadepi penghakimane Gusti Allah. Kiye sing dimaksud kitab suci : “ Ora nana pembeda, kabeh wong wis gawe dosa,kelangan kamulyane Gusti Allah.” Upahe dosa kuwe pengukuman langgeng. Kebuwang sekang ngarsane Gusti Allah lan kamulyan kuwasane.”

Apa sing kudu dilakokna ben bisa slamet? Kepriwe bisa nyalmetna manungsa sekang ukumane dosa? Wedhus sing dikorbanna wong Israel kanggo ngindhari wabah kuwe gambaran sekang Penebus sing bakal teka, ngucurna gethihe kanggo mbayar utang dosa kabeh keturunane Adam. Ngenani Penebus diomongna nang kitab suci: “Kiyambeke wis mati sepisan kanggo kabeh dosane dhewek. Kiyambeke sing bener kanggo wong sing ora bener go nggawa awake dhewek maring ngarsane Gusti Allah, persis kaya wedhus sing dikorbanna wong Israel lan diolesna meng lawang lawang ben anak mbarepe ora mati. Kanggo nggambarna gethiieh Juru slamet sing ngucur nang kayu salib, ben kabeh wong sing percaya maring Kiyambeke bisa lolos sekang pengukumane Gusti Allah.

Gethihe penebus kuwe nduweni kuwasa kanggo nylametna manungsa sekang paukuman neraka lan dadi jaminan awake dhewek sing percaya bakal ulih panggonan nang ngarsane Gusti Allah.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 34 .**

### **Segarane Mbelah**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Wektu wengi kuwe, kabeh suku Israel metu ninggalna Mesir. Wengi sing sedih banget kanggo wong Mesir, nanging kanggo wong Isarel dadi wengi sing gawe bungah. Suwene 400 taun wong Mesir wis memperbudak lan meksa wong wong Israel nyambut gawe, nganti ora bisa ngrasakna bungahe urip. Wektu wengi Paskah kuwe Gusti Allah mbebasna wong Israel.

Siki arep sinau bab Gusti Allah mbebasna wong Israel sekang uberan tentara Mesir, sing di cathet nabi Musa nang kitaab Taurat:

“37 Wong Israel mangkat lan mlaku sekang kutha Raamses meng kutha Sukot. Cacahe 600.000 wong, ora ketung wong wadon lan bocah bocah. 38 Dheweke nggawa akeh sapi lan wedhus 19 Musa nggawa balung balunge Yusuf, merga wektu uripe Yusuf ngongkon wong Israel sumpah kon nglakokna kuwe . Kaya kiye wangsite Yusuf , “ Wektu Gusti Allah mbebasna kowe , mayidku kudu di gawa sekang kene.” 21 Wektu awan Gusti Allah mlaku nang ngarepe karo wujud tiang awan lan wektu wengi Kiyambeke mlaku nang ngarepe karo wujud tiang geni kanggo nudhuhna dalan. Karo kaya kuwe wong Israel bisa mlaku awan lan wengi. 22 Sedina suntuk tiang awan kuwe ana nang ngarepe bangsa kuwe, lan sewengi suntuk tiang geni kuwe mbarengi dheweke.

“1 Gusti Allah ngendikha maring Musa: 2 “Kandhani wong Israel kon mbalik lan kemah nang ngarepe segara Gelagah...3 Sang Prabu Mesir ngira wong Israel agi ngumbara nang negri kiye lan nyasar nang padang gurun. 4 Inyong bakal ndadekna dheweke wangkot, dheweke bakal nguber kowe. Nanging Inyong bakal ngetokna kekuwatanKu maring Sang Prabu Mesir lan tentarane, dheweke bakal ngerti nek Inyong kiye Gusti Allah.”

5 Mbareng Sang Prabu Mesir krungu menawa bangsa Israel wis lunga, dheweke lan para pejabate getun lan ngomong, kenang ngapa dhewek ngejorna wong Israel lunga, ndadekna dhewek kelangan budak budak?” 6 Sang Prabu banjur nyiapna kreta perange lan tentara. 7

Dheweke mangkat karo kabeh kretane, uga 600 kreta istimewa, sing ditunggangi para perwirane. 8 Gusti Allah ndadekna Sang Prabu wangkot, dheweke nguber wong Israel sing metu ninggalna Mesir karo tuntunane Gusti Allah.

9 Tentara Mesir karo kabeh kreta lan sing nunggangi padha nguber wong Israel, nyusul meng perkemahan nang pinggire segara. 10 Bareng wong Israel weruh Sang Prabu Mesir lan tentarane teka, dheweke padha keweden lan njerit njerit maring Gusti Allah njaluk tulung. 11 Dheweke ngomong maring Musa: “Apa nang Mesir ora nana kuburan, mulane kowe nggawa inyong kabeh mati nang kene? Delenga kelakuanmu kuwe! 12 Ganu inyong wis ngomong, prekara kaya kiye bakal kedadean! Inyong wis meksa kowe, kon aja ngganggu inyong, men tetep dadi budak nang Mesir. Mendingan dadi budak ketimbang mati nang padang gurun kiye!”.

Wong Israel ora ngandel maring Gusti Allah, dheweke padha keweden, segara nang ngarepe, mburine tentara Sang Prabu Pringon sing nguber wis perek sing bakal nyekel lan mateni.

Rungokna sing bakal diomongna Musa lan ndeleng apa sing dilakokna Gusti Allah.

13 Musa mangsuli: “ Aja wedi! Percaya! Kowe bakal weruh apa sing dilakokna Gusti Allah kanggo nylametna kowe. Wong Mesir dikowe deleng siki, ora bakal keton maning. 14 Gusti Allah bakal nulungi kowe, lan kowe meneng bae.”

15 Gusti Allah ngendikha maring Musa, “Kenang ngapa kowe mbengok mbengok njaluk tulung? Prentahna wong Israel kon mlaku terus! 16 Junjung tekenmu acungna meng ndhuwur segara. Banyune bakal kebelah lan wong Israel bisa nyembrangi segara, mlaku nang lemah sing garing. 17 Wong Mesir arep tek dadekna wangkot dheweke bakal nguber wong Israel, Inyong bakal nuduhuhna kekuwatane Inyong meng Sang Prabu Mesir, pasukane lan kreta kreta bareng sing nunggangi. 18 Wong Mesir bakal ngerti Inyong kuwe Gusti Allah. 19 Malaekate Gusti Allah sing ana nang ngarepe pasukan Israel, pindah meng mburi . Pindah uga tiang awan nganti ana nang antarane pasukan Mesir lan pasukan Israel. 20 Awan kuwe ndadekna peteng ndedet, sedawane wengi rong pasukan kuwe ora bisa pada mereki.

21 Musa ngacungna tangane meng ndhuwur segara, lan Gusti Allah gawe angin timur nyebul banter banget ndadekna banyu segara mundur. Sewengen wengen angin kuwe nyebul, ngubah segara dadi lemah garing. 22 Banyune kebelah dadi loro, wektu wong Israel nyembrangi segara , dheweke mlaku nang dasar sing garing , banyu kiwa tengne dadi tembok. 23 Wong Mesir karo kabeh kreta lan penunggange nguber terus ngetutna wong Israel meng tengah segara. 24 Sedurunge esuk Gusti Allah ndeleng sekang tiang api lan awan maring tentara Mesir lan

dikacaubalaukna. 25 Kiyambeke ndadekna rodha kretane wong Mesir macet, angel mlakune. Jarene wong Mesir, "Gusti Allah perang kanggo wong Israel nglawan dhewek. ayuh dhewek mlayu sekang kene!". 26 Gusti Allah ngendikha maring Musa: "Acungna tanganmu meng ndhuwur segara, banyune bakal mbalik , nglelepna wong Mesir, kreta kreta lan penunggange." 27 Musa banjur ngacungna tangane meng ndhuwur segara lan wektu esuk esuk banyune mbalik kaya kawitane. Wong Mesir berusaha nylametna, nanging Gusti Allah nglelepna dheweke meng njero segara. 28 banyu segara mbalik nutupi kreta kreta, penunggange penunggange, lan kabeh tentara Mesir sing nguber wong Israel meng tengah segara, ndadekna wong Mesir mati kabeh. 29 Wektu wong Israel nyebrang, dheweke mlaku nang lemah sing garing, banyune dadi tembok kiwa tengene, 30 Dina kuwe Gusti Allah nylametna bangsa Israel sekang serangane wong Mesir, dheweke ndeleng mayid mayide wong Mesir gelimpangan nang pantai. 31 Bareng wong Israel ndeleng kaya ngapa Gusti Allah karo kuwasane ngalahna wong Mesir, dheweke gumun banget, dheweke percaya maring Gusti Allah lan Musa.

Musa lan kabeh umat memuji muji, bersyukur maring Gusti Allah merga keslametan sing wis di tampa. Meriam sedulure Musa njiot rebana bareng bareng kabeh wong wadon memuji Gusti karo menari.

Gusti Allah dhewek sing wis dadi keslametane, ora nana sing digawe nang wong Israel sing bisa nylametna dheweke sekang tentara Sang Prabu Pringon. Dheweke ukur mlaku thok ngetutna dalan sing wis di bukak Gusti Allah kanggo dheweke nang tengah segara, banjur dheweke bersyukur lan nyembah maring Gusti Allah merga kelepasan sing wis diwehna sekang Gusti Allah.

Gusti Allah kepengin kabeh wong ngerti, dheweke kuwe padha karo wong Israel sing ora nduweni harapan ora bisa slamet sekang malapetaka, kecuali Gusti Allah dhewek sing nulungi.

Ulkur Gusti Allah sing bisa nylametna merga manungsa ora bisa nylametna awake dhewek utawa wong liya. Kiye sing dinyataknna nang kitab suci: Merga kasih karunia Gusti Allah, kowe wis dislametna, liwat iman, dudu sekang usahamu, nanging pawehe Gusti Allah, dudu pegaweanmu mulane ora nana wong sing bisa nyombongna awake dhewek.

Gusti Allah sing Maha Kasih mbukak dalan keslametan kanggo kabeh keturnane anak putune Adam. Gusti Allah ngarepna kabeh wong lput sekang pengadilan nanging kudu ngliwati dalan keslametan sing wis dibukakna. Nang dalan sing endi kowe siki mlaku? Dalan keslametan sing dibukak Gusti Allah ora didhasarna sekang kelakuan sing apik, sing dilakokna manungsa lan

ora didhasarna sekang ketaatane wong nglakokna syariat agamane. Gusti Allah ngendhika: Dudu merga kelakuan kelakuanmu ...mulane ora nana wong sing bisa nyombongna awake dhewek.

Dalan keslametan apa sing wis dibukakna Gusti Allah kanggo awake dhewek? Ora nana liya seliyane dalam Sang Penebus sing teka sekang Swarga sing mati kanggo dosa dosane dhewek lan urip maning , kanggo mbebasna wong sing percaya maring Kiyambeke .

Gusti Allah mbukakna dalam nang tengah “segara dosa” ben kowe bisa lolos sekang ukuman dosa lan tekan sebrang segara kuwe lan mlebu kanthi slamet nang njerone Hadirat Gusti Allah sing suci. Nanging kowe kudhu ngliwati dalam sing wis dibukakna nang Gusti Allah kuwe. Ngenani dalam keslametan Sang Penebus ngendhika: “ Inyong kuwe dalam, lan bebener, lan urip. Ora nana sija wong sing bisa tekan ngarsane Gusti Allah nek ora ngliwati Inyong. Inyong ngomong karo kowe sapa bae sing ngrungokna omongane Inyong lan percaya maring Dheweke sing ngongkon Inyong, wong kuwe nduweni urip sing langgeng lan ora diukum.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 35**

### **Panganan nang Tengahe Padang Pasir**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Lelakune wong Israel nang kitab Pangentasan, wong Israel ana nang tengahe padang pasir antarane Mesir karo Kanaan. Negri Kanaan kuwe negri sing dijanjekna Gusti Allah maring Ibrahim lan keturunaane kanggo dadi duweke. Kaya ngapa Gusti Allah aweh panganan maring kaum Israel sedawane mlaku nang padang pasir. Kitab suci aweh ngerti kaya ngapa Gusti Allah dhewek “mlaku” nang ngarepe rombongan sing gedhe kuwe nang njerone tiang awan wektu awan, lan geni wektu wengi. Sekang kene dhewek ngerti nek dudu Gusti Allah sing nuntun lan ngayomi, kabeh umat kuwe bakal mati nang tengahe padang pasir.

Bayangna...kahanane wong Israel sing akeh banget, ana nang tengahe padang pasir, apa sanggup mlaku telung dina suwene ora mangan lan nginum? Kepriwe aweh nginum kewane, nek dheweke bae angel golet banyu? Sekang endi dheweke ulih panganan? Ukur ana siji jawabane.. Gusti Allah thok sing bisa nulungi.

Nanging apa wong Israel ngarepna Gusti Allah? Gusti Allah sanggup nyukupi kebutuhan mangan lan nginume. Akeh mujizat kuwasane Gusti Allah sing disekseni. Dheweke ngerti lan weruh: sepuluh wabah nang Negara Mesir. Dheweke di gawa metu sekang tempat perbudakan kuwe, Gusti Allah nylametna nyawane bocah bocah mbarep wong Israel merga gethihe cempe utawa anak wedhus. Gusti Allah mbukak laut Merah nang ngarepe wong Israel, ben dheweke bisa nyebrang liwat lemah sing garing...siki, Kiyambeke mlaku nang njerone tiang awan lan tiang api nang ngarepe dheweke nuju negri Kanaan, tanah perjanjian.

Kitab Taurat Musa, kitab Pangentasan pasal 16:1 kabeh umat Israel banjur mangkat sekang Elim, tanggal limolas wulan loro sewise dheweke ninggalna Mesir, dheweke tekan nang padang pasir Sin, antarane Elim lan Gunung Sinai. 2 Nang padang gurun kuwe wong Israel padha nggrundel maring Musa lan Harun. 3 Dheweke ngomong: “Mendingan inyong padha, mati

dipateni Gusti Allah nang tanah Mesir. Paling ora bisa njagong karo mangan daging lan roti nganti wareg. Nanging kowe nggawa inyong padha meng ngeneh ben mati kencoten.”

Dheweke ora percaya maring Gusti Allah, nggrundel maring Gusti Allah lan nabine Musa. Rungokna apa sing diomongna Gusti Allah maring umate kuwe...”11 Pangandikane Gusti Allah maring Musa: 12 “Inyong wis krungu grundelane wong Mesir. Omongna maring dheweke , wektu sore, dheweke bisa mangan daging, lan wektu esuk dheweke bisa mangan roti nganti wareg. Dheweke bakal ngerti Inyong kuwe Gusti Allahe dheweke.”

4 Gusti Allah ngendika maring Musa: “ Siki bakal tek tekakna panganan sing akeh banget. Saben dina kowe kudu ngumpulna panganan kuwe secukupe kanggo sedina. Nganggo cara kaya kuwe Inyong bakal nguji umate Inyong, ben Inyong ngerti apa dheweke manut maring prentah prentah Inyong apa ora.

13 wektu sore teka manuk Puyuh akeh banget nganti nutupi kabeh perkemahan, lan wektu esuk teka embun sekitare perkemahan. 14 Bareng embun kuwe wis nguap keton nang ndhuwure padang gurun sesuatu sing tipis kaya sisik lan alus kaya embun sing beku. 15 Pas wong Israel weruh, dheweke ora ngerti apa kuwe, padha takon takonan, “ apa kuwe” Musa banjur ngomong: Kuwe panganan sing diwei sekang Gusti Allah kanggo kowe. 31 Panganan kuwe dijenengi Manna. Wujude kaya wiji cilik cilik warnane putih lan rasane kaya roti sing digawe sekang madu.

Kaya kuwe carane Gusti Allah aweh mangan umate sesuwene ngumbara nang padang pasir, nganti tekan nang negri Kanaan. Panganan kuwe teka sekang langit, sekang Gusti Allah. Gathekna kiye sedulur...sewise dheweke nggrundel, nyalahna Gusti Allah merganw wis digawa metu sekang Mesir. Dheweke pantese ulih ukuman, mergane wong Israel wis temindak ora berbakti. Nanging Gusti Allah merga welas asihe tetep ngurusni karo aweh panganan sekang langit ben ora mati kencoten.

Wektu wong Israel kentekan banyu kanggo nginum, 17 :1 Banjur kabeh wong Israel mangkat ..ngalih ngalih sekang panggonan siji meng panggonan liyane, kaya sing diprentah nang Gusti Allah. Sewijine dina dheweke kemah nang Rafidim, nanging nang kono ora nana banyu kanggo nginum. 2 Dheweke nggrundel maring Musa lan ngomong: “ Wenehi banyu ngombe” Musa njawab: “ Kenang ngapa kowe nggrundel lan nyobai Gusti Allah?” 3 Wong wong kuwe padha ngelak banget lan terus nggrundel maring Musa. Jarene: “Kenang ngapa kowe nggawa inyong padha metu sekang Mesir? Ben inyong, anak anake inyong lan kewane padha mati ngelak?”. 4

Musa banjur sambat maring Gusti Allah, jarene: “Apa sing kudu tek lakokna kanggo wong wong kiye? Delengen dheweke bakal mbalangi inyong karo watu.”

5 Gusti Allah ngendika maring Musa, “Undangen tuwa tuwa Israel lan mlakua bareng bareng dheweke nang ngarepe bangsa kuwe,. Gawa uga teken sing go nyabet kali Nil . 6 Inyong bakal ngadheg nang ngarepmu nang ndhuwur watu sing gedhe nang Gunung Sinai. Kowe sabela watu kuwe , banyune bakal metu ben wong wong bisa nginum.” Musa nglakokna kaya kuwe disekseni tuwa tuwa Israel.”

Dadi kaya kuwe sedulur...ana banyu mancur metu sekang njero watu karang, mili nang tengahé padang pasir lan banyu kuwe bisa nyukupi kebutuhan kabeh wong, uga kewan kewane.

Sewise wong Israel nyekseni kabeh keajaiban lan mujizat sing digawe nang Gusti Allah apa dheweke percaya maring Gusti Allah? Ora, dheweke ora padha percaya maring Gusti Allah, dheweke tetep sambat lan nggrundhel maring Gusti Allah sing wis nylametna dheweke sekang akehe bebaya. Kepriwe karo Gusti Allah dhewek? Kiyambeke sing Maha Suci lan Mulya,, sing wis diasorna merga sambate lan grundhelane wong Israel...merga welas asihe tetep njaga dheweke tetep urip, karo aweh panganan sekang langit lan banyu nang tengahé padang pasir. Sajane dheweke pantes ulih ukuman, nanging Gusti Allah tetep nglakokna sing apik maring dheweke.

Gusti Allah tetep njaga dheweke merga Kiyambeke Welas Asih, nanging Kiyambeke uga netepi omongane. Gusti Allah setya maring janjine. Gusti Allah janji bakal ndadekna umat Israel sumber berkat kanggo bangsa bangsa sing ana nang ndunya, liwat bangsa kiye ...nabi nabi, kitab suci lan Juruslamet bakal teka nang ndunya. Satemene umat Israel ora pantes ulih welas asihe Gusti Allah, nanging Gusti Allah mbuktikna kasih lan kesetyaane, karo aweh mangan Manna sing teka sekang langit.

“Apa intisari piwulang dina kiye?” Sabdane Gusti Allah: “Kabeh kedadean kiye dadi conto, utawa dadi pringatan kanggo dhewek sing urip nang jaman kedadean kuwe bakal kewujud. Padha karo Gusti Allah ngeculna wong Israel sekang kekuwatan lan kedhasyatan padang pasir, kaya kuwe uga Gusti Allah kepengin mbebasna manungsa sekang kekuwatan lan kedhasyatan dosa.

Apa sing kudu dilakokna wong Israel ben dheweke ora mati nang tengah padang pasir? Ora nana pilihan liya kanggo umat Israel, seliyane tetep bareng lan mangan panganan sing disiapna Gusti Allah.

Kitab suci aweh ngerti kahanane dhewek dadi manungsa , sebenere padha bae karo wong Israel, ora duwe kekuatan apa apa kanggo nylametna awake dhewek, sekang kuwasa dosa utawa ukumane Gusti Allah.

Sabdane Gusti Allah jelas banget: "kabeh wong sing nolak dalam keslametan sing wis disediakna bakal mati merga dosane lan mlebu neraka. Kabar becike yakuwe " Ora kabeh wong mesthi mati merga dosa dosane, kaya Gusti Allah aweh panganan maring wong Israel , ben ora padha mati, kaya kuwe uga Gusti Allah wis aweh panganan ben dhewek diberkati uripe siki lan urip wektu ngarep.

Panganan apa kuwe sing aweh urip langgeng, lan kekuatan kanggo urip nang ngarsane Gusti Allah selawas lawase? ..kurang lewih 1500 taun sewise wong Israel mangan Manna nang padang gurun, Gusti Allah ngutus Sang Penebus, Juruselamat ndunya. Kiyambike kuwe "Panganan" sing disediakna Gusti Allah kanggo kabeh umat manungsa ben bisa slamet sekang kuwasa dosa, kematian, pengukuman sekang Gusti Allah lan Neraka.

Rungokna lan gathekna apa sing diomongna Sang Penebus: " Sing tek omongna kuwe bener, sapa sing padha percaya, nduweni urip langgeng. Inyong kuwe roti sing urip. Leluhurmu mangan Manna nang padang gurun, nanging tetep mati. Kiye Roti sing teka sekang Sewerga, sapa sing mangan ora bakal mati. Inyong kiye Roti sing Urip sing teka sekang Sewerga...sapa bae sing teka maring Inyong, dheweke ora bakal kencot maning, lan sapa sing percaya ora bakal ngelak maning.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 36**

### **Gunung Sinai sing Nggegirisi**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji. Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dina kiye dhewek bakal ngerten iku ngapa Gusti Allah nemoni wong Israel lan aweh ke 10 angger anggere sing suci. Nang pasal 19 kitab Taurat, dicathet kaya kiye: “Nang wulan kaping telu sewise metu sekang Mesir, wong Israel gutul nang padang Gurun Sinai.” Nggone Musa ketemu karo Gusti Allah, wektu Gusti Allah ngeton nganggo wujud rerungkutan sing murub nang gunung Sinai.

Wektu kuwe Gusti Allah ngendika maring Musa: “7 Inyong wis weruh sengsarane umate Inyong nang Mesir...8 Mergane Inyong mudhun kanggo mbebasna. 10 Siki kowe tek prentah ngadhep Sang Prabu Mesir ...12 Inyong bakal nulungi kowe. Nek bangsa kuwe wis di gawa metu sekang Mesir, kowe bakal ngibadah maring Inyong nang gunung kiye. Kuwe buktine nek Inyong ngongkon kowe.”

Apa Gusti Allah netepi janjine maring Musa? Ya! Musa lan Umat Israel ana nang sikile gunung kaya sing dijanjikna Gusti Allah maring Musa 40 taun kepungkur, wektu Kiyambeke ngendhika maring Musa: “Nek kowe wis nggawa umate Inyong metu sekang Mesir, kowe bakal nyembah Gusti Allah nang gunung kiye.

3 . Musa munggah meng Gunung kanggo ketemu karo Gusti Allah. Gusti Allah ngomong maring Musa, prentah ngumumna maring wong Israel, keturunane Yakub, 4 “Kowe wis weruh apa sing tek lakokna maring wong Mesir, lan kepriwe Inyong nggawa kowe ketemu Inyong nang kene karo kuwasa sing gedhe. Kaya manuk rajawali nggwa anake nang nduwur swiwine. 5 Siki nek kowe manut karo Inyong lan setya maring perjanjiane , kowe bakal tek dadekna umatku dhewek. Jagad kiye duweke Inyong nanging kowe milik sing paling tektresnani, 6 khusus kanggo Awaku Dhewek, kowe bakal nglayani Inyong dadi imam imam.” 7 Musa banjur mudhun lan ngumpulna para pemimpin, dicritakna kabeh sing diprentahna Gusti Allah maring dheweke. 8 Wong Israel pada mangsuli bareng bareng: “Inyong, gelem nglakokna kabeh sing prentahna Gusti Allah.”

Apa bisa dheweke nglakokna kabeh prentahe Gusti Allah? Sing dikarepna Gusti Allah yakuwe wong Israel ngrumangsani nek dheweke kuwe ora bisa nyenengna Gusti Allah, merga dosa lan kahanane dheweke. Ben dheweke percaya maring kabar becik bab Penebus sing bakal teka maring ndunya kanggo nylametna wong wong sing dosa.

Gusti Allah wis ngapurani dosa leluhure yakuwe Ibrhim, Ishak lan Yakub nganggo dasar imane maring janji janjine Gusti Allah. Gusti Allah uga kepengin ngapurani umat Israel liwat iman, yakuwe iman maring Gusti Allah lan rencanane ngenani keslametan. Diomongna nang Kitab Suci : “Ora nana sijia wong sing dianggep bener nang ngarsane Gusti Allah, merga nglakokna ukum Taorat, wong bener urip sekang imane.”

Senajan kaya kuwe umat Israel teyeng tekan nang sikilie gunung Sinai, wong Israel esih ngarep arep nek dheweke bisa urip nang ngarsane Gusti Allah karo usahane dhewek. Wong Israel ora ngrumangsani apa sing dilakokna kuwe dosa. Wong Israel ngira dosa kuwe dudu prekara sing serius. Nanging Nang ngarsane Gusti Allah dosa kuwe prekara sing serius. Gusti Allah kuwe Maha Suci lan sempurna, Kiyambeke ora bisa nrima usaha apa bae sing ora sempurna.

Nanging wong Israel ora sadar prekara kuwe. Kuwe mergane wong Israel ngomong: “ Dhewek bakal nglakokna apa bae sing diprentahna Gusti Allah, nanging Gusti Allah nduweni rencana, nang ndi karo rencana kuwe Gusti Allah arep nuduhuhna maring wong Israel nek dheweke ora bisa “nglakokna apa bae sing dingendikakna Gusti Allah.”

Siki nerusna piwulang ngenani Gusti Allah sing mudhun nang ndhuwur gunung Sinai lan aweh kesepuluh angger anggere maring bangsa Israel. Nang kitab Suci diomongna : 10 siki temoni wong wong kuwe , (wei ngerti maring dheweke nek nang wektu 3 dina)...Inyong bakal mudhun nang ndhuwur Gunung Sinai , panggonan sing kabeh wong bisa weruh Inyong . 12 Gaweа tenger nang sekubenge gunung kiye kanggo wates sing ora ulih diliwati bangsa kuwe. Bangsa kuwe dilarang munggah meng gunung utawa medheki. Sapa bae sing ngliwati watese bakal diukum mati; 13 ora ulih dimek karo tangan, wong kuwe kudu dibalangi karo watu utawa dipanah. Kiye kedadeyan kanggo manungsa utawa kewan; kabeh sing ngliwati wates kudu diukum mati. Wektu muni swara trompet sing dawa wong wong kuwe nembe ulih munggah meng gunung. ..16 Wektu dina kaping telu , esuk esuk ana gludug lan bledhег . Mendhung sing kandhel keton nang dhuwur gunung lan krungu swarane terompel seru banget. Kabeh wong sing nang kemah pada ndredeg keweden. 17 Musa nggawa wong wong kuwe metu kanggo ketemu karo Gusti Allah, dheweke ngadheg nang sikile gunung. 18 Gunung Sinai ketutupan kukus, merga Gusti Allah mudhun meng ndhuwure karo wujud geni. Kukus kuwe

ngepul kaya kukus sekang nggon pembakaran, lan gununge goyang seru banget. 19 Swarane terompet suwe suwe seru banget ...20 Gusti Allah mudhun nang ndhuwur Gunung Sinai..."

Gusti Allah ngucapna kabeh omongan kiye : "Inyong kiye Gusti Allahmu, Sing nggawa kowe metu sekang tanah Mesir , sekang papan perbudakan.

1. Kowe aja nduweni Allah liyane nang ngarsane Inyong.
2. Kowe aja gawe brahala ...Inyong kuwe Gusti Allahmu.
3. Aja disalahgunakna asmane Gusti Allahmu, merga Gusti Allah nganggep salah wong sing nyalahgunakna asmane.
4. Elinga lan sucikna dina sabath.
5. Ajeni rama lan biyungmu.
6. Aja mateni.
7. Aja nglakokna jinah.
8. Aja nyolong.
9. Aja ngucapna paseksi palsu kanggo sepadha padhane kowe.
10. Aja iri maring tetanggamu. Aja ngepengini bojone, utawa pembantune, kebo utawa sapine utawa apa baen sing diduweni tetanggamu.... Wong wong kuwe ora wani teka perek perek.

Sing kudu di eling: Gusti Allah kuwe Suci, ora nana sijia wong sing bisa teka nang ngarsana Gusti Allah karo carane dhewek. kitab suci ngajari menawa samben wong kuwe kaya suket lan Gusti Allah kuwe geni sing bisa ngobong. Dhewek mesthi ngerti kayangapa nasibe suket nek kobong nang geni.

Sedulur, nang piwulang dina kiye dheweke wis krungu nek wong Israel ngendika maring Gusti Allah, nek dheweke bakal " nglakokna kabeh sing diprentahna Gusti Allah." Dheweke ngomong kaya kuwe merga dheweke ora ngertenipreksa Kesuciane Gusti Allah. Nanging sewise Gusti ngeton maring dheweke , pikirane dadi berubah banget. Sewise weruh dahsyate gludhug, bledhek, lan gunung sing ngukus karo suwarane Gusti Allah sing gemleger wektu nyebutna kesepuluh hukume, dheweke padha gemeter kewedhen. Dheweke ngadheg adoh adoh lan ngomong maring Musa, "Kowe bae sing ngomong maring inyong padha, inyong padha bakal

ngrungokna. Nanging aja Gusti Allah sing ngomong karo inyong padha, mengko inyong padha mesti mati.”

Wektu kuwe umat Israel mulai kelingan ngenani Kemahasuciane Gusti Allah, lan ora sanggup mereki Gusti Allah. Nang sikile Gunung kuwe dheweke mulai kelingan kebenaran sing diomongna nang Kitab Suci: “ manungsa kuwe kaya suket.” Lan “ Gusti Allah kuwe geni sing nggesengna.” Nang ngarsane Gusti Allah sing Maha Suci, apa bisa wong Israel jujur ngomong: “ oh...ora masalah, apa bae sing diprentahna Gusti Allah bakal tek lakukan ?”. Ora. Siki dheweke mulai sadar nek dheweke duwe masalah. Wektu dheweke mulai ngrasakna kasucene Gusti Allah lan tegese angger anggere , dheweke sadar ngenani ora suci lan ora sanggupe dheweke nglakokna angger anggere kanthi sempurna. Dheweke ngerti kahanane dheweke kuwe padha karo suket garing nang ngarepe urube geni sing mulab mulab.

Sedulur ... ora ana usaha sing bisa diihtiarna ben Gusti Allah nrima awake dhewek. Gusti Allah ora bakal nrima sing setengah setengah, setengah apik setengah ala. Setengah resik setengah kotor. Gusti Allah kuwe sempurna! Kiyambeke ora bisa nrima apa sing ora sempurna. Kowe uga aja ngarep menawa mengko pas dina kimat, wektu diadili, kelakuan sing apik sing kowe lakukan bakal nutupi durakane kowe..

Gusti Allah kuwe Hakim sing Adil, sing ngadili dunya, ukur bisa nglakokna sing bener , lan kebenarane ora bisa dikompromi. Kebenarane Gusti Allah nuntut dosa kuwe kudu ana ukumane. Ukuman kanggo dosa kuwe kematian lan kebuwang sekang ngarsane Gusti Allah selawase. Amal lan kelakuan apik sing dilakokna ora bisa mbatalna kewajibaan awake dhewek kanggo mbayar tuntutan akibat sekang dosa. Gusti Allah kuwe Suci, Kiyambeke kudu ngadili samben wong pas karo ukuran kasuciane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 37.**

### **Sepuluh Angger Angger kang Suci**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji. Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dina kiye dhewek bakal sinau samben bagean angger anggere Gusti Allah, lan mbandingna karo uripe dhewek, ben ngerti kayangapa kahanane uripe dhewek nang ngarsane Gusti Allah sing Maha Suci.

**Angger angger kaping sepisan.** Kowe aja nduweni Allah liyane nang ngarsane Inyong. Maksude Gusti Allah nang angger angger kiye yakuwe: Ukur Kiyambeke thok sing dadi Gusti Allah nang uripe manungsa. Kiyambeke ora gelem mbagi mbagi kamulyane karo liyane. Gusti Allah Sang Pencipta siji sijine sing kudu disembah. Nanging kenyataane akeh wong muja manungsa liyane sing kudune muja Gusti Allah. Ukur Kiyambeke thok sing pantes nrima ngibadah lan kapercayan sekang manungsa. Nanging wektu manungsa diadhepna karo masalah utawa tantangan , sing utama dilakokna dudu teka lan ndedonga maring Gusti Allah sing nyiptakna sekabehane lan sing sanggup nglakukna apa bae, malah teka lan berharap maring manungsa liya karo aweh panggonan sing pantese di enggoni nang Gusti Allah dhewek. Sapa sing nglakokna bab kaya kuwe , dheweke nduweni Allah liya nang uripe, lan nduweni Allah liya kuwe dosa.

**Angger angger kaping pindho** Gusti Allah bersabda: Kowe aja gawe brahala ...aja sujud utawa nyembah sing kaya kuwe, merga Inyong Gusti Allahmu kuwe Allah sing sujanan.” Liwat angger angger kiye Gusti Allah ngelingna dhewek kon njaga sekang brahala brahala. Brahala kiye dudu artine ukur patung patung karo wujud tertentu sing disembah nang panggonan khusus utawa nang salah sijine pojok umah. Brahma kuwe apa bae sing dadi alangan kanggo manungsa nyembah marang Gusti Allah. Contone ,adu pitik kuwe bisa dadi allahé dheweke, merga adu pitik lewih penting katimbanng Gusti Allah, televise bisa dadi brahala, kabeh wektu enthek ukur kanggo nonton televise. Ana uga wong wong liya sing nganggo jimat... wong wong kuwe nudhuhna menawa Gusti Allah thok ora cukup. Dheweke ora nana wektu kanggo maca Kitab Suci lan mikirna pengajarane ben bisa ngerten, utaw dagang wektu sing ana ukur di enggo dagang lan dagang, Kanggo wong liyane maning brahalane bisa dhuit. Sing paling penting kanggo dheweke ukur dhuit. Dheweke gelem nglakokna prekara sing ora bener ben

bisa ngasilna akeh dhuwit. Apa bae sing nggantikna artine Gusti Allah nang uripe manungsa kuwe bisa dadi brahala.

**Angger angger kaping telu**, Gusti Allah ngendhika: “Aja disalahgunakna Asmane Gusti Allahmu, merga Gusti Allah nganggep salah wong sing nyalahgunakna Asmane.” Kiye penting banget, Gusti Allah ora gelem , wong wong nyalahgunakna Asmane. Nanging samben dina dhewek bisa krungu nang endi endi wong wong padha ngomong “ insya Allah, inyong arep gawe kiye, gawe kuwe, utawa arep manganah, mengeneh,” padahal nang atine ora nana niatan nglakokna apa sing diomongna kuwe. Kehendak lan ijin sekang Gusti Allah babar blas ora dipikirna. Dheweke ngomong insya Allah, ben wong pada ngandel karo gorohe. Kiye dosa sedulur... Liyane ngomong: “Gusti Allah seksine....inyong ora gawe kiye, ora gawe kuwe .” padahal dheweke nglakokna. Ana maning sing ngomong: “Gusti Allah ngerti inyong ora gawe kiye utawa kuwe .” Nanging kuwe ukur nggedebus. Kuwe conto conto , kayangapa dhewek bisa menyalahgunakna lan nyebut Asmanae Gusti Allah karo sembrono. Kitab suci ngomongna: “ben kowe ngomong “ya” nek bener “ya” , lan “ora” nek bener “ora.” Lewihe sekang kuwe dosa.

**Angger angger kaping papat**,: ”Elinga lan kudusna dina sabat. Enem dina kowe wis berusaha lan nyambut gawe ...pada karo dheweke, suwene 6 dina Gusti Allah nggawe langit karo bumi , nanging Kiyambeke mandheg nang dina kaping pitu.” Nang kene dhewek ngerti menawa Gusti Allah kepengin umat Israel kon ngaso samben pitung dina, lan dina kuwe , dheweke ngormati Kiyambeke.

**Angger angger kaping Lima**, Gusti Allah, ngendikane: : ”Ajeni rama lan biyungmu., ben dawa umurmu nang tanah sing diwehna Gusti Allah maring kowe.” Nang kene kowe ngerti menawa wong tuwa kuwe wong sing istimewa pantes diajeni. Nanging nyatane jaman siki akeh bocah bocah ora manut karo wong tuwa, ana bocah bocah nek di elingna malah tambah sembrono maring wong tuwa. Ora ngajeni wong tuwa malah nyusahna lan nglarani atine wong tuwa. Karepe Gusti Allah, bocah bocah kuwe tresna maring wong tuwane, ngajeni, lan manut maring sekabehane sing nyenengna manahe Gusti Allah lan kekarepane.

**Angger angger kaping enam**, Gusti Allah ngendhika: “Aja mateni.” Diomongna nang kene, sapa sing mateni sewijine wong, dheweke gawe dosa maring Gusti Allah. Gusti Allah sing nggawe manungsa serupa karo Kiyambeke, diwenehi urip lan nyawa. Mateni utawa njiot nyawa kanthi meksa kuwe wujud sengite maring Gusti Allah. Kitab Suci ngajarna mateni kuwe dudu mung kebates nggawe wong kuwe mati ngantri peksa nanging “ sapa sing sengit maring

sedulure , kuwe wis dadi tukang mateni.” Sing sering ora digatekna yakuwe: Gusti Allah ngakimi wong dudu adhedhasar apa sing wis dilakokna , nanging apa sing direncanakna nang njero atine. Merga Gusti Allah ngerten i apa sing ana nang njero ati, nang ngarsane Gusti Allah rasa gething lan rajapati padha dosane.

**Angger angger kaping pitu**, sabdane Gusti Allah: “ Aja jinah.” Gusti Allah ngerti apa sing apik kanggo manungsa, kuwe mergane Gusti Allah aweh maring Adam wong wedon kon dikawini , Nang Kitab Suci diomongna: Wong wong lanang kudu nresnani bojone dheweke kaya awake dhewek. merga “ sapa sing megat bojone , kejaba dheweke ora setya , banjur kawin maning karo wong wadon liya, dheweke nglakokna jinah.” Wektu manungsa nglawan prentahe Gusti Allah , lan nglakokna apa sing dilarang , kadang awake sing nrima imbas sekang kelakuane kuwe. Mulane akeh penyakit sing ganas sing bisa gawe pati nimpa wong wong sing nduweni ubungan seksual nang njaba wates perkawinan sing ditemtokna. Perkawinan kuwe hadiah sekang Gusti Allah kanggo manungsa sing berharga banget.

**Angger angger kaping wolu : Aja nyolong .** Nyolong kuwe ora kebates njiot dhuwite wong liya utawa barang sing dudu duweke. Menawa kowe kepengin njiot barange wong liya mesthi nembe kepirikan nang njero atimu kuwe kelebu nyolong. Gusti Allah ngerti njerone atimu . Lan kowe ngerti apa ukuman kanggo wong sing seneng nyolong utawa seneng ngglanggar.? Ukumane yakuwe mati lan mlebu nang njero geni neraka sing ora tahu sirep.

**Angger angger kaping sanga:** “Aja dadi seksi palsu kanggo sepadha padhane kowe.” Gusti Allah kuwe Gusti Allah Kebenaran sing ora nana gandhengane karo prekara sing palsu. Akeh wong duwe pikiran : ora apa apa ngapusi sethithik ben kahanan tetep aman lan ngindhari masalah. Nanging prentahe Gusti Allah jelas, ora nana ngapusi cilik, ngapusi gedhe, ngapusi putih, ngapusi ireng... Gusti Allah ngendhika: Sapa sing ngapusi dheweke niru sifate Setan, yakuwe maling lan panuduh. Setan ngapusi Adam lan Hawa, tekan dina siki esih terus ngapusi wong. Sapa sing sering ngapusi padha karo Setan.

**Angger angger kaping sepuluh**, Gusti Allah ngedhika: “ Aja iri karo tanggamu, aja ngepengini bojone, utawa pembantune, kebo utawa sapine utawa apa bae sing di duweni tanggane kowe.” Prentahe Gusti Allah kiye nuduhuhna kanthi jelas, menawa Gusti Allah mangerten i kecenderungane atine manungsa. Iri karo dengki ana nang njero atine...prekara kiye sing ndadekna dheweke ngepengini bojone wong liya, utawa barange wong liya sing dhewek ora duwe, kuwe dosa.

Kiye kesepuluh ukume Gusti Allah, sing dipercayakna Gusti Allah maring Musa lan umat Israel.

Pertakonan sing kudu diwangsuli samben wong: Apa inyong wis nuruti kesepuluh angger anggere kiye? Wektu Sang Penebus sing Suci ana nang ndunya kiye , Kiyambeke mbagi kesepuluh angger anggere dadi rong bagean yakuwe: kesepisan: Tresnani Gusti Allahe kowe , karo nggempolonge atine kowe, lan karo nggempolonge nyawane kowe, lan karo sekabehane nalar budhine kowe. Lan angger angger sing kaping loro yakuwe: “ Tresnani sepedha pdhane manungsa kaya nresnani awake dhewek.”

Kiyambeke sempurna lan ora bisa nrima usaha utawa jerih lelah sing ora sempurrna. Kiye sebabé nang Kitab Suci diomongna: “Wong sing nglanggar salah sijine ukume Gusti Allah ora ndadekna wong kuwe berkenan nang ngarsane Gusti Allah.” Merga kabeh wong wis dosa lan wis kelangan kamulyane Gusti Allah.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 38**

### **Maksude Gusti Allah Aweh Angger Anggere.**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji. Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Kedadean kedadean wektu Gusti Allah mudhun nang Gunung Sinai aweh kesepuluh angger anggere kanggo wong Israel. Angger angger kaping pisan: Kowe aja nduweni Allah liyane nang ngarsane Inyong, angger angger kaping pindho: Kowe aja gawe brahala, kaping telu: "Aja nyalahgunakna Asmane Gusti Allah; kaping papat: eling lan sucikna dina sabat; kaping lima: ajeni rama lan biyunge kowe; kaping enam: aja mateni; kaping pitu: aja jinah; kaping wolu: aja nyolong; kaping sanga: aja ngapusi; kaping sepuluh: aja iri maring sepeda padhane.

Kuwe sepuluh angger angger sing dadi tanggungane wong Israel; Gusti Allah ngendika:"Menawa ana wong sing sanggup nglakokna kanthi sampurna angger angger kuwe, wong kuwe pantes urip nang ngarsane Gusti Allah. Nanging menawa ana sing nglakokna angger angger kuwe nanging ngglanggar salah sijine , wong kuwe di anggep salah nang ngarsane Gusti Allah, kaya wong sing nglanggar sekabehane angger angger kuwe, kudu kapisah sekang Gusti Allah selawase.

Kuwe dalan kekudusan sing dituntut Gusti Allah sekang wong Israel. Gusti Allah mrentahna dheweke kon manut marang Gusti Allah nang sekabehane. Nanging apa ana wong sing bisa karo sampurna nglakokna angger angger kuwe? Ora, kenang apa Gusti Allah mrentahna angger anggere sing sampurna kuwe, menawa Kiyambeke ngerti ora nana wong sing bisa nglakokna kanthi sampurna?

Merga sedurunge wong Israel wani banget ngomong: "bakal tek lakokna kabeh sing Gusti Allah prentahna." Nanging kuwe sedurunge dheweke kelingan kaya ngapa adohe antara dheweke karo Gusti Allah. Gusti Allah ngerti menawa anak putune wong Israel babar blas ora duweni kesanggupan kanggo netepi panjaluke. Kiye sebabe kenang ngapa Gusti Allah aweh angger anggere sing sampurna banget lan ngomong karo dheweke: "lakokna sekabehane , nek kowe sanggup! Nanging nek kowe nglanggar salah sijine, kowe nglanggar sekabehane lan bakal kapisah sekang ngarsane Gusti Allah selawas lawase.

Maksude Gusti Allah aweh tuntutan sing abot maring wong Israel liwat angger anggere kuwe, kanggo nuduhuhna maring dheweke nek dheweke kuwe ora bakal sanggup nyenengna manahe

Gusti Allah. Nanging dheweke ora ngelingi bab kuwe. Wong Israel kuwe persis kaya wong sing ethok ethok alim nang zaman siki. Wong wong sing ukur mikir nek Gusti Allah kuwe ukur nuntut ben dhewek nglakokna sing apik ben wektu kiamat mengko menawa “amal” kita lewih abot sekang “kelakuane sing ala” Gusti Allah bakal ngendhika maring wong wong kuwe: “Ngeneh mlebu nang ngarsane Gusti Allah selawase.” Pemikiran kaya kuwe babar blas ora bener. Dheweke ora ngerti isine Kitab Suci negnani kesuciane Gusti Allah. Gusti Allah kuwe sampurna ora bisa nrima dosa mesthi ukur siji.

Menawa dicontohna , dhewek bakal mikir wis sepira akehe dosa sing wis dilakokna nang para leluhure dhewek , sing ndadekna dheweke diusir sekang taman Firdaus, 100, 10 utawa 1000? Ora, dheweke ukur nglakokna dosa siji, nanging ora bisa manggon maning nang taman Firdaus. Dosa siji ndadekna Adam dadi ora sampurna maning nang ngarsane Gusti Allah, dosa siji ndadekna Adam ora bisa pedhek karo Gusti Allah maning, dosa siji ndadekna Adam kudu mati. Dosa siji lan wis ana panggonan nang geni neraka. Kiye kasempurnaane Gusti Allah, kuwe mergane diomongna nang Kitab Suci: “kowe nglanggar siji angger angger kuwe, kowe wis nglanggar kabeh angger anggere.

Menawa kiye tuntutan kasempurnaane Gusti Allah, kenang ngapa Kiyambeke aweh angger angger sing ora bisa dilakokna kanthi sampurna nang manungsa endi bae. Jawabane Gusti Allah yakuwe: “ora nana sija wong sing bisa mbalik maring Gusti Allah merga nglakokna tuntutan angger angger agama. Sewalike , angger angger kuwe ukur nudhuhna maring manungsa menawa manungsa kuwe wis dosa.

Gusti Allah aweh angger angger sing sampurna karo maksud ben dosane manungsa kuwe keton jelas, ben ngerti menawa dhewek kuwe wong wong sing dosa sing kudu ulih paukuman, lan butus sawijine Penebus sing bisa mbebasna sekang paukuman kuwe.

Carane angger angger kuwe nudhuhna dosa nang njero ati lan jiwa yakuwe: karo mbandingna cara urip awake dhewek karo angger anggere Gusti Allah sing Suci, inyong bakal ngerti kaya ngapa adohe antarane inyong karo Gusti Allah, kaya ngapa bedane pikiran, omongan, lan kelakuane inyong karo apa sing dituntut nang Gusti Allah. Wektu ndeleng angger angger kuwe inyong eling kaya ngapa inyong wis gawe dosa maring Gusti Allah lan maring wong liya, ora bisa urip nang ngarsane Gusti Allah merga dosane.

Umpamane esih ana sing mikir: inyong wong apik, ora kaya wong liya sing nyolong, ngapus, jinah.. nek kowe mikir kaya kuwe jelas kowe durung nyadari keagungan kasucene Gusti Allah.

Kowe kudu ngerti wektu kiamat mengko , wektu Gusti Allah ngadili kowe , Gusti Allah ora mbandingna kowe karo tanggane utawa wong liya sing padha dosane, nanging kowe bakal diukur karo angger anggere Gusti Allah sing suci lan sampurna, sing ngomongna: menawa siji kowe langgar, kowe wis nglanggar sekabehane. Gusti Allah ngendika aja ngapusi, Gusti Allah uga sing ngendhika: aja jinah! Dadi menawa kowe ora jinah nanging kowe ngapusi sepisan bae, kowe wis nglanggar sekabehane angger angger kuwe lan ora bisa mlebu Swarga ,kaya sing dichatet: “ Ora nana sing bener, ora sijia wong. Kabeh wong wis nyimpang, ora nana sing gawe becik, ora sijia wong. Wis ora nana bedane , kabeh wong wis gawe dosa lan wis kelangan kamulyane Gusti Allah.”

Syukur maring Gusti Allah merga Kiyambeke wis ngatur sewijine rencana nylametna anak putune Adam sekang paukuman merga dosane.

Nang Kitab Taorat pasal 20 , dhewek bakal ngerti dalan sing disiapna Gusti Allah kanggo mbebasna wong Israel sekang kutuk merga nglanggar anger anggere Gusti Allah sing Suci. Omongane Kitab Suci: “ Wektu wong wong krungu gludhug, unine trumpet , lan weruh bledhek, gunung ngukus , dheweke gemeter keweden lan ngadheg adoh adoh; ukur Musa sing medheki mendung peteng nang panggonan Gusti Allah rawuh. Gusti Allah ngongkon Musa kon ngomongna maring bangsa Israel , “ Kowe wis weruh kaya ngapa Inyong , Gusti Allah ngomong maring kowe sekang langit...mulane kuwe gawea kanggo Inyong sewijine mezbah sekang lemah , banjur persembahna nang kono wedhus gembel lan sapine kanggo kurban obaran lan kurban pendamean. Samben papan sing ditentukna nang Gusti Allah kanggo kowe dadi papan ngibadah maring Inyong, Inyong bakal teka lan mberkati kowe.

Kabeh sing diprentahna Gusti Allah dichatet Musa nang sewijine buku . Esuk esuk , Musa gawe Mezbah nang sikile Gunung Sinai kaya sing diprentahna Gusti Allah. Sewise Musa rampung gawe mezbah , dheweke mrentahna bocah nonoman kanggo ngurbanna sawetara kebo, ngumpulna gethihe nang wadah , banjur ngobong daginge nang ndhuwur mezbah. Musa banjur njukut getihe kebo lan nyipratna meng ndhuwur mezbah, meng ndhuwur buku sing ditulisi sepuluh angger angger kuwe, lan maring kabeh wong, lan ngomong: “ Kiye getih perjanjen sing digawe Gusti Allah karo kowe.”

Musa nurut prentahna Gusti Allah, gawe mezbah , ngurbanna kewan lan nyipratna gethihe meng kabeh umat Israel. Apa maksud sekang tumindake kuwe? Gusti Allah ngelingna umat Israel, karo apa sing wis diajarna maring Adam, kabil, Nuh, Ibrahim, Ishak lan Yakub, yakuwe: “ Tanpa wutahe getih ora nana pengampunan dosa.” Seliyane kuwe Gusti Allah kepengin aweh ngerti

maring wong Israel nek dheweke ora bisa nglakokna anger anggere kanthi sampurna, kudu ana kurban sing ora cacat, sing di gawa nang ngarsane Gusti Allah. Kudu ana pengganti sekang kesalahan wong sing gawe dosa. Dhewek uga sinau menawa kurban kewan ora bisa ngilangna dosa, ukur bisa nutupi dosa manungsa. Kuwe sebabé kurban kewan kudu dilakukna nganti Guti Allah ngutus Sang Penebus maring ndunya kiye. Penebus sing rela nyerahna nyawane dadi kurban kanggo ngampuni dosa.

Dhewek kuwe wong sing bungah mergane Sang Penebus wis teka lan wis mbayar rega penebusan kanggo dhewek sepisan kanggo selawase. Jenenge yakuwe Isa Almasih sing tegese: Gusti Allah penyelamat. Kiyambeke teka sekang Swarga. Ora ngwarisi tabiat dosa sing ana nang keturunane Adam, ngewehna uripe kanggo kurban penghapus dosa wong sing percaya maring Kiyambeke.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 39.**

### **Angger Anggere Gusti Allah Dilanggar**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji. Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang kiye dhewek ngerti kaya ngapa Gusti Allah ngendhika maring umat Israel sekang ndhuwur Gunung Sinai, nang njero geni, gludhug, bledhek, aweh kesepuluh angger anggere. Gusti Allah prentah maring Musa kon gawe mezbah kanggo mempersembahna kurban Merga pelanggaran maring angger anggere yakuwe pati. Kanggo nggantikna wong sing salah sekang kematian kuwe, wong Israel kudu nggawa kurban kewan sing ora cacat maring Gusti Allah kanggo persembahan tebusan dosa.

Balik meng Kitab Taurat ana kedadean apa sawise Gusti Allah aweh kesepuluh angger anggere.

Kitab Keluaran pasal 24 dicathet: 12 “ Gusti Allah banjur ngendhika maring Musa, “ Tekaa maring ndhuwur Gunung. Inyong bakal aweh angger angger sing wis tek cathet nang loro loh watu . Kabeh angger angger kuwe dadi piwulang kanggo bangsa Israel.” 13 Musa lan Yosua abdine siap siap, Musa banjur munggah meng Gunung papan dununge Gusti Allah. 14 Musa wis pesen maring para pimpinan Israel, “Entenana nang kemah kiye, nganti inyong balik. Harun lan Hur ana karo kowe nang kene. Sapa bae sing nduweni masalah tekaa maring dheweke ben ulih pemecahane.” 15 Musa munggah meng Gunung Sinai, banjur ketutup lamuk. 16 Kamulyane Gusti Allah ana nang ndhuwur gunung kuwe , wong Israel weruh kaya geni sing murub nang pucuk gunung. Enem dina suwene lamuk kuwe nutupi gunung, dina kaping pitu Gusti Allah nyeluk Musa sekang lamuk kuwe. 18 Musa munggah terus nganti mlebu nang njerone lamuk. Patang puluh dina patang puluh wengi Musa ana nang kono.”

Umat Israel kemah nang sikile Gunung nunggoni Musa balik. Nang pasal 32:1 “ Wektu bangsa Israel mikir nek Musa suwe banget ora mudhun mudhun sekang Gunung, esih nang ndhuwur gunung terus, dheweke ngrumuni Harun lan ngomong maring dheweke, “ Dhewek ora ngerti ana kedadean apa karo Musa, wong sing wis nggawa awake dhewek metu sekang Mesir; dadi gawea kanggo inyong padha, ilah sing bakal nunutun inyong padha.” 2 Harun banjur ngomong maring dheweke; copoten anting anting emas sing dienggo nang bojo lan anak anake kowe , gawa meng ngeneh maring Inyong.” 3 Dheweke banjur nyopoti anting anting emase lan digawa meng Harun. 4 Harun ngumpulna anting anting kuwe banjur diejur, dicetak digawe patung sapi.

Bangsa kuwe ngomong, “ Hai Israel, kiye ilahe dhewek sing nggawa dhewek metu sekang Mesir! ”.

Padahal dheweke urung suwe ngomong: “ inyong padha bakal nglakokna apa bae sing Gusti Allah prentahna.” Nanging nyatane , dheweke nglanggar angger angger sing kesepisan lan kaping pindho sing nembe bae diwehna nang Gusti Allah nang papan kuwe kanggo dheweke. Gusti Allah dhewek sing ngendhika: “Kowe aja nduweni Allah liyane nang ngarsane Inyong, kowe aja gawe brahala!” Nanging apa sing umat Israel lakokna? Dheweke ora setya maring Gusti Allah lan gawe brahala wujud sapi, kaya brahala brahala sing ana nang Mesir.

Wong Israel kepengin Allah sing bisa dideleng lan dicekel. Jaman siki uga akeh wong sing kaya kuwe, ketimbang miturut maring prentahe Gusti Allah, lewih milih nuruti ajaran manungsa turun temurun. Lewih gampang nuruti manungsa sing bisa di deleng karo mripat, ketimbang nuruti Gusti Allah sing ora bisa di deleng.

5 “Harun banjur gawe mezbah nang ngarepe sapi emas kuwe, lan ngumumna, “Ngesuk ana pesta kanggo ngormati Gusti Allah.” 6 Esuk esuk jeput , wong Israel nggawa pirang pirang kewan kanggo kurban obongan, lan pirang pirang kewan maning kanggo kurban pendamean. Dheweke njagong mangan mangan lan nginum, banjur seneng seneng.”

Gatekna omongane Harun mau...jare Kitab Suci: “Dheweke gawe mezbah nang ngarepe sapi lan ngumumna : ngesuk ana perayaan kanggo Gusti Allah.” Kepriwe Gusti Allah bisa disembah karo cara kaya kuwe? Dheweke ngrusak kahanan lan nglanggar anger angger sing kaping telu,: Aja nyebut asmane Gusti Allah karo sembarang.” Cangkeme ngomong Gusti Allah kuwe Allah , nanging atine adoh sekang Gusti Allah. Omongane dheweke ngenani Gusti Allah ora pantes banget, penyembahane uga ora nana gunane.

7 Gusti Allah ngomong maring Musa, “Cepet mudhun, merga bangsa sing kowe pimpin metu sekang Mesir wis gawe duraka. 8 Dheweke wis nyimpang sekang prentah prentahe Inyong. Dheweke gawe patung sapi sekang emas tuangan, disembah lan mempersembahna kurban maring patung sapi kuwe. Jarene kuwe ilahe sing nggawa dheweke metu sekang Mesir.

9 Inyong ngerti bangsa kuwe wangkal (keras kepala). 10 Aja ngalang ngalangi Inyong. Inyong bakal ngancurna. Nanging kowe lan keturunane bakal tek dadekna bangsa sing gedhe”.

11 Musa nyuwun maring Gusti Allah, : “ Gusti Allah kenang ngapa Padhuka nglakokna kaya kuwe maring wong Israel? Padhuka sing wis nylametna sekang tanah Mesir karo kekuwasaan

Ian kekuatan sing gedhe? 12 Menawa Padhuka ngancurna dheweke, wong Mesir bakal ngomong, menawa Padhuka sing mimpin bangsa kuwe metu sekang Mesir ben bisa di dipateni nang pegunungan lan diancurna. Aja kaya kuwe ya Gusti Allah, ubahlah niat Padhuka, aja nyilakakna bangsa kuwe. 13 Elinga maring hamba hamba Padhuka Abraham, Ishak lan Yakub. Elinga Padhuka wis janji karo sumpah arep aweh keturunan sing akeh kaya lintang nang langit, uga kabeh tanah sing dijanjikna arep dadi duweke dheweke selawase”.

14 Gusti Allah ngubah niate lan ora sida nglaksanakna ancamane. 15 Musa mudhun sekang gunung kuwe karo nggawa keloro watu sing ditulisi angger anggere Gusti Allah nang keloro sisihe. 16 Gusti Allah dhewek sing gawe watu kuwe lan ngukir angger anggere. 17 Sawentara mudhun, Yosua krungu wong wong Israel mbengok mbengok , banjur ngomong maring Musa, “Ana keributan perang nang perkemahan.” 18 Jare Musa: “ Swarane kaya udu sorak kemenangan utawa sorak kekalahan; kuwe swarane wong nembang.” 19 Mbareng Musa wis pedhek karo kemah kuwe, dheweke weruh sapi emas lan wong wong agi nari, dheweke kesuh banget. Nang papan kuwe, nang sikile gunung, Musa mbanting watu sing di gawa nganti remuk.

20 Patung sapi sing digawe wong wong Israel kuwe dijukut, dilebur , dibebek nganti alus kaya bledug banjur dicampur banyu. Wong Israel kongkon nginum.

21 Dheweke ngomong maring Harun, “ Apa sing digawe wong Israel maring kowe, sing ndadekna kowe ngejorna wong Israel gawe dosa gedhe?..” 22 Harun njawab,: Aja kesuh maring inyong; kowe ngerti dhewek kaya ngapa nekate wong wong kuwe gawe jahat. 23 Dheweke ngomong maring inyong, “Dhewek ora ngerti ana kedadean apa karo Musa, sing nggawa dhewek metu sekang Mesir; dadi gawe kanggo inyong padha, ilah sing bisa mimpin awake dhewek.” 24 Inyong prentah wong wong kuwe kon ngumpulna perhiasan emas, dheweke ngewehna perhiasan emas kuwe maring inyong . Kabeh perhiasan kuwe tek lebokna meng geni , banjur dadi patung sapi kiye!. 25 Musa eling nek Harun wis ngejorna bangsa Israel kaya jaran ucul sekang kandang, sing ndadekna dheweke dadi guyonan musuh musuhe. 26 Musa ngadheg nang ngarepe pintu gerbang perkemahan karo mbengok, “ sapa sing milih Gusti Allah kudu teka meng ngeneh!”. Suku Lewi teka ngubengi Musa, 27 Musa ngomong maring dheweke,” Gusti Allah Israel prentah kowe kon padha nyabut pedange lan mlaku liwat perkemahan kiye, sekang gerbang kiye nganti gerbang liyane karo mateni sedulur sedulure, batir kenthele, lan tangga tanggane. 28 Suku Lewi nglakokna prentahe kuwe, dina kuwe

kurang lewihe sing mati telung ewu wong. 35 Gusti Allah banjur nekakna bencana maring wong wong kuwe merga dheweke meksa Harun gawe patung sapi emas.

Sewise kuwe, Gusti Allah prentah Musa mahat loro loh watu kanggo nggantikna loh watu sing wis dipecahna. Nang loh watu kiye Gusti Allah nulis maning kesepuluh angger anggere. Kesepuluh angger anggere sing wis diancurna nang wong Israel. Kaya ngapa gedhene kesalahan wong Israel kuwe. Ora preduli karo apa sing wis dilakokna Gusti Allah kanggo dheweke, cepert banget ninggalna dalam kebenaran sing disediakna Gusti Allah. Dheweke milih ngibadah maring patung sapi, lan ninggalna Gusti Allah.

Gusti Allah kepengin awake dhewek mikirna nang endi posisi siki, ubungane karo Gusti Allah. Brahala kuwe dudu ukur patung pahatan thok utawa barang barang tertentu. Naging kabeh sing ngalangi hubungane kowe karo Gusti Allah, utawa apa bae sing nggantikna utawa lewih penting katimbang Gusti Allah lan kebenarane kuwe brahala.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 40.**

### **Tendha Patemon**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji. Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Nang piwulang sing ndisit wis sinau, kaya ngapa wong Israel gampang banget ninggalna Gusti Allah lan milih patung sing wujud sapi dadi allahe. Wektu Musa ana nang ndhuwur gunung Sinai suwene 40 dina 40 wengi kanggo nampani Sabdane Gusti Allah.

Piwulang dina siki yakuwe bab "Kemah Patemon."

Nang kitab pangentasan 24:16 Kamulyane Gusti Allah menuhi Gunung kuwe lan wong Israel weruh geni murub nang pucuke gunung. Enem dina suwene lamuk nutupi gunung, lan dina kaping pitu Gusti Allah nyeluk Musa sekang lamuk kuwe. 18 Musa banjur munggah mlebu nang lamuk kuwe. Patang puluh dina patang puluh wengi musa manggon nang kono; Gusti Allah ngendhika maring Musa: 2 Prentahna wong Israel nggawa persembahan maring Inyong. Sapa sing rela atine kon nggawa persembahan. 3 Wujude : emas, perak lan perunggu; 4 kain lenan alus, kain wol biru; ungu lan abang, kain sekang wulune wedhus, 5 kulite wedhus lanang sing diwarnai abang, kulit alus, kayu akasia, 6 lenga kanggo lampu, rempah rempah kanggo upacara lan menyan sing wangi, 7 pitung macem watu permata sing di tatah kanggo efod lan tutup dada Imam Agung. 8 bangsa kuwe gawe sewijine kemah kanggo Gusti Allah, ben Gusti Allah bisa manggon nang tengah tengahe dheweke. 9 Kemah lan kelengkapane kudu di gawe miturut rencana sing dituduhuna Gusti Allah maring kowe."

Rungokna apa sing sing diomongna Gusti Allah maring Musa, Gusti Allah bakal manggon nang tengah tengahe wong Israel nang sewijine panggonan sing dibangun nang Musa. Kenang ngapa Gusti Allah sing wujud Roh lan ora mbutuhna apa apa maning , gelem repot repot ngomong karo wong Israel sing wis ora setya maring Kiyambike? Kaya sing wis awake dhewek ngerti, Gusti Allah nyiptakna manungsa ben Gusti Allah nduwени ubungan sing raket karo manungsa. Dosane manungsa ndadekna hubungan sing raket kuwe rusak, nanging Gusti Allah wis nenetpan sewijine dalan kebenaran. Nang kebenaran kuwe bisa kanggo dalan manungsa balik maring Gusti Allah; merga ana rencanane Gusti Allah sing sifate langgeng lan merga gedhene tresnane Gusti Allah maring manungsa, Gusti Allah sing mulya gelem manggon

nang tengah tengah umat Israel. Nang sejine kemah khusus lan ukum sing khusus banget, Gusti Allah kepengin aweh gambaran ben keturunane Adam bisa nyedhak maring Gusti Allah.

Dhewek wis ngerti Gusti Allah kuwe Maha Suci, ora bisa sekarepe dhewek nyedhaki Kiyambeke. Merga alasan kiye Gusti Allah prentah wong Israel gawe kemah kanggo papan panggonane Gusti Allah rawuh nang tengah tengah wong Israel nang kasucene lan kamulyane.

Dhewek kudu ngerti menawa Gusti Allah prentah gawe kemah kiye dudu artine Gusti Allah mbutuhna papan panggonan utawa papan kanggo ngiyup , ora. Gusti Allah sing Maha Agung, sing nyiptakna langit karo bumi, ora bisa dipanggonna nang sewijine panggonan sing digawe manungsa. Nang tulisane para nabi diomongna: “Gusti Allah ngendhika,” langit kuwe panggonane Inyong, lan bumi kuwe kanggo sikile. Dadi umah kaya ngapa sing bakal kowe gawe kanggo panggonane Inyong? Wong kabeh kuwe Inyong sing gawe.

Nanging kenang ngapa Gusti Allah ngongkon wong Israel kon gawe sewijine tenda kanggo papan Roh karo Kemulyane bakal manggon? Gusti Allah kepengin bersekutu karo anak putune Adam, lan nudhuhna gambarane manungsa ulih pengampunan sekang dosane ben bisa urip bareng Gusti Allah nang Swarga selawase.

Tenda sing di gawe Musa sekang prentah Gusti Allah kuwe dudu tenda biasa, nanging tenda khusus. Ana 50 pasal nang Kitab Suci sing nggambarna pembangunane tendha kuwe.

Sing kudu dingertenin ngenani pembangunan tendha patemon sing diprentahna Gusti Allah yakuwe: kudu dibangun rong ruangan. Tendha Patemon kuwe ukur siji nanging nang njerone ana tirai apik sing misahna siji ruangan karo ruangan sijine.

Ruangan sing kaping siji jenenge Ruang Suci. Nang ruangan kuwe ukur para imam utawa pemimpin agama sing ulih mlebu. Para imam kiye wong wong singdi pilih Gusti Allah dhewek sekang keturunane Harun, nduweni tugas mateni kewan kurban, kanggo kurban pengganti dosa. Ana telung tenda nang njero ruangan kuwe: meja emas template wong mbakar dupa, sewijine lampu lenga, siji meja maning kanggo tempate roti, khusus sing dipersembahna maring Gusti Allah kanggo penyembahan.

Ruangan kaping pindho, jenenge Ruang Maha Suci. Ruangan kiye dijenengi kaya kuwe mergane sewise Musa rampung gawe tendha kuwe, Gusti Allah bakal rawuh lan manggon nang ruanagn kuwe karo keagungan lan kamulyane. Ruangan Maha Suci kiye gambarane Swarga

utawa Firdaus. Artine ruangan kuwe duweke Gusti Allah. Mulane Gusti Allah aweh ngerti maring Musa sapa bae sing mlebu meng ruangan kuwe mesthi mati. Kecuali Imam Besar sing mlebu setahun sepisan, ora nana wong liya sing ulih mlebu. Wektu Imam Besar mlebu meng njerone dheweke kudu nggawa gethih penebusan kanggo dosa dosane, utawa dosane wong akeh. Kuwe aturan sing ditetepna nang Gusti allah.

Nang Ruangan Maha Suci kuwe, Gusti Allah ngongkon Musa ndelehna kothak sekang kayu Akasia sing dilapisi emas murni. Kotak kuwe dijenengi Tabut Perjanjiaan. Nang njero tabut kuwe kesimpun rong loh watu sing ditulisi kesepuluh angger anggere Gusti Allah. Nang ndhuwure tabut kuwe diwenehi tutup sekang emas, sing diperciki gethih kurban kewan setahun sepisan, ben Gusti Allah ngampuni umat Israel sekang dosa doisane . Kuwe mergane dijenengi Tutup Perdamean.

Sewise kuwe Gusti Allah nudhuhna maring Musa, kepriwe gawe tirai sing dhuwur kanggo mageri Tendha Patemon kuwe. Tembok plataran kudu digawe sekang tirai putih. Nang tirai sing dadi tembok plataran kuwe digawe lawang siji. Dadi ora nana sing bisa mlebu kang sembarang tempat. Kabeh wong sing arep mlebu meng plataran tendha kuwe kudu ngliwati lawang kuwe. Nang njero plataran, nang ngarep lawang, Gusti Allah ngongkon Musa pasang mezbah tembaga. Sapa bae sing mlebu meng njero plataran, kudu ngliwati mezbah kuwe. karo sekabehane kiye Gusti Allah ngajari wong Israel lan keturunane Adam dalan sing ndadekna dheweke bisa nyedhaki Gusti Allah, yakuwe karo mempersembahna kurban gethih.

Kabeh wong sing kepengin mlebu nang platarane “ Dununge Gusti Allah” kudu mlebu karo nggawa kewan kurban kanggo mbayar dosane. Karo dalan kiye, Gusti Allah ngajari wong Israel, menawa ora nana sijia wong sing bisa nyedhaki Gusti Allah, nek ora nggawa gethih kurban sing dipersembahna nang mezbah nang ngarep lawang sing go mlebu. Gusti Allah mrentahna ben kabeh gethih disiramna meng ndhuwure mezbah ben dosa dosane umat dihapus.” Mulane samben wong sing menyembah Gusti Allah, dheweke kudu nggawa kebo lanang, wedhus utawa manuk. Gethih kewan sing digawa kuwe sing dadi tiket mlebu kanggo dheweke. Nang ngarepe mezbah kurban wong kudu ndelehna tangane nang ndhuwur endase kewan sing digawa, ngakoni nek dheweke wong dosa , lan pantes mati merga kelakuane. Sewise kuwe imam nyembeleh kewan kuwe. imam nyipratna meng ndhuwur mezbah lan lemah sekubenge mezbah, kewan kuwe diobong nang ndhuwur mezbah. Karo cara kaya kiye, Gusti Allah bisa ngampuni dosa wong sing salah, merga kewan sing ora cacat wis mati nggantikna dheweke.

Wong Israel kudu bolak balik mempersesembahna kurban kaya kiye samben taun. Kabeh kuwe gambaran sekang Penebus sing wis teka lan mati kanggo gantine wong wong sing dosa. Merga kematiane, Gusti Allah bisa ngampuni keturunane Adam secara tetep.

Kanggo nggambarna apa sing dilakukna sang Penebus kanggo wong wong sing dosa, Gusti Allah netepna kanggo wong Israel sedina samben setaun, wektu Imam Besar ulih mlebu meng ruang Maha Suci, yakuwe Riaya Pendamean. Nang dina kuwe ( kurang lewihe wulan oktober) Imam Besar mercikna gethih meng ndhuwur tutup pendamean.

Nang kitab Pangentasan pasal pungkasan, diomongna : "Wong Israel wis ngrampungna pegawean kuwe kaya sing diprentahna Gusti Allah maring Musa. Musa banjur mberkati dheweke. " Lamuke mudhun nutupi kemahe Gusti Allah, kemah kuwe kebek kamulyane Gusti Allah, kuwe mergane Musa ora bisa mlebu meng ngonoh."

Sang Penebus kiye sing menuhi kabeh gambaran sing ana nang Tendha Patemon lan pengurbanan kewan, merga Kiyambeke dudu ukur teka meng ndunya, manggon bareng awake dhewek, nanging mencurahna gethihe kanggo kurban sing sempurna kanggo wong wong dosa, mulane dhewek nduwensi ubungan sing perek karo Gusti Allah.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 41**

### **Wong Israel Ora Percaya**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Torah kuwe bagian kaping sepisan sekang kitab kitab sing ditulis nang para Nabi, sing nang njerone esih dibagi maning nang limang kitab. Kitab kaping sepisan yakuwe : Kitab Purwaning Dumadi. Nang kitab kuwe dhewek bisa ngerten iki bab kepriwe dosa bisa mlebu nang ndunya kiye, ndadekna sengsara, mati lan kutukan. Nanging lewat kuwe kabeh dhewek ngerti kaya ngapa Gusti Allah ngrancang sewijine rencana nylametna Adan lan keturunane sekang ukuman dosa, uga ngerti menawa Gusti Allah janji ngutus Penebus sing bakal mati kanggo wong wong sing dosa, sing ndadekna Gusti Allah bisa ngapurani dosa.

Nang kitab kaping pindho Torah, yakuwe Pangentasan, aweh ngerti kaya ngapa Gusti Allah mbebasna wong Israel sekang rante perbudakan nang Mesir lewat nabine Musa. Gusti Allah dhewek sing nuntun wong Israel mlaku maring padang pasir nganti tekan Gunung Sinai. Nang gunung kiye Gusti Allah aweh angger anggere maring wong Israel, lan ngajari dalan pangapura sekang dosa lewat kurban gethih.

Gusti Allah mrentah Musa gawe tendha istimewa kanggo Kiyambeke. Tendha patemon (Tabernakel) kanggo Gusti Allah manggon ing antarane umate. Sewise kabeh siap, "lamuke nutupi Tenda Patemon lan kamulyane Gusti Allah ngebeki tenda kuwe." Liwat tenda kuwe Gusti Allah nuduhuhna maring wong Israel menawa Kiyambeke kepengin nduwensi ubungan persekutuan sing perek karo dheweke. Ora nana sija wong sing bisa teka nang ngarsane Gusti Allah nek ora nggawa kurban gethih nang misbah Tenda patemon kuwe. Tenda patemon lan kurban kuwe bayangan sekang Penebus sing bakal teka sekang swarga, manggon nang ndunya lan ngucurna gethihe kanggo kurban penghapus dosa.

Bagian kaping telu kitab Torat, dijenengi kitab Kaimaman, Gusti Allah ngilhami Musa kon nulis angger anggere sing njelasna nganti rinci kaya ngapa carane wong Israel mempersembahna kurban kanggo nutupi dosa maring Gusti Allah.

Ajine kitab kaping telu Torah kiye ngajarna maring wong Israel kepriwe manungsi sing dosa bisa teka maring Gusti Allah sing Suci. Gusti Allah jelas banget nuduhuna nek ora sijia wong sing bisa teka maring Kiyambeke, kejaba nggawa gethih kanggo kurban. Kurban kuwe bayangan kepriwe Penebus sing suci teka maring ndunya lan mati kanggo wong sing dosa.

Kitab kaping papat: Kitab Wilangan. Umat Israel manggon nang pinggire Gunung Sinai kurang leweih setaun. Gusti Allah ngajari akeh prekara, ngilhami Musa kanggo nulis Kitab Torah. Gusti Allah ora duwe maksud ben wong Israel manggon selawse nang kono. Mulane nang sewijine dina Gusti Allah maju mimpin umat Israel nuju tanah Kanaan. Kitab Suci nyritakna wektu pada mangkat ninggalna Gunung Sinai, awan kamulyane Gusti Allah sing nutupi Kemah patemon munggah, lan molai maju nang ngarepe dheweke. Wong Israel ngetutna tugune mega lan tugune geni nganti tekan nang batese negri Kanaan. Siki dijenengi Palestina.

Penduduk kanaan kuwe akeh lan wonge kuwat kuwat. Kepriwe carane wong Israel bisa nduweni tanah Kanaan? Gusti Allah sing aweh tanah kuwe kanggo dheweke. Ora nana prekara sing angel kanggo Gusti Allah. Gusti Allah sing janji maring Ibrahim: "Inyong bakal aweh tanah Kanaan kiye maring keturunanmu," Gusti Allah sing wis nggawa umat Israel tekan wates negri kuwe wis ngrencanakna kanggo nyirnakna penduduk Kanaan lan nyerahna tanah kuwe maring wong Israel. Dosa Penduduk Kanaan gedhe banget, dheweke kuwe wong wong sing ora nduweni moral, tega mempersebahna anake kanggo kurban maring dewa dewane sing disembah. Gusti Allah wis sabar maring durakane wong Kanaan, nanging dheweke tetep nglakokna kekarepane sing ngisin ngisini lan akeh dosane. Kuwe sebabé Gusti Allah ngrencanakna nyirnakna dheweke, lan ngewehna tanah Kanaan maring wong Israel.

Nang bagian kaping papat kitab Torah dicritakna kedadean sewise wong Israel tekan watese tanah Kanaan: 1. Gusti Allah ngendhika maring usa, 2 "Sekang samben suku Israel ngirim siji wong sekang antarane pemimpiin pemimpin kanggo ngintai tanah kanaan sing bakal Inyong wehna maring kowe 3 Pas karo pangandikane Gusti Allah, Musa ngutus (12 wong, kabeh kuwe pemimpin) sekang padang gurun Paran. 21 Wong wong kuwe lunga nylidiki negri kuwe. 25 Sewise nylidiki negri kuwe patang puluh dina suwene , pengintai pengintai kuwe balik lan aweh kabar maring Musa, Harun lan kabeh wong Israel sing agi kumpul nang Kades nang padang gurun Paran. Dheweke nyritakna apa sing di deleng lan nidokna woh wohan sing di gawa. Dheweke ngomong maring Musa, "Inyong padha wis nylidiki negri kuwe, wis weruh nek lemahe subur lan makmur, kiye woh wohan sethithik tek gawa sekang kana. Nanging wong

wong nang negri kuwe kuwat kuwat. Kutha kuthane gedhe gedhe lan dibentengi. Inyong padha uga weruh wong wong keturunan raseksa ana nang kana.

30 nanging Caleb ngedemna atine wong wong sing nggrundel maring Musa. Jare Caleb, “ Siki dhewek kudu nyerang lan ngrebut negri kuwe, dhewek cukup kuwat kanggo ngalahna.” 31 Nanging wong wong sing balik karo Caleb kuwe ngomong, “ Awake dhewek ora sanggup nyerang, wong wong Kanaan lewih kuwat ketimbang awake dhewek.” 32 Dheweke banjur nyebarna crita sing ora bener ngenani negri Kanaan sing wis diintai nang dheweke, “ Negri kuwe mbebayani banget, malah kanggo wong wonge dhewek.” Wong wong sing tek dheleng awake gedhe gedhe. 33 Malah inyong padha weruh wong wong kaya reksasa, keturunane wong Enak. Dibandingna dheweke, inyong padha ngrasa kaya walang, lan mesthi kaya kuwe anggepane wong wong kuwe maring awake dhewek.”

(14:1) Sesuwene wengi wong Israel mbengok mbengok karo nangis nangis. 2 Dheweke ngrundel maring Musa lan Harun karo ngomong: “ Lewih apik dhewek mati nang Mesir utawa padang gurun kiye! 3 Kanggo ngapa Gusti Allah nggawa metu awake dhewek kang negri kuwe? Mengko dhewek mati nang peperangan anak karo bojone dhewek ditawan. Mendingan balik maning meng Mesir!” 4 Dheweke rasan siji karo sijine, “Mending siki dhewek milih pemimpin lan balik meng Mesir!” 5 Musa lan Harun banjur sujud nang ngarepe rakyat kuwe. 6 Yosua anake Nun lan Caleb anake Yefune, loro nang antarane pengintai kuwe nyowek klambine tanda sedhiih banget.

7 Dheweke ngomongmaring kabeh rakyat kuwe,” Negri sing diintai kuwe apik banget. 8 Menawa Gusti Allah ngridhoi, Kiyambeke bakal nggawa awake dhewek meng nganah lan ngewehna negri kuwe sing subur lan makmur maring awake dhewek. 9 Aja nglawan Gusti Allah, lan aja wedi maring wong wong sing manggon nang negri kuwe, gampang banget awake dhewek ngalahna dheweke. Sing nglindungi dheweke wis lunga, lan Gusti Allah bareng karo dheweke, dadi aja wedi”. 10 Kabeh wong kuwe ngancam bakal mbalangi dheweke karo watu nganti mati. Nanging dumadakan wong wong kuwe weruh ana cahya cemlorot nang ndhuwur Kemahe Gusti Allah. 11 Gusti Allah ngendhika maring Musa, ”Tekan kapan wong wong kiye nglawan maring Inyong? Tekan kapan dheweke ora gelem percaya maring Inyong, senajan Inyong wis gawe akeh keajaiban nang antarane dheweke?

Dosane wong Israel gedhe banget maring Gusti Allah dina kuwe. Dheweke ora percaya maring Gusti Allah sing wis janji bakal ngwehna negri Kanaan maring dheweke.

36. Wong wong sing diutus Musa kanggo nyilidiki tanah kuwe , nggawa kabar sing ora bener maning ngenani negri kuwe prekara kuwe ndadekna wong Israel ngrundel nang ngarsane Gusti Allah. Merga saka kuwe Gusti Allah ngukum dheweke padha mati kenang penyakit. 38 Sekang rolas pengintai kuwe ukur Yosua karo Caleb sing esih urip. Merga percaya maring Sabdane Gusti Allah.

Merga ora percaya maring Gusti Allah, dheweke nolak tanah Perjanjian kuwe sing padha bae karo nolak Gusti Allah dhewek. Akibate dheweke padha mati nang padang gurun, ora nikmati apa apa sekang janjine Gusti Allah.

Sedulur...ora percaya maring sabdane Gusti Allah kuwe tragedy sing medeni. Gusti Allah kudu ngukum kabeh wong sing nolak percaya maring Kiyambeke. Sapa bae sing ngenyek lan salah nglakokna sabdane Gusti Allah nang Kitab Sucine pada bae karo ngomong nek Gusti Allah kuwe ngapusi, wong kaya kuwe ora bakal ulih panggonan nang Kratone Gusti Allah. Gusti Allah ora ngarepna ana wong sing mati merga ora percaya. Gusti Allah kepengin kabeh wong percaya maring dalan keslametan sing disediakna Gusti Allah.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 42**

### **Ula Tembaga**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dhewek wis sinau patang kitab Torah, kaya ngapa Gusti Allah mimpin umat Israel nganti tekan watese tanah Kanaan. Nanging wektu ngerti sing manggon nang kono bangsa reksasa, umat Israel dadi kewededen, ora percaya maring janjine Gusti Allah, nek negri kuwe bakal diwehna maring dheweke,

Siki nglanjutna kitab Wilangan, ben ngerti ana kedadean apa sewise wong Israel ngembara 40 taun nang padang gurun merga dheweke ora percaya. Pasal 20 :"Nang wulan siji, kabeh wong Israel tekan padang gurun Zin, lan manggon nang Kades. Miryan ( dulure Musa) mati lan di kubur nang kono. Ana sewijine dina nang papan kemah kuwe ora nana banyu . Dhewekengrubungi Musa lan Harun karo nggrundel, " Mendingan inyong mati nang ngarsane Gusti Allah bareng sedulur sedulur inyong! Kenangapa kowe nggawa inyong meng padang gurun kiye? Apa ben inyong padha mati bareng bareng karo kewan kewan inyong ? kanggo ngapa kowe nggawa inyong metu sekang Mesir meng panggonan sing nyengsarakna kiye sing ora bisa ditanduri apa apa? Nang kene ora nana gandum. Ora nana wit ara, anggur, lan delima. Banyu kanggo nginum bae ora nana!".

Sewise kabeh sing dilakokna Gusti Allah kanggo dheweke lan wong tuwane kawit dheweke metu sekang Mesir lan sesuwene mlaku nang padang gurun...apa dheweke ngerti kanggo maturnuwun maring Gusti Allah? Apa dheweke gelem ngertenibab Gusti Allah sing wis mimpin dheweke sesuwene mlaku lan percaya karo Kiyambeke? Ora, dheweke nglakokna persis kaya wong tuwane senenng nggrundel ukur merga ora nana banyu.

"Musa lan Harun lunga ngadahi wong wong kuwe, sujud nang ngarepe lawang Kemahe Gusti Allah. Cahya kamulyane Gusti Allah sumunar maring dheweke. Gusti Allah ngendhika maring Musa: "Jiot teken sing ana nang ngarep Peti Perjanjian , kowe lan Harun kudu kumpulna kabeh umat. Nang ngarepe umat kuwe kowe kudu ngomong maring gunung watu kuwe ben ngetokna banyu. Kaya kuwe kowe ngetokna banyu sekang gunung watu kuwe, ben rakyat uga kewan bisa padha nginum." Musa banjur lunga njiot teken kuwe kaya sing diprentahna Gusti Allah. Musa lan Harun ngumpulna kabeh umat nang ngarepe gunung watu kuwe. Musa banjur ngomong:" Rungokna , hai kaum pembrontak! Apa inyong kudu ngetokna banyu sekang gunung watu kiye kanggo kowe?" Musa nganggkat tekene lan digebugna maring gunung watu kuwe ping pindho. Banyune mancur deres banget, kabeh wong uga kewane bisa nginum. Nanging Gusti Allah ngelingna Musa lan Harun, ngendikane," Merga kowe kurang percaya maring Inyong, kanggo nyatakna kuwasane Inyong sing Suci nang ngarepe bangsa Israel, kowe ora bakal mimpin dheweke mlebu meng negri sing wis tek janjekna maring dheweke."

Apa kowe ngerti prekara sing kedadean? Apa prentahe Gusti Allah maring Musa? "Ngomong maring watu kuwe." nanging apa Musa manut maring Sabdane Gusti Allah? Musa karo kesuh nggebug watu kuwe ping pindho. Gusti Allah pancen ora nahan kebecikane, banyune metu sekang watu kuwe...nanging kelakuane Musa ora disenengi nang Gusti Allah. Gusti Allah ngendhika maring Musa:"Merga kowe kurang percaya maring Inyong, kanggo nuduhuhna nang ngarepe bangsa Israel nek Inyong kuwe Suci, dadi kowe ora bakal mimpin bangsa kiye mlebu meng negri Kanaan sing tek janjikna maring dheweke."

Kabeh wong sing nentang Sabdane Gusti Allah kudu ngadepi ukuman mesthi dheweke nabi.

Gusti Allah ora mbedakna wong. Musa kuwe nabine sing gedhe, nanging dheweke uga manungsa biasa. Sanadyan Musa kuwe nabine Gusti Allah, dheweke ora bisa nylametna awake dhewek karo kelakuane sing apik, padha karo wong Israel liyane. Musa kudu teka maring dalan keslametan sing wis disediakna nang Gusti Allah yakuwe liwat kurban gethih. Kesalahane Musa kiye peringatan sekang Gusti Allah kanggo dhewek, menawa kabeh wong wis gawe dosa lan wis kelangan kamulyane Gusti Allah.

Crita ngenani wong Israel nang pasal 20 dicritakna menawa Harun kakange Musa mati nang gunung Hor,wong Israel sedhilih suwene 30 dina merga kematiane Harun. Sewise kuwe nang pasal 21, Jare Kitab Suci: " Wong Israel banjur ninggalna gunung Hor, mlaku liwat dalan sing nuju Teluk Akaba, muteri daerah Edom. Nanging nang tengah dalan bangsa kuwe enthek kesabarane nggrundel maring Musa lan Harun. Dheweke ngomong:"kenangngapa kowe

nggawa inyong padha metu sekang Mesir? Apa arep mateni inyong padha nang padang gurun kие? Nang kene ora nana panganan, banyu ya ora nana. Inyong padha bosen karo panganan sing ora nana rasane kие!.” Gusti Allah nekakna ula ula sing ana racune nang tengah tengah bangsa kuwe. Akeh wong sing padha mati dicokot ula ula kuwe. Bangsa kuwe banjur ngadhep maring Musa lan ngomong: “Inyong padha wis gawe dosa merga nggrundhel maring Gusti Allah lan kowe. Dedoanga maring Gusti Allah ben ula ula kие di dohna sekang inyong padha.” Musa dedonga kanggo bangsa kuwe. Gusti Allah banjur prentah Musa gawe sewijine ula sekang tembaga ditancepna nang cagak. Samben wong sing di cokot ula, bakal mari nek ndeleng ula tembaga kuwe.

Kenang ngapa Gusti Allah ngirim ula sing ana racune meng bangsa kuwe? merga dosane. Bangsa Israel nggrundel maring Gusti Allah lan Musa, karo ngenyek panganan sing disediaakna Gusti Allah sekang langit. Merga dicokot ula akeh wong sing mati. Bangsa kuwe kudu mertobat, balik maring Gusti Allah lan ngakoni kesalahane...lan njaluk pitulungan maring Gusti Allah. Gusti Allah nglakokna lewih sekang sing dijaluk bangsa kuwe ben ula ula kuwe di dohna sekang dheweke. Gusti Allah mrentah Musa gawe ula tembaga lan nancepna nang cagak, dadi sapa bae sing dicokot ula, ndeleng ula tembaga kuwe bisa tetep urip.

Gusti Allah janji sapa bae sing ndeleng ula tembaga gaweane Musa bakal slmet, nanging wong sing dicokot ula ora gelem ndeleng ula tembaga kuwe bakal mati kelaran sing ora karuan. Dadi keslametan lan waras kuwe duweke wong sing percaya.

Gusti Allah aweh ngerti kahanan awake dhewek siki ora adoh bedane karo wong Israel wektu kuwe. Awake dhewek uga wong wong dosa, sering nggrundel bab Gusti Allah lan kanca kancane. Awake dhewek ngece Gusti Allah nang pikiran, omongan, lan kelakuane. Dosa ibarate racun ula sing matikna. Setan wis nyokot samben keturunane Adam lan racun sekang dosa gawe awake dhewek sengasara selawase, kejaba Gusti Allah nyediakna penawar. Sekang ula lan racune wong Israel ora bisa slamet, kaya kuwe uga awake dhewek ora bisa slamet sekang cokotane Setan lan racun dosa. Nanging alhamdulilah Gusti Allah nduwensi cara kanggo bangsa Israel slamet sekang racune dosa.

Apa sing dilakokna Gusti Allah ben awake dhewek slamet sekang kutuke dosa? Rungokna sing diomongna Sang Penebus kurang lewih 1500 taun sewise Musa, jarene: “Padha karo Musa ndhuwurna ula nang padang gurun, kaya kuwe uga Anak Manungsa (Sang Penebus) kudhu di dhuwurna...sapa bae sing percaya Kiyambeke ora mati, nanging ulih urip langgeng.”

Sekang Kitab Suci awake dhewek ngerti menawa ula tembaga sing didhuwurna Musa nang padang gurun kuwe lambang sekang Sang Penebus sing arep teka lan bakal mati nang ndhuwur Salib, karo dalan kuwe Kiyambeke bisa ngalahna Iblis sing nduweni kuwasa maring kamatian.

Nang pengajaran pengajaran ngesuk arep disinauni bab liwat kematian lan uripe maning Sang Penebus, Gusti Allah mbukak sawijine dalan kanggo kabeh keturunane Adam , yakuwe dalan keslametan, kabungahan lan ayem tentrem kanggo selawase. Sing Gusti Allah karepna sekang kowe kabeh yakuwe pengakon nek kowe ora bisa nylametna awake dhewek sekang kuwasane Setan lan percaya maring kaseksene Gusti Allah bab Juruslamat sing mati nang kayu salib kanggo mbayar utang dosane kowe. Gusti Allah ngendhika:" Delenga maring Sang Penebus lan kowe bakal urip! Percaya maring Kiyambeke lan Gusti Allah bakal nylametna kowe sekang racune dosa, lan nyediakna panggonan nang ngarsane Gusti Allah ana nang Swarga.

Gusti Allah ngendhika meng kabehane wong: "Deleng lan uripa! Deleng Sang Penebus sing diutus Gusti Allah lan kowe bakal slamet. Nanging nek kowe nolak kanggo percaya maring Juruslamet sing ditentukna Gusti Allah kanggo siji sijine dalan ben slamet sekang dosa , "kowe bakal mati merga dosane kowe."

Sedulur.. matur suwun wisngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 43**

### **Pesen Pungkasan Musa**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalam sing lempeng, dalam meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalam kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalam mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Sedawane 42 nomer pengajaran Piwulang Pengaji, awake dhewek sinau buku kaping pisan sekang Kitab Suci Torah. Gusti Allah dhewek sing ngilhami Nabi Musa kanggo nulis nang sewijine buku. Telung ewu limang atus taun kepungkur kawit Musa nulis Kitab Torah tekan siki tetep berharga banget. Kitab Torah kuwe dasar sing ditentukna Gusti Allah kanggo nguji kabeh prekara sing dirungokna lan bisa mbedakna apa asale sekang Gusti Allah apa udu. Pengajaran sing ana nang Kitab Torah kuwe kebenaran murni sing asale sekang Gusti Allah. Dadi kabeh prekara sing nyimpang sekang pengajaran kuwe pengajaran palsu. Kabeh kebenarane Gusti Allah serasi lan sampurna karo apa sing di tulis nang Kitab Torah.

Liwat pengajaran Kitab Torah Musa, Gusti Allah mbukak rahasia sing jero banget. Sedurunge ndeleng pasal pasal sing pungkasan, dhewek arep ndeleng maning pengajaran pengajaran sing wis disinauni sekang kawitan nganti siki.

Nang pasal kaping sepisan Kitab Torah, Gusti Allah nyiptakna manungsa sing kawitan miturut gambare Kiyambeke. Gusti Allah kepengin nduweni ubungan sing apik lan migunani bareng karo manungsa.

Nang pasal kaping telu, Adam milih miturut karo Setan lan mangan woh wit sing wis dilarang dipangan. Akibate , kaya sing diomongna Kitab Suci: “Dosa mlebu maring ndunya liwat wong siji, merga dosa kuwe melu mlebu uga kematian,ndadekna kabeh wong ngalami kematian, merga kabeh wong wis gawe dosa .”

Upah dosa kuwe kematian lan kebuwang sekang ngarsane usti Allah selawase.

Gusti Allah ngurak Adam lan Siti Hawa sekang taman Firdaus merga dosane. Nanging sedurunge di urak kon metu, Gusti Allah ngumumna menawa Kiyambeke wis ngrencanakna sewijina dina bakal ngutus Sang Penebus nang ndunya, kanggo mbuka dalan keslametan kanggo keturunane Adam; mbebasna sekang kuwasa Setan lan upahe dosa.

Sebanjure, kaya ngapa Gusti Allah nimbali Ibrahim lan aweh janjine bakal ndadekna dheweke leluhur sawijine bangsa sing khusus. Bangsa sing dadi asal para nabi lan Sang Penebus. Sekang Ibrahim lair Ishak, sekang Ishak lair Yakub lan Yakub nduweni 12 anak. Sekang rolas anake, lair 12 suku sekang bangsa Israel sing di janjikna maring Isbrahim. Sepuluh anak lanange ngedol adine Yusuf, dadi budak sing digawa meng Mesir, nanging “Apa sing di tandur wong kuwe sing dipanen.” Akibate kabeh anak Israel dadi budak nang Mesir. Sanajan kaya kuwe Gusti Allah ora kelalen karo janjine maring Ibrahim lan keturunane.

Wektu sinau kisahe Nabi Musa , dhewek maca kedadean kedadean ajaib lan gawe kagum kepriwe Gusti Allah mbebasna bangsa Israel sekang tekanan Sang Prabu Pringon lan wong wong Mesir, kepriwe Gusti Allah nglindungi dheweke nang tengah padang gurun lan nggawa tekan watese Kanaan. Nanging akeh wong sing wedi maring reksasa reksasa sing manggon nang Kanaan lan ora percaya menawa Gusti Allah sanggup nggrejakna apa sing wis dijanjikna. Mulane dheweke ora bisa mlebu meng tanah Kanaan sing apik kuwe.

Merga ora percaya bangsa Israel mengembara suwene patangpuluhan taun nang padang gurun nganti kabeh wong sing wektu kuwe ora percaya maring janjine Gusti Allah ngenani Kanaan mati. Kuwe ukumane kanggo wong wong kuwe merga ora percaya. Sebenere “Gusti Allah kuwe setya lan ora tau gawe salah, bener lan adil Kiyambeke.”

Siki dhewek nglanjutna pengajaran Kitab Torah. Bangsa Israel ana nang padang gurun merga ora percaya. Dheweke sing wektu kuwe nolak percaya janjine Gusti Allah wis ora nana sing esih urip. Anak anake sing siki ana nang watese Kanaan. Sewise 400 taun mengembara nang padang gurun, anak anak Israel mesthi wis kepengin banget manggoni negri sing gagal dipanggoni wong tuwane.

Pengajaran dina kiye sekang bagian kaping lima Kitab Torah, Kitab Wulangan. Nang bagian pungkasan Musa niliki maning angger anggere Gusti Allah sing suci lan ngajarna maring suku suku Israel. Buku kiye isine pesen pesen pungkasan sing diomongna Musa maring bangsa Israel kanggo nyiapna dheweke mlebu tanah sing dijanjikna Gusti Allah.

Intine Musa ngomong maring bangsa Israel: Aja nganti kowe nglalekna gemiyen kowe kuwe budak nang Mesir! Aja kladen sing dilakokna Gusti Allah kanggo kowe sedawane mlaku, sekang Mesir tekan negri anyar sing arep kowe panggoni! Aja kelalen dosa dosa sing kowe lakokna maring Gusti Allahmu.

Aja kelalen kaya ngapa Gusti Allah ngukum wong tuwamu merga ora percaya sing ndadekna mayide gelimpangan nang padang gurun. Aja dilalekna, Gusti Allah wis nglakokna sing apik maring wong tuamu, nanging dheweke ngerasna ati lan nolak mempercayai Gusti Allah.

Dina kiye menawa kowe krungu suwarane Gusti Allah aja ngerasna ati kaya sing dilakokna leluhurmu nang padang gurun. Nek kowe nolak mempercayai Sabdane Gusti Allah, nasibmu padha karo leluhurmu, Gusti Allah bakal ngukum kowe kaya Gusti Allah ngukum leluhurmu.

Gusti Allah arep nggawa kowe mlebu meng negri sing akeh susu lan madune sing karo sumpah wis tek janjekna maring leluhurmu. Aja kelalen karo Gusti Allahmu sing wis aweh tanah kuwe maring kowe, merga manungsa ora urip sekang roti thok, nanging sekang Sabdane Gusti Allah sing metu sekang pegajarane.

Sewise Musa rampung khutbah, Gusti Allah ngendhika maring dheweke: “49 Lungaa meng pegunungan Abarim nang sebrange kutha Yerikho. banjur munggaha meng gunung Nebo, delengen tanah Kanaan sing sedela maning Inyong wehna maring bangsa Israel.” 50 Kowe bakal mati nang nduwur gunung kuwe...51 Mergane kowe, wong loro ora bisa setya maring Inyong lan ora ngormati Inyong nang ngarepe wong Israel. 52 Mulane kowe ora ulih mlebu meng negri sing tek wehna maring bangsa Israel; kowe ukur ulih ndeleng sekang kadohan.”

10 Nang Israel ora nana maning Nabi sing kaya Musa sing ngomong adhep adhepan rai karo Gusti Allah. 11 Ora nana sing nglakokna mujizat mujizat lan keajaiban keajiaban kaya sing dilakokna Musa maring negri Mesir, rajane lan pejabat pejabate kaya sing diprentahna Gusti Allah. 12 Ora nana sing nglakokna temindak hebat lan dahsyat kaya sing dilakokna Musa nang ngarepe bangsa Israel.”

Sedulure inyong...kiye pungkasane kitab Torah. Kabeh sing ditulis nang njerone ben awake dhewek ulih kawruh sing mimpin maring iman sekang dalam keslametan sekang Gusti Allah. Pancen bener Musa kuwe nabi sing gedhe. Dheweke ngerti Gusti Allah adhep adhepan rai. Dheweke nuduhuhna tanda ajaib sekang Gusti Allah. Karo tangane Musa, Gusti Allah mbebasna Israel sekang tindesan Sang Prabu Pringon. Liwat tangane Musa, Gusti Allah aweh Torah , buku kaping sepisan sekang Kitab Suci. Kabeh wong kudune ngerti sing di tulis nang nabi

Musa. Sapa sing ora ngerti Torah Musa bakal nglakokna akeh kesalahan lan ancaman kesengsaran sekang dalan sing ora bener. Torah kue dasar sing ditetepna Gusti Allah dhewek.

Senajan nabi Musa nulis nganggo tembung sing apik, jero lan luar biasa , nanging ora nana sing lewih penting sekang apa sing diomongna nang bagian kaping 5 Kitab Torah pasal 18. Nang pasal kiye Musa aweh ngerti bangsa Israel, menawa Gusti Allah kuwe bakal mbangkitna nabi liya sing lewih gedhe sekang dheweke , nabi sing bisa ngomong langsung kanggo Gusti Allah.

Karo wara warane Musa kiye, Gusti Allah ngumumna tekane nabi liya sekang bangsa Ibrani, wong sing bakal ngabarna Sabdane Gusti Allah kanthi jelas, nabi sing dadi perantarane Gusti Allah karo manungsa. Apa kowe ngerti nabi sapa sing ngomong karo kuwasa sing lewih gedhe sekang Musa? Nabi sapa sing nglakokna mujizat lewih ajaib sekang sing dilakokna Musa? Ya nabi sing diomongna Musa yakuwe Sang Penebus, sing lair sekang perawan Yahudi. Bab Kiyambeke Musa negesna maring bangsa Israel: “ Kowe kabeh kudhu ngrungokna , nek ana wong sing ora ngrungokna omongane Inyong sing diomongna nabi kuwe liwat jenenge Inyong, Inyong dhewek sing arep gawe pitungan karo dheweke.”

Pernyataan Musa dhewek maring bangsa Israel pas dina kematiane. Nang pasal 32 Musa ngomong: “Rungokna hai langit inyong kepengin ngomong, hai bumi rungokna inyong arep memuji asmane Gusti Allah. Kabarna keagungane Gusti Allah, Dheweke kuwe Watu Karang sing kuwat, pakaryane sampurna, kabeh dalane adil, Gusti Allah sing setya ora curang, bener lan adil kiyambeke.”

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 44**

### **Yosua lan Tanah Kanaan**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang acara sing pungkasan, dhewek wis ngrampungna piwulang bab Kitab Torah, buku kaping sepisan sekang tulisane para nabi. Nang Kitab Suci Torah sinau bab dosa mlebu meng ndunya, lan ngerti dosa kuwe nggawa kutuk . Senajan kaya kuwe Gusti Allah nang rencanane janji bakal ngutus Juruslamet sing bakal nylametna anak putune Adam sekang kutuk sing digawa dosa. Gusti Allah nimbali Ibrahim kon ninggalna umahe ramane, negri asale lan pindah meng sewijine panggonan yakuwe Kanaan. Gusti Allah ngrengcanakna Ibrahim dadi Bapa Leluhur kanggo bangsa sing anyar, sekang kono sang penebus teka. Sewise Ibrahim tekan Kanaan, Gusti Allah ngeton maning maring dheweke lan janji: “ Negri sing siki nang njerone kowe kuwe wong asing, arep tek wehna maring keturunanmu, dadi duweke selawase. Dina kiye dhewek ndeleng Gusti Allah netepi janjine maring Ibrahim.

Nang pasal pungkasan Kitab Torah, dhewek krungu kaya ngapa Musa mati nang ndhuwur gunung, karo ndeleng Kanaan. Sewise Musa mati, Yosua disiapna Gusti Allah nggantikna Musa. Yosua kuwe salah siji sekang wong loro pengintai sing percaya maring Gusti Allah wektu bangsa Israel nembe tekan watese negri Kanaan. Bedane sing kentara sekang Yosua yakuwe wong kiye percaya karo kabeh janjine Gusti Allah, senajan akeh wong Israel sing ora percaya.

Dina kiye dhewek arep ndeleng kaya ngapa Yosua sing ditolak nang bangsane dhewek 40 tahun sing kepungkur , kuwe wong sing dipilih Gusti Allah dadi pemimpin, sing mimpin bangsa Israel mlebu nang tanah perjanjian.

Kitab Yosua isine catetan bab kaya ngapa Gusti Allah netepi janjine aweh tanah kanaan maring keturunane Ibrahim.

Yosua pasal 1: 1 Sewise Musa mati, Gusti Allah ngendika maring wakile Musa yakuwe Yosua anake Nun. 2 Gusti Allah ngendhika, “ Abdine Inyong Musa wis mati. Kowe lan bangsa Israel siap siap nyembrangi sungai Yordan, lan mlebu negri sing tek wehna maring kowe. 3 Inyong wis ngomong maring Musa, kabeh wilayah sing kowe injek dadi duweke kowe, 4 Wilayahe dawane sekang sungai Efrat sing gedhe kuwe nganti meng tengah segara nang kulon. 5 Ora nana sija wong sing bisa ngalahna kowe, Yosua, sedawane uripmu. Merga Inyong bakal bareng karo kowe kaya gemiyen Inyong bareng karo Musa. Inyong ora bakal ninggalna kowe.

10. Yosua prentah pemimpin pemimpin umat Israel, 11 Ubengi kabeh perkemahan umat Israel omongna prentah kiye, “Siapna pasukan, telung dina maning kowe bakal nyembrangi Sungai Yordan kanggo ngrebut negri sing diwehna Gusti Allah maring kowe.”

Sewise kedadean kuwe, Yosua ngirim pengintai wong loro, kanggo nyilidiki tanah Kanaan, utamane kutha Yeriko. Loro pengintai kuwe banjur lunga nyilidiki kota Yeriko. Kutha kuwe diubengi tembok sing kandel lan dhuwur. Wektu wengi dheweke ngumpet nang umahe Rahab, lonte nang kutha kuwe. nanging ana wong sing weruh keloro pengintai kuwe mlebu meng njero umahe Rahab. Dheweke lunga ngadhep maring Sang Prabu lan aweh ngerti menawa ana wong Israel nang njero kutha sing teka kanggo ndeleng ndeleng, Sang Prabu ngirim tentarane kanggo ndekek wong wong kuwe, nanging Rahab ngumpetena wong loro kuwe nang ndhuwur payon.

Sewise tentara tentara kuwe lunga, Rahab nyeluk keloro pengintai kuwe lan ngomong: “Inyong ngerti nek Gusti Allahmu wis ngewehna negri kiye maring kowe. Inyong wis krungu kaya ngapa Gusti Allah nggaringna Segara Abang nang ngarepe kowe wektu kowe ninggalna Mesir, lan kepriwe Kiyambeke ngremukna mungsuh mungsuhe kowe. Kabeh wong nang kene padha kewedan. Gusti Allahmu bener bener Maha Kuwasa nang langit lan nang bumi. Siki inyong njaluk kowe sumpah menawa kowe teka ngrebut kota kiye, kowe bakal nglindungi inyong lan keluargane inyong sekang kematian.” Keloro pengintai kuwe njawab,” Wektu Gusti Allah nyerahna kutha kiye maring inyong, inyong bakal nglindungi kowe lan kabeh wong sing nang njero umahmu.”

Nang pasal kaping telu, ditulis kaya ngapa bangsa Israel nyembrang kali Yordan sing amba lan jero. Kaya ngapa wong akehe loro utawa telung juta kuwe nyembrang kali sing amba? Jawabe ,

Gusti Allah sing bareng dheweke nang ngarep kali Yordan kuwe Gusti Allah sing padha sing mbelah Segara Abang. Kaya kuwe bangsa Israel nyebrangi nang lemah sing garing, tekan nang ngarepe kutha Yeriko sing gedhe. Gapurane kutha wis ditutup, ora nana sing bisa mlebu utawa metu.

Nang pasal lima, dicritakna kedadean sing dialami Yosua nang cedheke kutha Yeriko. Wektu Yosua ngangkat sirahe ndeleng kutha Yeriko, dheweke weruh ana wong lanang karo pedhang diangkat nang undhak undhakan, ngadheg nang ngarepe. Yosua takon maring dheweke: “Kowe mungsuh utawa kanca.” Inyong Senopati tentarane Gusti Allah.” Krungu jawaban kuwe Yosua nyembah nang ngarepe wong kuwe. Senopati tentarane Gusti Allah kuwe ngomong: “Copot sepatumu, merga lemah sing di idek kuwe suci.” Yosua nglakokna apa sing diprentahna wong kuwe.

Sedulur...apa kowe ngerti karo sapa Yosua ngomong? Karo Gusti Allah dhewek. Dhewek wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah ngeton maring Ibrahim karo wujud sewijine manungsa lan kandha kandhaan karo dheweke, banjur Musa ketemu karo Gusti Allah karo wujud rerungkutan sing murub, siki Gusti Allah ngeton maring Yosua karo wujud senopati sing nggegem pedhang. Gusti Allah ngendika karo Yusua, 2 “Siki tek serahna kutha Yeriko, karo Sang Prabune lan kabeh tentarane sing kendhel kendhel kuwe. 3 Kowe lan tentaramu kudu baris ngubengi kutha kuwe sepisan sedina suwene nem dina. 4 Pitung wong imam, nggawa trompet dhewek dhewek , kudu mlaku nang ngarepe peti perjanjian. Dina kaping pitu , kowe lan tentarane kudu ngubengi kutha kuwe ping pitu, sewentara para imam ndamu trompete. 5 Imam imam kuwe kudu ndamu trompete karo suwara sing dawa. Kaya kuwe kowe krungu suwara sing dawa kuwe kabeh tentara kudu surak surak sing gemuruh , dadi tembok kuwe ambruk. Kowe kabeh kudu langsung ngrebut kutha kuwe.” Sewise ngendhika kaya kuwe, Gusti Allah lunga ninggalna Yusua.

Yosua cepet cepet lunga maring bangsa Israel, ngomongna kabeh sing diprentahna Gusti Allah. Yosua mrentahna kabeh bangsa kuwe nggotong Tabut Perjanjian lan ngubengi kutha kuwe sepisan. Nanging dheweke ngelingna wong wong kuwe , “ Aja ngomong sijine omongan tekan dina inyong aweh prentah kowe kon padha surak surak. Dina kuwe kowe ulih surak surak.” Sewise dheweke ngubengi Yerikho sepisan kubengan , dheweke balik meng kemah lan turu nang kemah. Dina kaping pindho dheweke ngubengi kutha sepisan kubengan, dheweke bali meng kemah. Kaya kuwe sing dilakukna wong Israel suwene nem dina terusan.

Nanging dina kaping pitu , pas subuh dheweke tangi banjur baris ngubengi Yeriko akehe ping pitu . Sewise ping pitu ngubengi, imam imam ngunikna trompet banjur Yosua mrentah bangsa Israel kuwe , surak surak, merga Gusti Allah ngewehna kutha kiye maring kowe. Wektu tentara Israel krungu unine trumpet dheweke surak surak seru banget , tembok sing ngubengi kutha Yeriko ambruk. Wong Israel nyerbu kutha, langsung padha maju lan mlebu meng njero.

Dina kuwe kabeh penduduk Yeriko padha mati, kejaba Rahab lan keluwargane, kaya sing dijanjekna pengintai kuwe. Umahe Rahab ora ambruk , mergane wong wadon kuwe wis mbalik sekang brahala lan mengimani Allahe wong Israel.

Yosua lan tentara Israel bisa ngrebut kota sing bertembok kuwe merga dheweke percaya sabdane Gusti Allah.

Pasal 21 diomongna nang Kitab Suci: "Gusti Allah aweh kabeh kutha kuwe maring bangsa Israel...Gusti Allah ngwenehi ketenangan nang kabeh wilayah...Gusti Allah nyerahna kabeh mungsuh maring dheweke."

Sedulure inyong, ngertenana Gusti Allahe Yosua kuwe, setya, netepi janjine.

Gusti Allah kepengin nglakokna sing apik kanggo anak putune Israel karo aweh tanah perjanjian sing makmur, nanging Kiyambeke nunggu wong Israel kuwe percaya maring Kiyambeke. Generasi wong tuwane dheweke ora ulih bagian sekang kemakmurane Kanaan merga dheweke ora percaya karo janjine Gusti Allah.

Apa kowe padha percaya maring pribadine Gusti Allah? Apa kowe tresna maring Gusti Allah?  
Apa kowe percaya maring sabdane sepenuh ati?

Sedulur kabeh...Gusti Allah tresna karo kowe, Kiyambeke kepengin mberkahi kowe , nanging kowe kudu percaya lan nrima sabdane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 45.**

### **Para Hakim lan Rut**

Sedulure, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang piwulang sing pungkasan dhewek wis ngerti kaya ngapa Yosua mimpin bangsa Israel mlebu tanah Kanaan. Kaya ngapa Gusti Allah mlaku nang ngarepe Yosua lan bangsa Israel ngalahna mungsuhan mungsuhe lan nggawa bangsa Israel ngrebut tanah Kanaan sing subur lan makmur. Tanah sing dijanjikna Gusti Allah maring Ibrahim.

Ana rong bagian Kitab Suci: sewise Kitab Yosua, yakuwe: Kitab Hakim hakim lan Kitab Rut. Keloro kitab kiye nuduhuhna prekara prekara sing kedadean antarane jaman nabi Yosua lan Nabi Daud.

Nang pasal pungkasan Kitab Yosua, Yosua ngumpulna kabeh pemimpin bangsa Israel, ngelingna lan nyemangati ben wong Israel tresna lan nurut karo Gusti Allah, sing wis nggawa metu sekang Mesir lan aweh tanah sing subur lan makmur sing dadi panggonane.

Hakim hakim pasal 2 : “Sesuwene Yosua urip, wong Israel ngabdi maring Gusti Allah. Sewise Yosua mati dheweke tetep ngabdi maring Gusti Allah wektu dipimpin nang wong wong sing weruh dhewek kabeh keajaiban sing dilakukan nang Gusti Allah kanggo wong Israel. Yosua anake Nun...abdine Gusti Allah kuwe..mati umur satus sepuluh taun, dikubur nang wilayah pegunungan Efraim. Wong sing sejamane mati kabeh. Generasi sebanjure ora percaya maring Gusti Allah mergane ora ngalami sing dilakukan Gusti Allah maring Bangsa Israel.

Wong Israel nglalekna Gusti Allahe, mbalik sekang Gusti Allah, ngetutnaa agama bangsa bangsa sekubenge. Bangsa bangsa kuwe ora ngerti Gusti Allah sing bener ora percaya Sabdane. Dheweke nyembah maring Baal, yakuwe brahala sing wujude patung patung lan

disembah. Dheweke mikir sing dilakukna kuwe nyembah maring Gusti Allah, merga Setan wis nyesatna. Akeh wong Israel sing dadi sesat melu bangsa bangsa sekubenge nyembah Baal. Ora ngetutna dalan sing bener sing ditetepna Gusti Allah sing ana nang angger anggere Musa yakuwe pangurbanan kewan lan persembahan gethih kanggo nutupi dosa. Umat Israel sewise jaman Yosua milih ngetutna dalan sing sesat yakuwe agama Baal. Dheweke ora preduli karo angger angere Gusti Allah sing kaping pisan yakuwe: Kowe aja nduweni Allah liyane nang ngarsane Inyong. Merga Inyong Gusti Allahmu, Allah sing cemburu...wong wong sing sengit karo Inyong, tek ukum nganti keturunan kaping telu lan kaping papat. 6 Nanging inyong aweh katresnan maring ewon ewon wong sing nresnani Inyong lan manut karo prentahé Inyong.

Wong Israel gawe dosa maring Gusti Allah. Dheweke mulai nyembah Baal lan Asytoret uga dewa dewa liane sing disembah nang bangsa bangsa sekubenge. Gusti Allah kesuh karo dheweke, ngejorna gerombolan nyerang lan ngrampok dheweke. Dheweke ora duwe tenaga nglawan mungsuhe Samben perang Gusti Allah nglawan dheweke ndadekna kangelan banget.

Kitab Hakim hakim nyathet kaya ngapa wong Israel atos atine lan bolak balik ninggalna Gusti Allah. Samben dheweke ninggalna Gusti Allah, Gusti Allah nyerahna maring mungsuh mungsuhe, lan ngukum dheweke, ben dheweke gelem ngakoni dosa, tobat lan dislametna sekang kehancuran. Samben bangsa Israel tobat, Gusti Allah aweh pemimpin sing bakal nylametna dheweke sekang mungsuh mungsuhe.

Bangsa Israel bolak balik gawe dosa maring Gusti Allah, Gusti Allah pancen ngukum kabeh wong sing dosa, nanging Kiyambeke nduwe rencana kanggo wong Israel dadi sewijine bangsa, merga Gusti Allah ora kelalen karo janjine maring Ibrahim yakuwe: " Sekang keturunanmu kabeh wong nang ndunya ulih berkah." Gusti Allah wis ngrencanakna ndadekna keturuan Ibrahim sewijine bangsa, sekang kono Juruslamat Dunia bakal lair nang bumi. Ora nana sing bisa ngalangi rencanane Gusti Allah, ora dosane wong Israel, ora Sang Prabu Pringon, ora bangsa Mesir, ora bangsa Kanaan. Ora agama palsu maring Baal, utawa Setan. Ora nana sijia perkara sing bisa ngalangi rencanane Gusti Allah kanggo ngutus Juruslamet meng ndunyan liwat bangsa Israel.

Siki tekan kitab Rut. Kitab kiye nyritakna imane salah sijine wong wadon, wong wadon sing percaya maring Gusti Allah nang tengahe umat sing nyimpang utawa temindak ala marang Gusti Allah.

Rut kuwe randha, dudu keturunan sekang Israel. Rut kuwe wong Moab, sing manggon nang negri Moab, kidul wilayahe wong Israel. Bangsa Moab nyembah brahala, nganggep remeh Gusti Allahe wong Israel, uga wong Israel dhewek.

Senajan Rut wong Moab, nanging ora nganggep remeh Gusti Allahe wong Israel, malah karo sepenuhe ati dheweke percaya maring Gusti Allahe wong Israel. Akeh prekara dahsyat sing dirungokna Rut ngenani Gusti Allahe wong Israel. Kaya ngapa Kiyambeke nggawa metu wong Israel sekang Mesir ngganti nyerahna negri Kanaan maring umate Israel. Rut ngerti lan eling ketentuan Gusti Allah sing di tulis nang Kitab Musa nengenani dalan keslametan, lan dheweke nrima pesen sing di sampekna nang Gusti Allah khusus kanggo wong Israel.

Kiye kahanane Rut: Dheweke manggon nang Moab nang antarane wong sing nyembah brahala. Wong tuwane nyembah brahala, dheweke dilairna nang agama wong tuwane, nanging siki Rut ora percaya maring agamane wong tuwane. Maring Gusti Allahe wong Israel Rut percaya. Dadi kaya ngapa angele kahanane Rut. Apa Rut kudu manggon bareng wong tuwane, tetep nglakokna agamane wong tuwane, nikah karo wong lanang sing ora ngerti ngenani iman maring Gusti Allah? Utawa dheweke lunga sekang umah wong tuwane, agamane, lan pindah maring Israel? Bener bener pilihan sing angel.

Rut nduweni mbokayu ipar jenenge Orpah. Padha karo Rut, Orpah uga ngerti bab Gusti Allahe wong Israel. Orpah uga diadhepna karo pilihan kaya Rut. Apa pilihane dheweke?

Orpah milih dalan sing gampang, tetep manggon nang umahe ramane,...nanging Rut milih dalan sing angel yakuwe lunga kang umahe ramane, pindah meng wilayahe wong Israel. Rut ngerti ora nana wong sing bisa nyembah loro Gusti Allah. Ora mungkin wong kuwe bisa nyembah maring Gusti Allahe wong Israel lan wektu sing padha uga nyembah brahalane wong Moab. Kanggo Rut mendingan nurut karo Gusti Allah ketimbang manungsa kuwe keputusane. Kuwe alesane kenang ngapa dheweke mbalik sekang agama leluhure. Dheweke rila disalahngerteni nang sedulur sedulure lan kanca kancane kanggo milih percaya karo Gusti Allah kang sejati lan urip. Kaya kuwe keputusane Rut lunga sekang umahe wong tuwane lan pindah meng Israel yakuwe Betlehem.

Nang Betlehem ana sewijine wong lanang jenenge Boas. Boas kuwe anake Rahab, wong wadon sing ngumpetena loro pengintai sekang Israel wektu dheweke ngintai kutha Yeriko. Boas kuwe wong lanang sing urip bener lan ngerti sabdane Gusti Allah. Dheweke wong sugih, duwe akeh sawah utawa tegalan, nanging urung mbojo.

Kitab Suci nyathet kaya ngapa Rut sing siki manggon nang Betlehem, biasa tangi esuk esuk lan lunga meng sawah ngumpulna gandum sing padha keri utawa tiba sekang tangane tukang ngarit wektu padha panen. Rut kuwe petani sing kere, wis diatur nang angger anggere Musa, wong sing kere ulih ngumpulna gandum karo cara kaya kuwe, ben ora mati kencoten. Kitab Suci nuduhuhna kaya ngapa Gusti Allah mimpin Rut kanggo lunga lan ngumpulna gandum nang sawahe Boas, anake Rahab. Boas ndelengna menawa Rut sering teka meng sawahe kanggo ngumpulna gandum sing padha keri, lan Boas ngomong karo wong wadon kuwe.

Boas kuwe wong sing urip bener, dheweke bisa ngerti menawa Rut kuwe wong sing apik. Rut lan Boas adu katresnan, dheweke banjur umah umah. Rut tresna banget karo Gusti Allah lewih sekang sekabehane, merga kuwe Gusti Allah mberkahi uripe Rut.

Boas lan Rut banjur nduweni anak jenenge Obed, Obed nduweni anak jenenge Isai, Isai nduweni anak jenenge Dawud, sing bakal dadi Raja nang Israel, dheweke uga nabi sing nulis akeh zabur. Sekang keturunane Dawud kiye Sang Penebus lair, yakuwe Juruslamat dunia, sing wis dinubuatna nang kabeh nabi.

Wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah makarya nang uripe Rut, wong wadon sing udu bangsa Israel. Sewetara wong Israel mbalik sekang Gusti Allah lan nuruti agama bangsa bangsa sekubenge, Rut mbalik sekang agama leluhure kanggo nuruti Gusti Allahe Israel. Gusti Allah dhewek sing nggawa Rut maring Betlehem kanggo umah umah karo Boas lan dadi nenek buyute Dawud raja Israel. Kaya ngapa Gusti Allah nglakukna rencanane ngutus Sang Penebus maring ndunya kiye, sekang keturunane Dawud lan nang kutha Betlehem kiye Juruslamet dunia lair.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 46.**

### **Nabi Samuel, Saul lan Dawud**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sewise jamane nabi Yusak wong Israel ngalami jaman sing peteng lan angel, nanging Gusti Allah tetep setya, Gusti Allah ora kelalen karo janjine maring Ibrahim lan keturunane ngenani Sang Penebus sing bakal lair sekang bangsa Israel.

Dhewek uga wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah makarya nang uripe sawijine wong wadon sing jenenge Rut, dudu keturunan Israel, nanging percaya kanthi temen maring Gusti Allah. Rut pindah sekang negarane, manggon nang kutha Betlehem wilayah Israel. Rut umah umah karo wong Israel yakuwe Boas. Dheweke nduweni anak jenenge Obed; Obed nduweni anak Isai, Isai kuwe ramane nabi Dawud. Kabeh kuwe aweh gambaran menawa Gusti Allah bakal netepi rencanane ngutus Sang Penebus maring ndunya kiye, liwat keturunane Dawud.

Nabi Dawud kuwe nabi sing kesohor nang Kitab Suci Dheweke kuwe wong nom sing ngalahna Goliat, si raksasa, ukur nganggo plintheng sing ana watune. Dawud uga raja Israel sing kesohor, akeh nulis kitab Zabur.

Nabi sedurung nabi Dawud yakuwe Samuel, Samuel dipilih Gusti Allah kanggo nggawe bangsa Israel balik maring Gusti Allah, merga wektu kuwe atine bangsa Israel adoh sekang Gusti Allah.

Dina kiye dhewek bakal maca kitab Samuel. Kitab kiye berarti banget merga nang njerone di tulis kisah sing migunani sekang uripe nabi Samuel lan telung raja sing kawitan yakuwe: Saul, Dawud lan Sulaiman.

Gusti Allah mbangkitna para pemimpin kaya Musa, Yusak lan Samuel kanggo mbimbing lan ngakimi bangsa kiye. Gusti Allah sing nggawa dheweke metu sekang tanah Mesir kuwe Raja sing sebenere, Gusti Allah sing prentah bangsa Israel gawe Kemah Patemon ben Gusti Allah bisa nyatakna kamulyane nang antarane dheweke. Gusti Allah dadi Raja sing ditutna lan ditaati nang wong Israel. Nanging akeh wong Israel sing kepengin kaya bangsa bangsa liyane nduweni raja sekang manungsa.

Kitab 1 Samuel pasal 8 diomongna:

“ Kabeh pemimpin Israel kumpul , ngadhep maring Nabi Samuel nang Rama, lan ngomong maring dheweke, “ Rungokna rama samuel, sampeyan wis tuwa lan anak anake sampeyan ora nyonto kelakuane sampeyan. Dadi lewih apik ramane ngangkat raja kaya bangsa bangsa liyane.” Nabi Samuel ora seneng karo pikirane wong wong kuwe, dheweke ndedoga maring Gusti Allah. Gusti Allah ngendhika: “Trima kabeh penjaluke bangsa kuwe, merga dudu kowe sing di tolak, nanging Inyong. Dheweke ora ngarepna Inyong dadi rajane. Kawitan Inyong nggawa dheweke metu sekang tanah Mesir, dheweke mbalik sekang Inyong lan nyembah dewa dewa, apa sing dilakokna maring kowe , kuwe wis dilakokna maring Inyong. Merga sekang kuwe trima bae penjaluke; nanging elingna lan wehi ngerti kaya ngapa dheweke mengko bakal diperlakukna nang raja.”

Sebenere Gusti Allah ora kepengin wong Israel nduweni raja seliyane Kiyambeke, nanging merga dheweke nolak pamrentahane Gusti Allah, Gusti Allah ngijini kekarepane

Gusti Allah ora meksa dheweke nrima Kiyambeke dadi penguasa. Nabi Samuel milih wong sing jenenge Saul dadi raja kanggo bangsa Israel. “ Samuel njukut tabung lenga disiramna meng ndhuwur sirahe Saul. Kiye kulinane wong Israel menawa milih sewijine wong dadi pimpinan, nabi, imam lan raja, kanggo tandha ngesahna.

Sewise Nabi Samuel ngguyurna lenga nang ndhuwur sirahe Saul, dheweke ngomong aring wong akeh: “ kiye wong sing dipilih nang Gusti Allah , nang antarane awake dhewek ora nana sing madhani dheweke. Wong akeh kuwe banjur surak surak: Selamat Sang Prabu.”

Kawitane bangsa Israel seneng banget nduweni raja. Saul esih enom, gagah, kuwat lan wani, lewih dhuwur sekang umume wong Israel. Sekang tampilan njaba Saul sampurna banget kanggo dadi raja. Nanging Gusti Allah ora ngukur wong sekang tampilan njaba, nanging sekang njero atine. Kawitane Saul kuwe raja sing apik .. nanging suwe suwe dadi angkuh, merian lan mentingna awake dhewek. Saul ngormati Gusti Allah ukur nang cangkeme thok, nanging atine adoh sekang Gusti Allah. Saul ora ngormati lan ora manut karo sabdane Gusti Allah, dheweke milih nglakokna kekarepane dhewek, ketimbang nglakokna apa sing diprentahna Gusti Allah.

Sewise pirang pirang taun Saul dadi raja, Kitab Suci nyritakna:

“ Gusti Allah banjur ngendhika maring Nabi Samuel, “Inyong gethun wis ndadhekna saul raja, merga dheweke wis mbalik sekang Inyong, lan ora nglakokna prentahe Inyong.” Nabi Samuel sedhih, sedawane wengi dheweke ngeluh maring Gusti Allah. Ngesuke esuk esuk, Nabi Samuel mangkat nemoni Saul. Mbareng Nabi Samuel ketemu Saul, Saul ngomong karo dheweke,” Muga muga Gusti Allah mberkahi ramane! Inyong wis nglakokna prentahe Gusti Allah.”

Nabi Samuel ngomong maring Saul, menawa kerajaane bakal dijot sekang dheweke lan diwehna maring wong liya.

Kitab Suci ngomongna: “Gusti Allah negdhika maring Samuel, “Pirang wektu maning atimu sedhih amarga Saul? Mbokan dheweke wis ora diakoni dadi raja Israel? Siki jukuta lenga Zaitun lan lungaa meng Betlehem, meng wong sing jenenge Isai, merga salah siji sekang anak anake wis tek pilih dadi raja.” Nanging Nabi Samuel mangsuli,” Kepriwe inyong nglakokna? Menawa Saul krungu, mesthi inyong dipateni!”

Gusti Allah mangsuli, “ Gawaa lembu sing esih enom, omongna maring rakyat menawa kowe teka meng nganah kanggo mempersembahna kurban maring Gusti Allah. Banjur undang Isai meng upacara pengurbanan kuwe. Mengko tek wei ngerti apa sing kudu dilakokna nang kowe. Wong sing tek tuduhna meng kowe, kudu kowe angkat dadi raja.” Nabi Samuel nglakokna kaya sing dingendhikakna Gusti Allah. Sewise dheweke tekan Betlehem , para sesepuh kutha methuk nabi Samuel karo gemeter lan ngomong, apa tekane panjenengan nggawa slamet? “ Wangsulane Nabi Samuel, “Ya, bener. Inyong teka kanggo mempersembahna kurban maring Gusti Allah. Sucikna awakmu ben bisa melu nang upacara pengurbanan kuwe.”

Isai lan anak anake diprentah nyucikna awake, lan diundang meng upacara kuwe. Mbareng dheweke wis kumpul, Nabi Samuel weruh Eliab anak Isai, dheweke mikir, “Mesthi kiye sing bakal dipilih nang Gusti Allah.” Nanging Gusti Allah ngendhika maring Samuel, “ Kowe aja kepincut karo rupane sing bagus lan awake sing dhuwur; dudu dheweke sing tek karepna. Inyong ora ngukur wong kaya manungsa ngukur. Manungsa ndeleng rupane, nanging Inyong ndeleng atine.”

Sebanjure, Isai nyeluk Aminadab, anake, diprentah ngadhep Nabi Samuel. Nanging Nabi Samuel ngomong, : Dheweke uga ora dipilih Gusti Allah.” Banjur Syama di prentah maju nanging Nabi Samuel ngomong, “ Dheweke uga ora dipilih Gusti Allah.” Kaya kuwe Isai prentah kepitu anake ngadhep maring nabi Samuel, nanging Nabi Samuel ngomong maring

dheweke, "wong wong kuwe ora dipilih karo Gusti Allah." Nabi Samuel takon maring dheweke, "Ukur kiye apa anak lanange kowe?" Isai mangsuli, "Esih ana siji maning, sing ragil, nanging dheweke agi anggon wedhus gembel." Nabi Samuel ngomong, " prentrahna kon nyeluk dheweke, merga dhewek ora bakal mangan sedurunge dheweke teka." Isai banjur nyeluk anak kuwe. Jebule dheweke esih enom ,nggantheng lan sehat, matane apik. Gusti Allah banjur ngendhika maring Nabi Samuel, "Kiye wonge; lantiklah!" Nabi Samuel njiot lenga zaitun lan nglantik Dawud karo upacara peminyakan nang ngarepe dulur dulure. Wektu kuwe uga Dawud dikuwasai Rohe Gusti Allah. Kawit dina kuwe lan seteruse Rohe Gusti Allah bareng karo Dawud."

Dhewek wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah milih Dawud dadi raja Israel sewise Saul, nanging wektu kuwe Dawud ora langsung dadi raja. Dawud esih remaja lan wektu sing ditetepna nang Gusti Allah kanggo memerintah Israel urung wektune. Dawud kudu ngenteni 10 taun nganti dheweke diangkat dadi raja Israel.

Dawud balik maning meng anggone angon wedhus nang cedheke Betlehem, kanggo njagani wedus weduse ramane. Dawud kuwe pangon wedhus sing apik lan setya, ora nana wedine. Ora nana sijia sing di wedeni seliyane Gusti Allah. Contone, wektu dheweke angon wedhus, ana singa nyaplok salah siji wedhuse. Singa kuwe di buru nang Dawud, dipenthung nganti tiba banjur wedhuse di rebut sekang cangkeme singa kuwe. Wektu singa kuwe mbalik nyerang Dawud, Dawud ndekek singa kuwe dicekel gulune banjur dibanting lan dipateni.

Dawud ora ukur pangon wedhus sing trampil, dheweke uga penyanyi lan musisi. Rohe Gusti Allah sing nuntun Dawud kanggo nyiptakna akeh kidung pamuja maring Gusti Allah di tulis nang kitab Zabur. Sekang kidung kuwe dhewek ngerti kaya ngapa Dawud tresna banget maring Gusti Allah lan Sabdane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 47.**

### **Dawud lan Goliat**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrengbuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dhewek wis sinau ngenani uripe nabi Dawud. Dawud diurapi dadi raja sing kepindho Israel merga raja kaping sepisan Saul ora manut karo sabdane Gusti Allah.

Piwulang dina kiye jodule Dawud lan Goliat, sing diomongna nang Kitab Samuel sing kesepisan pasal 17:

17:2 Sang Prabu Saul lan wong Israel padha ngumpul lan gawe kemah nang lembah Tarbantin; dheweke ngatur barisan perange adhep adhepan karo wong Filistin. 17:3 Wong Filistin mapan nang gunung sisih kene, lan wong Israel ana nang sisih kana, nang tengah tengahe ana lembah. 17:4 Banjur metu pendekar sekang tentarane wong Filistin , jenenge Goliat sekang Gat. Dhuwure nem asta sekilan. 17:5 Nganggo topong tembaga nang sirahe, lan nganggo klambi waja sing bersisik; abot klambi sekang waja kiye limang ewu sekel tembaga. 17:6 Dheweke nganggo tutup sikil sekang tembaga, nang pundake manggul tumbak tembaga. 17:7 garane tumbake segulungan tenunan, mata tumbake , enem atus syikal wesi abote. Ana tukang nggawa tameng sing mlaku nang ngarepe. 17:8 Wong kuwe ngadheg karo sesumbar maring barisan Israel, karo ngomong: “Kenang ngapa kowe metu nata barisan perangmu? Inyong kiye wong Filistin lan kowe kawulane Saul? Miliha wong siji, ben mudhun nemoni inyong. 17:9 Nek wong kuwe bisa menang perange nglawan lan ngalahna inyong, inyong bakal ngewula maring kowe. Nanging nek inyong menang ngalahna kowe, kowe dadi kawulane inyong lan nurut maring inyong.” 17:10 Wong Filistin ngomong maning: “Dina kiye inyong nantang barisan Israel, ajokna wong siji ben inyong perang tandhing siji lawan siji.” 17:11 bareng sang Prabu Saul lan kebeh wong Israel krungu omongane wong Filistin kuwe, atinne kuwatir lan kewedden banget.

Wektu Goliat ngenyek tentara Israel Dawud lagi angon weduse ramane adem ayem, adoh sekang enggon perang, mikirena sabdane Gusti Allah, ngonekna kecapi lan memuji Gusti Allah. Dawud nduweni kakang lanang telu sing dadi prajurit nang pasukan Israel. Sewijine dina

ramane Dawud nekani dheweke lan ngomong: lungaa tiliki dulur dulurmu nang nggon peperangan lan kabari kahanan nang kana. Dawud banjur lunga ninggalna wedhuse nuju panggonan perang.

Wektu dheweke aweh salam maring kakang kakangane, Goliat pahlawan wong Filistin metu sekang barisane lan nantang prajurit Israel karo ngancem kaya biasane, kaya sing wis dilakokna suwene 40 dina kepungkur. Wektu prajurit Israel weruh dheweke , pada mlayu keweden, ana wong ngomong karo Dawud: “Delengna wong kuwe , terus terusan meden medeni awake dhewek. Sapa bae sing bisa mateni arep diwei bandha sing geddhe nang Sang Prabu Saul lan dheweke uga arep ngewehi anak wadone kanggo dinikahi, lan keluwargane ora usah mbayar pajek.”

Dawud mangsuli: “Wong Filistin sing ora sepit kiye , sapa dheweke kuwe, nganti wani ngejek pasukan prajurite Gusti Allah sing urip?”. Wektu dheweke ngomong kaya kuwe kakang kakange dadi kesuh lan ngomong: “ kanggo ngapa kowe teka meng ngeneh? Nang sapa kowe titipna wedus weduse dhewek sing loro telu kuwe? Inyong ngerti kowe nganti teka meng ngeneh kepengin nonton perang kiye.” Ana prajurit Israel sing krungu omongane Dawud bab Goliat lan nglaporna maring Sang Prabu Saul. Sang Prabu Saul banjur nyeluk Dawud lan nakoni.

Dawud ngomong maring Sang Prabu Saul: “Aja nganti patah semangat jalaran wong kuwe; Inyong bakal maju nglawan wong Filistin kuwe.” Sang Prabu Saul ngomong maring Dawud: “ Ora mungkin kowe bisa nglawan wong Filistin kuwe ,kowe esih enom, sewetara dheweke sekang jamane enom wis dadi prajurit.” Nanging Dawud ngomong maring Sang Prabu Saul: “ kawula kiye wis biasa angon weduse ramane. Umpamane teka singa utawa bruwang sing nyokot salah siji wedus sing tek engon, inyong bakal mburu, tek hajar lan tek culna wedus kuwe sekang cangkeme. Umpamane dheweke ngadheg nyerang inyong, inyong bakal nyekel janggute banjur tek gebugi nganti mati. Dadi Singa utawa Bruwang wis tek gebugi. Wong Filistin sing ora sepit kuwe , arep dadi kaya salah sijine kewan kuwe, merga dheweke wis ngenyek barisan sekang Gusti Allah sing urip.”

Dawud ngomong maning: “Gusti Allah sing wis ngeculna inyong sekang cakar beruwang, Kiyambeke uga sing bakal ngeculna inyong sekang tangane wong Filistin kuwe.” Sang Prabu Saul ngendika maring Dawud: “Iya wis mangkata , Gusti Allah bareng karo kowe.” Sang Prabu Saul banjur nganggokna klambi perange maring Dawud, sirahe dienggoni topong tembaga lan dienggoni klambi waja. Dawud masang pedhange nang njaba klambine; banjur njajal mlaku,

merga urung tahu nganggo kaya kuwe. Dawud banjur ngomong karo Sang Prabu saul: “Inyong ora bisa mlaku nganggo klambi kiye, merga inyong urung tau nganggo.”

Dheweke banjur nyopot klambine. Daud njiot tekene, dipilih sekang ngingsor kali watu sing lunyu limang iji, dilebokna nang kanthong pangon sing digawa, wadhab watu lan plinthenge di cangking. Kaya kuwe anggone Dawud ngadhepi wong Filistin kuwe.

Wong Filistin mulai perek karo Dawud lan nang ngarepe wong sing nggawa tamenge.

Wong Filistin kuwe ndelengna Dawud, lan ngenyek, merga dheweke esih enom, sumringah lan nggantheng. Wong Filistin kuwe ngomong maring Dawud : “Apa inyong kuwe asu, mulane kowe medheki inyong karo teken?” nganggo jenenge para allahe, wong Filistin kuwe ngutuki Dawud. Wong Filistin ngomong maring Dawud : “lawan inyong, inyong bakal ngewehna dagingmu maring manuk manuk nang awang awang lan maring kewan kewan nang tegalan”.

Dawud ngomong karo wong Filistin kuwe: “ Kowe nekani inyong karo pedhang, tumbak lan lembing, nanging inyong nekani kowe nganggo Asmane Gusti Allah semesta alam, Gusti Allahe kabeh barisan Israel sing kowe tantang. Dina siki uga Gusti Allah bakal nyerahna kowe maring tangaane inyong, kowe bakal tek kalahna lan endasmu tek kethok sekang awakmu; dina siki uga inyong bakal ngewehna mayitmu lan mayit prajurit wong Filistin maring manuk nang awang awang lan maring kewan galak, ben kabeh jagat ngerti menawa Israel nduweni Gusti Allah, lan kabeh Jemaah kiye ngerti menawa Gusti Allah kuwe nylametna ora nganggo pedhang utawa lembing. Merga nang asmane Gusti Allah perang kuwe lan Kiyambeke bakal nyerahna kowe maring tangane inyong.”

Pas wong Filistin maju nekani Dawud, Dawud cepet cepet mlayu meng barisan mungsuh kanggo nemoni wong Filistin kuwe; Dawud nglebokna tangane maring kanthonge njiot watu diplinthengna, kena nang bathuke wong Filistin kuwe, watu kuwe nuncep maring bathuke lan ambruk, raine nyungsep meng lemah.

Kaya kuwe Dawud ngalahna wong Filistin kuwe karo plintheng lan watu; Dawud mlayu marani wong Filistin kuwe, ngadheg nang sandinge, njiot pedange, ditarik banjur ditublesna. Dikethok endase karo pedhang kuwe. Mbareng wong Filistin weruh, menawa pahlawane wis mati, dheweke padha mlayu. Wong wong Israel lan Yehuda padha maju, surak surak lan mburu wong Filistin tekan cedheke Gat nganti gapurane Ekron. Wong wong sing dipateni sekang wong Filistin padha ngglimpang nang ndalan sekang Saaraaim nganti Gat lan tekan Ekron.

Dina kiye dhewek wis ngerti kaya ngapa Dawud nylametna bangsane sekang mungsuhan karo sewijine plintheng, watu lan iman sing teguh maring Gusti Allah sing urip.

Dhewek wis ngerti kaya ngapa Saul lan prajurit Israel kewedhen banget maring Goliat, ora nana sijia wong sing wani nglawan dheweke, nanging Dawud ora wedi babar blas maring raksasa kuwe. Dawud ora wedi maring raksasa, merga nduweni keyakinan sing kuwat maring Gusti Allah, keyakinan kuwe ora diduweni Saul lan prajurite. Sing di deleng nang Saul lan prajurite kuwe sewijine raksasa sing gagah perkasa; nanging Dawud ndeleng Gusti Allah sing perkasa. Saul lan prajurit Israel nduweni agama nanging ora ndadekna dheweke nduweni hubungan sing sejati karo Gusti Allah. Saul lan prajurite ngerti banget menawa Gusti Allah kuwe bener bener ana, Gusti Allah kuwe siji lan Kiyambeke kuwe dasyat lan perkasa. Nanging pengerten kuwe ora bisa nylametna dheweke sekang Goliat. Sewalike Dawud nduweni persekutuan sing sejati karo Gusti Allah. Dawud ngerti Gusti Allah lan mlaku bareng Kiyambeke. Dawud percaya karo janji janjine Gusti Allah, kuwe mergane Dawud ora wedi nglawan Goliat.

Dawud nduweni iman sing sejati, iman sing ora dilandasna maring omongan manungsa nanging dilandasna Sabdane Gusti Allah sing wis teruji. Gusti Allah sing ora klalen karo umate.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 48.**

### **Sang Prabu Dawud lan Janji janjine Gusti Allah**

Sedulure, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina kiye nerusna kisahe Nabi Dawud. Kepriwe dheweke nggantikna Sang Prabu Saul dadi raja Israel. 1 Samuel 18:6-9

18:6 "Wektu dheweke padha bali, sewise Dawud ngalahna wong Filistin, wong wong wadon sekang kabeh kutha Israel methuk Sang Prabu Saul karo nembang,joged joged lan nabuh trebang, pada seneng seneng lan ngunekna gerincing; 18:7 wong wadon sing padha jogged kuwe nembang saur sauran, jerene: "Sang Prabu Saul ngalahna mungsuh ewuan, nanging Dawud puluan ewu." 18:8 Sang Prabu Saul sengit banget; omongan kuwe njengkelna atine, dheweke mikir: "Maring Dawud dietung puluhan ewu, nanging maring inyong mung ewuan; pungkasane jabatan raja bakal dadi duweke dheweke." 18:9 sewise dina kuwe Sang prabu Saul sengit banget karo Dawud."

Kitab Suci aweh ngerti kaya ngapa Dawud ditresnani banget nang wong Israel. Perkara kuwe ndadekna Sang Prabu Saul tambah sengit maring Dawud. Iri ati ngebeki atine Sang Prabu lan nguwasan, dadi apa sing dipikirna Sang Prabu Saul ukur kepriwe carane nyingkirna Dawud. Akibate Dawud lunga lan ngumpet nang padang gurun bareng karo 400 wong Israel liyane. Sang Prabu Saul nglakokna apa bae sing ana nang kuwasane dadi raja kanggo nangkep lan mateni Dawud, nganti dheweke lan pasukane mburu Dawud lan pengikute meng padang gurun. Nanging dheweke ora tau bisa merga Gusti Allah bareng karo Dawud.

Suwene 8 taun Dawud lan pengikute kudu kabur lan ngumpet, sekang panggonan siji meng panggonan liyane kanggo ngindhari Sang Prabu Saul.

Senajan Sang Prabu iri ati lan sengit banget maring Dawud, nanging ora ndadekna Dawud sengit maring dheweke mergane Dawud mlaku bareng Gusti Allah sing ngetokna srengenge kanggo wong sing bener utawa ora bener. Kaya sing diomongna nang Kitab Suci (1 Yohanes 4:7,8,19,20)

“Sedulure inyong sing tak tresnani, ayuh dhewek padha tresna tresnanan, merga katresnan kuwe asale sekang Gusti Allah. Sapa sing ora nresnani, dheweke ora ngerti Gusti Allah, merga Gusti Allah kuwe katresnan. 4:19 Dhewek nresnani merga Gusti Allah lewi disit nresnani awake dhewek. 4:20 Sapa bae sing ngomong: “Inyong nresnani Gusti Allah .” Ian dheweke sengit maring sedulure, kuwe wong tukang ngapusi, sapa bae sing ora nresnani sedulure sing keton, ora mungkin nresnani Gusti Allah sing ora keton.”

1 Samuel 24,ngomongna: “Dawud lunga sekang kana, banjur manggon nang benteng benteng gunung En Gedi. 24:2 Nalika Sang Prabu Saul balik sewise mburu wong Filistin kuwe, dheweke diwei ngerti kaya kiye:” Ngertenana, Dawud ana nang padang gurun En-Gedi.” 24:3 Sang Prabu banjur ngumpulna wong pilihane sekang wong Israel jumlahe telungewu, diprentah lunga nggoleti Dawud lan pengikute, nang gunung parang wedhus Alas. 24:4 Dheweke tekan meng kandang kandang wedhus nang pinggir dalan. Nang kana ana guwane lan Sang Prabu Saul mlebu meng njero arep mbuawang ajat, nanging Dawud lan pengikute njagong nang mburi guwa kuwe. 24:5 Pengikute Dawud ngomong: “ Wis tekan dina sing di ngendikakna Gusti Allah maring kowe.: Sebenere , Inyong masrahna mungsuhmu ana nang tangane kowe, lakkona apa sing di deleng apik.” Dawud tangi lan ngiris poncote jubah Sang Prabu. 24:6 Dawud ngrsa jantunge deg degan, merga dheweke wis ngiris poncot jubahe Sang Prabu Saul; 24:7 dheweke banjur ngomong maring pengikute: “ Gusti Allah moga moga ngedohna inyong kanggo nglakkona prekara sing kaya kuwe maring Paduka, maring wong sing di urapi Gusti Allah yakuwe nyekel dheweke merga dheweke wong sing diurapi Gusti Allah.” 24:8 Dawud nyegah pengikute karo omongane kuwe; dheweke ora nglilani pengikute kuwe nglawan Sang Prabu Saul. Sewatara kuwe Sang Prabu Saul wis tangi, ninggalna guwa kuwe kanggo nerusna mlakune. 24:9 Dawud banjur menyat, dheweke metu sekang guwa karo mbengok maring Sang Prabu Saul sekang mburine, jarene: “ Paduka Sang Prabu!” Sang Prabu Saul nyelinguk meng mburi, Dawud banjur sujud nyembah. 24:10 Dawud ngomong maring Sang Prabu: “ Kenang ngapa panjenengan ngrungokna omongane wong wong sing ngomong: Sejatiné Dawud ngrengcanakna cilakane panjenengan? 24:11 Ngertenana, dina kiye panjenengan ngerti , menawa Gusti Allah nyerahna panjenengan maring tangane inyong nang njero guwa kuwe; ana wong sing mrentah inyong nyedani panjenengan; nanging inyong ngrasa eman maring

panjenengan, merga inyong mikir: Inyong ora bakal nyekel junjungane inyong merga panjenengan wong sing diurapi Gusti Allah. 24:12 Panjenengan delengen disit, delengen potongane jubahe panjenengan ana nang tangane inyong! Nyatane inyong motong pucuke jubahe panjenengan nanging ora nyedani panjenengan. Panjenengan ngerti menawa tangane inyong resik sekang kajahatan lan penghianatan, lan inyong ora gawe dosa maring sampeyan, senajan sampeyan mburu mburu inyong kanggo mateni inyong. 24:13 Gusti Allah mogamoga dadi hakim nang antarane panjenengan karo inyong, Gusti Allah muga muga mbalesna inyong maring panjenengan, nanging tangane inyong ora arep ngantem panjenengan.”

Sewise kuwe Sang Prabu Saul balik meng umahe, nanging ora suwe rasa iri ati nguwasani Sang Prabu Saul maning lan ndadekna dheweke balik meng padang gurun maning kanggo mburu Dawud, suwene 8 taun ang Prabu Saul nglakokna kaya kuwe merga iri ati. Nanging Gusti Allah nulungin Dawud sekang tangane Sang Prabu Saul. Akhire Sang Prabu nrima asil kejehatane sing dilakokna, kaya sing di tulis nang 1 Samuel 31:1-4

“ Sewetara kuwe wong Filistin perang nglawan wong Israel. Wong Israel kabur sekang ngarepe wong Filistin lan akeh sing mati dipateni nang pegunungan Gilboa. 31:2 Wong Filistin terus mburu Sang Prabu Saul lan putra putrane, ndadekna matine Yonathan, Abinadab lan Malkisua, putra putrane Sang Prabu Saul. 31:3 Peperangan kuwe sengsaya abot kanggo Sang Prabu Saul; para prajurit panahan nemokna lan nglarani dheweke nganggo panah nganti kelaran banget. 31:4 sang Prabu Saul banjur ngomong maring tukang nggawa senjatane: “Tarik pedhangmu lan tusukna maring inyong; ben ora teka wong wong sing ora sepit kuwe nusuki inyong , lan inyong didadekna dolanan.” Nanging tukang nggawa senjatane ora gelem , merga dheweke ora tegel. Sang Prabu Saul njiot pedhang kuwe lan nibakna awake meng ndhuwure.”

Nang dina kuwe Sang Prabu Saul karo telung putrane mati. Kitab Suci aweh ngerti kaya ngapa Gusti Allah ngalihna kerajaan Israel maring Dawud. Dawud kuwe raja anyar sing seneng karo kebenaran. Sang Prabu Dawud tresna karo Gusti Allah Sabda Allah lan kamulyane Gusti Allah sing paling utama nang pemikirane. Kawit Sang Prabu Dawud mulai mrintah Israel, bab kaping pisan sing kepengin dilakokna yakuwe nggawa Kemah Patemon lan Tabut Perjanjen maring Yerusalem. Ibukutha Israel, kuwe alesane kenang ngapa Sang Prabu Dawud kepengin ngedegna Kemah penyembahan lan althar kurban nang kana.

Sang Prabu Dawud nduweni rencana kanggo mbanggun sewijine panggonan kanggo ngibadah sing apik kanggo ngluhurna asmane Gusti Allah. Sang Prabu Dawud kepengin mbangun panggonan kanggo ngibadah ben tabut Perjanjian bisa di selehna nang kana lan wong wong

sing dosa nduweni panggonan kanggo aweh persembahan maring Gusti Allah. Kurban kurban sing nutupi dosa, nanging Gusti Allah aweh ngerti Sang Prabu Dawud , menawa dudu dheweke sing bakal ngedhegna umah kanggo Gusti Allah, nanging sing bakal ngedhegna umah yakuwe keturunane.

Gusti Allah janji maring Sang Prabu Dawud menawa salah siji sekang keturunane bakal negakna sewijine pemerintahan sing langgeng, bakal lair sekang garis keturunane Sang Prabu Dawud wong sing nampa kuwasa memerintah nang Swarga lan nang bumi selawase, nabi Yesaya wis tau nulis omongan kiye Yesaya 9:6-7.

“Gedhe kuwasane, tentrem lan makmur ora nana rampunge nang ndhuwur dhampare lan kerajaane Sang Prabu Dawud, merga dheweke ndhasari lan nguwatna karo keadilan lan kabeneran selawase.

Wong sing bakal nrima kekuwasan sing langgeng yakuwe Sang Penebus , Raja sing teka sekang Swarga, sing lair sekang perawan, perawan sing asale sekang keturunane Sang Prabu Dawud.

Wektu Sang Prabu Dawud ngerti Sang Penebus teka liwat garis keluwargane , Sang Prabu sujud nyembah marang Gusti Allah (2 Samuel 7:29)

“Muga muga Panjenengan mberkahi keluarga kawula, ben tetep ana nang ngarsane Panjenengan selawase. Ya Gusti Allah, Panjenengan sing wis bersabda, merga sekang berkahe Panjenengan keluarga kawula diberkahi selawas lawase.”

Kaya kuwe carane Sang Prabu Dawud matur nuwun maring Gusti Allah merga janjine ngenani Raja sing bakal lair sekang keturunane

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 49**

### **Prabu Dawud lan Batsyeba**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina kiye dhewek arep ngrungokna bab Prabu Dawud nglakokna temindak sing di sengit nang Gusti Allah. Prabu Dawud ngepengini bojone tanggane, nglakokna jina karo wong wadon kuwe, lan nutup nutupi dosane. Nang Kitab Suci Gusti Allah ora nutupi dosa dosane para nabi, Gusti Allah kepengin ngajari piwulang sing penting banget .

Kaya ngapa Prabu Dawud nglakokna dosa.

2 Samuel 11:1 Nang pungkasane taun, mangsane para raja maju perang, Sang Prabu Dawud ngongkon Senopati Yoab maju bareng prajurite lan kabeh wong Israel. Banjur numpes bani Amon lan ngepung kutha Raba, Dene Sang Prabu Dawud dhewek ana nang Yeusalem. 11:2 Wektu sore sore, Sang Prabu Dawud tangi turu banjur mlaku mlaku nang ndhuwur istana, keton sekang kono wong wadon agi adus; wong wadon kuwe ayu banget rupane. 11:3 Sang Prabu Dawud ngongkon wong nakokna ngenani wong wadon kuwe, lan wong kuwe ngomong: "Wong wadon kuwe Batsyba, anake Eliam, bojone Uriah wong Het." Sang Prabu banjur ngongkon wong nggawa dheweke. Wong wadon kuwe teka maring dheweke, Sang Prabu turu bareng karo dheweke. Wong wadon kuwe nembe rampung haid. Dheweke balik meng umahe. 11:5 Wong wadon kuwe banjur meteng. Wong wadon kuwe prentah wong kon ngabari meng Sang Prabu kaya kiye: "Inyong meteng."

Kitab Suci nuduhuhna kaya ngapa Prabu Dawud nyoba nutup nutupi kelakuane. Wektu Prabu Dawud krungu Batsyba meteng , dheweke ngirim pesen maring Senopati Yoab pimpimpin prajurite, mrentahna ben Senopati Yoab ngirim Uriah bojone Batsyeba maring dheweke. Uriah

kuwe wong sing kuwat nang prajurit Israel. Senopati Yoab prentah Uriah balik meng Yerusalem ngadhep meng Sang Prabu Dawud.

2 Samuel 11:7 “ nalika Uriah mlebu ngadhep maring Sang Prabu, Sang Prabu takon bab kahanan Senopati Yoab,prajurit lan kahanan perang. 11:8 sang Prabu Dawud banjur ngomong maring Uriah:” lungaa meng umahmu lan kumbah sikilmu.” Nalika Uriah metu sekang kraton, ana wong sing nututi nggawa hadiah sekang Sang Prabu. 11:9 Nanging Uriah mampan turu nang ngarepe gapura kraton, awor karo para kawula dalem ora bali meng umah. 11:10 Sang Prabu dikabari kaya kiye: “Uriah ora bali meng umahe.” Sang Prabu Dawud ngomong maring Uriah: Kowe kan nembe bali sekang lungan? Kenang ngapa ora bali meng umahmu?” 11:11 nanging Uriah ngomong maring Sang Prabu:” Pethine Gusti Allah karo wong Israel lan Yehuda ana nang pondok, uga Senopati Yoab karo para kawula dalem padha kemah nang padang ; mangsa inyong bali meng umah, mangan, nginum lan turu karo bojoku? Demi Uripe lan nyawane panjenengan, inyong ora bakal nglakokna kaya kuwe!“ 11:12 Sang Prabu Dawud ngomong maring Uriah: “ Dina kiye kowe nginep nang kene. Ngesuk inyong bakal nglilakna kowe lunga.” Dina kuwe Uriah nginep nang Yerusalem. Esuk esuk 11:14 Sang Prabu Dawud nulis surat kanggo Senopati Yoab karo perantarane Uriah. 11:15 nang surat kuwe ditulis: “ Tempatna Uriah nang barisan ngarep nang peperangan sing paling bahaya, kowe banjur mundur sekang dheweke, ben dheweke mati.” 11:16 Wektu Senopati Yoab ngepung kutha Raba, dheweke prentah Uriah lunga meng panggonan sing ana mungsuh gagah perkasa. 11:17 Mbareng wong wong kutha kuwe pada metu nyerang lan perang nglawan Senopati Yoab, ana pirang pirang prajurit sing pada mati sekang anak buahe Sang Prabu Dawud; uga Uriah wong Het kuwe uga mati.

Senopati Yoab ngirimna kabar maring Sang Prabu Dawud perkara peperangan kuwe: Kawulane panjenengan Uriah wong Het kuwe wis mati.”

2 samuel 12:1 “ Gusti Allah banjur ngongkon nabi Natan maring ngarsane Sang Prabu Dawud. Dheweke teka maring Sang Prabu lan ngomong: “ Ana wong loro nang sewijine kutha: wong sing siji sugih lan sijine mlarat. Wong sugih kuwe nduweni akeh banget wedhus gembel lan lembu sapi; 12:3 wong mlarat kuwe ora duwe apa apa, seliyane cempe wedon siji sing cilik, sing dituku lan diingu. Cempe kuwe dadi gedhe karo anak anake, mangan sekang piringe lan nginum sekang gelase, turu nang pangkone, kaya anak wadon kanggo dheweke. 12:4 Sawijine dina wong mlarat kuwe ketekan dayoh; dheweke ora tega nyembeleh weduse utawa sapine kanggo di olah kanggo dayoh sing teka maring umahe. Dheweke njiot cempe wadon duweke

wong mlarat kuwe di olah kanggo dayohe sing teka kuwe.” 11:5 Sang Prabu Dawud dadi kesuh banget merga wong kuwe lan ngomong maring Nabi Natan: “Demi Gusti Allah sing urip, wong sing nglakokna kaya kuwe kudu di ukum mati.” 12:6 Ian cempe wadon kuwe kudu di bayar ganti thikel papat merga dheweke wis nglakokna perkara kaya kuwe lan ora duwe welas asih.”

12:7 Nabi Nataan banjur ngomong karo Sang Prabu: “ Kowe kuwe wonge! Kaya kiye Sabdane Gusti Allah, Gusti Allahe Israel: Inyong sing ngurapi kowe dadi raja Israel lan Inyong sing nylametna kowe sekang tangane Prabu Saul. 12:8 Wis tek wehna isi umahe Gustimu maring kowe lan bojo bojone kanggo kowe. Inyong wis ngewehna maring kowe kaum Israel lan Yehuda; menawa durung cukup, mesthi tek tambah maning apa bae kanggo kowe.

12:9 Kenang apa kowe ngenyek maring Gusti Allah karo nglakokna sing ala nang ngarsane Gusti Allah?. Uriah wong Het kuwe , kowe jorna mati nang pedhang; bojone kowe jirot dadi bojomu, lan dheweke di jorna dipateni karo pedhang bani Amon. 12:10 Merga kaya kuwe, pedhang ora bakal nytingkir sekang keturunamu selawase, merga kowe wis ngenyek maring Gusti Allah lan njiot bojone Uriah, wong Het kuwe, dadi bojomu. 12:11 Kaya kiye sabdane Gusti Allah: musibah bakal nimpa maring kowe sing tekane sekang keluwargamu dhewek. Inyong bakal njiot bojo bojomu nang ngarep mripatmu lan ngewehna maring wong liya; wong kuwe arep turu karo bojo bojomu wektu awan. 12:12 Merga kowe nglakokna karo ngumpet umpet, nanging Inyong nglakokna perkara kuwe nang ngarepe kabeh wong Israel blak blakan.”

12:13 Sang Prabu Dawud banjur ngomong maring Nabi Natan: “ Inyong wis dosa maring Gusti Allah.” Nabi Nathan banjur ngomong maring Sang Prabu Dawud: “Gusti Allah wis ngedohna dosamu kuwe; kowe ora bakal mati. 12:14 Mesthi kaya kuwe merga kowe karo kelakuanmu wis ngenyek banget marang Gusti Allah , anak sing lair kanggo kowe bakal mati.” 12:15 Nabi Natan banjur bali meng umahe. Gusti Allah menulahi anak sing dilairna bekas bojone Uriah kanggo Sang Prabu Dawud, dadi mriang. 12:16 Sang Prabu Dawud banjur ndedonga maring Gusti Allah merga bocah kuwe, dheweke terus terusan puasa, menawa mlebu meng njero sawengen wengen dheweke turon nang lemah.

Kenang ngapa Gusti Allah ngapurani dosane Sang Prabu Dawud? Merga wektu Nabi Natan ngomong maring dheweke: “ Kowe kuwe wonge.” Karo getun Sang Prabu ngomong: “Inyong wis gawe dosa maring Gusti Allah.” Gatekna sikape Sang Prabu Dawud wektu dielingna, Sang Prabu ora prentah pegawe pegawene kanggo nyekel Nabi Natan, utawa menjarakna nabi Natan, utawa mbenerna awake dhewek...utawa mikir menawa kesalahan bisa diilangna menawa dheweke ngalokna sing apik. Sang Prabu Dawud ngakoni kelakuane.

Nang kitab Zabur pasal 51 diomongna kaya ngapa Sang Prabu Dawud nyebutna bab mertobate.

Sang Prabu Dawud sedhiih banget merga dosane. Atine remuk nang ngarsane Gusti Allah. Sang Prabu Dawud ora kaya wong liya sing duwe agama nanging terus gawe dosa saben dina. Pancen bener Sang Prabu Dawud nglakukna dosa nanging dheweke ora urip nang njero dosa kuwe , merga Sang Prabu tresna maring Gusti Allah.

Sewise Sang Prabu mertobat, liwat Nabi Natan Gusti Allah ngendika maring Sang Prabu: "Dosamu wis tek ngapurani, kowe ora bakal mati,"

Sang Prabu Dawud ngomong: " Begja wong sing keluputane diapurani, sing dosane ditutupi! Begja wong sing keluputane ora di etung nang Gusti Allah, lan wong sing ora tukang ngapusil! "

Pangapurane Gusti Allah tegese mengko pas dina kiamat , Gusti Allah ora ngeling eling dosane Sang Prabu, merga Kiyambeke wis ngilangi dosa dosa kuwe sekang catetane.

Gusti Allah ngapurani dosane Sang Prabu Dawud merga dheweke ngakoni kahanane sing dosa lan percaya maring janjine Gusti Allah ngenani Sang Penebus sing bakal teka lan nanggung paukuman merga dosane.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 50.**

### **Nabi Dawud lan Almasih**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji. Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalam menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Dina kiye dhewek bakal sinau isine kitab Zabur. Isi Kitab Zabur ana 150 tembang yakuwe pasal pasal sing ana nang kitabe. Suwene atusan taun Gusti Allah ngongkon para nabi nulis kitab Zabur. Nang mjerone ana tulisan Nabi Musa, Sulaiman, putra putrane Azaf lan putra putrane Korah.Nabi Dawud sing nulis paling akeh ketimbang nabi liyane.

Dhewek arep sinau ngenani rong pasal tembang kitab Zabur.

Tembang pemujan sing kaping pisan nuduhuhna ana rong klompok manungsa sing ana nang ndunya kiye. Klompok sing urip nang dalan sing bener lan klompok wong sing urip nang dalan sing salah.

Kitab Zabur sing kaping pisan yakuwe Zabur pasal 1."Bungah wong sing ora manut nasehate wong duraka, lan ora ngambah dalane wong dosa lan ora awor njagong karo kumpulane tukang ngapusi, 1:2 nanging sing senenge karo angger angere Gusti Allah lan mikirna awan mbengi. 1:3 Wong kuwe kaya wit sing di tandur nang perenge kali, sing woh nang mangsane, sing ora alum godhonge, apa bae sing digawe mesthi kasil. 1:4 Ora kaya kuwe wong duraka, dheweke kaya merang sing kabur digawa angin. 1:5 Mulane wong duraka ora tahan nang ngarep pengadilan , kaya kuwe uga wong dosa nang kumpulane wong bener. 1:6 Merga Gusti Allah ngerti kelakuane wong bener; nanging kelakuane wong dosa nuju maring kerusakan."

Dadi ana dalan wong sing diberkahi lan dalane wong sing bakal sirna. Kabeh wong kepengin diberkahi, ora nana sijia sing kepengin sirna, kaya kuwe uga Gusti Allah, Kiyambeke kepengin kabeh wong diberkahi.

Nanging kanggo diberkahi kabeh wong kudu teka meng dalan berkah sing ditetepna Gusti Allah. Kaya ngapa dalan berkah kuwe? Tembang kaping pisan kitab Zabur kiye diringkes dadi rong pokok pikiran.

Kaping pisan aja nuruti dalane wong sing nganggep guyonan sabdane Gusti Allah. Pikirna Sabdane Gusti Allah ben bisa ngerti lan percaya, uga nampa dalam keslametan sing ditetepna Gusti Allah.

Menawa kowe percaya lan nuruti dalane Gusti Allah sing bener , diomongna nang Kitab Suci: Uripmu bakal kaya wit sing ditandur nang pinggire kali, uripmu kuwat nang Gusti Allah, ngetokna woh nang musime kaya katresnan, kabungahan lan ayem tentrem. Nanging sewalike menawa ora nuruti dalane Gusti Allah sing bener , kowe bakal sirna kaya merang sing dikaburna angin.

Tembang kaping loro Kitab Zabur, nang pasal kiye Gusti Allah ngilhami nabi Dawud kanggo nulis perkara Sang Penebus sing bakal teka nang ndunya. Kitab Zabur pasal 2 ngomongna:

2:1 Kenang ngapa rusuh bangsa bangsa , kenang ngapa suku suku bangsa padha ngrancang perkara sing ora nana gunane? 2:2 Para raja nang bumi padha siyaga lan para penggedhe sepakat nglawan Gusti Allah lan sing di urapi karo ngomong: 2:3 Ayuh dipedhot dadung dadunge lan buwang tali taline sekang awake dhewek!" 2:4 Kiyambeke, sing manggon nang Swarga ngguyu; Gusti Allah ngguyoni wong wong kuwe. 2:5 Kiyambeke ngomong karo dheweke saking kesuhe. 2:6 Inyong sing wis nglantik rajane Inyong nang Sion, gununge sing suci!" 2:7 Inyong arep nyritakna bab ketetapan Gusti Allah; Kiyambeke ngomong maring inyong: " Kowe Putrane Inyong! Inyong sing nglairna nang dina kiye. 2:8 Njaluka maring Inyong, bangsa bangsa bakal tek wehna maring kowe , dadi pusakane kowe lan pungkasane bumi dadi duwekmu. 2:9 Kowe bakal ngremukna dheweke karo gada wesi, mecahma dheweke kaya tembikar tukang priuk." 2:10 Mulane hai para raja temindakha sing wicaksana, para hakim bumi rungokna piwulang.! 2:11 Padha ngibadah maring Gusti Allah karo keweden, lan sungkema kowe nganti gemeter, 2:12 Ben Kiyambeke ora kesuh lan kowe mati nang dalan, merga gampang banget nesune. Bungaha kabeh wong percaya maring Gusti Allah.

Apa kowe ngerti apa sing diworo woro nang Gusti Allah nang pasal kaping loro kitab Zabur kiye? Nang tembang kiye Gusti Allah ngenalna telung jeneng sing ajaib sekang Sang Penebus. Yakuwe : Almasih, sang Raja lan Putra Manungsa.

Ayah mikir lewih jero maning telung jeneng sekang Gusti Allah sing diwehna maring Juruslamete jagad.

Kaping pisan, Gusti Allah ngarani Sang Penebus kuwe Almasih. Almasih kuwe sekang tembung Ibrani tegese "Sing wis di pilih utawa di urapi." Karo jeneng Almasih, Gusti Allah

ngumumna maring keturunane Adam menawa kabeh wong kudu percaya lan nampa Sang Penebus sing bakal teka nang ndunya, merga Kiyambeke wong sing di pilih nang Gusti Allah dhewek, dadi Juruslamet lan hakim ndunya. Nanging nang telung ayat kang kawitan tembang kiye, Gusti Allah wis ngira ngira menawa umume keturunane Adam bakal nolak Almasih.

Kenang ngapa nolak Almasih sing diutus Gusti Allah, merga kiyambeke suci lan ora cacat merga dosa. Kitab Suci ngomongna: " Sapa sing nglakokna angkara, sengit marang cahya lan ora teka maring cahya kuwe merga dheweke wedi aja nganti kelakuane keton." Dadi liwat ayat ayat kiye Gusti Allah ngira ngira, kepriwe bangsa Yahudi ln bangsa bangsa liyane nang ndunya sepakat kanggo ngancurna wong suci sing dipilih Gusti Allah kanggo dadi Juruslamet lan hakim dunya. Nanging Gusti Allah ngerti kabeh sing dirancangna nang wong wong dosa, Gusti Allah wis ngatur kanggo nggunakna rancangan jahate manungsa kanggo nglaksanakna rencanane Dheweke yakuwe penyelamatan wong sing dosa.

Jeneng sing kaping loro yakuwe Sang Raja. Almasih Uga Raja. Liwat jeneng kuwwe Gusti Allah kepengin kabeh wong ngerti menawa Almasih mengkone bakal dadi hakim lan pengwusa ndunya, senajan akeh wong sing nolak Kiyambeke. Nang dina kiamat mengko kabeh wong bakal sujud nang ngarsane, merga Kiyambeke siji sijine sing dipilih Gusti Allah dadi Raja segala raja lan Tuhan segala tuhan. Kuwe tegese Almasih bakal dadi salah sijine penyelamat utawa hakim kanggo awake dhewek, merga Kiyambeke Raja sing wis dipilih kanggo mrintah selawase.

Kaping telu, jeneng liya sing diwehna Gusti Allah maring Almasih yakuwe : "Putra Manungsa." Sedurunge dijelasna arti jeneng kuwe, kudu di eling menawa kabeh sing di tulis Nabi Dawud nang kitab Zabur di tulis nganggo hikmat sekang Gusti Allah. Nang tulisan para nabi kadang ana tulisan sing angel dingerten, nanging kabeh mau ora bisa nyegah kebenaran Gusti Allah.

Siki balik meng kitab Zabur 2:7 dhewek maca menawa Almasih ngendika,"Inyong bakal nyataknna keputusane Gusti Allah: Kiyambeke ngomong maring Inyong: Kowe kuwe Putrane Inyong dina siki Inyong dadi Ramane Kowe." Apa kowe ngerti kenang ngapa Gusti Allah nimbali Almasih dadi Putrane? Apa tegese sebutan kuwe? Disebut dadi Putra dudu artine Gusti Allah ngawini wong wadon lan nduweni anak liwat dheweke. Pikiran kaya kiye kuwe ora bener, Gusti Allah kuwe Roh lan Kiyambeke ora nduweni anak kaya manungsa. Banjur kenangngapa Gusti Allah nyebut Almasih kuwe Putrane. Ana telung sebab sekang tulisan para nabi kenang ngapa Gusti Allah nimbali Almasih kuwe Putrane.

Kaping pisan, merga Almasih teka sekang ndhuwur, sekang Swarga. Kabeh wong sing percaya maring tulisan kitab kitab para nabi ngerti Almasih asale ora sekang manungsa nanging sekang hadirate Gusti Allah. Kaya sing dhewek ngerti Almasih ora nduwensi Rama secara ragawi. ngenani tekane nganggo wujud manungsa Dheweke lair sekang rahime prawan keturunane Raja Dawud,.nanging sekang sisi Ramane, Almasih lair sekang Rohe Gusti Allah. Kuwe mulane Gusti Allah bisa ngomong maring Almasih, Kowe PutraKu.

Kaping pindho, Gusti Allah nyebut Almasih Putane merga Kitab Suci ngomongna Menawa Gusti Allah lan Almasih nduwensi watak kudus . Penebus sing dijanjikna kudu kudus padha karo Gusti Allah kudus lan bener.

Kaping telu, Gusti Allah aweh jeneng Almasih kuwe Putrane, kanggo mbedakna Kiyambeke karo nabi nabi liyane. Dhewek wis ngerti menawa Abraham disebut “Batir kenthele”. Musa disebut “wonge Gusti Allah” utawa Dawud “ wong sing nyenengna atine Gusti Allah”. Nanging maring nabi sapa Gusti Allah ngendika: kowe Putrane Inyong, dina kiye Inyong dadi Ramamu. Sebutan kiye ukur kanggo Almasih, merga ukur Dheweke sing asale sekang ndhuwur, lair liwat perawan sing ora cacat merga dosa.

Gusti Allah kepengin kabeh wong ngerti ngenani Almasih, ngrungokna, percaya lan nampa Kiyambeke.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 51.**

### **Tambahan liyane Sekang Kitab Jabur**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembug babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sedurunge ngrampungna kitab Jabur, dhewek arep sinau sijine tembang sing diilhami nang Gusti Allah kanggo Dawud, yakuwe pasal 22. Pasal kiye penting merga nggambarna kaya ngapa mbesuk Almasih bakal mati nang sejrone kesengsaran sing ora nguwati, kanggo mbayar utang dosane kabeh keturunane Adam. Nang pasal kiye Nabi Dawud sing urip lewih disit sekang Almasih, ngomongna kurang leweih 30 kedadean sing bakal ana wektu Almasih mati.

Nang kitab Jabur 22. Nabi Dawud nulis pikiran kiye sing mungkin ana nang pikirane Almasih wektu dheweke ngucurna getihe kanggo mbayar dosa. *Allahe inyong Allahe inyong kenang ngapa Panjenengan ninggalna inyong?* Inyong nyeluki nanging Panjenengan tetep adoh lan ora nulungi inyong. Panjenengan kuwe suci lan manggon nang ndhuwure kidung pujian wong Israel. Nanging inyong kuwe uler lan dudu manungsa cacat kanggo manungsa, dienyek nang wong akeh. Inyong kaya banyu wutah. Kabeh balungku copot sekang ros rosane; atiku kaya lilin, leleh nang dadane inyong; kekuwatane inyong garing kaya beling, ilate inyong kraket nang cethak; Panjenengan sing ndelehna inyong nang bledug pati. Asu asu lan gerombolan penjahat ngubengi inyong, dheweke nusuk tangan lan sikile inyong.

Sewu taun sedurunge Almaseh teka nang ndunya, Nabi Dawud nulis: "Inyong dikepung grombokan penjahat, kaya komplotan asu dheweke ngrubungi, mbolongi sikil lan tangane inyong." Karo omongan kiye nabi Dawud aweh ngerti pendelengane nang wektu ngarep kaya ngapa anak anak Adam bakal mbolongi tangan lan sikile Almasih karo makukna nang kayu salib.

Sabdane Gusti Allah aweh jawaban kanggo awake dhewek. Penting banget artine menawa Penebus mati nang njerone kelaran sing ora ketulungan lan ngalami kematian sing nggegrisir, ben Kiyambeke bisa nggantikna panggonan awake dhewek lan nanggung hukumane Gusti Allah, nggantikna awake dhewek.

Upahe dosa kuwe pati lan paukuman langgeng nang neraka. Gedhe banget artine menawa Almasih ngrasakna siksaan neraka sing kudune ditrima awake dhewek merga dosane. Gusti Allah merga kasih lan rahmate wis ngrengcanakna kanggo ngirim Penebus sing suci atas pilihane, Kiyambeke "mati kanggo kabeh manungsa." Karo cara kaya kuwe Gusti Allah nembe bisa mbukak dalan pengapuran kanggo dosa lan dalam maring urip sing langgeng kanggo anak anake Adam. Almasih sing mbayar ganjaran merga dosa dosane dhewek. Matine Almasih sing ora salah kuwe alesane Gusti Allah bisa ngadili kabeh wong sing percaya maring Almasih dadi wong sing bener.

Apa sing di tulis Nabi Dawud bab kematian Almasih bener bener gawe kesengsem. Sewu taun sedurunge Almasih lair, Nabi Dawud wis nulis kaya ngapa Almasih bakal nandhang sengsara nang kayu salib, Kiyambeke bakal di paku. Budaya penyaliban kuwe dalam kematian sing lara banget, budayane wong Romawi. Wektu Nabi Dawud nulis ngenani penyaliban nang kitab Jabur, bangsa Romawi urung ana nang ndunya kiye, lan ora nana sijia wong nang wektu kuwe sing ngerti jenis ukuman mati kayuwe penyaliban, manungsa di paku nang salib. Nanging Gusti Allah wis mengilhami Nabi Dawud kanggo nulis kitab Jabur sing isine pesen bab kematian Almasih nang ndhuwur kayu salib, ndadekna dhewek yakin menawa kematian Almasih nang ndhuwur kayu salib kuwe rencanane Gusti Allah kanggo nylametna manungsa sekang ukuman dosa.

Nabi Dawud nulis ngenani kahanan matine Almasih di paku nang ndhuwur kayu salib. Dhewek krungu kaya ngapa Almasih tulung tulung. Nabi Dawud aweh ngerti menawa sewise Almasih di paku nang Salib, dheweke dienyek, di olok olok, didadekna tontonan lan wong wong bagi bagi klambine karo cara dilotre. Persis kaya kuwe kedadean sing alami Almasih 1000 taun sewise Nabi Dawud nulisna.

Siki rungokna apa sing di tulis nang Kitab Injil ngenani matine Almasih. Jere Kitab Suci: "Wong wong sing liwat kono padha ngumpa upa (menghujat) Kiyambeke karo gedhe gedhe. 27:40 Wong wong kuwe padha ngomong, " He Kowe sing gemiyen ngomong arep ngrubuhna Umahe Gusti Allah lan arep ngdhegna maning nang wektu telung ndina, slametna awakmu, nek kowe Anake Gusti Allah, mudhun sekang salib kuwe!." (Matius 27:35,36,39,40)"

Nang Kitab Injil di tulis omongane Nabi Dawud, nabine Gusti Allah kuwe bener bener kedadean utawa digenepi. Nabi Dawud lewih dhisit ngomongna menawa Almasih bakal ngrasa ngelak banget lan ngalami sengsara ora ukur ragane nanging jiwa lan Rohe melu sengsara.

Kesengsaran kiye sing merekna Almasih njerit, Nang ayat sing kesepisan: "Gusti Allahe

Inyong, Gusti Allahe Inyong kenangapa panjenengan ningalna Inyong?”. Wektu dhewek sinau ngenani Kitab Injil dhewek bakal ngerti menawa sekabehane kedadean persis kaya sing diomongna Nabi Dawud nang Kitab Jabur. Kenangngapa Almasih njerit sekang ndhuwur salib; “Gusti Allahe Inyong...Gusti Allahe Inyong, kenangngapa panjenengan ninggalna Inyong.? Gusti Allah kuwe suci lan ora bakal kompromi karo dosa. Gusti Allah dhewek kudu mbalikna raine, nolak Almasih sing kepaku nang nduwur salib, lan misahna Kiyambeke sekang Almasih, merga Gusti Allah nanggungna maring Almasih ganjaran kanggo kabeh dosane dhewek. Kuwe mergane Kitab Suci ngomongna: “Gusti Allah ndadekna Almasih sing ora dosa, dadi berdosa merga awake dhewek, ben liwat Panjenengane, dhewek bisa dibenerna nang Gusti Allah.”

Puji Gusti, ana siji prekara maning sing wis gisitan di deleng nang Nabi Dawud nang njero Kitab Jabur sing bener bener warta sing apik. Nang pasal 16 nabi Dawud nulis bab Almasih jarene: “Panjenengan Gusti Allah, ora bakal ngejorna inyong mlebu nang njero kuburan lan ora bakal ngejorna wong sing ditresnani kuwe mati. Panjenengan ngawehi ngerti dalan maring kaupisan. Karo cara kiye Nabi Dawud ngomongna lewi disit kayangapa Gusti Allah ngrencanakna kanggo nguripna Almasih sekang kubur, ben kabeh wong sing percaya maring Kiyambeke bisa urip bareng Dheweke selawase. Kaya kuwe uga Kitab Suci Injil nyatakna : “Almasih wis mati kanggo dosa dosane dhewek, kaya sing ditulis nang Kitab Suci...Kiyambeke dikuburna lan Kiyambeke wis diuripna maning nang dina sing kaping telu kaya sing di yulis nang Kitab Suci.

Nabi Dawud wis lewi disit ngomongna sewise Almasih diuripna maning sekang antarane wong mati, Gusti Allah bakal ngangkat Dheweke meng Swarga lan prentah Dheweke njagong nang sisih tengene, tekan wektune Dheweke balik maning kanggo ngadili manungsa nang bumi.. 110 wektu dheweke ngomong: “Gusti Allah uwis ngendika maring Gustine Inyong: “Njagonga nang sisih tengene Inyong, nganti mungsuh mungsuhe dadi abdine kowe.” Nang pungkasan 22 Nabi Dawud nulis: Kabeh pucuke jagat bakal emut lan mbalik maring Gusti Allah, lan kabeh suku bangsa bakal nyembah maring Panjenengane, turunane bakal ngabdi maring Panjanengane lan jenenge bakal diwartakna. Wong wong kuwe bakal ngwartakna bebenere Gusti Allah maring bangsa sing urung lair merga Gusti Allah uwis nylametna umate.

Kiyambeke bakal mati dadi gantine kabeh wong sing dosa. Kiyambeke bakal netepi kabeh sing wis dijanjekna maring Adam lan Hawa ngenani Penebus sing bakal nylametna dheweke lan keturunane sekang ganjaran dosa dosane.

Almasih bakal mati dadi kurban sing pungkasan. Karo kematiane nang ndhuwur kayu salib Almasih bakal netepi lambang kurban kewan sing dikarepna Gusti Allah sekang wong sing dosa nang jaman sedurunge. Kaya wedhus sing mati kanggo ngantikna anake Ibrahim, Sang Penebus uga bakal mati kanggo gantine wong sing dosa. Kematiane kuwe dadi kurban sing sempurna lan sing pungkasan kanggo kabeh wong selawase. Dalan keslametan kebukak amba kanggo wong sing percaya. Kuwe mergane wektu sedurunge Almasih mati , Kiyambeke mbengok" Wis genep" Kiyambeke wis nylametna. Gusti Allah negesna kasempurnan kurban Almasih karo nguripna maning sekang antarane wong mati nang dina sing kaping telu.

Dhewek kudu eling maring prekara kiye: Sewu taun sedurunge Isa Almasih lair, Nabi Dawud wis disitan ngomong menawa: wong wong dosa bakal mbolongi tangan lan sikile Almasih. Kiyambeke wis mati kanggo kowe lan inyong, lan kanggo kabeh wong sing dosa, ben sapa bae sing percaya Kiyambeke ora bakal mati nanging ulih urip sing langgeng!.

Sedulur..apa ana rasa syukur sekang atimu merga Gusti Allah wis ngutus Almasih kanggo nylametna kowe sekang dosa dosane? Kitab Suci ngomongna "(Isa Almasih wis nanggung sengsara mergane Kiyambeke mikul kabeh dosa dosane dhewek nang ndhuwur kayu salib, ben dhewek bebas sekang kuwasane dosa lan urip manut karo kekarepane Gusti Allah. Liwat tatu tatune awake dhewek wis waras.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 52.**

### **Nabi Salomo**

Sedulur kabeh, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembul babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.

Sewijine dina Gusti Allah ngeton maring Salomo anake Dawud nang sejrone impen lan takon maring dheweke,” Njaluka apa bae sing kowe kepengin, tek wehna kanggo kowe. Apa sing di pilih Salomo?

Dina kiye dhewek bakal ngrungokna kisahe anake Raja Dawud yakuwe Salomo. Nang Kitab 1 Raja raja 2:1-3,,10-11; 3:3,6,9-28; 4:29-34.

1 Raja raja 2:1 Nalika Sang Prabu Dawud wektune mati wis perek, dheweke wangsit maring Salomo, putrane: 2:2 “Inyong kiye arep lunga ngliwati dalan sing fana, kuwatna atimu lan temindaka kaya wong lanang. 2:3 Ikokna kewajibanmu karo setya marang Gusti Allah, karo urip miturut dalan sing ditidhokna, karo tetep nglakokna kabeh aturan, prentah, lan katentuan. Kaya sing di tulis nang hukum Musa , ben kowe begja nang kabeh sing kowe lakukna lan kabeh dalan sing dilakoni. 10 Raja Dawud banjur mati lan dikubur nang kota Dawud. 2:11 Raja Dawud memrintah nang Israel suwene patang puluh taun; nang Hebron dheweke memrintah pitung taun lan nang Yerusalem memrintah telung puluh telu taun.

3:3 Salomo mbuktikna tresnane maring Gusti Allah karo urip miturut angger anggere raja Dawud ramane; ukur dheweke esih mempersembahna kurban sembelihan lan ukupan nang bukit bukit pengorbanan. 3:6 Salomo banjur ngomong: “ panjenengan sing wis mbuktikna kasih setya sing gedhe maring hambaMu Dawud, ramane inyong merga dheweke urip nang ngarsane Panjenengan kanthi setya, bener lan jujur. . Panjenengan wis mastikna maring kiyembeke kasih setya sing gedhe kuwe karo aweh kanggo dheweke anak sing bakal njagong nang tahtane kaya dina kiye. Merga kuwe wehna maring abdine Panjenengan kiye ati sing bisa nimbang perkara ben bisa ngadili umate Panjenengan lan bisa mbedakna antarane sing apik lan sing ala, awit sapa sih sing sanggup ngadili umate Panjenengan sing gedhe banget kiye?” 3:11 Gusti Allah banjur ngendika: “ Merga kowe wis njaluk prekara sing kaya kuwe ora njaluk umur dawa utawa bandha dunya utawa nyawa mungsuh, nanging pangerten kanggo mutusna

hukum, 3:12 mulane Inyong nglakokna apa sing dadi penjalukmu; Inyong ngewehi kowe ati sing wicaksana lan pengertian , ora nana wong sing kaya kowe sedurunge lan sewise kowe . 3:13 Apa apa sing ora dijaluk, Inyong bakal aweh maring kowe, yakuwe banda dunya utawa kamulyan, sedawane umurmu ora nana sijia wong sing kaya kowe nang antarane raja raja. 3:14 Menawa kowe urip miturut dalan sing tek tidhokna lan tetep manut karo kabeh katentuan lan prentahé Inyong persis kaya ramamu Dawud, Inyong bakal namabih umurmu.”

4:29 Sebanjure Gusti Allah aweh kewicaksanan lan pengerten kang lewi gedhe lan akal budi sing ambane kaya pesisir wedhi nang pinggire segara, 4:30 nganti kaweicaksanane Sang Prabu Salomo nglewihi kewicaksanane sekabehe wong wetanan, lan nglewihi sekabehane kewicaksanane wong Mesir. 4:31 Kawicaksanane ngungkuli kabeh wong, ngungkuli Etan, wong nang Ezrahi, ngungkuli Heman, Kalkol lan Darda anak anake Mahol; mulane jenenge kondhang nang seakehe bangsa sekubenge. 4:32 Dheweke ngarang telung ewu amsal, lan tembange ana sewulima. 4:33 Dheweke nggubah sajak bab wit witan, sekang wit aras nang pegunungan Libanon nganti wit Hisop sing thukul nang tembok; Dheweke uga ngomong bab kewan kewan, manuk manuk lan bab kewan sing ngrayap uga bab iwak iwak. 4:34 Wong wong sekang sekabehe bangsa padha tekangrungokna bab kewicaksanane Sang Prabu Salomo, dheweke nampa upeti sekang para raja nang bumi, sing wis ngrungokna bab kewicaksanane kuwe.

Sebanjure Kitab Suci nyathet, wektu kuwe ana sewijine ratu sing jenenge ratu Syba sing krungu jerone kewicaksanane Sang Prabu Salomo lan bandha dunyane. Sang ratu gawe rencana kanggo lunga meng Yerusalem kanggo niliki Sang Prabu Salomo lan mbuktikna dhewek, bener orane kabar sing tekan maring dheweke. Ratu kiye manggon nang negeri sing adoh banget sekang Yerusalem, nang negeri Syeba ana nang sisih kidul Saudi Arabia, siki diarani Yaman.

Nang pasal 100 Kitab Suci ngomongna:

Bareng ratu negara Syeba krungu kabar bab Salomo, hubungane karo Gusti Allah, dheweke banjur teka kanggo ngetes karo teka teki. Dheweke teka maring Yerusalem karo prajurit pengiring sing akeh banget, karo unta unta sing nggawa rempah rempah, nggawa emas lan watu permata sing larang larang. Sewise tekan meng panggonane Sang Prabu Salomo, dheweke ngomongna kabeh sing ana nang njero atine maring panjenengane. Sang Prabu Salomo njawab kabeh sing dadi pertakonane ratu kuwe; Sewise ratu negri Syeba ngerti kawicaksanane Sang Prabu Salomo lan umah sing didegna , panganan nang mejane, cara

njagong para punggawane , cara abdine ngawula lan nganggo klambi, inumane lan kurban obongan sing dipersembahna nang umahe Gusti Allah, ratu kuwe gumun banget.

Dheweke ngomong maring Sang Prabu: “Pancen bener kabar sing tek rungokna nang negriku bab panjenengan lan bab kawicaksanane ; nanging inyong ora percaya omongan omongan kuwe nganti inyong teka ngerti karo mripatku dhewek; setengahe bae urung dikabarna maring inyong; nang bab kawicaksanan lan kemakmuran; panjenengan nglewihi kabar sing tek rungokna. Padha senenga bojo bojone panjenengan, padha senenga para punggawane sing ngawula maring panjenengan lan ngrasakna kawicaksanane! Pinujia Gusti Allahe panjenengan, sing wis mberkahi panjenengan, sing ndadekna panjenengan raja nang kerajaan Israel! Merga Gusti Allah nresnani wong Israel selawase, Kiyambeke wis ndadekna panjenengan raja kanggo nglakokna sing adil lan bener.”

Kurang lewih 1000 taun sewise wektu kuwe, Almasih ngomong ngenani ratu Syeba lan Salomo. “ Pas wektu dina kiamat, ratu sekang kidul arep diuripna maning bareng karo wong wong jamane kiye. Merga dheweke teka sekang pucuke jagad nggo ngrungokna kewicaksanan Salomo, lan jan jane Inyong kiye lewih gedhe ketimbang Salomo.”

Kiyambeke ngomong menawa Ratu Syeba sing nyelidiki kamulyan kawicaksanan Salomo bakal ngadili kabeh wong sing nolak kanggo nyelidiki kamulyane Almasih. Ratu Syeba nglakokna apa bae sing ana nang njero kuwasane kanggo nyampekna kamulyane Salomo lan ngrungokna kawicaksanane. Dheweke nglakokna lelungan ewuan kilometer kanggo mbuktikna dhewek kabar sing dirungokna. Ana siji piwulang sing penting, Almasih sing teka sekang Swarga lewih sekang Salomo nang sekabehane kamulyan, kawicaksanan, kawruh lan kuwasa. Nanging akeh sekang anake Adam ora ngertenikamulyane kiyambeke utawa kepengin nyelidiki bab kuwe. Kuwe mergane Almasih ngomong: ““ Pas wektu dina kiamat, ratu sekang kidul arep diuripna maning bareng karo wong wong jamane kiye. Merga dheweke teka sekang pucuke jagad kanggo ngrungokna kewicaksanan Salomo, lan Inyong kiye lewih gedhe ketimbang Salomo.”

Apa kowe ngertenikamulyane Almasih sing di utus Gusti Allah? Almasih kuwe wong sing di urapi Gusti Allah kanggo dadi Juruselamat lan hakim sekabehe jagad. Nanging tekan dina siki manungsa akeh sing ora preduli maring Almasih.

Ana sing kudu dimengerteni nang kowe kabeh yakuwe: Salomo nulis 3 buku sing apik lan nduweni arti sing jero sing dadi bagian sekang kitab suci. Buku bukune yakuwe: Amsal, Pengkhottbah, Kidung Agung. Kaya ramane Dawud, Salomo uga nulis tembang tembang sing

dilebokna nang kitab jabur. Kanggo ngrampungna acar dina kiye , dhewek are maca kitab Jabur 72 sing ditulis nang Salomo. Ngenani Almasih Salomo nulis:

Muga muga dheweke ngadili umate Panjenengan karo adil lan wong wong sing ketindes karo hukum.! Muga muga dheweke memrintah sekang segara maring segara , sekang kali Efrat tekang pucuke jagat!. 72:9 Muga muga sing manggon nang ara ara samun sujud nang garsane lan mungsuh mungsuhe ndilati bledug. 72:10 Para raja nang Tarsis lan pulo pulo nggawa persembahan persembahan; para raja nang Syeba lan Seba aweh upeti!. 72:11 Seakehe para raja sujud nyembah maring panjenengane, lan kabeh bangsa dadi abdine! 72:17 Asamane tetep selawas lawase, muga muga asmane dadi kondhang sesuwene ana srengenge. Muga muga kabeh bangsa padha berkah lan mberkahi karo asmane lan ngarani dheweke bungah. 72:18 Pinujia Gusti Allah , Allahe Israel sing nglakokna mujizat dhewekan! 72:19 Lan pinujia Asmane sing mulya selawase, kamulyane ngebeki sekabehane jagat. Amin , ya amin.

Dadi Sang Prabu Salomo wis ngerti lewih disit, kabeh bangsa nang ndhuwure bumi bakal sujud maring Almasih, raja kabehe raja lan hakim sekabehe jagat. Sing dikarepna Gusti Allah kango kabeh manungsa yakuwe: sujud maring Sang Raja dina siki! Almasih kuwe Juruslamet lan hakim sekabehe jagat. Kabeh wong sing percaya maring Kiyambeke nampa pangapura sekang dosa dosane.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 53**

### **Nabi Elia**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Pungkasan pamrentahane Sang Prabu Salomo ora kaya wektu dheweke mulai dadi raja. Kaya sing di tulis nang kitab raja raja pasal 11. Kitab Suci ngomongna: Wektu Sang Prabu Salomo wis tuwa bojo bojone kuwe nyondongna atine meng allah allah liya, ndadekna dheweke ore sepenuh ati maring Gusti Allahe kaya ramane Dawud.

Sewise Salomo mati, ana perang nang bangsa Israel. Ke rolas suku Israel pecah persis kaya sing di sabdakna nang Gusti Allah maring Salomo. Bangsa Israel ora dadi sebangsa nanging pecah dadi loro yakuwe Israel lan Yehuda. Sepuluh suku Israel sing ana nang bagian lor kebentuk dadi kerajaan Israel , suku Yehuda gabung karo suku Benyamin mbentuk kerajaan kidul sing jenenge kerajaan Yehuda. Yehuda kuwe sukune Sang Prabu Dawud sing sekang keturunane Gusti Allah janji bakal lair Almasih.

Kitab suci nidhokna kaya ngapa ke loro suku kiye akeh nduweni raja. Akehe raja raja sekang Israel lan Yehuda kuwe pemimpin pemimpin sing jahat; ninggalna Gusti Allah lan ngetutna agama bangsa bangsa sekubenge. Nang antarane raja raja Israel ana sijine raja sing lewih jahat lan kejem yakuwe Ahab. Ahab kuwe raja kaping 8 sewise Salomo. Ngenani Ahab kaya kiye omongane Kitab Suci: Ahab anake Omri nglakokna kejahatan nglewihi raja raja sedurunge nang ngarsane Gusti Allah. Dheweke uga ngawini Izebel , wong wadon sing jahat sing nolak Sabdane Gusti Allah lewih adoh maning. Ahab mbangun papan pamujan kanggo baal sing di anggep dadi allahe kanggo bangsa bangsa sekubenge. Dadi Ahab bener bener ndadekna Gusti Allah murka, merga dheweke mimpin bangsa Israel ngetutna agama sing ora bener lan nabi nabi Baal sing ngapusi.

Wektu kuwe ana sijine wong nang Israel sing urip percaya maring Gusti Allah jenenge Elia. Ana kedadean yakuwe suwene telung setengah taun ora udan nang wilayah Israel, ana wabah kencoten nang kabeh wilayah kuwe. 1 Raja raja 18:1-2; 17-45)

18:1 Sewise Mandan suwe , nang taun kaping telu teka sabdane Gusti Allah maring Nabi Elia: “Lungaa ketonna awakmu maring Ahab , merga Inyong arep aweh udan meng ndhuwur bumi.” Nabi Elia banjur lunga ngeton maring Sang Prabu Ahab. Wabah kencoten kuwe abot banget nang Samaria.

18:2 sewise Sang Prabu Ahab weruh Nabi Elia, dheweke ngomong: “ Kowe tah kuwe wong sing gawe cilakane Israel!.” 18:18 nabi Elia mangsuli omongane: “ Dudu inyong sing gawe cilakane Israel, nanging panjenengan lan keluwargane, merga kowe wis ninggalna prentah prentah Gusti Allah lan ngetutna para Baal. 18:19 merga kuwe kumpulna kabeh wong Israel nang gunung Karmel, uga nabi nabi Baal sing patang ngatus seket wong kuwe lan nabi nabi Asyera sing patang ngatus kuwe , sing ulih panganan sekang meja istana Izebel. 18:20 Sang Prabu Ahab ngirim wong meng sekabehane Israel lan ngumpulna nabi nabi kuwe nang gunung Karmel. 18:21 Nabi Elia banjur medheki kabeh rakyat kuwe lan ngomong: “ Tekan kapan kowe berlaku timpang lan cabang ati? Menawa TUHAN kuwe Gusti Allah etutna Dheweke, lan menawa Baal etutna dheweke.” Nanging rakyat ora nana sing mangsuli. 18:22 Nabi Elia ngomong maring rakyat kuwe: “ Ukur inyong thok sing dadi nabine Gusti Allah, dene nabine Baal cacahe patang atus seket akehe. 18:23 Nanging wehna maring inyong padha sapi lanang loro; nabi nabi kuwe kon milih siji, ben dipotong potong lan ditumpangna nang kayune nanging aja di soji geni. Inyong uga bakal nyiapna sapi sijine lan ditumpangna nang kayune lan ora di soji geni. 18:24 Sewise kaya kuwe kowe padha nyebuta jenenge allah kowe , dene inyong uga bakal nyeluk Asamane Gusti Allah. Dadi allah sapa sing aweh wangulan karo geni yakuwe Allah!”. Kabeh rakyat mangsuli: “Ya kaya kuwe!”.

18:25 Nabi Elia banjur ngomong maring nabi nabi Baal kuwe: “Miliha sapi siji lan olahlah disit merga cacahe kowe akeh. Sewise kuwe celuk jenenge allahmu nanging kowe ora ulih ngesogi geni.” 18:26 Dheweke njiot sapi sing diwehna maring dheweke , banjur ngolahi lan nyeluki jenenge baal kawit esuk nganti bedhug jarene: “Ya Baal jawablah inyong padha!”. Nanging ora nana swara, ora nana sing mangsuli. Para nabi kuwe jingklak jingklak nang sekubenge mezbah sing digawe nang dheweke. 18:27 Sewise bedhug Nabi Elia mulai ngenyek dheweke, jarene: “ Celuk maning sing lewih seru, kan dheweke allah? Mbok menawa agi nglamun, mbok menawa agi ana urusan liyane, mbok menawa agi lelungan; mbok agi turu, urung tangi.” 18:28 Dheweke

nyeluk lewih seru maning lan padha natuni awake karo pedhang lan tumbak, kaya biasane , nganti gethihe dleweran sekang awake. 18:29 Sewise liwat bedhug dheweke kesurupan tekan wektu mempersebahna kurban wengi, nanging ora nana swara , ora nana sing mangsuli , ora nana tanda sing nggatekna. 18:30 Nabi Elia banjur ngomong maring rakyat kabeh: “ Padha mereka ngeneh maring inyong!.” Rakyat kabeh padha merek maring dheweke. Banjur mbenerena mezbah TUHAN sing wis dirubuhna kuwe. 18:31 nabi Elia njiot rolas watu, miturut cacahe suku keturunan Yakub. Maring yakub wis teka Sabdane Gusti Allah: “Kowe bakal dijenengi Israel.”

18:32 Dheweke ngedhegna watu watu kuwe dadi mezbah demi asmane Gusti Allah lan gawe kalen sekubenge mezbah kuwe sing bisa muat winih rong sukat. 18:33 Nabi Elia banjur numpuk kayu obong, sapine di potong potong lan disogna nang ndhuwur kayu obong kuwe. 18:34 Sewise kuwe dheweke ngomong: “ Jiotna banyu patang kendhi, siramna meng ndhuwur kurban obongan karo meng ndhuwur kayu obongan kuwe!.” banjur ngomong maning: “ Gaweaya kaya kuwe sing kaping pindhone!”. Banjur digawe kaping pindhone. Banjur ngomong maning: “ Gaweaya kaya kuwe go kaping telune!”. Banjur di gawe kaya kuwe kaping telune, 18:35 nganti banyune mili nang sekubenge mezbah, nganti kalene kebek banyu. 18:36 Bareng wis wektune mempersebahna kurban wengi, Nabi Elia metu lan ngomong: “Duh Gusti Allah, Allahe Ibrahim, Ishak lan Israel, nang dina kiye ben kabeh wong pada weruh menawa Panjenengan kuwe Gusti Allah nang tengah tengah wong Israel lan inyong kiye abdine Panjenengan lan demi Sabdane Panjenengan inyong nglakokna kabeh prekara kiye. 18:37 Panjenengan mogamoga aweh wangulan , duh Gusti Allah, wangulana inyong , ben bangsa kiye ngerti menawa Panjenengan kuwe Gusti Allah , duh GUSTI, lan Panjenengan sing gawe atine dheweke tobat maning.”

18:38 Nang kono geni sekang Gusti Allah mudhun nyamber kurban obaran, kayune , watune lan lemah kuwe karo banyu sing nang kalen enthek didilat nang geni kuwe. 18:39 Nalika kabeh rakyat kuwe weruh kedaden kuwe , dheweke padha sujud karo ngomong: “ GUSTI, Panjenengan Gusti Allah! GUSTI , Panjenengan Gusti Allah!”. 18:40 Nabi Elia banjur ngomong maring wong kabeh: “Cekelen nabi nabi Baal kuwe , aja nganti ana siji sing ucul.” Sewise di cekel , Nabi Ellia nggawa dheweke padha meng kali Kison lan nyembeleh kebehane nang kana.

18:41 Nabi Elia ngomong maring Sang Prabu Ahab: “ Lungaa, mangan lan nginum, merga gemrungsunge udan wis krungon”. 18:42 Sang Prabu Ahab lunga kanggo mangan lan nginum.

Nanging Nabi Elia munggah meng puncak gunung Karmel, dheweke mbungkuk meng lemah, raine ana nang antara keloro dengkule.

18:43 Sewise kuwe dheweke ngomong maring abdine: “ Munggaha meng ndhuwur, delengen meng segara.” Abdine mau munggah meng nduwur banjur ndelengna lan ngomong: ora nana apa apa.” Jere Nabi Elia: “Lungaa sepisan maning.” Kaya kuwe nganti ping pitu. 18:44 kaping pitune abdine kuwe ngomong: “ Wah ana mendhung cilik segedhe telapak tangan metu sekang segara.” Nabi Elia banjur ngomong : “ Lungaa, omongna maring Sang Prabu Ahab : Pasang keretane panjenengan lan mudhuna , aja nganti panjenengan keburu kudanen.” 18:45 Sedela banget langite dadi peteng nang mendhung karo bадai banjur kehalang udan gedhe. Sang Prabu Ahab numpak kereta banjur lunga meng Yizreel.

Kisah sing gawe takjub kiye kebek karo kamulyan lan kuwasane Gusti Allah. Nang dina sing bersejarah kuwe Nabi Elia mrentah wong Israel kanggo milih: Tuhan Allah Ibrahim, Ishak lan Yakub utawa agama Baal sing kosong, bab sing bener utawa ngapusi, dalan sing bener utawa dalan sing keliru. Sabdane Gusti Allah sing bisa diendelna utawa omongan omongan kosong agama manungsa.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 54.**

### **Nabi Yunus**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina siki dhewek bakal sinau sijine wong Israel sing jenenge Nabi Yunus sing dipilih nang Gusti Allah dikongkon lunga kanggo ngabarna kabar sing becik maring sewijine bangsa asing sing dadi mungsuhe bangsa Israel.

Kitab Yunus pasal kaping pisan: “ Nang sewijine dina, Gusti Allah ngendhika maring Nabi Yunus, anake Amitai. Jarene, “ Lungaa maring Niniwe, kutha sing gedhe kuwe, kanggo ngancam, merga wong wonge jahat banget.”

Prentahe Gusti Allah kanggo Nabi Yunus jelas banget, ben Nabi Yunus lunga lan ngelingna warga Niniwe ben padha mertobat sekang dosa dosane, senajan dheweke kuwe wong wong Asiria sing jahat, sing kepengin ngancurna bangsa Israel. Nanging Gusti Allah ora seneng ngukum manungsa merga dosa lan kejahatan, kelebu warga Niniwe.

Gusti Allah kepengin kabeh wong mertobat sekang kejahatan lan dosane, padha percaya maring sabdane Gusti Allah ben dislametna. Kuwe dasare Gusti Allah ngongkon Nabi Yunus lunga meng kutha Niniwe, ngelingna ben dheweke mbalik maring Gusti Allah lan dislametna.

Nanging Nabi Yunus ora gelem lunga lan ngelingna mungsuhe bangsane. Gusti Allah ngarepna wong Niniwe bisa dislametna sekang murkane. Nanging Yunus kepengin Gusti Allah ngancurna wong Niniwe. Nabi Yunus nolak prentahe Gusti Allah, kabur sekang ngarsane Gusti Allah.

Nabi Yunus malah mangkat meng arah liyane kanggo ngedohi Gusti Allah. Dheweke lunga meng Yopa, nemokna kapal sing arep mangkat meng Spanyol. Sewise mbayar ongkose dheweke numpak kapal bareng bareng wong liyane meng Spanyol, ngadahi Gusti Allah.

1:4 Nabi Yunus mudhun meng panggonan sing paling ngingsor lan turu nang kono, dheweke turu angler. Gusti Allah banjur nekakna prahara nang segara, angin badi sing gedhe banget ndadekna kapale meh pecah. 6 Wektu Kapten kapal mudhun meng ngingsor , dheweke nemokna Nabi Yunus agi turu. Dheweke ngomong: “Masa kowe bisa turu nang kahanan kaya kiye! Ayoh tangi! Ndedinga maring allahmu njaluk tulung. Sapa ngerti dheweke melas maring awake dhewek lan ora ancur.” 7Sewise Nabi Yunus lan Kapten kapal munggah meng ndhuwur, wong wong nang kapal kuwe ngomong: “ Ayuh padha mbuwang undi ben dhewek ngerti sapa sing salah sing ndadekna dhewek ngalami musibah kiye! Wong wong kuwe mbuwang undi, lan jenenge Nabi Yunus sing kena. 8 Dheweke padha ngomong maring Nabi Yunus, Bener kowe sing merekna musibah kiye? Kowe sekang endi? Bangsa apa? Kenang ngapa kowe nang kene?

9 Nabi Yunus mangsuli: “Inyong wong Ibrani. Inyong nyembah Gusti Allah sing nang Swarga, sing nyiptakna segara lan dharatan.” 10 Banjur dicritakna kayangapa dheweke kabur sekang ngarsane Gusti Allah. Krungu kaya kuwe wong wong nang kapal dadi padha wedi banget lan ngomong maring,” lancang banget kelakuanmu kuwel!”.

11 Sewetara kuwe ombake segara tambah gedhe banget, wong wong kuwe takon maring dheweke, “Apa sing kudu tek lakkna maring kowe ben ombak gedhe kiye mandheg. Siki inyong wis ngerti merga ulahe inyong ndadekna ombak gedhe kiye nimpa kowe kabeh.” 15 Dheweke banjur nyeburna nabi Yunus meng njero segara. Ombak gedhe kuwe dadi mandheg. 16 Wong wong sing nang kapal padha wedhi banget maring Gusti Allah, sewise mendarat, dheweke aweh persempahan kurban lan njanjikna pirang pirang perkara maring Gusti Allah. 17. Sewetwra kuwe Gusti Allah nekakna iwak gedhe nguntal Nabi Yunus. Nabi Yunus ana nang njero wetenge iwak mau telung dina telung wengi suwene.

Gusti Allah mburu Nabi Yunus sing kabur. Nabi Yunus pancen bisa kabur nanging ora bisa lolos sekang tangane Gusti Allah. Gusti Allah mburu Nabi Yunus merga Kiyambeke esih aweh kesempatan kanggo nabi Yunus nglakkna kekarepane. Gusti Allah mburu Nabi Yunus merga tresnane.

Nang Pasal 3 Kitab Suci nerusna:

Kanggo kaping pindhone Gusti Allah ngomong maring Nabi Yunus. 2 Jarene, "Lungaa maring Niniwe, kutha sing gedhe kuwe, lan omongna pesen sing tek prentahna maring kowe." 3 Nabi Yunus nurut maring Gusti Allah lan lunga maring Niniwe, sewijine kutha sing gedhe banget; dibutuhna wektu telung dina kanggo nyabrang. 4 Nabi Yunus mlebu meng kutha kuwe lan sewise mlaku sedina sunthuk , dheweke mulai khotbah, jarene "Patang puluh dina maning, Niniwe bakal ancur!"

5. Wong wong Niniwe padha percaya, kabeh wong mutusna puasa, wong dewasa tekan bocah bocah, nganggo klambi karung tanda getun merga dosa dosane.

6. Wektu Sang Prabu Niniwe krungu kabar kuwe, dheweke banjur mudhun sekang singgasane. Nyopot jubah lan nganggo klambi karung, lan njagong nang ndhuwur awu. 7a. panjenengane uga ngumumna maklumat kiye: " Printah kiye ditokna nang Niniwe adhedhasar keputusane Sang Prabu lan para mentri : Kabeh wong, sapi, wedhus lan kewan liyane dilarang mangan lan nginum. 8. Manungsa lan kewan kudu nganggo klambi karung. Kanggo tanda nyesel, kabeh wong kudu bener bener ndedonga maring Gusti Allah. Wong wong kudu ndandani prilakune sing elek lan kebek dosa!. 9 Sapa ngerti Gusti Allah bakalngrubah niate lan ora kesuh maning ben awake dhewek ora mati!. 10. Gusti Allah weruh sing dilakokna wong wong kuwe; Kiyambeke ngerti wong wong kuwe wis ninggalna kelakuane sing elek. Kiyambeke ngrubah keputusane lan ora sida ngukum dheweke.

Wong wong Niniwe percaya maring Sabdane Gusti Allah.' Karo ati sing remuk lan sedhiih, dheweke mertobat lan mbalik maring Gusti Allah. Nanging nabi Yunus ora seneng karo kasunyatan kuwe, kasunyatan menawa Gusti Allah nresnani wong wong Niniwe.

Rungokna apa sing di tuluis nang pasal papat lan pungkasan kitab Yunus.

Kitab Suci ngomongna: 1. Yunus babar blas ora seneng karo kedadean kuwe; dheweke dadi kesuh. 2 banjur ngomong: " Ya Gusti Allah, wis tek omongna sedurunge mangkat sekang umah inyong, panjenengan mesthi bakal nglakokna kaya kiye? Mulane inyong langsung kabur meng Spanyol! Inyong ngerti menawa Panjenengan kuwe Gusti Allah sing welas asih, gedhe kesabarane, alus lan gampang ngrubah niate ngukum. 3 ya Gusti Allah ben inyong mati bae, lewihs becik inyong mati ketimbang urip." 4 Ngendhikane Gusti Allah: " Kowe ora duwe alesan dadi kesuh kaya kuwe."

5 Nabi Yunus banjur lunga meng sisih wetan kutha, njagong nang kono, gawe gubug lan ngiyup nang njerone, karo ngenteni apa sing bakal kedadean nang kutha Niniwe kuwe. 6 Gusti Allah

nukkulna wit Jarak sing kanggo iyom iyom Nabi Yunus ben dheweke seneng. Pancen Nabi Yunus seneng banget karo wit jarak kuwe. nanging ngesuke wektu subuh , Gusti Allah nekakna uler mbolongi wit kuwe sing merekna alum. 8 Sewise srengege metu, Gusti Allah nekakna angin wetan sing panas banget , sorote srengenge kuwe ndadekna nabi Yunus kepanasen meh semaput. Dheweke dadi ndresula lan kepengin mati. Jarene: "Lewih becik inyong mati bae ketimbang urip!." 9 Gusti Allah ngendika maring dheweke: " Kowe ora patut dadi sedhih kaya kuwe merga wit Jarak kuwe!" Wangsulane Nabi Yunus: " Kenang ngapa ora? Wis sepatute inyong dadi kesuh banget nganti mati." 10 Gusti Allah ngendhika maring dheweke: "Tanduran kiye urip nang wektu sewengi, lan alum nang wektu sewengi, kowe ora nukulna utawa ngrumati. Mesthi kaya kuwe kowe ngrasa eman merga wit kuwe alum. 11 Apa iya Inyong ora sedhih mikirna Niniwe, kutha sing gedhe kuwe. Merga seliyane kewan kewane sing ora keitung, nang kono ana lewih sekang 120 000 bocah sing ora bisa mbedakna apa sing apik lan ala."

Atine Nabi Yunus diwarnai karo sipat ora tulus, nanging atine Gusti Allah dikebeki karo welas asih. Nabi Ynus tresna maring bangsane, sengit karo mungsuh mungsuhe, nanging tresnane Gusti Allah padha antarane bangsa Israel karo bangsa Niniwe. Nabi Yunus kepengin wong wong Niniwe kuwe binasa merga dheweke mungsuhe bangsa Israel, nanging Gusti Allah karep dheweke mertobat, nampa sabdane. Gusti Allah tresna karo kabeh wong sekang sekabehane suku bangsa ben wong wong kuwe ngakoni dosane lan ngrungokna pengajaran sing bener, ngerti lan percaya ben dislametna.

Gusti Allah kepengin kabeh wong dislametna lan nduweni pangerten bab sing bener. Gusti Allah kuwe becik, kebek katresnan lan nyediakna dalan keslametan kanggo kabeh manungsa. Nanging Gusti Allah uga suci lan bener bakal ngadili kabeh wong sing nolak dalan keslametan.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kije.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kije, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 55**

### **Nabi Yesaya**

Sedulur, ketemu karo aku nang acara Piwulang Pengaji

Acara sing ngrembuk babagan kepriwe carane bisa greti dalan menuju maring Swarga yakuwe dalam keslametan. Salam nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang.Dina kiye dhewek bakal sinau bab Nabi Yesaya, Nabi sing urip nang taun 700 sedurunge Masehai. Nabi yesaya kuwe imam sing nyambut gawe nang Bait Suci sing di bangun nang Prabu Salomo nang Yerusalem.

Rungokna ana kedadean apa wektu Nabi Yesaya mempersembahna kurban nang Bait Suci.

Yesaya 6:1-8

6:1 “ Nang taun matine Prabu Uzia, inyong weruh Gusti Allah lenggah nang ndhuwur tahta sing dhuwur banget, poncot jubahe ngebeki Bait Suci. 6:2 para Serafim ngadheg nang sisi ndhuwure Kiyambeke, siji sijine nduweni enen swiwi , Swiwi loro kanggo nutupi raine, loro kanggo nutupi sikile, lan loro kanggo mabur. 6:3 Dheweke padha mbengok siji lan sijine jarene: Suci, suci, sucilah Gusti Allah alam semesta, kabeh bumi kebek kamulyanel! ” 6:4 Jogane padha goyang merga swara wong sing mbengok kuwe lan umah kuwe kebeb karo kukus.

6:5 Inyong banjur ngomong: Cilaka inyong! Inyong mati! Merga inyong wong sing lambene najis uga manggon nang tengah tengahe bangsa sing lambene najis, nanging matane inyong wis ndeleng sang Raja yakuwe Gusti Allah semesta alam.” 6:6 Salah sijine seraphim ana sing mabur nemoni inyong; nang tangane ana geni, sing di jukut karo jepitan sekang ndhuwur mezbah. 6:7 Geni kuwe disenggolna maring cangkeme inyong karo ngomong: “Delengen, kiye wis nyentuh lambemu, dadi kesalahane kowe wis diapurani.” 6:8 Inyong banjur krungu swarane Gusti Allah ngendika: “ Sapa sing bakal Inyong utus, lan sapa sing gelem lunga kanggo Inyong?” Inyong banjur mangsuli: “ Kiye inyong, utuslah inyong!”

Kitab Yesaya diringkes dadi rong bagian:

Kaping sepisan, Nabi Yesaya aweh ngerti bangsa Israel kabar elek bab dosane lan upah sing bakal ditampa.

Kaping pindho, Nabi Yesaya masrahna maring dheweke bab Almasih sing bakal teka meng ndunya kanggo nanggung upah merga dosane. Dadi pesen Nabi Yesaya yakuwe: kabar elek bab dosa lan upahe, lan kabar becik bab Juruslamet sing bakal mbayar upah dosa kuwe.

Nang pasal kaping pisan nabi Yesaya nulis : Yesaya 1:2-4; 13-15

“ Rungokna he langit, lan gatekna, he bumi, merga Gusti Allah ngendhika.” Inyong nggedhekna bocah bocah lan ngurusi, nanging dheweke padha nglawan maring Inyong. 1:3 Sapi ngerti sing nduwe nagging Israel ora; kelede ngerti kandange nanging umate Inyong ora mangerten.” 1:4 Cilaka bangsa sing dosa, kaum sing kaboten salah , turunane wong ala, bocah bocah kang kelakuane elek!. Dheweke ninggalna Gusti Allah , ngala ala sing Maha Suci, Gusti Allahe wong Israel, lan ngungkurna Kiyambeke. 1:13 Kowe aja maning maning nggawa persembahanmu sing ora temenan, merga ambune gawe enek kanggo Inyong. Menawa kowe ngrayakna wulan anyar lan sabat utawa nganakna kumpulan kumpulan, Inyong ora tahan ndelengna , merga perayaane kowe kebek karo kejahatan. 1:14 Perayaan perayaan wulan anyar lan kumpulan kumpulane kowe sing ajeg, Inyong sengit ndelengna; kabeh kuwe dadi beban kanggo Inyong, Inyong wis kesel guli nanggung. 1:15 Menawa kowe ngegarna tangane kanggo ndonga , Inyong mbalikna raine , Senajan kowe bolak balik ndonga, Inyong ora bakal ngrungokna, merga tangane kowe kebek gethih.

Kaya kuwe Nabi Yesaya ngelingna bangsa Israel merga lamise dheweke.

Dhewek bakal ngrungokna ukara apik sing di tulis Nabi Yesaya bab Almasih sing arep teka nang ndunya kanggo nylametna wong sing dosa. Yesaya 1:18; 40:3-5,9-10; Yesaya 7:14.

1:18 Ayoh dhewek padha prekaran! Sabdane Gusti Allah... Senajan dosane kowe abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; Senajan rupane abang kaya jarit sumba bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gembel.

40:3 Ana swara mbengok mbengok : Siapna nang padang gurun dalan kanggo Gusti Allah, lempengna nang padang gurun dalan gedhe kanggo Gusti Allahe dhewek! 40:5 nang kono kamulyane Gusti Allah bakal dinyataknna lan kabeh wong bakal weruh bareng bareng; Gusti Allah dhewek sing wis ngendika kaya kuwe!”

40:9 He Sion , kang nggawa kabar becik, munggaha nang gunung sing dhuwur! He Yerusalem, sing nggawa kabar becik banterna swaramu, baterna swaramu , aja wedi! Omongna maring kutha kutha Yehuda: “Deleng kuwe Allahe kowel!” 40:10 Delengna kuwe Gusti Allah,

Kiyambeke teka karo kekuwatane lan karo tangane sing nduwe kuwasa. Deleng dheweke sing dadi upah kesele ana bareng bareng karo Kiyambeke, lan dheweke sing dadi duweke padha mlaku nang ngarepe Kiyambeke.

7:14 Awit sekang kuwe Gusti Allah dhewek sing bakal aweh pertanda maring kowe: sebenere ana prawan enom bakal nglairna bayi lanang, lan dheweke dijenengi Imanuel.

Gusti Allah mbukak rahasia gedhe liwat Nabi Yesaya yakuwe rencana kanggo ngutus Rohe meng njero weteng sewijine prawan, kaya kuwe dalane Almasih bakal lair meng ndunya. Kaya sing kowe ngerti Almasih ora nduweni rama badani. Sedurunge Kiyambeke lair, Kiyambeke ana nang Swarga, merga Kiyambeke kuwe Sabda sing diomongna bareng bareng karo Gusti Allah sekang kawitan. Persis kaya nubuatan Nabi Yesaya Almasih bakal dadi Allah nang wujud manungsa. Gusti Allah sing sebenere Roh wis ngrencanakna kanggo nempatna Roh lan Sabdane nang njero wetenge prawan nom sing sebanjure bakal lair karo wujud bayi, kiye sing dinubuatna nabi Yesaya wektu dheweke ngomong: Ana prawan nom bakal meteng lan nglairna bayi lanang lan bakal dijenengi Imanuel sing artine Gusti Allah bareng bareng dhewek."

Nang pasal 9 lan 35 Nabi Yesaya nubuatna menawa Almasih bakal nggawa nang ndunya kiye kesucian lan welas asih. Dheweke uga wis ngomongna lewih disit kaya ngapa Almasih nglakokna pegawean pegawean sing luar biasa sing ora tau dilakokna wong liya, dadi kabeh wong bisa ngerti menawa Kiyambeke Almasih sing suci sing teka sekang hadirate Gusti Allah. Kuwe mergane nabi Yesaya nulis menawa Almasih bakal disebut: "Penasehat Elo, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang langgeng lan Ratune katentreman."

Dhewek bakal maca Kitab Yesaya 53:1-12 Ngenani nubuatan kaya ngapa Almasih bakal ngucurna getihe kaya kewan kurban.

Sapa sing ngandel karo kabar sing tek dirungokna, lan maring sapa tangan kekuwasaan Gusti Allah dinyatakna? Panjenengane kuwe thukul kaya trubusan nang ngarsane Gusti Allah lan kaya tunas sekang lemah garing. Panjenengane ora rupawan, lan semarake ora ana sing merekna dhewek padha nyawang, lan rupane ya ora sing merekna dhewek ngepengini. Panjenengane di enyek lan disingkiri wong, wong sing kebek kasengsaranln sing biasa ngrasakna lara ; disepelekna, ndadekna wong nutupi raine nang ngarepe dheweke, lan kanggo awake dhewek Panjenengane ora klebu etungan. Nanging nyatane penyakite dhewek sing ditanggung lan kesengsarane dhewek sing dipikul, padahal dhewek ngira Panjenengane kenang ukum, digebug lan ditindes Gusti Allah. 53:5 Nanging Panjenengane ketusuk merga

dhewek sing mbrontak, Panjenengane di diremukna merga kejahatane dhewek; upah sing ndadekna dhewek slamet ditanggung nang Panjenengane; merga bilur bilure dhewek dadi waras. Dhewek padha sesat nyasar kaya wedhus, nuruti dalane dhewek dhewek , nanging Gusti Allah nimpakna maring Panjenengane kejahatan awake dhewek. Panjenengane dianiaya, nanging meneng bae ora ngomong, kaya cempe sing di gawa nang nggon penyembelehan; kaya wedhus sing ora nduwe swara nang ngarepe wong sing nggunting wulune, Panjenengane ora mbukak cangkeme. Sewise ketahan lan keukum Panjenengane mati, lan sapa sing mikirna nasibe?

Panjenengane wis pedhot sekang negarane wong urip, lan merga sekang pembrontakan umate, Panjenengane kena ukum. Wong ndelehna kuburane nang tengah tengah wong fasik, matine nang tengah tengah penjahat , senajan Panjenengane ora nglakokna kekerasan lan cidra ora nana nang cangkeme. Nanging Gusti Allah ngarepna Panjenengane remuk lan kelaran. Menawa Panjenengane pasrah dadi kurban penebus salah , Panjenengan bakal weruh keturunane dawa umure, lan kekarepane Gusti Allah kelaksanan. Sewise nyawane nandhang sengsara Panjenengane bakal weruh pepdhang lan dadi puas; lan Abdine kuwe dadi wong sing bener , lan bakal ndadekna bener akeh wong merga kewicaksanane, lan Panenengane nanggung kejahatan wong wong. Merga sekang kuwe Gusti Allah bakal mbagikna maring Panjenengane wong wong sing luhur dadi rampasan, Kiyambeke bakal nampa wong wong kang kuwat dadi jarahan, dadi gantine merga Kiyambeke wis masrahna nyawane maring pati lan Kiyambeke keitung nang antarane pembrontak pembrontak, Panjenengane nanggung dosane wong akeh lan ndedonga kango pembrontak pembrontak.

Kiye sing di tulis nang Nabi Yesaya ngenani kesengsaran sing kudu di tanggung nang Almasih merga dosa dosane awake dhewek.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 56.**

### **Nabi Yeremia**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina kiye dhewek arep sinau uripe nabi Yeremia, nabine Gusti Allah.

Nabi Yeremia urip kurang lewih 100 taun sewise jaman Yesaya. Kaya sing wis dingerten, menawa bangsa Israel wis sigar dadi loro: Kerajaan Israel lan Yehuda. Mangsa uripe Nabi Yeremia, kerajaan Israel sing ana nang lor diancurna. Gusti Allah nyerahna wong Israel maring mungsuhe, merga dheweke ora percaya maring pesene Gusti Allah liwat para nabine, ora gelem mertobat sekang dosane. Nang jamane Nabi Yeremia ukur kerajaan Yehuda sing esih ana. Yehuda kuwe kerajaan nang sisih kidul, ibukotane Yerusalem.

Nabi Yeremia kuwe wong Ibrani, lair nang kutha sing adohe kurang lewih 5 kilometer sekang Yerusalem. Ramane kuwe imam sing melayani nang Bait Suci nang Yerusalem. Jaman kuwe wong wong Yehuda mentingna banget nilai nilai agama, nanging ora miturut karo sabdane Gusti Allah. Nabi Yeremia urip nurut lan manut karo Sabdane Gusti Allah.

Dhewek bakal ngrunggokna kaya ngapa Gusti Allah nyeluk Yeremia dadi Nabine..

Nang pasal kaping pisan dicritakna kayangapa Gusti Allah nimbali Yeremia dadi nabine.

1:4 Sabdane Gusti Allah teka maring inyong unine: 1:5 “ Sedurunge Inyong gawe kowe nang njero wetenge biyungmu, Inyong wis ngerti kowe, lan sedurunge kowe lair sekang wetengan, Inyong wis nyucikna kowe, Inyong wis netepna kowe dadi nabi kanggo bangsa bangsa. 1:6 Mulane inyong mangsuli: “ Ah Gusti Allah!. Inyong ora pinter ngomong, awit inyong esih nom.” 1:7 Nangimng Gusti Allah ngendika maring inyong: aja ngomong “Inyong esih nom, nanging meng sapa bae kowe tek utus kowe kudu lunga, apa bae sing tek prentahna maring kowe,

kudu disampekna. 1:8 Aja wedi maring wong wong kuwe, merga Inyong bareng karo kowe kanggo mbebasna kowe , kaya kuwe pangandikane Gusti Allah.” 1:9 Gusti Allah banjur ngajokna tangane lan ngemek cangkeme inyong; Gusti Allah ngendika maring inyong: “Sebenere Inyong ngesogna omongan omongane Inyong maring cangkeme kowe.”

1:10 Ngertia dina kiye Inyong njunjung kowe dadi ana nang sendhuwure bangsa bangsa lan kerajaan kerajaan, kanggo mbedhul lan ngrubuhna, ngrusak lan nggempuri, mbangun lan nandur.” Kaya kuwe carane Gusti Allah ndadekna Nabi Yeremia dadi Nabine. Gusti Allah prentah Nabi Yeremia kon lunga maring bangsane dhewek, lan ngomongna menawa Gusti Allah bakal ngadili umpamane wong wong kuwe ora bertobat sekang dosa dosane, lan mbalik maring Gusti Allah lan sabdane sing suci.

Suwene 24 taun Nabi Yeremia khotbah nang Yerusalem lan tanah Yehuda ngomongna: “ Gusti Allah ngongkon inyong ngelingna kowe kabeh nek kowe padha ora gelem tobat sekang dosa dosane lan nurut karo sabdane, Gusti Allah bakal ngejorna tentara bangsa babel ndekep kowe padha, lan ndadekna tawanan lan digawa meng negara sing adoh.

Tulisan nabi Yeremia ngelingna sedulur sebangsane, Kitab Yeremia pasal 7:

7:3 Kaya kiye sabdane Gusti Allahe Israel: “Dandani temindakmu lan penggaweannmu nuli Inyong bakal manggon bareng bareng kowe nang papan kene . 7:4 Aja precaya maring tembung goroh sing unine: kiye panggonane Gusti Allah, panggonane Gusti Allah, panggonane Gusti Allah, 7:5 Menawa kowe bener bener ndandani temindak lan pegaweanmu, kowe bener bener nglakokna keadilan nang antarane kowe dhewek dhewek, 7:6 ora nindhes wong asing, bocah lola lan randha, ora ngwutahna getihe wong kang ora salah, nang papan kene lan ora ngetutna allah liyane sing ndadekna cilakane. 7:7 Inyong bakal manggon bareng kowe nang papan kene nang tanah sing wis tek wehna maring leluhure kowe kawit jaman kuna nganti selawase. 7:8 Nanging kowe precaya maring tembung goroh , sing ora nana gunane. 7:9 Mangsa kowe nyolong, mateni, jinah lan sumpah palsu, ngobong kurban kanggo Baal lan ngetutna allah liyane sing kowe ora ngerten. 7:10 kowe banjur teka nang ngarepe Inyong nang umah sing jenenge Inyong disebut karo ngomong: Dhewek padha slamet, ben bisa nglakokna kabeh kelakuan sing nistha kiye!.

Nabi Yeremia ngelingna wong wong Yehuda menawa bakal teka tentara asing sing bakal ngancurna kutha Yerusalem lan Bait Suci lan dheweke bakal digawa dadi budak kanggo bangsa asing kuwe. Nanging akeh wong sing ora preduli karo pringatan kuwe , malah imam

imam uga ora preduli. Wektu para imam krungu apa sing diomongna nabi Yeremia, dheweke ora percaya malah ndekek nabi Yeremia, mecuti, mbelenggu sikile karo rante. Para imam kuwe ora padha ngandhel menawa Gusti Allah bakal ngejorna mungsuhe, wong wong Babel mlebu maring Yerusalem lan ngrusak kutha lan Bait Suci sing di bangun nang Nabi Salomo.

Ora ukur masyarakat lan para imam sing nolak pesene Gusti Allah liwat nabi Yeremia nanging Sang raja Yehuda uga nolak. Malah wektu Sang raja maca buku sing di tulis nang Nabi Yeremia, dheweke njukut lading lan ngethok buku kuwe ,dibuawang maring nggon obong obongan nang plataran Bait Suci, dadi kabeh buku kuwe kobong. Sang raja tetep ora mertobat sekang kabeh dosane malah nuduhuhna sikap atos atine. Sang raja pancen bisa ngobong bukune Nabi Yeremia, nanging ora bisa ngrubah keputusane Gusti Allah.

Nabi Yeremia dianiaya nang raja lan para imam uga masyarakat Yehuda, dheweke sering banget nglebokna Nabi Yeremia maring kunjara. Nabi Yeremia tau di lebokna maring njero sumur sing jero nang belet. Nanging Gusti Allah mitulungi karo ngirim wong Afrika , dheweke di tarik metu.

Senajan akeh wong Yahudi nolak ngrungokna omongane Nabi Yeremia, ora artine wong wong kuwe ora gelem ngrungokna sapa bae. Dheweke ngrungokna wong wong sing ngarani dheweke nabi nanging sebenere nabi nabi palsu. Kitab Suci ngomongna akeh wong kang nagaku ngaku dheweke nabi Allah nanging nyatane wong wong kuwe wong lamis lan tukang nglomboni merga pesen sing di omongna dudu sekang Gusti Allah. Sewetara nabi Yeremia ngabarna pegadilan sekang Gusti Allah sing bakal nimpa Yerusalem, nabi nabi palsu kuwe ngomong maring wong wong Yehuda kaya kiye: “ Ora..ora .. kerusakan sing diomongna Nabi Yeremia ora bakal kedadean! Wong wong Babel ora bakal ngancurna Yerusalem! Ora sija wong bisa ngancurna Bait Allah! Kowe ora bakal weruh kerusakan Yerusalem! Kowe tetep urip ayem tentrem.

Nanging nabi Yeremia ngomong maring kabeh wong Yahudi (Yeremia 23:16, 21-22)

23:16 Kaya kiye pangandikane Gusti Allah: “Aja ngrungokna omongane para nabi sing ngwartakna maring kowe! Wong wong kuwe ukur aweh pengarep arep sing kosong lan ukur ngungkapna wangsit akal akalane dhewek, dudu sing teka sekang pangandikane Gusti Allah.

23:21 Inyong ora ngutus para nabi kuwe, nanging dheweke sregep; Inyong ora aweh omongan maring wong wong kuwe ; nanging wong wong kuwe aweh wahyu. 23:22 Seumpamane

dheweke nunggoni Inyong rembugan dheweke mesti padha ngabarna Sabdane Inyong maring umate Inyong, nggawa balik wong wong kuwe sekang temindak lan kelakuane sing ala.

Nabi Yeremia ngelingna wong wong Yahudi kon ati ati maring omongane wong wong sing ngwartakna kabar palsu, nanging tetep akeh wong Yahudi sing ora preduli maring peringatane nabine Gusti Allah. Wong wong kuwe malah tetep poercaya karo omongane nabi nabi palsu.

Rungokna apa sing diomongna Kitab Suci: Yeremia 52:4-7

Nang taun kaping sanga sekang pemrintahane, nang wulan kaping sepuluh tanggal sepuluh wulan kuwe Nebukadnezar raja Babel teka karo kabeh tentarane nyerang Yerusalem. Wong wong kuwe gawe kemah, mengepung lan ngedegna tembok pengepungan sekubenge. 52:5 Kutha kuwe kekepung tekan taun kesewelas pemrintahan Sang Prabu Zedekia. 52:6 Nang tanggal sanga wulan papat, nalika wong padha kencoten nang ngendi endi nang kutha kuwe lan ora nana sing di pangan maning, 52:7 wong wong mbelah tembok kutha kuwe. Ndeleng kahanan sing kaya kuwe Sang Prabu karo kabeh bala tentarane kabur ninggalna kutha wektu wengi liwat gapura lewat sela selane tembok loro perek taman raja, senajan tentara Kasdim ngepung ngubungi kutha kuwe. Dheweke kabur maring Araba Yordan.

52:9 Wong wong Kasdim mburu Sang Prabu Zedhechia, lan kecekel banjur di gawa meng Ribla nang tanah Hamat, maring Sang raja Babel sing nibakna ukuman kanggo dheweke. Sang raja Babel mrentah mateni wong wong kuwe nang Ribla nang tanah Hamat. Kaya kuwe wong wong Yehuda diangkut nang pembuwangan.

Sedulur... dhewek wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah netepi kabeh sing wartakna nang nabi Yeremia. Gusti Allah ngelingna ben awake dhewek bisa mbedakna endi sing bener lan endi sing palsu.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 57**

### **Nabi Daniel**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Kitab Suci nidokna kaya ngapa Gusti Allah ngayomi wong wong yahudi nang Babel suwene 70 taun nganti Kiyambeke nggawa wong wong Yahudi balik maring Yerusalem kaya sing wis dijanjikna.

Dina siki dhewek bakal maca kisahe wong nom sing digawa maring Babel dadi tawanan. Wong nom kuwe jenenge Daniel, sing tegese: Gusti Allah kuwe hakime inyong lan jeneng kuwe tegese kesaksian uripe Daniel. Daniel ora wedi karo sapa bae seliyane Gusti Allah sing Maha Kuwasa. Daniel ora preduli apa pendapate wong wong ngenani dheweke nanging sing penting pendapate Gusti Allah. Daniel percaya karo apa sing diomongna nabi Salomo: Wedi maring pendapate wong merekna susah. Percayalah maring Gusti Allah kowe bakal aman.”

Gusti Allah aweh hikmat maring Daniel kanggo nulis buku sing penting banget, yakuwe Kitab Daniel sing isine akeh pewahyuan sing angel dingerten i nang pikirane manungsa. Ukur Gusti Allah sing ngerti kedadean nang wektu ngemben. Nanging Daniel nulis sejarahé akeh bangsa nang ndunya kaya kerajaan Persia, Yunani lan Romawi sedurunge bangsa kuwe ana. Dheweke nulis apa sing bakal dilakokna nang para raja bangsa bangsa kuwe, atusan taun sedurunge bangsa bangsa kuwe ana nang ndhuwur bumi. Daniel nulis ngenani tekane kesepisan lan kaping loro Almasih. Daniel nubutana tekane sing kaping pisan Almasih bakal “dikethok” yakuwe dipateni dadi kurban kanggo dosa, nanging wektu Almasih balik maning meng bumi kaping pindhone Kiyambeke bakal ngadili bumi karo bener.

Rungokna apa sing di tulis nang Kitab Suci ngenani tekane Almasih kaping pindhone (Daniel 7:13,14)

7:13 Nang njerone wahyu wektu wengi inyong ndeleng ana sing teka nang lamuk sekang langit kaya Putrane Manungsa; dheweke tek maring Sing Tuwa Umure kuwe, dheweke di gawa meng ngarepe.

7:14 Banjur diwehna maring dheweke kekuasaan lan kamulyan lan kuwasa dadi raja. Wong wong sekang seakehe bangsa suku bangsa lan bahasa banjur padaha ngabdi maring Kiyambeke. Kekuasaane kuwe kekuasaan sing langgeng, sing ora bakal ilang lan krajaane ora bakal rusak.

Nang pasal kaping pisan kitab Daniel dicritakna kayangapa Sang Prabu Nebukadnesar raja Babel milih wong wong nom dilatih dadi pegawene. Sing dipilih kuwe wong sing gagah lan pinter nduweni kabisan kanggo sinau apa bae kelebu kabisan kanggo sinau huruf lan bahasa Babel sing angel, Daniel kuwe salah siji sing kepilih.

Daniel molai sinau nang sekolah sekolah babel, kawit dina kesepisan Danile ngadepi masalah. Raja Babel netepna wong wong nom sing agi sinau kudu nginum anggur sing paling apik lan mangan panganan sing paling apik. Nanging anggur lan panganan kuwe wis lewihsen disit digawe sesajen maring berhala. Daniel ora gelem njiot bagian karo penyembahan berhala merga dheweke wedi asih marang Gusti Allah. Daniel lewihsen becik mati ketimbang nglakokna perkara sing ora nyenengna atine Gusti Allah. Kitab suci ngomongna: "Daniel netepna ora bakal najisna awake dhewek karo panganan Sang raja lan anggur sing biasa diinum Sang raja, dijalukna maring pimpinan pegawe Istana kuwe ben ora usah najisna dheweke."

Kitab suci nerusna kayangapa Gusti Allah nulungi Daniel sekang masalah kuwe lan mberkahi dheweke lan aweh pengertian sing jero lan kawicaksanan sing ditakokna Sang Prabu maring dheweke. Ditemokna menawa dheweke sepuluh kali lewihsen cerdas ketimbang kabeh wong sing duwe ilmu lan kabeh tukang sulap nang sekabehan krajaane."

Daniel beda banget karo pegawe pegawene Sang Prabu liyane. Wong wong kuwe wong sing seneng mbalikna bebener lan nrima sogok.merga wong wong kuwe ora urip wedi asih karo Gusti Allah. Daniel ora gelem mlebu nang urip sing ora jujur lan ora bener, kanggo Daniel lewihsen becik di buwang meng goa singa ketimbang gawe lara atine Gusti Allah.

Wektu kedadean kiye Daniel wis tuwa lan karo setya ngawulanii Sang Prabu sing kaping 4. Kerajaan Babel wis ora dijenengi Babel maning nanging Persia merga rong kerajaan yakuwe Medes lan Persia wis ngalahna Babel lan pecah dadi loro kaya sing wis dinubuatna Daniel.

Daniel 6:2 Sang Prabu Darius banjur ngangkat satus rongpoluh wakil wakil raja kanggo krajaane; dipanggedheni telung pejabat dhuwur lan Daniel kelebu sing telu kuwe; maring wong wong kuwe para wakil wakil raja aweh tanggung jawab supaya Sang Prabu aja nganti rugi. 6:4 Dadi Daniel kiye nglewihi para penggedhe lan para wakil raja merga dheweke nduweni roh sing luwar biasa ; lan Sang Prabu nduweni karep bakal ngangkat dadi penggedhe kanggo kabeh krajaane. 6:5 Bareng kaya kuwe para penggedhe lan wakil raja kuwe nggoleti alesan tuduhan maring Daniel nang prekara pemrintahan, nanging dheweke ora nemokna alesan apa bae utawa kesalahan, merga dheweke setya lan ora tau sembron. 6:6 Wong wong kuwe banjur rembugan: “ Dhewek ora bakal nemokna alesan kango ndakwa Daniel kiye, kejaba prekara ngibadahe maring Gusti Allah. 6:7 Para penggedhe lan wakil raja padha gemrudug ngadhep maring Sang Prabu lan ngomong: “ Ya Sang Prabu Dharius mogamoga dawa umure Panjenengan! 6:8 Kabeh penggedhe nang krajaan kiye, kabeh penguasa lan wakil raja, para mentri karo Bupati wis padha mufakat supaya di tokna aturan Sang Prabu lan ditetepna larangan sapa bae nang wektu telung puluh dina duwe penjaluk maring salah sijine dewa utawa manungsa kejaba maring panjenengan ya Sang Prabu, wong kuwe bakal dibalangna maring njero goa singa. 6:9 Awit sekang kuwe ya Sang Prabu tokna larangan kuwe lan gawe surat prentah sing ora bisa dirombak, miturut undang undang wong Media lan Persia sing ora bisa ditarik maning.

6:14 Wong wong kuwe ngomong maring Sang Prabu: “ Daniel salah sijine wong buwangan sekang Yehuda, ora nurut panjenengan ya Sang Prabu lan ora ngajeni larangan sing panjenengan tokna, nanging sedina ping telu dheweke ndonga .” 6:16 Para penggedhe mau banjur padha gumrudug ngadhep maring Sang Prabu lan ngomong: “Ya Sang Prabu, ngertia miturut undang undang wong Media lan Persia ora nana larangan utawa penetapan sing di tokna Sang Prabu sing bisa di robah!” 6:17 Sewise kuwe Sang Prabu aweh prentah, Daniel banjur di jiot lan dibalangna meng njero goa singa. Sang Prabu ngomong maring Daniel: “Gusti Allahmu sing disembah karo tekun , muga muga Kiyambeke gelem nulungi kowe!. 6:18 Banjur digawa sewijine watu disogna meng cangkeme goa , banjur Sang Prabu nyetempel karo ali ali metrene para penggedhene, supaya prekara Daniel ora di digawe perubahan apa apa. 6:19 Sang Prabu banjur balik meng kratone lan puasa sewengi suntuk, panjenengane ora ngongkon penglipur penglipur teka lan ora bisa turu. 6:20 Esuk uput uput pas srengengene metu, sang

Prabu tangi banjur cepet cepet lunga meng goa singa; 6:21 sewise tekan goa singa dheweke mbengok maring Daniel karo suwara nelangsa. Panjenengane ngomong maring Daniel: "Daniel. Abdine Gusti Allah sing urip. Gusti Allahmu sing disembah karo tekun, apa wis bisa nulungi kowe sekang singa singa kuwe?" 6:22 Daniel ngomong maring Sang Prabu: "Ya Sang Prabu, langgeng uripmu!"

Sang Prabu bungah banget lan aweh prentah ben Daniel ditarik sekang njero goa. Dadi ditarik Daniel sekang njero goa kuwe. Banjur ditariklah Daniel sekang njero goa kuwe lan ora nana tatu apa apa, merga dheweke percaya maring Gusti Allah. 6:25 Sang Prabu aweh prentah, kon ndekek wong wong sing wis nggugat Daniel lan wong wong kuwe di balangna meng njero goa singa, karo bojo lan anak anake. Sedurunge tekan njerone goa, singa singa kuwe wis nyaplok karo ngremukna balung balunge.

Sedulur...omongane Sang Prabu Kafir kiye sewise weruh kayangapa Gusti Allahe Daniel nylametna sekang goa singa. Jare Kitab Suci: Sang Prabu Darius banjur ngirim surat maring wong wong sekang sekabehe suku bangsa lan bahasa sing manggon nang nduwure bumi, unine: "Nambah nambahlah moga muga ketentremane kowe!".

Allahe Daniel kuwe Allahe Ishak lan Yakub. Allahe nabi Musa lan nabi Dawud. Allah sing aweh awake dhewek kitab Suci. Gusti Allah sing njanjekna tekane Sang Penebus sing bakal nylametna wong dosa lan kuwasa sing lewih kuwat sekang singa, utawa kuwasa setan lan dosa. Gusti Allahe Daniel kuwe siji sijine Allah sing bener. Daniel wedi asih maring Gusti Allah, kuwe mergane dheweke ora wedi maring manungsa.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti bekahs, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 58**

### **Nabi Zakharia**

Sedulure, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang piwulang sing wingi dhewek wis sinau ngenani nabi Yeremia sing ngelingna bangsane menawa wong wong sebangsane ora preduli karo Sabdane Gusti Allah lan bertobat sekang dosa dosane, Gusti Allah bakal ngejorna tentara Babel mlebu kanggo ngancurna negrine lan nggawa dheweke padha dadi tawanan. Wong wong Yahudi akeh sing ora ngandel karo omongane Nabi Yeremia bab tentara Babel, karusakan Yerusalem, rubuheh bait Suci lan di angkut dadi tawanan, bener bener kedadean.

Ora setyane wong wong Yahudi apa bisa medotna kesetyaane Gusti Allah? Ora. Rungokna apa sing diomongna maring wong sebangsane, sing siki dadi tawanan nang Babel: "kaya kiye sabdane Gusti Allah semesta alam, Gusti Allahe Israel, kanggo kabeh wong buwangan sing ana nang Babel: 29:10 Kaya kiye sabdane Gusti Allah: Menawa wis genep pitung puluh taun kanggo babel, Inyong nembe nggatekna kowe. Inyong bakal netepi janjine Inyong maring kowe yakuwe mbalekna kowe meng panggonan kiye. 29:11 Inyong kiye ngerti rencana rencanane Inyong kanggo kowe, Kaya kuwe sabdane Gusti Allah, yakuwe rencana tentrem rahayu dudu rencana cilaka , kanggo aweh maring kowe dina mbesuk sing becik lan kebek pangarep arep".

Liwat omongane kiye Nabi Yeremia aweh ngerti maring wong Yahudi, senadyan dheweke ora kelingan karo Gusti Allah, Gusti Allah ora tau kelalen karo dheweke. Sebenere Gusti Allah kuwe setya, Kiyambeke ora kelalen karo janjine, yakuwe bakal aweh berkah maring kabeh bangsa sekang keturunane Ibrahim, Ishak lan Israel. Gusti Allah ora kelalen,Kiyambeke wis ngrenganakna. Sabdane maring wong Israel ben bisa diterusna maring kabeh keturunane Adam. Kayangapa Gusti Allah milih nabi nabine sekang antarane wong Ibrani (Yahudi)

mengilhami wong wong kuwe kanggo mbuktikna sabdane sing suci lan nulisna kanggo keturunan sing arep teka.

Kaya ngapa Gusti Allah aweh ilham nang pikirane Nabi Musa kanggo nulis kitab Torat, lan tembang nang kitab Zabur nang atine Nabi Dawud. Karo cara sing padha, dhewek wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah aweh pengertian karo wong wong Ibrani kaya Yosua, Samuel, Salomo, Yesaya, Yeremia lan Daniel kanggo nulis Sabdane Gusti Allah. Dhewek ngerti kaya ngapa nabi nabine Gusti Allah ngabarnaa rencana apik yakuwe kanggo ngutus Juruslamet maring ndunya sekang bangsa Israel.

Sedulur...dina kiye dhewek bakal ngertenai kaya ngapa Gusti Allah nggawa balik wong wong Yahudi meng tanah Yehuda nggon Mesias bakal lair, artine Gusti Allah ndisiti selangkah maning karo rencanane kanggo nekakna Almasih maring ndunya kiye.

Dhewek arep sinau kepriwe baline wong wong Yahudi maring Yerusalem sweise 70 taun dadi tawanan nang tanahe wong.

Tanah Babel siki dijenengi Persia, merga Persia wis ngalahna Babel. (Kitab Ezra 1:1-3;5;6;7)

1:1 nang taun kapisan jamane Sang Prabu Koresy, raja Negara Persia, Gusti Allah ngubahna atine Sang Prabu Koresy, raja Persia kuwe kanggo nggenepna Sabda sing diomongna nabi Yeremia, diwartakna nang sekabehane krajaan Koresy secara lesan lan ketulis: 1:3 Sapa nang antarane kowe kelebu umate, Gusti Allah karo dheweke! Ben dheweke mangkat balik maring Yerusalem, sing ana nang tanah Yehuda, lan ngedhegna umahe Gusti Allah. Gusti Allahe Israel yakuwe sing manggon nang Yerusalem. 1:6 Akeh tangga tanggane padha mabntu padha aweh perak, emas, bandha, kewan lan weh wehan sing apik aapik, seliyane sing dipersembahna karo sukarela. 1:7 Sang Prabu Koresy uga prentah ngetokna bekakase umahe Gusti Allah sing wis di angkut Sang Prabu Nebukadnezar sekang Yerusalem lan di sogna nang njero kuil allahe.

Sing kedadean kuwe netepi janjine Gusti Allah kaya sing diomongna nabi Yeremia. Gemiyen Gusti Allah ngulihna kehancuran kaya sing dinubuatna nabi Yeremia ngenani Yerusalem lan prekara liyane, siki dhewek ngerti kaya ngapa Gusti Allah nggawa balik para tawanan lan ngedhegna maning Bait Suci lan kutha Yerusalem. Sebenere Gusti Allah kuwe Raja sekabehane Raja, Kiyambeke sing ngatur wektu lan mangsa, kabeh sing ditentukna bakal kedadean.

Nang Kitab Suci digambarna kaya ngapa baline segrombolan wong Yahudi maring Yerusalem. Pemimpine Zerubabel. Wektu wong wong kuwe tekan Yerusalem atine sedih banget merga kabeh kutha kuwe wis dadi reruntuhan lan Bait Suci Gusti Allah sing dibangun nang Sang Prabu Salomo ukur gari sisa sisa bangunan sing rubuh. Ora nana sing keri nang kana kejaba pecahan watu lan bledug. Nang kana wong wong kuwe ngedhegna mezbah kurban lan ngurbanna kewan kewan. Wong wong kuwe padha bersyukur lan memuji Gusti Allah kanggo pangayoman sing suwene 70 taun nang Babel lan Persia merga wis digawa balik meng tanah leluhur. Gusti Allah ngayomi wong wong Yahudi, nulungi lan nguwatna dadine sewise nyambut gawe sing abot banget suwene taunan karo akeh tantangan sing diliwati wong wong kuwe bisa ngedhegna maning Bait Suci nang kutha Yerusalem lan tembok sekubenge.

Baline wong wong Yahudi meng tanahe dhewek nduweni teges sing penting merga nang tanah Yehuda kuwe Almasih bakal lair.

Wektu wong wong Yahudi balik meng Yerusalem Gusti Allah nyiapna nabi jenenge nabi Zakharia. Nabi Zakharia sing kiye beda karo Zakharia ramane Yohanes.

Nabi Zakharia nduweni pesen sing penting banget merga wektu sing ditentukna kanggo ngutus Almasih wis perek.

Ukara ukara sing diselehna Gusti Allah nang pikirane nabi Zakharia. (Zakharia 1:1,2, 4-6)

1:1 Nang wulan kaping wolu nang taun kaping pindho jamane sang Prabu Darius, ana Sabdane Gusti Allah maring nabi Zakharia bin Berekhya bin Ido unine: 1:2 “Jengkel banget Gusti Allah maring para leluhure kowe. 1:4 Kowe aja kaya para leluhure kowe , para nabi wis padha ngandhani, kaya kiye sabdane Gusti Allah: mbaliklah sekang temindhake kowe sing ala lan sekang kelakuane kowe sing jahat! Nanging dheweke ora gelem ngrungokna lan ora preduli maring Inyong, kaya kuwe sabdane Gusti Allah. 1:5 Para leluhure kowe padha nang endi? Lan para nabi apa urip selawas lawase? 1:6 nanging kabeh pangandikane lan putusane Gusti Allah sing wis diprentahna maring abdi abdine , para nabi, apa wis tekan maring para leluhure kowe? Wong wong kuwe padha mertobat lan ngomong : kaya sing wis dadi kekarepane Gusti Allah maring dhewek miturut temindhake lan kelakuane awake dhewek, kaya kuwe Kiyambeke temindhak maring dhewek.

Teges banget nabi Zakharia ngelingna wong wong Yahudi: “Gusti Allah jengkel banget maring para leluhure kowe, aja kaya dheweke!”. Gusti Allah jengkel maring wong Yahudi mergane wong wong kuwe ora preduli karo omongane para nabi sing diutus maring dheweke. Kuwe

mergane wong wong kuwe di tawan meng Babel. Wong wong kuwe ngurmati Gusti Allah karo cangkeme thok nanging ora nampa sabdane nang njero atine. Kuwe mergane Gusti Allah ngutus nabi Zakharia maring wong Yahudi supaya dheweke ora temindhak kaya para leluhure.

Kitab Zakharia pasal 9. Nabi Zakharia bernubuat menawa Gusti Allah bakal mlebu maring kutha Yerusalem nunggang jaran kacang (keledai).

Pasal 11 Nabi Zakharia nulis nubuatan sing paling kentara sing ditebak ngenani Gusti Allah bakal di dol karo rega 30 keping duit perak.

Pasal 12 Nabi Zakharia bernubuat menawa wong wong Yahudi ora ukur bakal ngedol Gusti Allah nanging bakal mateni.

Karo omongan omongan kiye nabi Zakharia ngira ira menawa Gusti Allah bakal nduweni tatu nang tangane. Kaya ngapa Kiyambeke kena tatu kuwe? Wong wong Yahudi bakal ngojok ngojoki wong Roma kanggo nyalibna Kiyambeke. Wong Roma bakal makuk tangan karo sikile nang salib, banjur nusuk pinggange karo tombak. Kabehane kedadean persis kaya sing dipikirna nabi Zakharia. Apa sing di tulis nabi Zakharia cocok karo nubuatan sing diomongna nabi Dawud atusan taun sedurunge, nang kitab Zabur, wektu dheweke nulis bab Almasih: "Wong wong kuwe nusuk tangan karo sikile Inyong."

Sedulur... Gusti Allah kepengin dhewek ngerti menawa matine Almasih nang ndhuwur kayu salib kuwe bagian sing penting banget sekang rencanane Gusti Allah, kanggo nylametna anak anake Adam sekang upah dosa dosane. Almasih sing bener kudu nanggung sengsara lan mati kanggo wong sing ora bener. Apa kowe percaya pesene para nabi menawa Almasih bakal nanggung sengsara lan mati, bakal dadi sing kaping kawitan urip maning sekang matine, bakal nyatakna pangapuran sekang dosa lan nyiapna panggonan nang Firdaus kanggo kabeh wong sing percaya nang asamane.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 59.**

### **Ringkesan Pesene Para Nabi**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Dina siki dhewek bakal sinau bab Ringkesan pesene para nabi.

Gusti Allah nggunakna lewi sekang 30 nabi nang wektu 1500 taun kanggo nulis kitab Perjanjian lawas.

Pasal pasal sing pungkasan nang Perjanjian Lawas, ngomongna apa sing wis diliwati sekang Kitab Suci, kawit dina kaping pisan nganti siki, dhewek bisa ngringkes pesen pesene para nabi karo 3 dhasar pemikiran:

1. Gusti Allah kuwe suci lan kudu ngadili dosa.
2. Kabeh anake Adam dilairna sekang dosa lan kudu ngadhepi pengadilan Adam.
3. Gusti Allah ngrencanakna kanggo ngutus Sang Penebus sing suci sing bakal nanggung ukuman dosa kanggo anak anake Adam. Kiye 3 bebener sing dadi pesene nabine Gusti Allah

Sedulur... Gusti Allah kuwe suci, dene manungsa kuwe ora suci. Dhewek wis ngerti banget bab kebenaran kiye wektu sinau bab Kitab Suci. Kasucene Gusti Allah dadi dhasar kenang ngapa Gusti Allah nggawe geni sing ora bisa sirep kanggo Setan lan samben wong sing ngetutna. Merga kasucene Gusti Allah kudu ngurak Adam lan Hawa sekang taman Firdaus wektu dheweke mangan woh wit sing di larang. Kasucene sing dadi dhasar kenang ngapa Gusti Allah mrentahna anak anake adam ngurbanna kewan kanggo kurban obongan kanggo nutupi dosane. Kasucene uga dadi dhasar kenang ngapa Gusti Allah ora nampa kurbane Kabil. Merga kasucene, Kiyambeke mbinasakna manungsa sing dosa nang jamane Nuh karo banjir

gedhe lan udan geni nang jaman Ibrahim nang nduwure wong wong Sodom lan Gomorah. Kasucene Gusti Allah dadi dhasar Kiyambeke nentukna sijine dina nang ngendi Gusti Allah bakal ngadili sekabehe bumi karo kebenaran.

Rungokna apa sing di tulis nabi nabine Gusti Allah bab kasucene Gusti Allah, lan ora sucine manungsa. (Habakuk 1:12,13, Yesaya 64:6)

Habakuk 1:12 Duh Gusti Allah, Panjenengan kuwe wis kawit gemiyen Gusti Allahe Inyong, sing Maha Suci? Dhewek ora bakal mati, ya Gusti Allah. Wis panjenengan tetepna bangsa kuwe kanggo ngukum; ya Gunung Watu, wis Panjenengan nentukna bangsa kuwe kanggo nyiksa.

1:13 Mriplate Panjenengan suci banget kanggo ndeleng prekara sing jahat lan Panjenengan ora mentolo ndeleng panganiaya. Kenang ngapa Panjenengan ndelengi wong wong sing nglakokna khianat lan Panjenengan meneng mbae, semangsa wong duraka nguntal wong sing lewih bener sekang dheweke?

Menawa Gusti Allah kaya kuwe sucine lan manungsa ora pantes banget, banjur sapa sing bisa slamet? Kepriwe dhewek bisa slamet sekang genine neraka sing langgeng? Kepriwe carane ben anak anake Adam bisa ngalami urip kelanggengan nang ngarsane Gusti Allah sing suci kuwe?

Pesen sing penting banget sekang Perjanjian kaping pisan yakuwe : Gusti Allah wis janji ngutus maring ndunya sang Penebus sing bener sing bakal mati nggantikna panggonane anak anake Adam lan kanggo nebus dheweke sing percaya maring Kiyambeke.

Kiye sing direncanakna nang Gusti Allah kanggo nylametna wong sing dosa. Ukur liwat kucuran getihe Sang Penebus , Gusti Allah bisa ngapurani dosa lan ndamekna wong dosa maring Dheweke ora mengkompromikna kasucene.

Kanggo nglakokna rencanane ngutus Sang Penebus maring ndunya, Gusti Allah nyeluk Ibrahim kanggo ndadekna dheweke sewijine bangsa sing anyar, nang endi para nabine Gusti Allah bakal teka. Pangandikane Gusti Allah maring Ibrahim: “ Kowe bakal dadi berkat lan kabeh bangsa nang ndhuwur bumi bakal diberkati liwat kowe.”

Dadi kaya kuwe Ibarhim ulih Ishak nang wektu tuwane, Ishak ulih Yakub, Yakub ulih 12 anak anak lanang lan wong wong kuwe dadi para leluhure 12 suku Israel. Dhewek wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah nimbali Ibrahim lan Kiyambeke terus maju karo rencanane kanggo ngutus Sang Penebus maring ndunya, sekang garis keturuan Ibrahim, liwat bangsa Israel, bakal lair.

Sebanjure dhewek ngerti kepriwe anak anake Israel pindah sekang tanah Kanaan lan manggon nang Mesir nang ngendi dheweke dadi budake wong Mesir.

Nanging Gusti Allah ora kelalen karo keturunane Ibrahim. Gusti Allah nyeluk Musa kanggo mbebasna bangsa Israel lan nuntun dheweke maring tanah sing Gusti Allah wis njanjikna maring para leluhure, Ibrahim nang jaman gemiyen.

Gusti Allah uga ngganggo nabi Musa aweh maring dheweek kitab sing dijenengi Torat .Sewise jaman nabi Musa, dhewek wis ngerti kepriwe Gusti Allah akeh ngutus nabi maring bangsa Israel, nanging sebagean sekang bangsa kuwe ora preduli maring omongane para nabi.

Senajan kaya kuwe ora setyane bangsa Israel ora ngalangi rencanane Gusti Allah kanggo ngutus Almasih meng ndunya kiye. Mulane Gusti Allah milih Dawud dadi raja Israel lan nabi sing nulis kidung kidung pujian sing endah lan nduweni arti sing jero sing ana nang Kitab Jabur. Nabi Dawud nulis akeh bab ngenani lan kepriwe anak anake Adam sing bakal nganiaya Kiyambeke bahkan nusuk tangan lan sikile.

Nanging nabi Dawud uga bernubuat menawa sewise Almasih ngucurna getihe kanggo kurban penghapus dosa Kiyambeke bakal ngalahna kematian lan urip maning sekang kubur.

Nang Kitab Suci dhewek uga ngerti ora ukur nabi Musa lan nabi Dawud thok sing nulis bab Almasih. Kabeh nabine Gusti Allah ngabarna bab tekane. Contone nabi Yesaya ngabarna menawa nabi bakal lair karo cara sing beda karo manungsa umume. Kiyambeke ngendika: “Merga sekang kuwe Gusti Allah dhewek sing bakal aweh tanda maring kowe: “Sebenere prawan enom meteng lan bakal nglairna bayi lanang, lan dheweke bakal njenengi Kiyambeke Imanuel.” (Yesaya 7:14). Nabi Yesaya nulis prekara kiye 700 taun sedurunge dilairna.

Ana maning nabi liyane sing urip nang jamane nabi Yesaya, jenenge nabi Mikha. Maring nabi Mikha Gusti Allah nidhokna jenenge kutha enggone dilairna. Rungokna apa sing di tuluis nabi Mikha, Mikha pasal 5:12 “ Inyong bakal ngancurna reca recane kowe lan tugu tugu berhalane sekang antarane kowe. Dadi kowe ora bakal nyembah maring gawean tangane kowe (Mikha 5:12).” Nabi Mikha ngabarna menawa Almasih bakal lair nang Betlehem, nang kampung halaman Sang Prabu Dawud, atusan taun seteruse prekara kuwe bener bener kedadean.

Gusti Allah kanthi teliti banget wis ngatur persiapan tekane Juruslamet. Kitab Suci isine atusan keterangan sing digawe nang para nabi ngenani tekane Mesias. Kenangngapa Gusti Allah aweh pemikiran bab tekane Mesias maring para nabi sedurunge Kiyamebeke teka?.

Ana siji alesan sing penting banget Gusti Allah mengilhami nabi nabi kanggo nulis akeh perkara ngenani Almasih sedurunge Kiyambeke teka, dadine wektu Kiyambeke teka netepi kabeh sing di tulis nang para nabi ngenani tekane Kiyambeke , dhewek wis ora manda mundhu maning menawa Kiyambeke kuwe Juruslamet sing di utus nang Gusti Allah.

Gusti Allah kepengin kabeh wong ngerti sapa kuwe Mesias, penebus wong sing dosa, dadi kowe bisa percaya maring Kiyambeke lan melu Kiyambeke ben slamet sekang dosane.

Rungokna apa sing di tulis nabi Maleakhi nang pasal pungkasan Perjanjian kaping pisan.  
(Maleakhi 3:1,6; 4:2)

3:1 Deleng, Inyong prentah utusane Inyong, ben dheweke nyiapna dalan nang ngarepe Inyong! Karo dadakan Gusti Allah sing digoleti nang kowe bakal mlebu maring Baite!. Malaekat Perjanjian sing kowe karepna kuwe , nyatane Kiyambeke teka, sabdane Gusti Allah semesta alam.

3:6 Nyatane Inyong, Gusti Allah ora berubah, lan kowe bani Yakub ora bakal sirna. 4:2 Nanging kowe sing wedi maring asmane Inyong, kanggo kowe bakal padha kaplethekan padhangre srengenge bebener kang nggawa kewarasan nang swiwine. Kowe bakal metu lan mlumpat mlumpat kaya anak sapi ucul sekang kandang.

Nabi Maleakhi nulis: "Kaya kiye sabdane Gusti Allah sing Maha kuwasa: 3:1 Delenga, Inyong prentah utusane Inyong ben dheweke nyiapna dalan nang ngarepe Inyong! Karo dadakan Gusti Allah sing digoleti nang kowe bakal mlebu nang padalemane! Malaekat Perjanjian sing dikarepna kuwe teka, sabdane Gusti Allah semesta alam.

Kurang lewih 200 taun sedurunge nabi Yeremia bernubuat (Yeremia 31:33)

31:33 Nanging kaya kiye perjanjen sing tek anakna karo kaum Israel sewise wektu kuwe, kaya kiye sabdane Gusti Allah: Inyong bakal aweh Torate Inyong ana nang batine lan nulisna nang njero atine; Inyong bakal dadi Allahe dheweke lan dheweke bakal dadi umate Inyong.

kaya kuwe sabdane Gusti Allah, merga Inyong bakal ngapurani kesalahane dheweke lan ora ngeling ngeling dosane dheweke."

Almasih ora teka kanggo ngilangna omongane para nabi, nanging kanggo nggenepi.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku

nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 60.**

### **Lukas pasal 1**

Sedulur, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena. Nang dalan kuwe Gusti Allah sing Maha Welas asih kepengin kabeh wong urip nang berhake. Liwat dalan kuwe manungsa tekan nang ngarsane Gusti Allah nang katentreman sing sejati.

Nang kesempatan sing ndisit, dhewek wis ngrampungna bagian kaping pisan sekang ayat ayat kitab suci, bagian sing isine: Torat, Jabur lan tulisan tulisan para nabi. Bagian kaping pisan kuwe dijenengi: Perjanjian Kaping Pisan utawa Perjanjian Lawas.

Dina siki dhewek arep miwiti piwulang ngenani bagian kaping pindho sekang sabdane Gusti Allah utawa Perjanjian Anyar.

Kenang ngapa Gusti Allah misahna Kitab Sucine dadi rong bagian yakuwe Perjanjian kaping pisan (Perjanjian Lawas) lan Perjanjian Anyar? Gusti Allah duwe akeh alesan kanggo oglakokna perkara kiye. Sing kudu dingerten: kabeh ayat sing di tulis nang Perjanjian Lawas di tulis sedurunge Mesias lair, dene ayat ayat sing ana nang Perjanjian Anyar di tulis sewise Mesias lair. Dadi pesen utawa kabar sekang para nabine Gusti Allah nang Perjanjian Lawas yakuwe: "Gusti Allah wis ngutus Mesias, pas kaya sing wis dijanjikna liwat nabi nabine nang Perjanjian Lawas."

Perjanjian Anyar ora ngilangna apa sing wis di tulis para nabi nang Perjanjian kaping pisan., sewalike ngukuhna apa sing wis di tulis. Perjanjian Anyar, nidhokna kepriwe Gusti Allah netepi janji janjine, gawe nubuat lan symbol. Nang perjanjian kaping pisan para nabi ngabarna : Mesias bakal teka! Kiyambeke bakal teka...Kiyambeke bakal teka!.. nanging pesen utawa kabar bab Perjanjian Anyar yakuwe: "Mesias wis teka. Mesias sing dikabarna lan di tulis nang para nabi, wis teka!"

Matur nuwun maring Gusti Allah kanggo ayat ayat suci sing isine Perjanjian Lawas lan Perjanjian Anyar, merga nang keloro bagian kuwe dhewek ngerti apa sing Gusti Allah janjikna gemiyen wis digenepi. Gusti Allah wis ngutus Juruslamet kaya sing dijanjikna maring leluhure awake dhewek liwat kitab Torat, Jabur lan kitab kitab liyane sekang para nabi. Jeneng kanggo

kitab Perjanjian Anyar yakuwe Injil. Tembung Injil asale sekang bahasa arab sing tegese kabar becik. Kabar sing ana nang kitab Injil kuwe kabar sing becik, nyritakna kaya ngapa Mesias nggenepi apa sing wis dinubuatna nang para nabi, mbukak dalan damai kanggo anak anake Adam karo Gusti Allah selawase.

Gusti Allah ngganggo akeh wong kanggo nulis buku Perjanjian kaping pisan utawa Perjanjian Lawas, kaya kuwe uga Mesias nganggo wong akeh kanggo nulis kitab Perjanjian Anyar. Gusti Allah nganggo wong 4 kanggo nulis kisah bab Mesias sing teka meng ndunya. Wong papat kuwe yakuwe: Matius, Markus, Lukas lan Yohanes.

Kenang ngapa Gusti Allah ngilhami wong papat kanggo nulis kisah Mesias? Gusti Allah kepengin ngomong maring dhewek sewijine pesen utawa kabar sing nyakinna sing bisa dipercayai. Kiyambeke nganggo 4 penulis kanggo ngukuhna sabdane. Gusti Allah nganggo papat saksi ben dhewek yakin menawa sing di tulis nang kitab Injil ngenani Mesias panganan bener. Nganggo bahasa apa Matius, Markus, Lukas lan Yohanes nulis Kitab Injil? Wong wong kuwe nulis nganggo bahasa Yunani. Dhewek bersyukur banget maring Gusti Allah mèrga Kiyambeke aweh pangerten maring wong wong pinter kanggo nerjemahna maring 2000 bahasa liyane sekang sekabehane ndunya.

Ayat ayat Kitab Suci patut di percaya lan di turuti sekabehane. Sabdane Gusti Allah sampurna di tulis nang kitab Torat lan jabur, sampurna uga nang Kitab Injil. Gusti Allah maha Agung, bisa nglindungi sabdane sing langgeng kaya sing diomongna nang kitab Injil wektu Kiyambeke ngendika: "Langit lan bumi bakal ilang nanging sabdane Inyong ora bakal ilang." Matius 24:35.

Siki wektune dhewek sinau bab Nabi Maleakhi sing urip taun 400 sedurunge Mesias utawa Krisitus. Sewise 400 taun, sewise jaman Malaekhi , Gusti Allah ora ngirim nabi nabi maning. Mèrga kitab ngenani Perjanjian lawas wis komplit. Gusti Allah wis ngomongna sekabehane sing kepengin Kiyambeke omongna liwat nabi nabine. Siki Gusti Allah nunggu wektu sing ditetepna kanggo ngirim Mesias maring ndunya ben kiyambeke bisa gawe sewijine Perjanjian Anyar.

Dhewek wis maca apa sing diomongna nang nabi Yesaya lan nabi Maleakhi bab rencanane Gusti Allah ngirim nabi sedurunge Mesias kanggo nyiapna dalan kanggo Mesias, nabi kuwe Yohanes utawa Yahya. Ramane jenenge imam Zakaria. Imam Zakaria kuwe imam sing nglayani Gusti Allah lan kabeh umat karo aweh persembahan kurban nang mezbah bait Suci nang Yerusalem.

Dhewek siki maca kitab Injil lan ngrungokna apa sing di tulis nang Lukas ngenani laire nabi Yohanes. Lukas pasal 1:5.-20;24,25.

5 Nalika jamane Sang Prabu Herodhes , raja nang Yudea, ana sewijine imam jenennge imam Zakharia sekang golongan Abia. Bojone Elisabeth uga keturunan Harun. 6 Loro lorone bener nang ngarsane Gusti Allah lan urip manut karo kabeh prentah lan aturan Gusti Allah ora nana kang cacat. 7 Nanging ora duwe anak, merga Elisabeth gabug lan wis tuwa. 8 nang sewijine dina , wektu gilirane golongane Imam Zakharia ngimami ana nang ngarsane Gusti Allah.... 10 Nalika kuwe kabeh umat kumpul nang njaba padha sembahyang wektu ngobong dupa. 11 Imam Zakhari banjur di ketoni Malaekat Tuhan ngadheg nang sisih tengen Mezbah obongan dupa. 12 Imam Zakhari mbareng weruh kaget lan wedi. 13 Nanging malaekat mau banjur ngomong: "Aja wedi Zakharia, merga dongamu wis dikabulna, Elisabeth bojomu bakal nglairna anak lanang, kowe kudu njenengi Yohanes...19 " Inyong Gabriel sing wis nglayani Gusti Allah lan inyong di utus kon ngomong maring kowe lan nyampekna kabar becik kiye maring kowe. 20 Lan kowe bakal bisu ora bisa ngomong tekan wektune kabeh kuwe dadi kasunyatan, merga kowe ora ngandel maring omongane inyong sing bakal kedadean nang wektune."

24 Ora let suwe, Elisabet bojone meteng.... 25 " ya kiye pakaryane Gusti Allah kanggo inyong," jerene. "Siki Kiyambeke gelem ngetokna inyong sekang kewirangan nang ngarepe wong."

Kaya ngapa Gusti Allah ngutus Gabriel nemoni imam Zakharia lan ngomongna kaya ngapa Elisabet bojone bakal nduweni anak lanang. Anake kiye bakal dadi nabi gedhe sing bakal nyiapna dalan kanggo Mesias. Injil Lukas 1:57 -60; 65-79.

Lukas 57 Bareng wis genep wulane, Elisabet banjur nglairna anak lanang . 58 bareng tangga tanggane lan dulur dulure krungu, menawa Gusti Allah aweh kemurahane sing gedhe maring dheweke, wong wong kuwe padha seneng bareng bareng karo dheweke.

59 Nang wolung dinane, wong wong kuwe padha teka pas nyepiti anake lan dheweke njenengi bocah kuwe Zakharia manut jenenge ramane, 60 nanging biyunge ngomong: " aja..., jenenge kudu Yohanes."

65 Wong wong sing manggon nang sekubenge padha keweden, kedadean kuwe dadi omongan nang sekabehe pegunungan Yudea. 66 Lan kabeh wong sing padha krungu padha mikir lan ngomong: " Bocah kiye bakal dadi apa tah ngemben ?" merga tangane Gusti Allah ngeberkahi dheweke. 67 Ian imam Zakharia ramane kapenuhan karo Roh Suci, banjur bernubuat jrene: 68 " Pinujia Gusti Allah, Allahe Israel, merga wis ngampiri umate lan aweh pembebasan. 69

Kiyambeke nukulna sungune keslametan kanggo dhewek liwat keturunane Sang Prabu Dawud, abdine kuwe. 70 Kaya sing wis diomongna kawit kuna. 71 Ben awake dhewek ucul sekang mungsuhan mungsuhan lan sekang tangane kabeh wong sing sengit maring dhewek. 72 kanggo nidhokna rahmate maring leluhure dhewek lan eling maring perjanjiane sing suci. 73 yakuwe sumpah sing diomongna Kiyambeke maring rama Abraham leluhure dhewek. 74 ben awake dhewek ucul sekang tangane mungsuhan, lan ngibadah maring Kiyambeke tanpa rasa wedi. 75 nang kesucen lan kabeneran nang ngarsane Gusti Allah sedawane uripe dhewek."

Sewise nabi Zakhari ngomongna bab kiye, dheweke mbalik maring Yohanes putrane lan ngomong: 76 Lan kowe putraku bakal dijenengi nabine Gusti Allah sing Mahaluhur, merga kowe bakal mlaku ndisiti Gusti Allah kanggo nyiapna dalan kanggo Kiyambeke 77 kanggo aweh maring umate pangerten bab keslametan sing didhasari pangapura sekang dosa dosane .

78 Merga rahmate lan welas asihe Gusti Allah kita, Kiyambeke ngampiri awake dhewek sekang panggonan sing luhur, Sang Surya esuk. 79 kanggo madhangi sekabehane wong sing manggon nang pepeteng lan ana nang wewayangane pati kanggo nuntun sikile dhewek maring dalan keslametan.

Dadi imam Zakharia memuji Gusti Allah sewise Yohanes lair, merga dheweke ngerti wektu laire Mesias wis perek. Yohanes anake imam Zakharia kuwe dudu Mesias, nanging wong sing bakal teka sedurunge Mesias kanggo nyatakna tekane Mesias lan nyiapna dalan kanggo Kiyambeke.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 61.**

### **Ngabar ngabari.**

Lukas 1; Matius 1

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem.

Nang 60 piwulang sing wis diliwati, dhewek wis sinau isine kitab suci sing ana nang Prajanjian Lawas yakuwe kitab Taurat Musa, zabur nabi Dawud karo tulisan tulisan sekang nabi nabi liyane. Nang siaran sing ndisit dhewek wis mulai sinau bab ayat ayat utawa isine Prajanjian Anyar yakuwe Injil. Omongan Injil kuwe asale sekang bahasa Arab sing tegese kabar sing apik. Panjen bener menawa kabar Injil kuwe pancen kabar sing apik banget kanggo kabeh wong sing percaya, merga kabar kuwe aweh ngerti maring dhewek menawa Gusti Allah wis ngutus Juruslamet maring ndunya kiye kaya sing wis dijanjikna liwat para nabi jaman gemiyen.

Nang kitab taurat dhewek diwei ngerti kayangapa ora manute Adam ndadekna umat manungsa adoh sekang kratone Gusti Allah lan mlebu nang njerone krone Setan. Dosa Adam kuwe alesane kenang ngapa dhewek dilairna nang njerone dosa.

Nanging dhewek muji syukur maring Gusti Allah merga ayat ayat kitab suci sing ditulis para nabi ora rampung karo kisah bab pelanggaran utawa dosane Adam. Kaya sing wis dingertenii nang dinane Adam karo hawa nglakokna dosa, Gusti Allah aweh kabar bab rencanane kanggo ngutus Penebus dosa maring njero ndunya kiye sing bisa mbebasna kabeh keturunane Adam sekang kuwasa Setan lan dosa.

Nang dina sing peteng pas dosa mlebu nang ndunya kiye, Gusti Allah ngabarna menawa penebus sing suci bakal lair sekang wong “wadon ( “Purwaning Dumadi 3:15; Gal 4:4). Mesias sing kudu ngwutahna getihe dadi kurban sing sampurna kanggo wong wong sing dosa ora mungkin asale sekang rama kandonyan sing wis najis mergane dosa. Dheweke kudu sampurna lan suci kaya Gusti Allah sing sampurna lan suci. Kuwe mergane Nabi Yesaya ( sing urip 700 taun sedurunge Mesias teka) nulis: “Sebenere ana prawan bakal meteng lan nglairna

anak lanang lan Dheweke dijenengi Imanuel sing tegese “ Gusti Allah bareng karo dhewek” (Yesaya 7:14; Matius 1:23).

Siki mbalik maning mering kitab Injil, ben ngerti kaya ngapa Gusti Allah nggenepi apa sing wis dijanjekna, ngenani Sang penyelamat sing sampurna lan suci sing bakal lair sekang prawan sing urung tau bebrayan karo wong lanang. Nang piwulang sing ndisit, dhewek wis ngerti kaya ngapa Malekat Gabriel ngeton maring wong Yahudi sing jenenge Zakharia. Malekat Gabriel aweh ngerti maring Zakharia menawa dheweke lan bojone bakal nduweni anak lanang sing arep dijenengi Yohanes, sing bakal nyiapna dalan sedurunge Penebus teka.

Dhewek bakal nglanjutna piwulang sekang Injil Lukas pasal 1 ben ngerti kaya ngapa Gusti Allah ngutus Malekate kanggo nemoni prawan sing jenenge Maria. Kitab Injil ngomongna:

Lukas 1:26 (Elizabeth biyunge Yohanes) nang wulan kaping enam, Gusti Allah ngongkon Malekat Gabriel lunga maring Nazaret sewijine kutha nang Galilea. 27 Maring sewijine prawan sing tunangan karo Yusup sekang keluarga Raja Dawud ; jenenge prawan kuwe Maria. 28 Malekat kuwe mlebu maring umahe Maria lan ngomong, “Salam, kanggo kowe sing ulih rahmat! Gusti Allah bareng karo kowe.” 29 Maria kaget krungu omongane kuwe, banjur takon nang njero atine, apa artine salam kuwe, 30 nanging jere Malekat kuwe maring dheweke: “Aja wedi, hai Maria merga kowe ulih sih kanugrahan nang ngarsane Gusti Allah. 31 Kowe bakal meteng lan nglairna bayi lanang lan kowe kudu njenengi bayi kuwe Yesus. 32 Kiyambeke bakal dadi gedhe lan bakal diarani Putra Allah sing maha Agung. Gusti Allah ngaruniakna maring Kiyambeke dhampar Sang Prabu Dawud , leluhure. 33 Ian Kiyambeke bakal dadi Raja kanggo kaum keturunan Yakub selawase; pemerintahane langgeng.” 34 Jawabe Maria maring Malekat kuwe: Kepriwe perkara kuwe bakal kedadean, merga inyong urung duwe bojo? 35 Jawab Malekat kuwe maring dheweke: “Roh Suci bakal mudhun maring kowe lan kuwasane Gusti Allah sing Maha Agung bakal ngayomi kowe, mulane anak sing bakal dilairna kuwe bakal kasebut Suci, Putra Allah. Lan Elisabeth, sanakmu sing wis tuwa kuwe iya agi meteng anak lanang, tekan seprene wis enim wulan, sing wis diarani gabug. 37 Merga kanggo Gusti Allah ora nana sing mustahil.” 38 Maria banjur mangsuli: “ Sumangga, inyong kiye abdine Gusti Allah; dadia maring inyong miturut omongane Panjenengan”. Malekat kuwe banjur lunga ninggalna dheweke.

Maria kuwe prawan sing nurut karo sabdane Gusti Allah. Dheweke dijanjikna arep nikah karo wong lanang sing jenenge Yusup, nanging dheweke urung kembul. Yusup lan Maria kuwe

keturunane Sang Prabu Dawud. Nabine Gusti Allah ora ukur nubuatna menawa Mesias bakal lair sekang prawan nanging sekang keturunane raja Dawud.

Nah nang ayat ayat sing nembe di waca, dhewek ngerti kaya ngapa Malekat Gabriel nekan Maria ngabari menawa dheweke kuwe wong wadon sing dikarepna Gusti Allah dadi perantarane Juruslamet lair kanggo wong wong sing dosa maring ndunya kiye. Malekat Gabriel uga ngabari jenenge anak sing bakal dikandut. Jare Malekat kuwe maring dheweke: "Kowe kudu njenengi Kiyambeke Yesus." tegese: Gusti Allah nylametna. Nanging ana jeneng liya sing disebut Malekat Gabriel sing kanggo Mesias yakuwe "Putra Allah sing Maha Agung." Nang kitab suci Mesias disebut Putra Allah lewih sekang ping 120. Dhewek sing percaya karo tulisan tulisan para nabi ora bisa ngingkari menawa Gusti Allah nyebut Mesias Putrane.

Kaya kuwe uga Yesus sing diarani Mesias, Gusti Allah ngarani Kiyambeke Putrane merga Kiyambeke asale sekang Gusti Allah. Mesias tekane sekang surga.

"Kawitane kuwe Sabda lan Sabda kuwe bareng bareng karo Gusti Allah , lan Sang Sabda kuwe Gusti Allah. Kiyambeke sekang kawitan bareng bareng Gusti Allah, kabeh didadekna nang Panjenengane nek ora nana panjenengane ora nana sijia sing dadi sekang kabeh sing didadekna. Sang Sabda wis dadi manungsa lan manggon nang antarane dhewek." (Yohanes 1:1-3; 14)

Mesias kuwe Sabda Allah sing teka sekang surga lan lair dadi manungsa. Kabeh wong ngerti menawa Mesias ora nduwensi rama kandonyan. Rungokna maning apa sing diomongna Malekat Gabriel maring Maria: Jere Malekat Gabriel, "Roh Suci bakal mudhun maring kowe lan kuwasane Gusti Allah sing Maha Agung bakal ngayomi kowe, mulane anak sing bakal dilairna kuwe bakal diarani: Putra Allah". (Lukas 1:35)

Sedulur...pancen bener Gusti Allah Maha Kuwasa lan ora nana sing mustahil kanggo Panjenengane! Nanging ngenani laire Yesus sekang prawan sedulur kudu ngerti menawa alesane kuwe lewih penting ketimbang ukur nidhokna kuwasane Gusti Allah! Ana alesane kenang ngapa Yesus lair sekang prawan ewuan taun sing kepungkur sewise Gusti Allah nyiptakna Adam karo Siti Hawa? Kitab suci nidhokna alesane kaya sing diomongna: "Yesus Kristus, teka maring ndunya kanggo nylametna wong dosa". (1 Tim 1:15). Yesus lair maring ndunya kanggo nebus wong wong sing sesat, dosa, najis sekang keturunane Adam sing di kutuk. Merga kuwe ora mungkin asale sekang wong sing akeh dosane. Miturut rencanane Gusti Allah, Mesias utawa Penebus kudu netesna getih kanggo kurban penebus dosa.

Dhewek arep ngrampungna siaran dina kiye karo maca Injil Matius bab laire Mesias. Pirang pirang wulan sewise Maria meteng merga kuwasa Roh Allah, Panjenegane ngutus Malekate kanggo nemoni Yusup, sing bakal dadi bojone Maria. Injil Matius 1:18-25

18 laire Yesus Kristus kuwe kaya kiye: Wektu Maria, biyunge Yesus, tunangan karo Yusup merga sekang kuwasane Roh Suci, sedurunge wong keloron mbojo. 19 Merga Yusup tunangane kuwe wong sing apik atine mulane dheweke ora gelem miring mirangna Maria nang ngarepe wong akeh. Dadi Yusup arep medhot tunangane karo Maria meneng menengan. 20 Nanging wektu Yusup agi mikirna bab kuwe Malekate Gusti Allah ngeton nang impene karo ngomong: Yusuf keturunane raja Dawud kowe aja wedi njikot Maria dadi bojone kowe, merga bayi sing njero wetenge kuwe asale sekang Roh Suci. Dheweke arep nglairna anak lanang lank owe kudu njenengi Anak kuwe Yesus, merga iyambeke sing arep nylametna umate sekang dosa dosane.

22 Bab kuwe kedadean ben genep kabeh sabdane usti Allah sing uwis di wartakna liwat nabi nabine, yakuwe 23 “ Sebenere prawan kuwe arep meteng lan nglairna anak lanang lan anak kuwe arep diarani Imanuel sing tegese: Gusti Allah bareng karo dhewek” 24 Sewise tangi turu, Yusup nglakokna apa sing wis diomongna nang Malekate Gusti Allah maring dheweke. Yusup njikot Maria dadi bojone. 25 nanging Yusup ora turu bareng karo Maria sedurunge Maria nglairna Anak lanang, lan Yusup njenengi anak kuwe Yesus.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 62.**

### **Mesias Lair**

Lukas 2; Matius 2

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem.

Nang piwulang sing ndisit ngenani kitab Injil, dhewek wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah ngutus Malekat Gabriel meng tanah Palestina nang kota Nazaret maring sewijine prawan sing jenenge Maria. Malekat kuwe ngeton maring dheweke kanggo ngabari menawa dheweke bakal meteng liwat kuwasa Roh Allah lan nglairna bayi lanang lan dijenengi Yesus. Sing tegese Gusti Allah nylametna. Wektu sing di tunggu tunggu umat Allah wis tekan, Juruslamet utawa Penebus sing dijanjikna Gusti Allah wektu Adam karo Hawa gawe dosa ana nang kandungan prawan lan bakal lair meng ndunya.

Nabi Mikha ngomong menawa Mesias bakal lair nang Betlehem nang kotane Raja Dawud. Nanging Maria sing arep nglairna Yesus ora manggon nang Betlehem nanging nang Nazaret , sewijine kota sing ditemokna kurang lewih 150 km sisih lor Betlehem. Kaya ngapa Mesias lair nang Betlehem?

Dina siki dhewek maca menawa wektu nglairna kanggo Maria wis perek, kaisar Agung Romawi ngetokna aturan sing unine: “ kanggo kabeh wong lanang lan wadon kon lunga meng kota leluhure kanggo ndaftarna dheweke lan mbayar pajek!”. Kuwe tegese Maria lan Yusup kudu lunga maring Betlehem nang kota Raja Dawud merga dheweke kelebu keturunan Raja Dawud. Injil Lukas ngomongna: (Lukas 2)

1. Wektu kuwe kaisar Agustus ngetokna prentah, supaya kabeh wong nang sekabehe ndunya padha didaftarna. 3 Wong wong banjur padha mangkat kabeh arep padha ndaftarna dhewek dhewek maring kotane. 4 kaya kuwe uga Yusup lunga sekang kota Nazaret tanah Galilea maring Yudea, maring kotane Raja Dawud sing jenenge Betlehem, merga dheweke asale sekang keluarga lan keturunan Raja Dawud. 5 supaya didaftarna bareng karo maria ,

tunangane sing agi metheng. 6 Sewise tekan kono, tekan wektune kanggo maria nglairna, 7 dheweke nglairna anak lanang, anak mbarep, bayi kuwe dibedhong lan diturokna nang palungan, merga ora nana panggonan kanggo dheweke nang nggon penginapan.

Mesias lair nang njero kandang kewan, merga nggon penginapan nang Betlehem uwis kebek. Wong sing bakal dadi Juruslamet lan hakim ndunya lair nang kandhang kewan. Mungkin ana wong sing mikir: Kiye mustahil menawa Yesus kuwe sewijine Juruslamet ndunya lan Gusti Allah sing bakal ngadili anak anake Adam.

Laire Gusti Yesus dibarengi karo kamulyan sing gedhe, nanging akeh anake Adam ora ngakoni bab kiye, merga kamulyane Gusti Allah lan kamulyane manungsa kuwe beda banget.

Kanggo gambarane , mungkin sedulur tau weruh wong sugih sing manggon nang umah gedhe lan apik, nganggp klambi sing larang larang lan manggon nang kemewahan lan dilayani nang para abdine sing ngurusi kabeh kebutuhane, kuwe kamulyane dndunya. Nanging kamulyane Gusti Allah kuwe beda karo kamulyane ndunya. Kuwe mergane Mesias sing asale sekang hadirate Gusti Allah ora lair nang njerone kenikmatan lan kemewahan.

Kiyambeke ora kaya akehe wong sugih sing ora ngerti kasengsarane wong sing ora duwe. Wong sing diutus Gusti Allah kanggo nylametna anak anake Adam sekang kuwasa setan lan dosa lair nang kahanan sing prihatin, malah lair nang kandhang kewan. Dadi ora nana sija wong sing bisa ngomong menawa Mesias teka ukur kanggo nylametna wong sugih utawa Kiyambeke ora ngerten perasaane wong kere.

Gusti Allah kepengin kabeh wong ngerti menawa Sang Penebus sing di utus kuwe teka maring ndunya kiye kanggo nylametna kabeh wong sing percaya maring Kiyambeke, apa kuwe wong tuwa, wong enom, lanang, wadon, sugih, kere, wong sing bebas utawa budak.

Siki nglanjutna kisah ngenani laire Mesias lan maca bagian sing paling apik. Wektu wengi pas Mesias lair nang kandhang kewan, Gusti Allah ngirim Malekat malekate maring para pangon pangon sing agi nunggoni kewan kewane nang ara ara pereke kutha Betlehem.

Gusti Allah aweh ngerti bab warta sing apik ngenani laire Mesias nang Injil Lukas 2, diwrtakna:

8 Nang daerah kuwe ana pangon pangon sing nginep nang ara ara njaga kewan kewane nek wengi. 9 Dumadakan ana Malekate Gusti Allah nang pereke dheweke lan kamulyane Gusti Allah cemlorot madhangi dheweke lan wong wong kuwe padha kewedan. 10 Malekate ngomong: "Aja padha wedi, inyong aweh kabar maring kowe, kabar kebungahan seing gedhe

kanggo kabeh bangsa. 11 Dina kiye wis lair kanggo kowe Juruslamet yakuwe Kristus Tuhan nang kota Dawud. 12 Kiye tengere kanggo kowe: “ Kowe bakal nemoni sewijine bayi di bedhong karo lampin lan diturokna nang palungan.” 13 Dumadakan ana bala tentara sorga akeh banget sing muji muji Gusti Allah, jarene: 14 “Kamulyan kanggo Gusti Allah nang panggonan sing luhur lan tentrem rahayu ana nang bumi nang antarane manungsa sing nyenengna atine. 15 Sewise Malekat malekat kuwe lunga, mbalik meng **swarga**, pangon pangon mau pada rembugan kaya kiye: “ ayuh awake dhewek padha lunga meng Betlehem ben ngerti ana kedadean apa nang kana, kaya sing dikabarna Gusti Allah maring dhewek”. 16 Wong wong kuwe cepet cepet mangkat lan nemoni Maria, Yusup karo bayi kuwe, sing agi turon nang njero palungan. 17 Mbareng dheweke weuh Bayi mau, dheweke nyritakna apa sing diomongna maring dheweke ngenani Bayi kuwe. 18. Kabeh wong sing krungu padha gumun aring critane pangon pangon kuwe. 20 Pangon pangon kuwe padha balik karo muji muji lan mulyakna Gusti Allah merga kabeh sing dheweke rungokna lan deleng kabeh persis kaya sing diomongna maring dheweke.

Gusti Allah kawitane ngwartakna bab laire Mesias maring para pangon wedhus sing sederhana sing agi nunggu tekane Mesias. Kaya ngapa senenge pangon pangon kuwe ndeleng bayi Yesus. Istimewa banget dheweke bisa weruh wong sing riwayate wis di tulis nang para nabi : Mesias,

Nerusna pembahasan ngenani Kitab Injil, ana kedadean apa kurang lewih setaun sewise Yesus lair. Gusti Allah ngwartakna bab laire Yesus maring para pangon liwat Malekat malekate sing keton nang langit.

Siki dhewek bakalngrungokn kaya ngapa Gusti Allah ngwartakna laire Sang juruslamet maring wong wong Majus. Kitab Injil Matius pasal 2 nyritakna:

1. Yesus lair nang kota Betlehem tanah Yudea. Nang wektu kuwe Raja Herodhes sing mrentah nang kana. Banjur wong wong Majus sekang wetan padha teka meng Yerusalem. 2 wong wong Majus padha takon, “ Nang endi Kiyambeke, Rajane wong Yahudi sing tembe dilairna kuwe? Inyong padha, uwis weruh lintange nang wetan, lan inyong padha teka arep nyembah Kiyambeke. 3 Wektu raja Herodhes krungu apa sing diomongna wong wong Majus kuwe, nek rajane wong Yahudi uwis lair , raja Herodhes dadi ketar ketir. Kaya kuwe uga kabeh wong sing ana nang Yerusalem padha ketar ketir pisan maring raja Herodhes. 4 Mulane kabeh pimpinan imam lan ahli ahli itabe nabi Musa padha dikumpulna, Herodhes banjur takon maring wong wong kuwe, nang endi Raja sing dijanjikna nang Gusti Allah kuwe arep dilairna. 5 Wong wong

kuwe ngomong maring dheweke, "Nang kota Betlehem tanah Yudea, merga uwis di tulis nang kitabe nabi: 6 Lan kowe Betlehem tanah Yudea, sebenere kowe dudu kota sing paling cilik nang antarane kota kota gedhe nang Yehuda, merga nang antarane kowe padha, arep ana pimpinan sing arep mimpin wong Israel umete Inyong."

7 Banjur Herodhes meneng meneng nyeluk wong wong Majus kuwe. Dheweke kepengin ngerti genahe kapan lintange keton. 8 Dheweke banjur ngongkon wong wong Majus kuwe meng Betlehem, karo weling: "Lungaa lan goleti nganti bener bener ketemu, angger uwis ketemu kowe padha gagean ngomongi inyong, ben inyong uga nganah nyembah Kiyambeke. 9 Sewise krungu omongane Herodhes wong wong kuwe banjur padha mangkat. Wong wong kuwe bungah banget, 10 wektu weruh sepisan maning lintange kuwe metu nang sisih wetan. Cahyane nuntun wong wong kuwe lan mandheg pas nang ndhuwure panggonan Bayi sing dilairna kuwe. 11 Wong wong kuwe banjur padha mlebu meng umah lan ndeleng bayi kuwe agi karo Maria biyunge. Dheweke banjur pada nyembah Kiyambeke. Wong wong kuwe banjur padha mbukak wadhab dunya branane lan diwehna maring Kiyambeke, yakuwe Emas, menyen karo Mur. 12 Wong wong kuwe ora balik maring Herodhes nanging bali liwat dalan liya. Merga Gusti Allah ngelingna wong wong kuwe liwat impen.

Laire Yesus Sang Juruslamet ora nana tandingane nang sejarah ndunya. Nang antarane Nabi utawa Rasul utawa umat sejagat kiye ora nana sing laire kaya Yesus lair.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkah, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 63.**

### **Anak Sing Suci**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem.

Nang piwulang sing pungkasan nang Kitab Injil , dhewek wis krungu crita sing ngagetenabab laire Mesias. Kiyambeke lair liwat prawan merga kuwasane Gusti Allah nang kota Betlehem, persis kaya sing wis diwartakna. Wengi wektu Yesus lair, Gusti Allah ngutus akeh Malekat karo sandhangan sing mencorong, maring para pangon sing agi jaga nang ara ara sekubenge Betlehem. Salah sijine Malaekat kuwe ngomong maring pangon pangon kuwe: “ Inyong ngwartakna kabunganan gedhe kanggo sekabehe bangsa! Dina kiye nang kota Dawud Juruselamat wis lair kanggo kowe, yakuwe Kristus Tuhan!. (Luk 2:10-11)

Dina kiye arep sinau kayangapa Yesus wektu esih bocah lan sewise dadi diwasa. Kitab Injil aweh ngerti maring dhewek menawa sewise Yesus lair, Yusup lan Maria nglairna anak anak lanang lan anak anak wadon.

Yusup ora memperanakna Yesus, nanging miturut wong wong Yesus kuwe anake Yusuf. Merga Yusuf kuwe tukang kayu, Yesus uga nyambut gawe dadi tukang kayu wektu ana nang umah. Mulane Yesus wis biasa karo pegawean sing abot,. Mulane Injil Lukas 2 ngomongna: “lan Kiyambeke dadi tambah gedhe lan tambah kawicaksanane lan gedene, tambah ditresnani Gusti Allah lan manungsa. (Lukas 2:25.

Padha kaya anak anak liyane Yesus mangan, turu, dolanan lan sinau. Nanging ada bab sing gawe Yesus beda karo anak anak liyane, yakuwe Yesus ora nglakokna dosa! Lan tipu daya ora nana nang dheweke (1 Pet 2:22). Ora nana oyode dosa nang Kiyambeke! Kiyambeke duwe watek sing suci. Kiyambeke ukur nglakokna apa sing gawe seneng Gusti Allah. Kuwe sing dinyatakna nang Kitab Injil, wektu Kiyambeke ngomong: “ Merga Imam Agung kita kuwe dudu Imam Agung sing ora bisa ngrasakna seakehe ke apesane dhewek, nanging padha karo dhewek; Kiyambeke wis ngalami godaan nanging ora gawe dosa.” (Ibrani 4:14-15).

Wektu Yesus umur 30 taun , kuwe wektune Kiyambeke mulai pekerjaane dadi Penyelamat ndunya. Sewijine dina Kiyambeke ngomong pisah karo keluwargane, ninggalna kota Nazaret lan lunga menyang kali Yordan. Nggone nabi Yohanes khotbah lan mbaptis wong wong karo banyu.

Yohanes kuwe nabi sing di utus Gusti Allah kanggo nyiapna atine manungsa, ben padha tobat sekang dosa dosane lan nyambut Mesias sing di utus nang Gusti Allah.

Nang kitab Injil Matius pasal 3 diomongna:

1 Nang wektu kuwe Yohanes Jurubaptis teka nang ara ara samun tanah Yudea lan nggutulna werta Sabdane Gusti Allah. 2 "Mertobata sekang dosa dosane kowe merga Kerajaan Swarga uwis pedhek." 3 Sebenere Yohanes kuwe sing dimaksud nabi Yesaya wektu dheweke ngomong, "Ana swara wong sing ngorong ngorong nang ara ara samun: Siapna dalan kanggo Gusti Allah, lempengna dalan kanggo Kiyambeke." 4 Yohanes nganggo jubah wulu onta lan ban kulit. Panganane walang lan madu alas. 5 banjur akeh wong teka maring dheweke sekang Yerusalem, sekang kabeh propinsi Yudea lan sekang kabeh daerah sekubenge Yordan.6 Banjur karo ngaku dosa dosane wong wong kuwe padha di baptis Yohanes nang kali Yordan.

Yohanees khotbah: "Mertobata sekang dosa dosane kowe! Mbalik sekang kelakuan jahate kowe lan siap siap ketemu Mesias sing suci sing uwis teka maring kowe sekang Swarga." Wong wong sing ngakoni kesalahane nang ngarsane Gusti Allah, di baptis Yohanes nang kali. Yohanes di kenal Yohanes Juru baptis. Dibaptis nganggo banyu ora bisa ngilangna dosa dosane manungsa. Kuwe ukur tenger menawa wong kuwe wis mertobat sekang dosa dosane lan siap nampani Mesias dadi Juruslamete.

Sebagean wong wong kuwe nanggapi Yohanes mulane dheweke padha di baptis. Wong wong kuwe mlebu nang rong klompok Yahudi sing kondang, yakuwe wong wong saduki lan wong wong Parisi. Wong wong Saduki kuwe golongan Yahudi sing paling sugih lan nduweni pengaruh nang pemerintahan Romawi. Nanging sebenere dheweke ora preduli karo tulisan para nabi. Wong wong Parisi kuwe ahli ahli keagamaan sing tekun banget nang pandonga, puasa, sedekah, lan mbayar perpuungan sekang kasile. Nanging ngibadahe ora nana artine, merga dheweke nyoba dadi wong sing berbudi luhur nang ngarsane Gusti Allah, karo upayane dhewek. Wong wong Farisi uga nyampur antarane tradhisi tradhisi karo sabdanbe Gusti Allah sing bener. Akibate ngibadahe maring Gusti Allah ukur kanggo pamer lan ngina wong sing ora dadi bagian kelompoke.

Artine wong wong Farisi lan wong wong Saduki ukur ngormati Gusti Allah nang cangkeme thok nanging atine adoh sekang Gusti Allah.

Kayangapa Yohanes ngelingna ahli ahli agama merga lamise. Kitab Injil matius 3 ngomongna:

7.Nanging wektu dheweke weruh wong Parisi lan Saduki padha teka nggo di baptis, Yohanes ngomong maring wong wong kuwe. “He , kowe ketutunane ula wedhudhak , sapa sing ngomong maring kowe nek kowe teyeng ucul sekang ukumane Gusti Allah sing arep teka? 8. Dadi asilna woh sesuai karo pertobatane....13 Banjur Yesus rawuh sekang Galilea meng kali Yordan lan njaluk ben Yohanes mbaptis Kiyambeke. Nanging Yohanes ngrasa ora patut, banjur ngomong: “ Kudune inyong sing di baptis nang Panjenengan, deneng malah Panjenengan sing njaluk dibaptis nang inyong?”. 15 Banjur Yesus mangsuli. “Jorna bae bab kuwe kedaden, merga panceñ kudune kaya kuwe dhewek nggenepi kabeh kersane Gusti Allah.” Banjur Yohanes mbaptis Yesus.

Dadi Yohanes mbaptis Yesus nang kali Yordan. Sebagean wong takon, “ Kenang ngapa Yesus sing ora dosa, njaluk di baptis nang Yohanes? Bab kiye bener, Yesus ora perlu mertobat, merga Dheweke ora tau gawe dosa. Yesus ngomong maring Yohanes.’ Jorna bae bab kuwe kedaden, panceñ kudune kaya kuwe kanggo nggenepi kabeh kersane Gusti Allah.” Liwat baptisan Gusti Yesus aweh teldan sing kudu ditiru, uga aweh ngerti menawa Kiyambeke teka kanggo urip dadi manungsa lan mati kanggo awake dhewek kabeh.

Kitab Injil matius 3 ngomongna:

16 Sewise di baptis, Yesus mentas sekang banyu lan wektu kuwe uga langit kebukak lan Kiyambeke weruh Rohe Gusti Allah mudhun nganggo wujud manuk dara meng ndhuwure Dheweke. 17 Banjur keprungu swarane Gusti Allah sekang swarga, “Kiye Anake Ingsun sing Sun tresnani, Ingsun bungah merga Dheweke!”.

Dhewek wis maca nang kitab Injil kepriwe nabi Dawud lan malekat Gabriel ngarani Sang Mesias, “Putra Allah.” Gusti Allah nyebut Yesus “Putra Allah.” Merga Kiyambeke teka sekang swarga. Yesus ora nduweni rama kandonyan.

Kepriwe Yesus beda sekang anak anake Adam? Samben wong keturunane Adam nduweni watak sing dirusak nang dosa, nanging watake Yesus ora nana cacate merga dosa. Kiyambeke ora nduweni dosa apa bae, merga kiyambeke asale sekang Rohe Gusti Allah sing suci. Sang Mesias nduweni watak raga kaya awake dhewek , nanging Kiyambeke ora duwe watak kaya

dhewek sing dikotori dosa. Kiyambeke duweni watak sing suci lan sampurna. Kuwe mergane Gusti Allah sing maha Suci, tresna banget karo Yesus, kanggo sewijine Rama sing nresnani PutraNe sing manut lan setya. Anak kuwe gambaran sekang ramane. Padha karo sapa bae sing ngerti Yesus, ngerti uga kaya ngapa Gusti Allah kuwe, merga Yesus kuwe teka sekang Gusti Allah. Yesus kuwe siji sijine manungsa sing nduweni watak sing suci, Dheweke siji sijine manungsa sing asale sekang Rohe Gusti Allah sing suci.

Nang pasal 4 kitab Matius dijelasna bab Gusti Yesus sing di godha. Ping telu Iblis nyoba nggodha Yesus kon nuruti lan nglakokna dosa, ping telu uga Yesus mangsuli karo ngutip Sabdane Gusti Allah. Kaya ngapa Iblis nggodha Adam lan Hawa kon nglakokna dosa nang taman Eden, kaya kuwe uga Iblis nggodha Gusti Yesus kon nglakokna dosa nang alas liwang Liwung. Nanging Gusti Yesus ora nglakokna dosa.

Kenang ngapa Iblis nggodha Yesus? Merga dheweke ngerti menawa Yesus Sang Penebus sing suci kuwe teka sekang Swarga, maring ndunya kanggo nylametna anak anake Adam sekang kendaline. Iblis uga ngerti menawa Yesus nglakokna siji dosa bae, Dheweke ora bakal bisa nylametna anak anak Adam sekang kendali dosa. Dadi Iblis nggodha Yesus lan nyoba nyasarna, nanging Yesus ora mlebu nang jebakane.

Ya, Iblis nguwasan ian ngrusak leluhure dhewek yakuwe Adam lan Hawa, nanging ora bisa ngalahna Putra Allah sing Suci. Gusti Yesus ora bisa nglakokna dosa merga Gusti Allah ora nglakokna dosa. Yesus kuwe Sabda Allah sing urip ian nduwe kuwasa nang ragane manungsa. Gusti Allah ngutus Kiyambeke maring ndunya kiye kanggo mbebasna anak anake Adam sekang Iblis ian dosa merga ukur Kiyambeke sing bisa ngalahna Iblis ian dosa.

Sedulur.. matur suwun wisngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye, ...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sebanjure. Nek ana pitakon bab siaran kiye bisa ngubungi nomer hp apa WA 081 333 777 386 Matur nuwun Gusti mberkah.

## **Bagian 64.**

### **Company Gusti Allah**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem.

Dina kiye dhewek arep nerusna pembahasan bab Injil lan ngrungokna kesaksiane nabi Yohanes ngenani Yesus. Yohanes kuwe nabi sing di utus nang Gusti Allah kanggo nyiapna dalan kanggo Mesias (Yoh 1)

19 Kiye kesaksiane Yohanes nalika wong Yahudi sekang Yerusalem ngongkon para imam lan para wong Lewi kanggo takon maring dheweke: “Panjenengan kuwe sapa? ” 20 Dheweke ngaku lan ora nglembo, jarene: “Inyong dudu Krsistus utawa Mesias”. 22 Jare wong wong kuwe maring dheweke: Sapa kowe?” merga inyong kudu aweh wangulan maring wong wong sing ngongkon inyong. Apa pendapate kowe ngenani awakmu dhewek? 23 Wangulane: : Inyong kiye swarane wong sing melung melung nang ara ara samun; lempengna dalan kanggo Gusti Allah!.” ....26 Yohanes mangsuli wong wong kuwe jarene: “Inyong mbaptis karo banyu, nanging nang antarane kowe ngadheg Panjenengane sing ora kowe ngerten, 27 yakuwe Panjenengane sing teka keri sekang inyong. Mbukak sendale bae inyong ora pantes. “Prekara kuwe kedadean nang Betania nang sebrange kali Yordan, nggon Yohanes mbaptis. 29 Dina ngesuke Yohanes weruh Yesus teka maring dheweke, Yohanes banjur ngomong: “Delengen kuwe Cempene Gusti Allah sing ngilangi dosane jagad!”.

Kaya ngapa para nabine Gusti Allah ngarani Mesias karo pirang pirang jeneng yakuwe: Penebus, Penyelamat, Raja, Tuhan. Sabda Allah lan Putra Allah. Siki dhewek krungu menawa Kiyambeke diarani “Cempene Gusti Allah”. Kiye sebutan sing penting banget sing pantes kanggo dijelasna.

Kanggo ngerti sebutan “Cempene Gusti Allah” dhewek kudu ngerti apa sing uwis diprentahna Gusti Allah sewise Adam karo Hawa nglakokna dosa. Gusti Allah ngedika menawa ukuman kanggo dosa kuwe pati utawa neraka, lan menawa getihe kurban sing suci ora dipersembahna ora bakal ana pangapura kanggo dosa. Kaya kuwe uga dhewek maca, kaya ngapa anak kaping

pindhone Adam lan Hawa yakuwe Habel sing percaya maring Gusti Allah, nyembeleh cempe lan mempersembahna maring Gusti Allah nang ndhuwur mezbah kanggo kurban ngilangna dosane. Wektu Gusti Allah weruh getihe cempe kuwe, Panjenengane mbatalna ukuman dosane Habel lan diarani dadi wong sing bener, merga cempe sing ora cacat kuwe wis mati dadi gantine. Senajan kaya kuwe , Gusti Allah negesna menawa getihe cempe ora bisa ditampa dadi imbalan sing cukup kanggo dosane manungsa selawase.Merga rega kewan karo rega manungsa ora seimbang.

Cempe kuwe ukur bayangan lan gambaran sekang Penebus sing suci, sing arep teka maring ndunya lan ngwutahna getihe kanggo nebus wong wong sing dosa sekang ukumane Gusti Allah sing paling bener.

Pitung atus taun sedurunge laire Yesus, nabi Yesaya nulis kayangapa Mesias kuwe “ Cempe sing digawa maring pejagalan.” Dadi kurban kanggo ngilangna dosa dosane dhewek. (Yesaya 53:7). Dadi antara mangsane Habel lan Mesias, kabeh wong percaya maring Gusti Allah ngormati lan melu nang pangorbanan cempene Gusti Allah. Nuh, Abraham, Musa , Dawud , Salomo, para nabi lan kabeh wong sing percaya maring Sabdane Gusti Allah kulina mempersembahna cempe sing ora cacat.

Kabeh wong kuwe ngenteni wektune Gusti Allah ngutus kurban sing pungkasan , yakuwe Sang Penebus sing Suci sing dadi kurban penghapus dosa kanggo selawase. Kuwe mergane wektu nabi Yohanes weruh Yesus nekani, dheweke banjur ngomong: “Delengen kuwe Cempene Gusti Allah sing ngilangi dosane jagad!”. Ben muriid muride ngerti menawa Yesus sing ngadheg nang ngarepe kuwe Mesias. “Cempe” sing di utus Gusti Allah sekang swarga, kurban sing sampurna sing wis dinubuatna nang para nabi.

Yesus kuwe kurban sing suci sing teka maring ndunya kanggo mati dadi penebus anak anake Adam ben Gusti Allah bisa ngapurani dhewek sekang kabeh dosane selawas lawase.

Injil Yohanes 1:35 Esuke Yohanes ngadheg nang kono maning karo keloro muride. 36 Mbareng dheweke weruh Yesus liwat, dheweke ngomong: “Delengen Cempene Gusti Allah!.” 37 keloro muride kuwe krungu apa sing diomongna kuwe, banjur dheweke melu Gusti Yesus.

Dhewek dadi ngerti kaya ngapa murid muride Yohanes mulai melu Gusti Yesus. Murid muride Yohanes melu maring Gusti Yesus merga dheweke percaya apa sing diomongna Yohanes yakuwe Yesus kuwe Mesias lan Cempene Gusti Allah sing wis dinubuatna nang para nabine Gusti Allah.

Wektu salah siji muride Yohanes yakuwe Andreas sadar menawa Yesus kuwe Mesias, dheweke lunga nemoni sedulure Simon Petrus lan ngomong maring dheweke: “ Dhewek uwis nemokna Mesias.” Lan mbareng murid murid liyane ngerti sapa Yesus kuwe dheweke bungah banget lan ngabari batire yakuwe Natanael, “Dhewek uwis nemokna Panjenengane, sing diomongna nang nabi Musa nang kitab Taurat lan para nabi yakuwe Yesus, wong Nazaret.”

Andreas lan Petrus, Pilipus lan natanael, surak surak bungah banget mabreng dheweke bisa weruh Yesus, merga dheweke ngerti selawase 400 taun para nab iwis ngramalna tekane Mesias. Siki dheweke wis weruh Mesias, pinujia Gusti Allah.

Penebus Agung sing wis diramalna nang para nabi siki ana nang antarane dheweke. Dadi wong papat murid muride Yohanes molai melu Gusti Yesus dadi murid sing kapisanan.

Sewise kuwe Injil Matius pasal 4 ngomongna:

21. Lan sewise Yesus lunga sekang kana, Kiyambeke weruh wong loro kakang adhi yakuwe Yakobus lan Yohanes, anake Sebedeus. Wong loro kuwe bareng karo ramane agi ndandani jala nang njero prau. Banjur Yesus nyeluk wong sekloron kuwe, 22 wektu kuwe uga wong sekloron kuwe ninggalna prau lan ramane banjur melu Yesus.

Nang piwulang sebanjure dhewek bakal sinar bab kisah kisah sing aweh gerti kaya ngapa Gusti Yesus mulang wong akeh lan kepriwe kiyambeke nglakokna mujizat mujizat sing gedhe.

Dhewek bakal ngerti liwat omongane lan temindake Gusti Yesus mbuktikna menawa Kiyambeke kuwe Mesias, sing uwis di tulis nang para nabi.

Sewise Yohanes ngomong menawa Yesus kuwe Mesias murid muride Yohanes mulai ninggalna dheweke, ben murid murid kuwe melu Gusti Yesus.

Rungokna apa sing di tulis nang kitab Injil Yohanes pasal 3

26 Banjur dheweke teka maring Yohanes lan ngomong: “ Guru, wong sing bareng karo panjenengan nang sebrang kali Yordan lan sing bab Kiyambeke , panjenengan uwis aweh kesaksian, Kiyambeke mbaptis uga, lan kabeh wong lunga maring Kiyambeke.” 27 wangulanane Yohanes: “ Ora nana sijia wong sing bisa njiot apa bae kanggo awake dhewek, menawa ora dikaruniakna maring dheweke sekang swarga. 28 Kowe dhewek bisa aweh kesaksian, menawa inyong wis ngomong: Inyong dudu Mesias, nanging inyong di utus kanggo ndisiti Kiyambeke. 29 sing nduwe pengantin wadon , kuwe pengantin lanang, sing ngadheg pedhek

karo dheweke lan sing ngrungokna suwara pengantin lanang kuwe. Kuwe kebungahane inyong, lan siki kebungahane inyong wis kebek. 30 Kiyambeke kudu tambah gedhe, nanging inyong kudu tambah cilik.

Apa pendapate kowe ngenani prekara kiye? Yohanes nidhokna kebungahane sing gedhe mbareng murid muride ninggalna dheweke kanggo melu Yesus. Yohanes bener bener bungah, merga dheweke wis ngrampungna misine; dheweke uwis nyiapna dalan kanggo Mesias.

Minangka nabi Allah sing bener , siji sijine kepenginan Yohanes yakuwe njujugna wong wong maring Mesias. Kaya ngapa Yohanes beda karo para pemimpin agama jaman siki. Pimpimpin agama sing sebenere arep terus nuntun maring Gusti Yesus merga Gusti Yesus kuwe siji sijine sing bisa nggawa kowe mlebu maring hadirat Gusti Allah sing suci nang swarga.

Yohanes ngerti akeh nabine Gusti Allah nanging ukur siji Juruslamet, kuwe mergane Yohanes ngomong: “ Sapa bae percaya maring sang Putra (Yesus Juruslamet) dheweke nduweni urip langgeng, nanging sapa bae sing nolak Sang Putra, dheweke ora weruh urip, nanging angkarane Gusti Allah ana nang dhuwure.(Yohanes 3:36)

Ngenani pungkasane uripe Yohanes, kitab Injil ngomongna: “ Karo akeh nasehat liyane Yohanes ngabarna Injil maring wong wong akeh. Nanging sewise Yohanes ngelingna Raja Wilayah Herodes merga kedadeyan Herodias, bojone dulure, lan merga kabeh kejahatan liyane sing dilakukna.” (Lukas 3:18,19)

Kuwe mergane kenang ngapa Herodes mrentahna ben Yohanes di cekel, dijiret lan dilebokna maring penjara. Pungkasane Herodes njaluk ben Yohanes ditugel gulune kanggo nyenengna bojone. (Markus 6:17;27) Kaya kuwe Yohanes mlebu nang hadirat Gusti Allah sing suci nang Swarga.

Sedulur... Kitab Injil uwis nyritakna maring awake dhewek, menawa Yohanes kuwe nabi sing Gedhe, lewi gedhe sekang nabi nabi liyane. Nabi nabi liyane ngomongna: “ Mesias arep teka! Kiyambeke arep teka! Nanging omongane nabi Yohanes yakuwe: Mesias uwis teka! Jenenge yakuwe Yesus! Delengen Cempene Gusti Allah sing bakal mati kanggo nebus dosane jagat wis teka! Tutna kiyambeke.

Kaya kuwe sedulur...Yohanes ngrampungna tugase dadi nabi sing kondhang sing nyiapna dalan kanggo Mesias.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye, ...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sebanjure. Nek ana pitakon bab siaran kiye bisa ngubungi nomer hp apa WA 081 333 777 386 Matur nuwun Gusti mberkahi.

## **Bagian 65.**

### **Tabib Sing Agung**

Sedulure inyong....ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha Pengasih karo Maha Penyayang. Gusti Allah ngarepena samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem.

Dina kiye dhewek arep nerusna kisah Yesus Juruslamet , ben ngerti kaya ngapa pengajaran pengajarane lan pakaryane sing beda sekang pengajaran lan pakaryan wong wong sing ndisiti. Yesus ora duwe bojo, ora duwe umah utawa banda dunya. Kiyambeke beda nang antarane umat manungsa. Ukur ana siji prekara sing penting kanggo kiyambeke yakuwe: Nglakokna kekrepane Gusti Allah sing ngutus Dheweke ; ngrampungna tugas sing uwis diwekna maring Dheweke. Nang Injil Markus psal 1 Kitab Suci ngomongna:

21 (Yesus lan murid muride) lunga meng Kapernaum, lan sewise dina sabat mulai, Yesus mlebu meng njero umah ibadah lan mulang. 23 Wektu kuwe nang njero umah ibadah ana wong sing keranjangan setan lan melung melung: 24 “Apa urusane Kowe karo inyong, hai Yesus wong Nazaret? Kowe teka bakal mateni inyong? Inyong ngerti sapa Kowe: sing Suci sekang Gusti Allah.” Meneng!” Yesus mbentak. “Metu sekang wong kuwe!”. 26 Setane ngorog ngorog wong kuwe lan karo njerit seru banget dheweke metu sekang wong kuwe. 27 Wong wong kabeh pada gumun, kabeh wong padha ngomongi. Apa kiye? Piwulang anyar lan karo kuwasa, setan setan diprentahna lan dheweke manut maring Kiyambeke.” 28 Kabar bab Kiyambeke kesebar cepet banget nang endi bae sekabehe Galilea.

Piwulang piwulange Yesus beda sekang piwulang piwulange para guru bab hukum. Kabeh wong sing ngrungokna piwulange Yesus nang umah ibadah ngrasa kesengsem merga Kiyambeke mulang karo kuwasa lan wibawa sing ora diduweni ahli ahli taurate dheweke.

Ahli ahli Taurat kuwe kudune njelasna bab Taurat, Zabur lan buku buku liyane para nabi. Nanging sing akeh wong wong kuwe ora bisa njelasna tulisan tulisan para nabi, merga dheweke ora mangerten bener bener. Dheweke ngerti bab tugas tugas keagamaan karo tradhisi leluhure nanging ora mangerten Sabdane Gusti Allah.

Para ahli ahli agama kiye ngormati Gusti Allah nang cangkeme thok, nanging ora miturut karo SabdaNe. Wektu Yesus mlebu meng umah ibadah lan njelasna bab isi Kitab Suci karo kebek kuwasa, wong wong kuwe padha ngrasa isin. Wong wong sing teka ngibadah ngrasa gumun maring omongan lan piwulange lan pakaryane Yesus, wong wong kuwe pada takonan siji karo sijine.

Pancen bener, wektu Adam karo Hawa tiba nang dosa tekan dina Yesus nglakokna mijizat, manungsa urung tau weruh wong sing kuwasa kaya Kiyambeke, nanging siki dheweke weruh wong sing ukur ngomong satembung, setan lan Iblis mlayu. Ukur Mesias sing asale sekang Swarga sing bisa nglakokna kaya kuwe.

Apa kowe ngrungu apa sing diomongna wong sing diranji setan maring Yesus? Wong kuwe njerit karo ngomong: "Apa sing Panjenengan karepna sekang inyong, Yesus sekang Nazaret? Apa Panjenengan teka kanggo ngremukna inyong padaha? Inyong padha, ngerti sapa Paduka, yakuwe sing Suci sekang Gusti Allah".

Setan setan kuwe ngerti sekang ngendi Yesus asale lan sapa Kiyambeke. Nanging akeh wong sing ora ngerti sapa Yesus sebenere. Setan bareng karo Malekate sing jahat wedi banget karo Gusti Yesus, merga dheweke ngerti Gusti Yesus kuwe Wong sing Kudus sing nduwensi kuwasa kanggo nyemplungna dheweke meng geni sing awet!. Kuwe sebabe dheweke gemeter keweden mbareng krungu jenenge Yesus.

Nah siki nglanjutna pasal 1 sekang Injil Markus.

34 Gusti Yesus banjur nyarasna wong wong sing padha lara werna werna. Kiyambeke uga ngusir setan setan , nanging ora ngulihna setan setan kuwe ngomong, merga setan setan kuwe ngerti Kiyambeke....39 Kiyambeke banjur njalahi daerah Galilea lan ngabarna Injil meng njero umah umah ibadah lan ngusir setan setan. 40 Ana wong sing lara kusta teka maring Yesus, karo sujud nang ngarepe dheweke njaluk tulung, "Menawa Panjenengan gelem, Panjenengan bisa nyarasna inyong." 41 karo rasa welas asih, Yesus ngulurna tangane lan ngemek wong lanang kuwe. "Inyong gelem, dadia kowe waras!". 42 Sanalika kuwe uga ilang prenyakit kustane wong kuwe, lan dheweke dadi waras.

Dadi Yesus nyarasna wong wong sekang samben prenyakit sing dialami. Karo welas asihe maring keturunane Adam, merga dheweke kesel lan ora duwe daya, kaya wedhus ora nduwensi pangon. Nanging ana alesan liya kanggo mujizat sing gedhe sing dilakokna Gusti Yesus.

Yesus nyarasna samben jenis prenyakit lan ngusir setan setan kanggo mbuktikna maring anak anake Adam menawa Kiyambeke kuwe Mesias sing wis dijanjikna Gusti Allah kawit gemiyen.

Contone dhewek maca, nabi Yesaya atusan malah sedurunge Yesus lair , nulis menawa Mesias teka, “ Mata wong wong picek bakal dimelekna lan kупing wong wong budheg bakal dibukak. Lan wong lumpuh bakal bisa mlumpat mlumpat kaya rusa, lan cangkem wong bisu bakal surak surak kebungahan (Yesaya 35:5-6).

Karo omongan omongan kiye nabi Yesaya mbuktikna menawa Mesias arep nglakukna mijizat mujizat sing urung tau dilakukna sapa bae.

Musa lan Elia ora duweni kuwasa dhewek kanggo nganakna mujizat. Nanging Yesus Juruslamet akeh kuwasane , merga Kiyambeke dhewek kuwe kuwasa Allah.

#### Nglanjutna Injil Markus pasal 2

5 Bareng Gusti Yesus weruh imane wong wong kuwe, kiyambeke ngomong maring wong lumpuh kuwe, “He anakKu , dosane kowe uwis tek apurani!”. 6 Nanging nang kono padha njagong ahli ahli Taurat, wong wong kuwe padha mikir nang njero atine: 7 “kenang ngapa wong kiye ngomong kaya kuwe?”. Dheweke mang upa upa Gusti Allah. Sapa sing bisa ngapurani dosa seliyane Gusti Allah dhewek?. 8 nanging Yesus nang njero atine ngerti, menawa wong wong kuwe mikir kaya kuwe, Kiyambeke banjur ngomong maring wong wong kuwe, “Kenang ngapa kowe ngomong kaya kuwe nang njero atimu? 9 Endi sing lewih gampang; ngomong maring wong lumpuh kiye: “Dosamu wis diapurani utawa ngomong: “ Tangia, peturonmu angkaten lan mlakua? 10.... Kiyambeke ngomong maring wong lumpuh kuwe, “ Inyong ngomong maring kowe, tangia, peturonmu angkaten lan balia maring negerimu.” 12 Wong lumpuh kuwe banjur tangi, nggotong peturone lan lunga metu sekang ngarepe wong wong kuwe, ndadekna kabeh wong wong kuwe pada kaeraman banjur mulyakna Gusti Allah, jarene: “ Dhewek urung tau weruh sing kaya kiye.”

Kuwasa Yesus ora nana watese, ora ukur nyarasna wong sing mriang thok, nanging Kiyambeke uga duwe kuwasa kanggo nyarasna atine wong sing dosa. Yesus kuwe Tabib sing Agung ngerti menawa masalah sing paling kritis sing dialami nang wong lumpuh kuwe dudu sikil sing ora bisa diobahna nanging dosa sing ana nang njero atine. Kuwe mergane Yesus ngomong maring dheweke . “ anakKu dosamu wis tek apurani.”

Apa sing dipikirna nang ahli ahli Taurat wektu Yesus ngomong kaya kuwe? Wong wong kuwe padha ngomong siji karo sijine , “Yesus ngumpa umpal!” Ora sija wong bisa ngapurani dosa seliyane Gusti Allah dhewek!.” Pikiran wong wong kuwe sebagian bener sebagian salah. Pancen bener menawa ora sija wong bisa ngapurani dosa seliyane Gusti Allah dhewek. nanging wektu ahli ahli Taurat mikir menawa Yesus meng umpa umpa Gusti Allah , dheweke kuwe salah, wong wong kuwe padha ora ngerti menawa Yesus kuwe pengantara sing di utus Gusti Allah kanggo nggawe wong wong dosa dadi bener nang ngarsane Gusti Allah.

Yesus kuwe suwarane Gusti Allah nang bumi. Ora ukur kuwe thok, Yesus kuwe wong sing lair kanggo aweh uripe dadi kurban sing sampurna sing mikul dosa manungsa selawase. Wektu ahli ahli Taurat yakuwe wong wong parisi weruh Kiyambeke mangan bareng bareng “ wong wong dosa” lan para penagih pajek , wong wong kuwe padha ngomong maring murid muride Yesus: “ Kenang ngapa Gurune kowe mangan bareng bareng karo penagih pajek lan wong sing dosa?” Yesus krungu lan ngomong:Dudu wong waras sing mbutuhna tabib, nanging wong mriang. Inyong teka ora ukur nyeluk wong sing bener, nanging wong sing dosa.” (Markus 2:15-17).

Karo omongan kuwe Yesus Tabib sing Agung, kepengin aweh ngerti maring ahli ahli Taurat menawa dheweke mriang nang ngarsane Gusti Allah merga dosane. Nanging guru guru agama kiye ora ngakoni dosa dosane, malah ngritik Yesus merga Kiyambeke mangan bareng karo penagih pajek sing dikenal karo wong wong sing dosa. Ana nang antarane wong wong sing dosa lan nyarasna dheweke sekang dosa kuwe alesane sing pokok kenang ngapa Yesus teka.

Dosa kuwe sing ndadekna kowe mati lan ngadhepi pengadilane Gusti Allah sing suci. Puji Gusti ana sijine wong sing bisa nyarasna kowe yakuwe Gusti Yesus Sang Juruslamet. Wong sing ora dosa teka maring ndunya kiye kanggo nylametna anak anak Adam sekang dosa dosane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye, ...nang acara Piwulang Pengaji. Ketemu maning nang patemon sebanjure. Nek ana pitakon bab siaran kiye bisa ngubungi nomer hp apa WA 081 333 777 386 Matur nuwun Gusti mberkahi.